# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

НОЯБРЬ • 2023 • ДЕКАБРЬ

6



6

ІУАЩХЬЭМАХУЭ

2023

# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокІ**

**ноябрь 6 декабрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ
ІуэхущІапІэм къыдегъэкІ

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакІуу Хъанджэрий, БищІо Борис,
Гъут Іэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Къэрмокъуэ Хьэмид, Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТІымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2023

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*УсакIуэ, щIэныгъэлI Къэжэр Хъэмид къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*

**БакIуу Хъанджэрий.** Гулъытэ лей зыхуэфащэ.............................. 3
**Гъут Iэдэм.** Зи псалъэр купщIафIэ.................................................. 5
**Шэвлокъуэ Пётр.** ЩIэныгъэлI икIи усакIуэ................................. 8
**Къэжэр Хьэмид.** *Усэхэр* .......................................................................... 12

*УсакIуэ, уэрэдус Джэдгъэф Борис илъэс 85-рэ ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.**«Мывэгум удз къыщызыгъэкI» усыгъэ..... 19
**Джэдгъэф Борис.** *Усэхэр* .......................................................................... 26

## Прозэ

Гъэл Хьэмыщэ и пшыналъэ. *Хъыбар* ............................................. 35
**ШэрыIужь Аслъэн.** Анэл. *Повесть* ..................................................... 67

## Усыгъэ

**МахуэлI Нарзан.** *Усэхэр* ..........................................................................131

## Публицистикэ

**НэщIэпыджэ Замирэ.** ТыIэщхэ я унагъуэ дахэр...........................145

## Анэдэлъхубзэ

**ХьэцIыкIу Рае.** Адыгэбзэм и сурэтщ адыгэ анэр......................... 151

---

**Хьэкъун Барэсбий.** Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр.................................. 155

Псалъэжьрэ къуажэхьу зэхэлъ псалъэзэблэдз............................... 158

*УсакІуэ, щІэныгъэлІ Къэжэр Хьэмид къызэральхурэ ильэс 85-рэ ирокъу*





# ГУЛЪЫТЭ ЛЕЙ ЗЫХУЭФАЩЭ

Ди лъэпкъ культурэмрэ литературэмрэ зегъэужьыным зи гъащІэри зи гуащІэри щхьэузыхь хуэзыщІахэм ящыщщ усакІуэ, критик, литературовед, егъэджакІуэ Къэжэр Хьэмид. А ІэнатІэхэм ящыщ дэтхэнэми и щхьэр лъагэу щІилъагъужын щыхузэфІэкІащ абы.

Жанр щхьэхуэу усыгъэм хэувэ балладэр ди адыгэ литературэм «щаІэщІэхуауэ» къекІуэкІащ. А жанрым урыс литературэми зыужьыныгъэшхуэ зэрыщимыгъуэтар къэплъытэмэ, ди лъэпкъым дежкІэ ехъулІэныгъэшхуэщ Хьэмид абы и лъэныкъуэкІэ хузэфІэкІар. Аращ балладэр ди литературэм лъэ быдэкІэ зэрыщыувар псом япэу зи фІыщІэр.

Абы и закъуэкъым Хьэмид адыгэ усыгъэм щІэуэ хилъхьар – аращ дунейпсо литературэм «белый стих», «вольный стих», «свободный стих» фІэщыгъэхэр иІэу къыщыкІуэ усэ гъэпсыкІэр, Сокъур Мусэрбий «усэ щхьэхуит» зыфІищауэ щытар, адыгэ литературэм япэу къыщызыгъэІурыщІар. Силлабо-тоникэ усэ гъэпсыкІэм ухуэкІэ хэха иІэщ, ритм убзыхуам, рифмэ белджылым усэм и ІукІэр дахэ ящІ, макъ зэщІэжьыуэхэм абы макъамэ пыухыкІа щІагъэувэ. Ар, дауи, ІэмалыфІщ, ауэ усэм хэлъ гупсысэр апхуэдэ къупхъэ ткІийм щыпхуимыгъэзагъэ куэдрэ къохъу.

Къэжэрыр ІуэрыІуатэм и усэ гъэпсыкІэм е силлабо-тоникэм и ухуэкІэм хуэмыІэижьу аракъым «усэкІэ щхьэхуитыр» къыщІигъэсэбэпыр, атІэ усэм хилъхьэ гупсысэр къупхъэ зэв иримы-

гъэувэн папщIэщ. Абы щыгъуэми, нобэрей адыгэ усыгъэм щытепщэ силлабо-тоникэ гъэпсыкIэри IэщIыб ищIыркъым. Къэтхьынщ сатыриплI къудей:

*Мазэр си нэм къыщIолыдэ:*
*«Сыту гуакIуэ а уи Нагъуэр!*
*А уи Нагъуэм хуэдэу дахэ*
*Дуней нэхум тезмылъагъуэ».*

Зэрытлъагъущи, кIэух рифмэри адыгэ IуэрыIуатэм и сатыркIуэцI макъ зэщIэжьыуэри Iэрыхуэу къегъэсэбэп усакIуэм.

Къэжэр Хьэмид жанрыщIэхэр ди лъэпкъ литературэм «къыщигъэIэсам» и мызакъуэу, и тхыгъэхэр зытриухуэ IуэхугъуэхэмкIи усакIуэ пэрытхэм яхэтщ. Къэтщтэнщ экологием и Iуэхур. Абы теухуауэ Къэжэрым итхащ усэ 20-м нэблагъэрэ балладэ зыхыблрэ.

Дызытет дунейр дахэщ, ауэ ар хъумэн хуейщ. А дунейр къутэжыну жызыIэхэр мащIэкъым, уеблэмэ ар щыкъутэжыну пIалъэр зыгъэлъагъуэ «щIэныгъэлIхэри» щыIэщ. ИкIи абыхэм хуабжьу тегъэщIапIэ ящIыр щIыуэпсым и нобэрей щытыкIэрщ – дыкъэзыухъуреихь дунейр цIыхум зэримыхъумэрщ. Ихъумэн дэнэ къэна, игъащIэ лъандэрэ абы къыдекIуэкI хабзэ зэгъэкIуахэр зэхикъутэну иужь зэритырщ. Балигъхэми сабийхэми яхуэгъэза и усэхэм а Iуэхугъуэшхуэхэр къыщеIэт Къэжэрым. Пэжщ, литературэр къыхуеджэныгъэ, ущиинысгъэ гъущэхэм хуэкIуэ хъунукъым. Абы и къалэныр художественнэ образхэмкIэ, усэм и адрей IэмалхэмкIэ гупсысэ узыншэхэр цIыхухэм я деж нигъэсынырщ, ардыдэмкIи цIыху акъылым зригъэузэщIынырщ, цIыхупсэр дахагъэм къыхуигъэушынырщ. А псори фIыуэ къызыгурыIуэ Къэжэрыр – усакIуэпсэ зыIут литературэдж щIэныгъэлIыр – ди зэманым къигъэув Iуэхугъуэшхуэхэм екIурэ-ещхьу поджэж. Абы и балладэхэм къыщегъэсэбэп сюжет удэзыхьэххэр, ахэр а жанрым къигъэув жыпхъэм йозагъэ. Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр къызэрыщиIэтым и мызакъуэу, Хьэмид и балладэхэм новеллэм и хьэл-щэн гуэрхэри яхыболъагъуэ – зытепсэлъыхь Iуэхур узэрыщымыгугъауэ щиухыж щыIэщ. Псалъэм папщIэ, «Гъуэгуанэ гугъу» балладэм хэт лIыхъужь нэхъыщхьэм шырыкъукIэ хьэIуцыдз еукI. Зауэ нэужь зэман хьэлъэу хъыбарыр къэзыIуэтэж цIыхухъум (абы и цIэр усакIуэм къриIуэркъым) дыщасэ кIуэжа и щхьэгъусэмрэ ипхъу цIыкIумрэ шыгукIэ Къулькъужын кърищыжрэ пэт, гъуэгум жэщ къащытохъуэри, хьэIуцыдз гуп къакIэрохъыжьэ. Сабиймрэ цIыхубзымрэ гуплIэм дегъэтIысхьэри, езым хьэIуцыдзхэм яхэуэу щIедзэ: и чнутIыр ятрекъутэ, зауэм къыздриха и шынелыжьыр, и пыIэр яхедзэ. ИкIэм-икIэжым гъущI IунэкIэ зэщIэукIа и шырыкъур зылъехри, абыкIэ хуэфIу тохуэри, зы хьэIуцыдз еукI. Адрейхэр хьэсэпэхъумэм и фочауэ макъым егъащтэри зэбгрожыж. УсакIуэм екIуу, уи фIэщ хъууэ къигъэлъэгъуащ зауэм ипсыхьа лIыр мыгужьейуэ хьэIуцыдзхэм зэрапэщIэтар, и унагъуэр псэзэпылъхьэпIэм къызэрыришар.

Къэжэр Хьэмид Iэзэу къигъэлъэгъуащ «Дахэлинэ» балладэм и лIыхъужь нэхъыщхьэм и психологиери. Ар зыхэт гузэвэгъуэр, и гущIэлъапсэм щигъэв псор зыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Дахэлинэ

и щхьэгъусэр машинэ зэжьэхэуэм хэкIуэдащ. И къуитIыр Афганистаным щаукIащ. Апхуэдиз гуауэ зышэча цIыхубзым и акъылыр тэмэмыжкъым – вокзалым кIуэурэ сэлэт илъагъухэм якIэлъоджэ: «Хьэсен!.. Хъусен!..» А цIыхубз насыпыншэм и псэм телъ хьэзабыр гум ешыкъылIэ мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ къегъэлъагъуэ усакIуэм: «Къупщхьэхэмрэ фэмрэ я зэхуакум гуауэр дэжыхьащ...»

Лирикэри эпосри щызэгъунэгъущ, щызэхэпщащ Къэжэрым и «Шу закъуэ», «Налкъут щхъуантIагъэ», «НэхъыфIу плъагъумкIэ», «Тенджызым нэсыфынур» балладэхэм. Иужьрейм къытеувыIэпхъэщ. Мы балладэм авторым «псыежэхитI къыщызэдегъажэ». Ахэр зэхуэдизщ, я мурадхэри зэтохуэ – тIури тенджызым нэсыну хуейщ. Япэрейм жеIэ: «Гугъущ иджырей зэманым псыуэ уежэхыну». Ар мажэ къахузэтемыувыIэу, зыми сэбэп хуэмыхъуу, зым и псыхуэлIи иримыгъэкIыу («Фи щIыхуэ стелъкъым» яжреIэ). Ежэхыурэ и къарур щIокIри, щIым зыщIефыж.

ЕтIуанэращ зыубгъуауэ усакIуэр зытепсэлъыхьыр. Мы псыежэхыр Iэдэбщ, щэныфIэщ, жумартщ. И гъуэгуанэм къыщыхуэзэ псори псы ирегъафэ: бажи, мыщи, дыгъужьи, къанжи, пцIащхъуи, н.къ. Ахэри псым къыхуэарэзыщ: псым фо IэмыщIэ хедзэ бжьэм, бзухэм я уэрэдхэр, я гуфIэгъуэр «хапхъэ» псым. Удзхэми жыгхэми зыкърагъэлыжыркъым. Махуэм псым хэщIар жэщым уэсэпсу къыхохъуэж, «уафэри псым хоткIухь», уэшхри къошх, мазэми усэ куэд къыжреIэ. И Iуфэм къыIухьа пщащэ нэщхъейр фIыуэ илъагъу щIалэм и сурэт Iуегъаплъэри егъэгуфIэж. Псыр къуажэм долъадэри, и сэбэп цIыхухэми ярегъэкI. Апхуэдэурэ псапэ ещIэ, езыри Iыхьэншэу къанэркъым: нэхъ бгъуфIэ, нэхъ куу мэхъу, икIэм-икIэжым зыщIэхъуэпса тенджызым нос. УсакIуэм жиIэну зыхуейр зыщ: «ФIы зыщIэр фIы IуощIэж...»

Къэжэр Хьэмид и балладэ псори, хэбдзын хэмыту, къехъулIащ. ИтIани нэхъыфIхэм яхэдбжэу къыхэдгъэщхьэхукIынут «Хэку вагъуэ», «Япэ дыдэ», «ПщIыхьэпIэ-нахуапIэ», «Щхьэж зэрыхуэфащэкIэ...» жыхуиIэхэр. Абыхэм тхыгъэ щхьэхуэ яхуэфащэщ.

ЗэрыущиякIуэм, гъэсэныгъэм гулъытэ лей зэрыхуищIым щыхьэт техъуэ тхыгъэ куэд къахэбгъуэтэнущ Хьэмид и IэдакъэщIэкIхэм. Усэуи балладэуи пщIы бжыгъэхэр абы сабийхэм яхуитхащ.

Дызэрыщыгъуазэщи, Пушкиным гупсысэ хьэху зэи къищтэу щытакъым. Къэжэр Хьэмиди апхуэдэщ – итха псори зыми емыщхь и гупсысэкIэмрэ и талантымрэ къапэкIуащ.

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ*
*доктор*
*2013*

# ЗИ ПСАЛЪЭР КУПЩIАФIЭ

... Къэжэр Хьэмид лъэпкъ культурэмрэ егъэджэныгъэ Iуэхумрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыху щэджащэщ.

Хьэмид хуэдэ щыIэкъым жысIэмэ, я фIэщ сыхъункъым. Ауэ пэжыр сыт жыпIэмэ, абы и дэтхэнэ зы псалъэри купщIафIэщ, дахагъэм и хабзэкIэ узэщIащи, узыIэпешэ.

Къэжэрым зэрылажьэрэ нэхъыбэу зыхуригъаджэр Европэм и къухьэпIэ лъэпкъ литературэхэм я тхыдэращ. Зэгуэрым абы жесIауэ щытащ, ди институтым зыкъритыжу адыгэ литературэм нэхъ шэщIауэ хуэлэжьэну. Хьэмид куэдрэ гупсысакъым, атIэ, фIыщIэ къысхуищIри, жэуап къызитыжащ:

– Уэлэхьи, Iэдэм, лъэпкъым хуэлэжьэн зэрыхуейри къызгуроIуэм, а IэнатIэм бгъэдэт гупми сынывохъуапсэм, ауэ сэ илъэс куэд хъуауэ зыхуезгъаджэм кууүIуэу сыхыхьащ. Уи фIэщ хъумэ, Вольтер, Дидро, Бёрнс, Шиллер сымэ я дунейм апхуэдизкIэ сесащи, ахэр къэзгъанэмэ, сепцIыжауэ къысщыхъунущ. Ахэр си лъым щыщ хъуащ, сысейщ, ди культурэм и зы Iыхьэщи, схухыфIэдзэнукъым.

Иджы абы зыхуригъаджэу хухыфIэмыдзахэм уахэплъэмэ, я нэхъыбэкIэ хэт УзэщIыныгъэ лъэхъэнэм (Просвещением и эпохэ), хэт Реформацием и зэманхэм щыпсэуащ. Ахэр я творчествэрэ я дуней еплъыкIэкIэ европей классицизмэм къыхэкIыу романтизмэм хуэзыунэтIахэм, абы зезыгъэузэщIахэм ящыщщ. ИпэжыпIэкIэ, Шелли, Бёрнс, Шиллер сымэ я зэманым лIы хуэдэлIым и щапхъэу къалъытэу, ягъэнэхъапэу щытащ цIыху напэр, псэемыблэжыныгъэр, лIыгъэр, пэжыныгъэр. ПщIэгъуалэ утесмэ, иц къыпкIэропщIэ, жыхуаIэращ – Хьэмид зи усыгъэр къипщытэу зыхуригъаджэ тхакIуэшхуэхэм я гупсысэ куэд езыми къыпкърыхьащ. Дэтхэнэ зы цIыхуми и дуней щхьэхуэ иIэжмэ, Къэжэр Хьэмид и дунейм щытепщэр Европэ псор зэгуэрым къызэщIэзыIэта узэщIакIуэ уардэхэрщ, абыхэм я хьэл-щэнырщ, я гупсысэ телъыджэхэрщ.

Хьэлэмэтщ Къэжэрым и усыгъэхэм къахэщ мыпхуэдэ Iуэхугъуэри. Ар европей УзэщIыныгъэ лъэхъэнэм и щапхъэу литературэм къыхэщыжымрэ адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI лIыфI нэщэнэхэмрэ куэдкIэ зэрызэщхьырщ. Зэмыщхьуи дощIри, Хьэмид и поэзием а IуэхугъуитIыр щызэхэухуэнащ. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, абы и усэхэр темэрэ идеекIэ пасэрей европей усакIуэхэм я Iэужьхэм яподжэж. Ауэ я образ узэдыкIэр, лIыхъужьхэм я психологиер, гъащIэм зэрыхущытыр къызыпкърыкIыр адыгэбзэм и дунеймрэ адыгэ Iуэху зехьэкIэмрэщ. Апхуэдэу зы мэхъури зэхошыпсыхьыж лIэщIыгъуэрыбжэ тхыбзэ культурэм и щыгуу Iэтащхьэ бгъэн хъуа щIэныгъэ лъагэмрэ Тхьэм къызэригъэщIауэ псэу жьэрыIуатэ тхыдэм къыхэхъукIа щэнхабзэм и щапхъэхэмрэ. Ар щынэрылъагъущ гъащIэм, дунейм и зэхэлъыкIэм уезыгъэгупсыс, сэмэркъэу щабэ зыщIэлъ, макъ зэпэджэжхэмрэ акъыл жанагъкIэ зэщIэузэда лирикэ усэхэм.

*Си телевизорым*
*уэфI гугъу къысхуещI.*
*Щхьэгъубжэм сыдэплъмэ,*
*слъагъур нэгъуэщIщ.*

*Диктор щIалэшхуэр*
*дахэу погуфIыкI,*
*Уафэр мэгъуагъуэ,*
*шынагъуэу хохъуэпскIыкI...*

Мы псалъэхэр ди гидрометеорологхэр зэзэмызэ зэрыхэукъуэми хуэпхь хъунущ. Ауэ абыхэм ящIэлъ щIагъыбзэри наIуэщ: «дуней жэнэтыр доухуэ», «мис иджыщ гъуэгуу щыIэм я нэхъ пэжыр къыщыхэтхар», «иджы дофIэкIуапэ» – жаIэ защIэурэ, дыкъагъэгугъэурэ, дапщэрэ дыкъагъэпцIа, къэралым нэхъ цIыху хьэлэлу исыр дапщэрэ ягъэщхьэрыуа – а телевизорым пыгуфIыкIыу исхэм «уэфI гугъу» фIэкIа ямыщIурэ!

УсакIуэм ар къеIуатэ гушыIэ щабэ хэлъу, езы лирическэ лIыхъужьыр жыIэзыфIэщу зэрыщытыр щIимыхъумэжрэ и щхьэри мащIэу ауан ищIыжу. Апхуэдэу пыдыхьэшхыкIыныр, дауи, европей авторхэу Хьэмид и «уэршэрэгъухэм» – Мольер, Гейне, Честерфилд, Уайльд сымэ – я гупсысэ гъэпсыкIэми тохуэ, абыхэм яжь ди авторым къызэрыщIихуари къигъэнахуэу. Апхуэдэ дыдэу, ар и гъэпсыкIэкIи образхэмкIи адыгэ усэкIэ культурэм къыгуэх имыIэу зэрыпыщIар мыбдеж щынэрылъагъущ. Пэжщ, а хэкIыпIитIым ещанэу езы усакIуэм и гупсысэхэр зыкIи щIэмыхъумауэ къыщыкIуэр мащIэкъым:



*ИгъащIэм къагъапцIэу щытар*
*Иджыри къагъапцIэу йокIуэкIыр,*
*Пэжыну псалъэ зытам*
*ПцIы еупс, къимыгъанэу лъэкIыр... –*

жеIэ абы игурэ и щхьэрэ зэбгъэжу. Апхуэдэ псалъэхэр Хьэмид фIы дыдэу илъагъу ПащIэ Бэчмырзэ и гупсысэхэм яподжэж.

Къэжэрым и усэкIэр европей литературэм куэдкIэ зэрыпыщIар наIуэу къахощ абы и балладэхэми. Япэрауэ, балладэр езыр жанр щхьэхуэу къыщежьар къуэхьэпIэ лъэпкъхэм я дежщ, икIи абы езым и тхыдэ иIэжщ. Нобэ сюжет укъуэдия зиIэ дэтхэнэ зы усэ мыкIыхь-мыкIэщIыми балладэ фIащ хъуащ. Хьэмид и балладэхэр классикэр тепщэу щыщыта лъэхъэнэм а жанрым иIа гъэпсыкIэм тету зэхэлъхьащ. АбыкIэ нобэрей адыгэ усакIуэм усыгъэ теплъэ и IуэхукIэ гъуазэу щытыпхъэхэр дигу къегъэкIыжри, ди зэманым кърегъэзэгъыж. КъинэмыщIауэ, абы нэгъуэщI зы хьэлэмэти къыдокIуэ. ЗэрытщIэщи, балладэм и гупсысэ нэхъыщхьэр зыхэлъыр езы сюжетыращ – къэхъукъащIэу къыщыIуэтэжаращ. Абы тхылъеджэ къызэрыгуэкIыр, таурыхъым хуэдэу, къехьэху икIи лирикэ медитациехэм нэхърэ нэхъ гурыIуэгъуафIэ мэхъу. Мис ар икъукIэ яхуэщхьэпэу къыщIокI зи акъыл зэтеувэгъуэ ныбжьыщIэхэу 6-9-нэ классхэм щеджэхэм! Къэжэрым и балладэхэр бзэ дахэкIи тхащ, сюжеткIи удэзыхьэхщ, ущие псалъэ емыбэкIыщэри, къыхэмыпIиикIыу, хэгъэзэгъэжащ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ зи къэжэпхъыгъуэ ныбжьыщIэхэр тхылъ еджэным, пэжым тетыным, дахагъэр нэгъэсауэ зэхэщIыкIыным хуэунэтIынымкIэ. Хьэмид и балладэ-

хэм яхэтщ а Іуэхугъуэм хузэхалъхьам хуэдэу гъэпсауэ зыбжанэ. Апхуэдэщ «Налкъут щхъуантІафэ», «ГъэунэхупІэ», «Псалъэ зеиншэхэр», «ЩІегъуэжа», «Медан лъапІэ», нэгъуэщІхэри. Абыхэм ящыщ гуэрхэр сатыр тІощІырыпщІ хъуауэ аращ, адрейхэр поэмэ хуэдизу кІыхьщ. Ауэ псори зэщхьу уэзыгъэлъагъур ищхьэкІэ къыжысІа фІагъыу дэтхэнэми хэлъырщ. Шэч къытесхьэркъым зыхуэгъэпса ди щІэблэм ахэр гунэс зэращыхъунум, гъэсэныгъэкІи, щІэныгъэкІи, псэр дахагъэм, лІыгъэм хузэщІэгъэушэнымкІи абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэнум.

**ГЪУТ Іэдэм,**<br>
*филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор*<br>
*2015*

## ЩІЭНЫГЪЭЛІ ИКІИ УСАКІУЭ

... 1967 гъэм къыщыщІэдзауэ Къэжэр Хьэмид Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, япэщІыкІэ урыс литературэмкІэ кафедрэм, иужькІэ хамэ къэрал литературэмкІэ кафедрэм егъэджакІуэу щолажьэ. Лэжьэн щыщІидза а гъэ дыдэм и кандидат диссертацэри пхегъэкІ.

И ІэдакъэщІэкІ тхыгъэхэр 1959 гъэ лъандэрэ газетхэм, журналхэм къытрадзэ, япэ дыдэу итха «Псалъэрэ Іуэхурэ» рассказыр «Ленин гъуэгу» газетым тетащ.

Ди тхылъеджэхэми тхакІуэхэми я деж Къэжэрыр псом япэу цІэрыІуэ щызыщІар ди тхакІуэхэм, усакІуэхэм я творчествэм, адыгэ литературэм зэрызиужь хабзэ-бзыпхъэхэм ятеухуауэ итха тхыгъэ купщІафІэхэрщ. Ноби зыкІи нэхъ кІащхъэ хъуакъым ди тхакІуэ нэхъ пажэхэми нэхъ щІалэхэми я творчествэм, я тхылъыщІэхэм ятеухуауэ Хьэмид итха литературно-критическэ тхыгъэхэм, очеркхэм, портретхэм, рецензэхэм, н.къ. я мыхьэнэр. Бгъэдэлъ талантыр, эрудицэ иныр дэнэ щІыпІи щигъэнэрылъагъуу Къэжэр Хьэмид икІи жьакІуэщ. Зэи сигу ихужынкъым 1988 гъэм къэбэрдей, балъкъэр литературэхэм я декадэ Мэзкуу щекІуэкІыу, РСФСР-м и ТхакІуэхэм я союзым и правленэм и унафэщІ Михалков Сергей тхьэмадэу щысу, КІыщокъуэри, урыс тхакІуэшхуэ, усакІуэ зыбжани кърихьэлІэу, къэбэрдей литературэм и зыужьыкІэм теухуауэ абы жиІа псалъэ купщІафІэхэр, зы тхылъымпІэ кІапи емыплъу, сыхьэт ныкъуэм нэблагъэкІэ жьакІуэу а зэІущІэм ар къызэрыщыпсэлъар.

Зэрыкритик Іэзэм нэмыщІ, Хьэмид икІи усакІуэщ, уеблэмэ усакІуэшхуэщ. Ар сэ хьэкъыу спхыкІащ и усэ тхылъхэр (ахэр зыбгъупщІ мэхъу) зэхуэхьэсауэ иджы дыдэ щІэзджыкІыжа нэужь. Хьэкъыу къызгурыІуа къудейм къыщымынэу, гукІи псэкІи зыхэсщІащ ар зи хъэтІкІи, зи гурыщІэ къэІуэтэкІэкІи, гупсысэкІэкІи, образ къэгъэщІыкІэкІи адрейхэм къазэрыхэщхьэхукІыр, щІэныгъэшхуи талант ини зэрыбгъэдэлъыр.

УсакІуэм щІагъыбзэ жан зыщІэлъ жыІэгъуэхэр, гупсысэхэр, гъащІэм и къэхъукъащІэхэм я философие куукІэ гъэпса образхэр, ар зыузэщІ дерсхэр, зэгъэпщэныгъэхэр егъэшэрыуэ.

*СтIолым и жьантIэм къыжьэдэсу,*
*Си бгым къэмысхэр къысхуоплъых,*
*ТIэкIу-тIэкIуурэ уосэж апхуэдэм,*
*(Уэим ар пщIынуи мыбэлыхь).*
*Пэжщ, мыгурыхь ар, ауэ щыIэщ,*
*ЩыIэщ, си къуэшхэ, нэхъыкIэж:*
*Узэральытэм уецIыкIуэкIыу*
*КъыщIэкIмэ, ар нэхъыкIэр пэжщ.*

Хьэмид и псэм дахагъэу зыхищIэм и дыгъэ бзийкIэ зэщIолыдэ и гурыщIэ гухэлъ пшыналъэр зыгъэдахэ усыгъэхэр.

*Хэт а зууэ дыжьын башкIэ*
*Си щхъэгъубжэм къеуIуар?*
*СыкъыщIэкIмэ, гъатхэ жэщым*
*Хуэмыухыр уи хъыбарщ.*

*Мазэр си нэм къыщIолыдэ:*
*«Сыту гуакIуэ а уи Нагъуэр!*
*А уи Нагъуэм хуэдэу дахэ*
*Дуней нэхум тезмылъагъуэ».*



*«Сэри фIыуэ сыщыгъуазэщ!» –*
*Жьыбгъэм сэ зыкъысхуегъазэ.*
*Удзхэм сэ къызжаIэ гуапэу:*
*«Дэри, дэри дыщыгъуазэщ».*

*«Дэри дощIэ! Дэри дощIэ!» –*
*ЖаIэ жыгхэм япыт пщIащэм.*
*«Сэри, сэри», – щабэ дыдэу*
*ПсыIэрышэр мэIущащэ.*

*Си щхьэр сIэтрэ сыдэплъеймэ,*
*Нащхьэ сэ къысхуащIыр вагъуэм:*
*«Дэ дымыщIэ Iуэхум хэлькъым –*
*Нагъуэм фIыуэ укъелъагъур».*

*Сыт иджы уэ жыпIэнур?*

Зэрынэрылъагъущи, псэ зыIумытхэри лъагъуныгъэм и джэлэсым зэщIегъэнахуэ.

УсакIуэм и псэм и дахагъыр ар дунейм зэреплъ гукъыдэжым, хьэлэлыгъэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ, абы хуошэрыуэ псалъэжьхэм ехьэехуэ сатыр жанхэр:

*Пшхын ипэ къихуэу мыIэрысэм*
*НэщхъыфIэу уеплъмэ – мэхъу нэхъ IэфI.*

*Пщэдджыжьым уафэм удэплъейрэ*
*УщыгуфIыкIмэ – мэхъур уэфI.*

*МывэкIэ къоуэм, – пIастэ Iыхъэ...*
*Псалъэжьым жиIэр, дауи, пэжщ.*
*Мывэм мыIэбэ щIыкIэ, пIастэ*
*IэщIэлъхьэт цIыхум – ар нэхъ пэжщ.*

*ИтIанэ мывэ къыхэмыхьэу*
*Фи Iуэхур дахэу зэфIэкIынщ,*
*Гужьгъэжь кIыфIыжьым зигъэзэнщи –*
*Гухэхъуэр дыгъэу къыщIэкIынщ...*

Зэмызэгърэ зэныкъуэкъурэ щытепщэ нобэрей дунейм тет къэрал политикхэр зыфIэлIыкIын акъылрэ псалъэрэ хэлъщ цIыхугъэ лъагэм ухуезыджэ мы усэм.

УсакIуэм и гум пыIэпIэ иIэкъым, нобэ цIыхур зыхэт псэукIэ мытыншым, зэманым и фэбжь шэчыгъуейхэм абы и псэр зэхэзехуэн зэращIар и усэхэм гум щIыхьэу къыхощ.

*Сымаджэм фIыуэ ещIэ*
*Узыншагъэр зищIысыр.*
*Жьы хъуам фIыуэ ещIэ*
*ЩIалэгъуэр зищIысыр.*

*НтIэ дылIа нэужькIэ къыщытщIэнур*
*Дызэрыпсэун хуея щIыкIэр?..*

Къэжэрым и усэ пшыналъэр зэрыбзафIэр, зэрылъэщыр убзыхуауэ мы тхыгъэ кIэщIым къыщыдгъэлъэгъуэну Iэмал дызэримыIэр тхылъеджэм къытхуигъэгъунщ: усакIуэм и тхылъым хэчыхьауэ къыхэтха усэ гуэрхэр щапхъэу къыдохь, абыхэм я къэухьыр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми нэрылъагъу тщIын папщIэ. Абыхэм ящыщ зыщ мы дызытет дунейр, природэр хэутэн зэращIым къыпкърыкIа усэхэр. А гузэвэгъуэр къызэригъэлъэгъуэн жыIэгъуи псалъэ шэрыуи къегъуэт усакIуэм.

*Уафэм хуэстхынут усэ –*
*Сэ уафэр сымылъагъу:*
*ар гъуэзым щIигъэнащи...*

*Уэсым хуэстхынут усэ –*
*сэ уэсыр сымылъагъу:*
*кIэгъуасэ телъщ уэс папщIэу...*

*Псы щIыIэ фалъэ сефэу*
*сигу плъар сэ згъэупщIыIунут –*
*симыгъэлIэну пIэрэ?*

*НтIэ, емыкIу – сыгушхуэу*
*сэ къезгъэжьа си усэр*
*гъыбзэу къыщIидзыжыну?*

Зэрынэрылъагъущи, дунейм дахэу трилъагъуэхэм зи нэр къыщипхъуэу дунейм къыщыхъу гузэвэгъуэхэр псэкIэ зыхэзымыщIэ усакIуэ щхьэхуэфIхэм ящыщкъым Къэжэрыр. Уеблэмэ цIыхум и псэм къеIэ гухэщIхэм, фэбжьхэм ятеухуа гупсысэхэр усэ къэухьым къыщыхуимыгъэзагъэм деж, абы балладэ жанрыр шэрыуэу къегъэсэбэп. Абы и щапхъэщ «Дахэлинэ», «Уэредадэ», «Тенджызым нэсыфынур» балладэхэр. Ахэр усакIуэм и творчествэм и фIыпIэу зэрыщытым шэч хэлъкъым.

Къыхэгъэщыпхъэщ «белый стих» усэ гъэпсыкIэми Къэжэрыр зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр. Аращ а гъэпсыкIэр ди литературэм япэу къыхэзыхьар.

УсакIуэм дежкIэ дунейм мылъкуу тетым нэхърэ нэхъ лъапIэщ, нэхъ дахэщ гъащIэм кърит гурыфIыгъуэр:

*Сэ си мылъкур – а мазэрщ,*
*Вагъуэхэри и гъусэжу;*
*ЖэщкIэрэ сыкъотэджыжри,*
*сащыгуфIыкIыу сыщысщ.*



Зэрыбелджылыщи, усакIуэр щыусакIуэ нэсыр езым и Iуэху еплъыкIэ, и гупсысэкIэ, и хъэтI иIэжмэщ, и мэсхьэбым итыжмэщ, щалъхуа щIыгум лъэ быдэкIэ тетмэщ, а щIыгури ар зыгъэдахэу, псэ зыIутуи зыIумытуи, щыIэ псори псэкIэ зыхищIэу, а зыхищIар цIыхум я деж нихьэсыжыфмэщ. Усэм дамэгъу хуэхъу гупсысэм тегъэпсауэ, и купщIэмрэ и фащэмрэ зэрызэкIун бгъэдыхьэкIи гъэпсыкIи зиIэ пшыналъэр зэрыбзафIэм, зэрыгукъинэжым шэч хэлъкъым. А псоми щыхьэт техъуэ образ телъыджэхэр, гукъинэжхэр щымащIэкъым Къэжэр Хьэмид и творчествэм.

**ШЭВЛОКЪУЭ Пётр,**
*критик*
*1998*

* * *

Си пхъэр къикIат мис абдеж,
сыунат зы махуэ унэу:
удз цIыкIухэр къысхудэплъейуэ,
жыгхэри къызэхъуапсэу,
Сэ
цIыхуу сыкъыщалъхуам.

Си пхъэр къикIат мис абдеж,
сыунат зы махуэ унэу:
тафэтесхэри къысхукъуэплъу,
къумырысхэри къысхуеплъэкIыу,
Сэ
къурш куэщIым сыкъыщихутам.

Си пхъэр къикIат мис абдеж,
сыунат зы махуэ унэу:
цIыхуу дунейм тетым я нэхъ лъагэм –
къуршырыс вакIуэлIым –
и унагъуэм,
сымыщIэххэу, сыкъыщралъхуам.

* * *

Узижагъуэныр бжьэуэ къытиухьи
мы дуней гугъусыгъум:
дэнэкIэ зигъазэми –
дыдж зэз
е зыгъэлIэн гын...
Дэнэ иджы абы,
а хъарып цIыкIу мыгъуэм,
дэнэ къыздрихынур IэфI зыщIэлъ,
фо къыхищIыкI хъун хуэдэу?
... НэхъыкIэжи усакIуэм и Iуэхур.

## УСАКIУЭМ И ГУР

УсакIуэм и гур уIэгъэ пцIанэщ.
А уIэгъэр щIэмычэу елъэс
гуауэ зиIэм щIагъэж нэпс гуащIэм.
Апхуэдизыр зыгъэв усакIуэм,
и дзэр зэтрикъузэми,
и псэм къыпхев пщIэнтIэпс пщтыр.

Ар тхылъымпIэ къабзэм зэрытеткIуэу –
усэ сатыру къогъагъэ, –
аращ усэр къызэралъху щIыкIэри.

## АБЫ ЗЭРЕДЖЭР

ГъущIыр къэзыгъэш,
шэри зылъэщIэмыхьэ,
хьэуам епсынщIэкI,
кIэрэ пэрэ зимыIэ зэманри зыпэмылъэщ,
лъэщыгъэр зиIэм къигъэщIа псори зыгъэзджыздж,
сымаджэри къызэфIэзыгъэувэж,
ажал жыхуаIэр зымыщIэ,
блэкIамрэ къэкIуэнумрэ гугъу демыхьу зэпызыщIэ,
щIалэгур лIыжьым къезыт,
дуней дызытетым и Iэубыдыпіэ,
абы зэреджэр сыт жыпIэмэ –
псалъэщ.



* * *

Бгыр угъурлыщ,
бгырысыр насыпыфIэщ:
зэ худоплъейри бгым –
щхьэроху и пыIэр;
екIуэкIыурэ
щхьэрыху-къищтэжу –
щхьэрымыхужу мэхъу иужькIэ.

## АХЫН, АПХУЭДЭУ...

– Ахын, апхуэдэу щхьэ уткIыбжь уэ?
– Адыгэ нэпсыр къызобэкIри.
– Ахын, апхуэдизу щхьэ уфIыцIэ?
– Адыгэ Iуэхум согупсысри.
– Ахын, апхуэдэу щхьэ угызрэ?
– Адыгэ гъыбзэм сегъэгуIэ.

– Ахын, ущыгъуэу щхьэ епхьэкIрэ?
– КъысщIэплъэт: си щIэр адыгэкхъи.

– Ахын, сыт плъапIэу къыпхуэнэжыр?

* * *

ТIэкIу къепсэпсауэу нэху къекIамэ,
уэфI мыхъужыну къыпщымыхъу.
«Ерэхъуу» жаIа псом ефIэкIыу,
«хъэуэ» щыжаIи куэдрэ къохъу.

Хъыджэбзым «хъэуэ» къыбжиIакIэ,
уи пыIэр къапщтэу уемыжьэж,
жыIэзыфIэщу «ерэхъу» дэжэр
кIасэIуэ хъуауэ зэ щIогъуэж...

Мыри щIызгъунут:
уи жагъуэгъум
уэ нобэ IупщIэ къыпхуищIа?
УзэрефIэкIыр и нэм бжэгъуу
щIэуэжри – кууэ хурищIащ!

* * *

Унэм ущIэсмэ, дызэфIонэ,
узэрыщIэкIыу сыпхуозэш.
СыIутщ щхьэгъубжэм, сыныппэплъэу:
ПсынщIэIуэу, си псэ, къэгъэзэж.

СыкъызэщIэплъэм, псалъэ пщтырыр
сыпщымысхьыжу узоутIыпщ.
СыщIегъуэжауэ, соупщIыIужри,
сэ сошэчыж птеслъхьам хуэдипщI.

Ауэ, си тIасэ, ухей дыдэу
уэ цIыкIуми уимыгугъэж:
сэ сынолъэIуу схужумыIэм
иужькIэ уэ укъытохьэж!

Дауи, нэхъ тынш ди Iуэхур хъунти,
уесатэмэ дэпчыхыу зэ:
нэхъ кIащхъэу уэ укъыспэувмэ,
сэри нэхъ щIэхыу къэзгъэзэнт!

Ди Iуэхур нобэкIэ хэплъэгъуи:
зэрылъагъуитI зэгурымыIуэу!..
ЗдэщыIэм «лъагъу», – сэ согъэщIагъуэ, –
щымынэхъ мащIэу пIэрэ «гъэгъур»?

## СИ ФIЭЩ МЫХЪУ

Сыбужэгъуауэ къызжепIами,
сыкъыумылъагъуу си фIэщ мыхъу.

Ди гъуэгур тIууэ зэхэкIами,
сыпхуэмызэну си фIэщ мыхъу.

Мы гъатхэ махуэм и дахагъэр
уэ зыхыумыщIэу си фIэщ мыхъу.

Мо пцIащхъуэ цIыкIур нобэ си гум
къимылъэтауэ си фIэщ мыхъу.

Абы къриш и уэрэд гуапэр
уэ зэхыумыхыу си фIэщ мыхъу.

Ныщхьэбэ вагъуэм си хъыбар уэ
къыпхуамыщIыну си фIэщ мыхъу.



МазэщIэр, мащIэу уигъэкъуаншэу,
къомышхыдэну си фIэщ мыхъу.

Пщэдей дыгуфIэу дызэгъусэу
демыжьэжыну си фIэщ мыхъу!

## ДАУЭ ЗЭРЫБГУЭШЫНУР?

Дауэ зэрыбгуэшынур:
Паркым ит ди шэнтжьейр
дауэ зэрыбгуэшынур?
ПхъэхкIэ тIууэ зэпытхыу,
ныкъуэ-ныкъуэу етхьэжьэжыну?
Дауэ,
        дауэ,
                дауэ
зэрыбгуэшынур мо мазэр?
Вагъуэу здэдбжахэр дауэ,
дауэ зэрыбгуэшынур?
ТIууэ дгуэшыну уафэр?
Дгуэшыну мы жэщ мазэгъуэр?
Хьэуэ, ар слъэмыкIыну,
дызэгъэкIужи нэхъыфIщ!

## КУЭБЖЭМ УДЭПЛЪМЭ...

Пщэдджыжьым куэбжэр зэIубодзри,
удэплъу, куэдрэ ущытщ.
НтIэ, сэхитIым я зэхуакум
дэплъагъуэр сыт?

Ищхъэрэкlэ къыщыс гъунэгъум
унэшхуэ щIэуэ къигъэуваи.
Къэнжал хужьыбзэ, нэр щыджылу,
унащхьэми трибзэжаи.

А къэнжал хужьыр фIыцIэ пщыхъуу,
щиухрэ уи дунейр абдеж?
Хьэмэ – абы къытещIэ уафэр
Плъагъуфу утет мы дунейм?

## ХЭКУ ВАГЪУЭ

*Балладэ*

Къэхъуащ мыпхуэдэ.
Мывэ уэшх
къешхынут – хэкур къемылыну.
ХуэзанщIэ вагъуэр къолъэхъшэх –
поув уэшх бзаджэм ар жыр блыну.

Удыным пэщIэтащ жэщ псом –
мывэу къытехуэр ибгъукIэ лъейуэ.
Нэху щымэ, ини цIыкIуи псэущ, –
зэхуосхэр, уафэмкIэ дэплъейуэ.

Мы я нэгу щIэкIыр – тобэ! – сыт:
вагъуэшхуэ, тIэкIу хуэлъэныкъуабэу,
я щхьэщыгу дыдэм къыщхьэщытщ,
улъэIэсыну и зы къуапэм!..

ЗэхуагъэщIагъуэ, зэпаплъыхь;
жьакIэхум, ещI Iэдакъэжьауи:
«ФIым дыщогугъри, Язалыхь,
мы слъагъум фIы къытхудэгъакIуэ!..»

Зым жери: «Уа, жылэ, мыр вагъуи...»
НэгъуэщIым: «ЖыпIэр гъэщIэгъуэнщ!
Вагъуэр, лIэун, мэлыд, мыр фагъуэщ,
кумблъэмбщ, бгым щыжа къэнжал гуэн
нэхъей, уэгушщ – уахуэ къэбыжьу...»

Абдежым нэхъыжьи нэхъыщIи
щызэрызохьэ, зэроIуэт –
жэуап тэмэм къахуэмыгъуэт.

Нэхъыжьым жери: «ФымыпIащIэ,
зэ фызэIуплъ...»
Ауэ игъащIэм
къокIуэкI: нэхъыщIэм якъутэжу
нэхъыжь унафэр /мис ар пэжкъэ!/.

Зыгуэрхэм вагъуэм зыкIэращIэ,
къралъэфэхри хыфIадзэж...
Арати, вагъуэр... лъакъуэлъэщIу
уэрам сабафэм къыдонэж...

Я вакъэм ятIэу къыкIэрыпщIэр
абы жьэхадзэри щIохьэж...
Уафэгъэдахэу щытам и пщIэр...
Ауэ мыгувэу къащIохьэж.



Арыххэу псыхэр мэгъущыж,
уэшх къемышхыжу щегъэтыж.
Жэкъуахэм хейм лъагъэса фIейр
я нэм къахущIепхъэж жьыбгъейм.

Псори зэрехуэ гузэвэгъуэм,
зыми имыгъуэтыж бэуэгъуэ,
цIыхуитI узэримыгъэлъагъуу
хэкур сабейм щIехъумэ пшагъуэу.

Псы щхьэкIэ малIэ цIыхури Iэщри,
лIам кIэлъопIащIэ зытIри мащэр...

Зы псы Iубыгъуэр сыт и уасэ!..
Зы псы Iубыгъуэр сыт и уасэ!..

«Къысхуэзыгъуэтым псы Iубыгъуэ –
естынт... естынт мы дуней фIыгъуэр!»

А бетэмал!
А бетэмал!
ЖьакIэхум: «Iей длэжьати – мисыр! –
тхуэфащэм нобэ дыIущIаи...
Дэ напэтех длэжьар зищIысыр,
фыкъызэдаIуэт, сэ къэсщIащ!

Ар вагъуэт. Жэщым, дымыщIэххэу,
хэкум зыкъыщхьэщиубгъуат;
дыкърригъэлри мывэ уэшхым...
нэху ща иужькIэ къэтлъэгъуат...

Иджы зыщ къытхуэнэжыр:
хейм
етпэса лейр дгъэзэкIуэжыну –
лъакъуэкIэ абы етха лейр,
лъакъуэкIэ абы хуэддза фIейр
IэкIэ къыкIэрыдгъэкIыжыну!»

АбыкIэ мэхъури арэзы,
зыкъащтэ псоми, хуэдэу зым;
едэхэщIэжу, еубзэжу,
вагъуэр ягъэкъэбзэж, зэблэжу.

IэпапIэ закъуи къамыгъанэу, –
хэмыхьэу хьэнцэ, бел е фIанэ, –
Iэгу плъакIэ вагъуэр къалъэщIыхь –
цIыхухэм къыщIагъэщыж я щIыхь.

ИкIи, зылъагъум игъэщIагъуэу,
зы уапIи темылъыжу джафэу, –
мэлыд, мэпщIыпщI, мэбауэ вагъуэр,
зеIэтри мэлъэтэжыр уафэм.

Псыр къахуокIуэж щIыхь зиIэ цIыхухэм,
и пIалъэм уэшхи къеш зэпытщ.

Жэщ кIыфIими сакъыу къахуеплъыхыу
хэку вагъуэр лъагэу къащхьэщытщ.

*УсакIуэ, уэрэдус Джэдгъэф Борис илъэс 85-рэ ирокъу*





## «МЫВЭГУМ УДЗ КЪЫЩЫЗЫГЪЭКI» УСЫГЪЭ

Псалъэм къару ин иIэщ – зэм ар джатэм хуэдэу жанщ, къамэм хуэдэу папцIэщ, зэзым хуэдэу дыджщ, зэми фом хуэдэу IэфIщ, акъужь къабзэм хуэдэу гуапэщ, анэIэу щабэщ; псом хуэмыдэжу ар лъэщщ усыгъэу щыгъэпсам деж. Ауэ щыхъукIэ усэбзэм хуэIэзэхэм, псалъэр IэкIуэлъакIуэу зыгъабзэ закъуэтIакъуэхэм «зэчийкIэ» еджэу къаруушхуэ ябгъэдэлъщ. Апхуэдэхэм ящыщщ усакIуэ-уэрэдус Джэдгъэф Борис.

* * *

Джэдгъэф Борис Мухьэмэд и къуэр Аруан куейм (иджы Лэскэн) хыхьэ Аргудан къуажэм 1938 гъэм ноябрым и 7-м къыщалъхуащ – усакIуэщ, тхакIуэщ, уэрэдусщ, егъэджакIуэщ, журналистщ, Урысейм и ТхакIуэхэми, и Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэтщ. 1961 гъэм КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэр къиуха нэужь, я къуажэ курыт еджапIэм бзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ, а еджапIэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щытащ. Абы иужькIэ лэжьыгъэ IэнатIэ зыбжанэ зэблихъуащ: 1991 – 1996 гъэхэм «Маяк» Аруан куей газетым и редактор нэхъыщхьэу, 1997 гъэм къыщыщIэдзауэ «Нур» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ. ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ хуищIа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, Джэдгъэф Борис РСФСР-мрэ (1971 гъэм) КъБАССР-мрэ (1970, 1975, 1977

гъэхэм) КультурэмкІэ я министерствэхэм я ЩІыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ. Лъэпкъ литературэм хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ КъБР-м и ЩІыхь тхылъыр 2010 гъэм къратащ.

* * *

Зи псалъэмрэ зи ІуэхущІафэмрэ зэтехуэ, зи зэхэщІыкІ-гупсысэр зэтеува, екІуэкІ гъащІэми абы къыщыхъу-къыщыщІэхэми зи еплъыкІэ щхьэхуэ хузиІэ усакІуэ, тхакІуэ Джэдгъэф Б. илъэс плІыщІым щІигъуауэ лъэпкъ литературэм щолажьэ. А пІалъэм къриубыдэу усэхэр, рассказхэр, тхыдэм теухуа очеркхэр зэрыт тхылъ гъэщІэгъуэн зыбжанэ адыгэбзэкІи урысыбзэкІи къыдигъэкІащ. Абы и япэ усэхэр «Советская молодежь» газетым къытехуащ, иужькІэ къыкІэлъыкІуа тхыгъэхэр «Ленин гъуэгу» газетымрэ «Іуащхьэмахуэ» журналымрэ щІэх-щІэхыурэ къытрадзащ.

«Аргудан» (урысыбзэкІэ, 1967) фІэщыгъэм щІэту Джэдгъэф Б. япэу къыдигъэкІа тхылъыр езыр щалъхуа къуажэм хуэгъэпса очеркыу зэхэлъщ. Нэхъ иужькІэ дунейм къытехьащ рассказхэр зэрыт «ДыгъафІэ щыгу» (1969), усыгъэхэр щызэхуэхьэса «Псынащхьибл» (1982) тхылъхэр, «Къамболэт» (1986) поэмэр, урысыбзэкІэ усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыт «Мой язык – адыгский» (1990) сборникыр. 1998 гъэм «Тхыгъэхэр» фІэщыгъэм щІэту дунейм къытехьащ Джэдгъэфым и ІэдакъэщІэкІ нэхъыфІхэр – усэхэр, поэмэхэр, уэрэдхэр, рассказхэр, бзэм, тхыдэм, хабзэм ятеухуа тхыгъэхэр – щызэхуэхьэса тхылъыр. 2010 гъэм уэрэдхэр зэрыт «Мазэгъуэ жэщ» сборникымрэ «Аргудан. История поселения» тхылъымрэ къыдэкІащ.

Борис и усэхэмрэ поэмэхэмрэ гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхрышар адэжь хэкур, укъызыхэкІа лъэпкъыр фІыуэ лъагъунырщ, цІыхугъэмрэ дахагъэмрэ гъэлъэпІэнырщ:

*ЕфІакІуэ, гъагъэ, адэжь лъапсэ,*
*Дызэрыгушхуэ, щІыхьыр зей!*
*Уэрщ дыгъэ нуру псэм къыхэпсэр,*
*Хэку-анэ дахэ, ди дуней!*
**(«Къэбэрдей-Балъкъэр»)**

Джэдгъэфым и усыгъэм езыр зыщІапІыкІа адыгэ хабзэм ехьэлІа гупсысэхэр щытепщэщ. УсакІуэм и дежкІэ нэхъыщхьэр адыгэ хабзэм пщІэ хуэщІыным, гъэлъэпІэным и закъуэкъым, атІэ ар щІэблэм я деж нэхьэсынырщ, усэбзэ шэрыуэкІэ ябгъэдэлъхьэнырщ. «Бгырыс хабзэ» зыфІища усэм, лъэпкъым и щыІэкІэ-псэукІэм нэмыщІ, адыгэлІым и хьэл-щэныр къызыхэщ образ гъэщІэгъуэн къыщегъэщІ, адэжь хэкум и сурэт дахэ псалъэкІэ щещІ:

*Я унапІэщ бгъэжьхэм ди къуршыжьхэр,*
*Зыщалъхуа я абгъуэр я жэнэтщ.*

*Мыбы и псы уэрхэр шагъдий хъыжьэщ,*
*И хъэуам хуэдэн дунейм темыт.*
*Бгъэхэм я хэщIапIэр ямыхъуэж,*
*IукIыу щытми, мыбы къолъэтэж.*
**(«Бгырыс хабзэ»)**

Лъэпкъ зэхэщIыкIкIэ, адыгэм и дуней лъагъукIэм къыпкърыкIа гупсысэхэмкIэ псыхьащ «Си адыгэ напэ» фIэщыгъэм щIэт усэри. Тхыдэми къызэрыхэщыжщи, бгырыс лъэпкъхэм сыт щыгъуи къадекIуэкI лъапIэныгъэхэм ящыщщ напэр, щIыхьыр, щхьэхуитыныгъэр, абыхэм нэхъ пщIэ лей хуащIу къекIуэкIащ. Псом хуэмыдэу, напэр адыгэм хуэсакъыпэу ихъумэу щытахэм я нэхъ пажэщ. КIуащ БетIал и зы усэм зэрыщитхащи, «напэр зыхъумэфым уэрэдыр хуаус». Зи гугъу тщIа гупсысэ псори къыщызэщIэкъуащ ищхьэкIэ къэтхьа «Си адыгэ напэ» усэм. Абы и лирикэ лIыхъужьым къызэрилъытэмкIэ, тхыдэ жыжьэм зи къуэпсхэр къыщежьэу сыт хуэдэ зэмани лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэр напэрщ:

*Сэ соупщIыр, сэ соупщI дыгъуасэм.*
*Тхыдэм и дыгъуасэ гум и щIасэм:*
*– Яхъумахэр сыт ди адыгэлIхэм,*
*Я псэ IэфIыр мафIэм щыпэралъхьэм?*
*Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,*
*ГъащIэм елъэпIэкI адыгэ напэщ.*
*Ноби си гум арщ щIигъэнэхъапэр*
*Си адыгэ, си адыгэ напэр.*
**(«Адыгэ напэ»)**



Усэм узыщрихьэлIэ «щIигъэнэхъапэр – напэр» жыхуиIэ рифмэр лъэныкъуитIкIэ гъэщIэгъуэнщ: япэрауэ, ар къэзыгъэщI псалъэхэр макъ зэпэджэжкIэ зэщIожьыуэ, етIуанэрауэ, мыхьэнэкIи зэпошачэ – напэр сытым нэхъри зэрынэхъапэр мыбдежым художественнэ Iэзагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуащ.

Джэдгъэф Б. и усэхэм гуапагъэр йобэкI, абы и усыгъэ макъамэм сабиигъуэм и IэфIыгъэри, анэм и гущабагъэри, щIыуэпсым къыпкърыкI хьэлэлыгъэри, гуащIэдэкI къабзэм къыпэкIуэ хьерри, адэжь жьэгум и хуабагъри, нэгъуэщI къэхъугъэ дахэ куэди щызэщIэлъщ. ЖытIахэм я щыхьэтщ усакIуэм и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIри – къапщтэмэ, «ЛъапцIэрыщэу сабиигъуэ...», «Гъуэгу гъуэмылэ», «Шэпсы», «Пшынауэ», «Си хьэщIэ», «МыIэрысэ», «ДаIуэт: жыбгъэщ...» усэхэр, нэгъуэщI куэди. Абы щыгъуэми Джэдгъэфым и усэхэм теплъэгъуэ дахэ гуэрхэр псалъэ дыгъэлкIэ къыщебжэкIауэ аракъым, атIэ а дахагъэр къэгъэщIыным къыдэкIуэу, ар гъащIэм и удынхэм щыхъумэн зэрыхуейри, фIыр щапхъэу зэрыщытыпхъэри усакIуэм гъэщIэгъуэну къеIуатэ. Языныкъуэхэм деж абы и усэхэм къапкърыщ Iущыгъэр гъащIэм зэрыщыпсэупхъэ хабзэ хэха гуэрхэм хуокIуэ. «Пшынауэ»

усэм и кIэух едзыгъуэм къызэрыхэщымкIэ, ихъуреягъкIэ дунейм сыт щемыкIуэкIами, усакIуэ нэсым и гуращэ зызымыхъуэжщ фIым, дахагъэм хуэлэжьэныр:

*Уи пщалъэу къащтэ уэ, си гуащIэ,*
*Макъамэ дахэм хузэфIэкIыр.*
*Дуней хуабагъэр зыхэзыщIэм*
*Мывэгум удзыр къыщегъэкIыр.*
**(«Пшынауэ»)**

ИщхьэкIэ щыжытIахэм къикIыркъым Джэдгъэф Б. и усыгъэр гуфIэгъуэ е дахагъэ зэфэзэщу зэхэлъу: ар гъащIэм щыщщ, апхуэдэу щыхъукIи, езы гъащIэми хуэдэу, абы гуфIэгъуи гуауи щызэщIэлъщ, мотив нэщхъейхэри къыщыпкърыщ щыIэщ. Ахэр щхьэусыгъуэ зыбжанэм ехьэлIащ – псалъэм папщIэ, тхыдэм хэлъа гуауэм («Тенджыз ФIыцIэм и жэуапхэр»), лъагъуныгъэ насыпыншэм («Мэлъэтэж кърур»), дунейм щекIуэкI мыхъумыщIагъэхэм, цIыхухэм я зэпэщIэтыныгъэ мыухыжхэм («ЩIылъэ дауэ»), нэгъуэщIхэми.

УситIу зэхэт «Тенджыз ФIыцIэм и жэуапхэр» тхыгъэм лъабжьэ хуэхъуар лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ шынагъуэ дыдэу ноби зи Iэужь бзаджэхэр мыгъуща Кавказ зауэмрэ абы кърикIуа ИстамбылакIуэ Iуэхугъуэмрэщ. Тхыгъэм и художественнэ щхьэхуэныгъэ нэхъ пажэхэм ящыщщ ар лирикэ лIыхъужьымрэ тенджыз ФIыцIэмрэ я зэпсэлъэныгъэу зэрыгъэпсар. ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа тхыдэ Iуэхугъуэхэр тхыгъэм и IыхьитIым ящыщу япэ усэм нэхъ IупщIу къыхощ:

*Тенджыз къафэм, къысхуэуджым,*
*Псалъэ хъуэркIэ сэ сопыджыр:*
*– Нэр дэпхъэхми, тенджыз ФIыцIэ,*
*Шы къарапцIэу, емылыдж,*
*ДеIуб мыхъуу, уэ уфIыцIэщ,*
*Ушыгъушыпсу, упсы дыджщ.*

*ЩызэхихкIэ жысIэ къомыр,*
*Ар си лъапэм щогурымыр:*
*– Уи лъэпкъ нэпсу щIигъэкIахэм*
*Сэ си ткIуэпсхэр яшыуащ.*
*Уи лъэпкъ гуауэу игъэвахэм*
*Сэ апхуэдэу сраIащ.*
**(«Тенджыз ФIыцIэм и жэуапхэр»)**

Джэдгъэф Борис лирикэми лиро-эпикэми щолажьэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Къамболэт», «Псынащхьибл» жыхуиIэ поэмэхэр, «ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ» балладэр.

«Къамболэт» поэмэр зыхуэгъэпсар усакIуэр къыщалъхуа Аргудан къуажэм щызэхэта колхозым и Iэтащхьэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Тэрчокъуэ Къамболэтщ. Тхыгъэм гуащIэдэкIым зи гуи зи пси ета, адэжь щIыналъэр езыгъэфIакIуэ, хэкум хуэпэж адыгэлIым и образ уардэ щызэфIэгъэуващ.

Дызэрыщыгъуазэщи, балладэ жанрыр адыгэ литературэм зыужьыныгъэ ин щызымыгъуэтахэм ящыщщ. Абы и щапхъэ гуэрхэр щыIэми, а жанрыр иджыри къэлъытапхъэщ зэфIэувагъащIэхэм ящыщу. Ар зэфIэувэн Iуэхугъуэм зы щапхъэ гъэщIэгъуэну хэуващ Джэдгъэф Б. «ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ» зыфIища балладэр. Мы тхыгъэр жанрым и мардэхэм тету зэхэлъхьащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, балладэм зэрыщыхабзэу, Джэдгъэфым и «ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ» гуащIэу екIуэкI сюжет икIи кIэух гууз иIэщ. Апхуэдэуи балладэм и зы нэщэнэу мыбы ущрохьэлIэ аллегориер зэбэкI къэIуэтэкIэм.

Тхыгъэм и лъабжьэр щакIуэ Iэзэ гуэр пцIащхъуэ зэрыбиным яхэуэу абыхэм я анэр зэриукIырщ. ПцIащхъуэ анэм и бгъэгур шэ цIывам пэщIигъэувэри, и быныр къригъэлащ, езыр а шэм ихьащ. Тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, а укIыгъэр щакIуэми къыщIэкIуакъым:

*... ЩакIуэм, хъуапсэу, ищIа щIэщхъум*
*Зэи гъуэгу захуэ кърита къым.*
*ЯIуэтэж, абы къуэ нэфым*
*И хъэдащхъэр дэкIуэдауэ.*
**(«ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ»)**



АдэкIэ балладэм и сюжетыр гурыIуэгъуейуэ тхакIуэм зэхеухуанэ: *«ПцIащхъуэ анэр маплъэ уафэм, / Уардэу бгыгум щытэджауэ»* щыжиIэкIэ, гурыIуэгъуэкъым фочышэм ихьа пцIащхъуэр бгыгум зэрыщытэджыфынур. Ауэ къыкIэлъыкIуэ едзыгъуэм и деж IупщI мэхъу абы мылIэжынупсэ къыIузыгъэкIар:

*IэкIуэлъакIуэу мывэупсым*
*Игъэпсащи и сурэтыр,*
*Щыпсэунущ куэдрэ лъапсэм,*
*Мывэ джейхэм ар яIэтыр.*
**(«ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ»)**

Зи сурэтыр мывэ сыну гъэжа анэм и щхьэщыгур къауфэрэзыхьурэ бынхэм уэрэд кърахш. Тхыгъэм и кIэухым деж, балладэ жанрым зэрыщыхабзэу, тхьэлъанэм пэгъунэгъу, стиль лъагэм и пщалъэм изагъэу фIэщхъуныгъэ лъэщкIэ псыхьа псалъэхэр къыщыхьащ:

*А уэрэдыр IэщIыб хъункъым,*
*ТетыхункIэ дунейм пцIащхъуэ,*
*Шэ уэрэдым пэлъэщынкъым,*
*ЩыIэхункIэ уафэ къащхъуэ.*
**(«ПцIащхъуэмрэ щакIуэмрэ»)**

Джэдгъэф Борис усакIуэ-уэрэдусщ. Абы и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр лъэпкъ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ нэс хуэхъуащ. Абыхэм я нэхъыбэр щIэблэр адыгэ хабзэм, нэмысым щIэпIыкIыным, анэдэлъхубзэр Iурылъу къэгъэтэджыным, Хэкур фIыуэ лъагъуным хуэунэтIащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Си нанэ», «Си анэбзэ, си адыгэбзэ», «Си бзэ, си псэ – си дуней», «Си адыгэщI» уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ куэдыр апхуэдизкIэ цIэрыIуэ хъуащ, бэм зэлъащIысащи, ахэр цIыхубэ уэрэду фIэкIа нэхъыбэм ящIэркъым. Адыгей усакIуэ Жэнэ Къырымызэ итхауэ Джэдгъэфым къэбэрдей-шэрджэсыбзэм къригъэзэгъа «Си нанэ» уэрэдыр къэтщтэнщи, ар зымыщIэ адыгэ, ди хэгъэгуми къыщымынэу, хамэ щIыпIэхэми щыгъуэтыгъуейщ:

*Си нанэу си псэм хуэзгъадэу,*
*Дуней насып къызэзыт,*
*Уи гъащIэ гъуэгур уэрэду,*
*Мы щIылъэм сэ щызоIэт.*
*Си нанэу си дыщэ пшэплъ,*
*Дахагъэу щыIэр зыхэлъ,*
*СфIощI анэ псом уралей,*
*Уэрщ зыгъэнэхур дунейр.*

**(«Си нанэ»)**



Джэдгъэф Б. и мащIэкъым гурыщIэ дахэр зи лъабжьэ, гухэлъ къабзэр щытепщэ уэрэдхэри: «Iэдииху», «Си гум уимыкIыж», «Сызыхуей щауэр», «НитIыр къызэдофэ», «Си гур щIэмыжейр», «ЩыIэщ лъагъуныгъэ», «Сэтэней», «Дахэнагъуэ», «Уи нитIыр гуфIэм», «Мазэгъуэ жэщ», «ФIыуэ слъэгъуам и уэрэд», «Нысашэ», «Дакъикъэ ныкъуэ», «Мэлъэтэж кърухэр», «Зи плъэкIэр гуапэ», «Дыщэ мазэ», «Хэкум папщIэ уэрэд», «Гум и къафэ», нэгъуэщI куэди.

ЦIэрыIуэ дыдэ хъуахэм ящыщщ, цIыхубэми дзапэ уэрэду къахэнащ «Мазэгъуэ жэщыр»:

*Мазэгъуэ жэщым псэхэр зэпещIэ,*
*Дзапэ уэрэдым симыгъэжей,*
*Дунейр щIэращIэщ, бгырыс нысащIэу,*
*Ар зыхэзыщIэм имыIэ жей.*

*Мазэгъуэ жэщыр къызоIущащэ,*
*Унэидзыхьэу, шы жэр уошэс.*
*Уи пыIэ щыгуу мазэ дахащэр,*
*Уи лъагъуныгъэм уэрэд еус.*
*Мазэгъуэ, мазэгъуэ, мазэгъуэ жэщ,*
*Гу ныпщызмыхуэу нэху умыгъэщ!*

**(«Мазэгъуэ жэщ»)**

УсакIуэр композитор цIэрыIуэ куэдым ядэлэжьащ: Тхьэбысым Умар, Къардэн Хьэсэн, Даур Аслъэн, ЖьакIэмыхъу Жансурэт, Бэрэгъун Владимир, Молэ Владимир, Къэбэрдокъуэ Борис, нэгъуэщIхэми. Абыхэм яхэтщ, зы е тIу мыхъуу, уэрэд зыбжанэ зыдитхахэри. Псалъэм папщIэ, АфэщIагъуэ Зое макъамэ щIилъхьащ Борис и усэ куэдым – «Псэм нэхъапэр», «Си гъатхэ», «Гур щымыщIэ лъагъуныгъэ». Апхуэдэуи, Джэдгъэф Борисрэ композитор цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист Къардэн Хьэсэнрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал гимныр зэдатхащ.

Джэдгъэфым и уэрэдхэр ягъэзэщIащ икIи ягъэзащIэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм – Адыгейм щыщу Анзэрокъуэ Чеслав, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу Гъуэт Хъусин, Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэ пажэхэу Мэремыкъуэ Хъусен, Сокъур Ольгэ, Къул ФатIимэ, Шэрджэс Iэсият, Ташло Алий сымэ, нэгъуэщIхэми.

ЗэрыусакIуэ-уэрэдусым къыдэкIуэу, Джэдгъэфыр икIи журналист Iэзэщ. Абы и статьяхэмрэ очеркхэмрэ ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыурэ къытохуэ.

НобэкIэ Джэдгъэф Борис зи уэрэдыр екIуу зыусыжа цIыху гуащIафIэщ. Абы хузэфIэкIащ гъащIитI я уасэ Iэужь зэригъэпэщыну, лъэпкъ литературэми, щэнхабзэми, егъэджэныгъэми, журналистикэми хэлъхьэныгъэ ин хуищIыну. А псор къыщIехъулIари, дэ дызэреплъымкIэ, къыдалъхуауэ къыдэгъуэгурыкIуэ псэ къабзагъэмрэ цIыхугъэ лъагэмрэщ. Езыр и щхьэкIэ дымыцIыхуми, и IэдакъэщIэкIхэр жытIам и щыхьэт наIуэщ. Композитор Къэбэрдокъуэ Борис дитха и уэрэдхэм языхэзым Джэдгъэфым щыжеIэ: *«Нобэ къэдгъащIэр зы мащIэу, / Дэ дыщохъэщIэ дунейм, / Гум и хуаба-гъэр зыхащIэу, / Псори техуэнщ щIы хъурейм. / Ей, фыгумащIэхэ, цIыхухэ! / ДывгъэгумащIэ къудей... / ФIылъагъуныгъэм хэдгъэщIым / ТфIэкIуэдыпэнущ дунейр».* Нэхъ псэ къабзэ дыдэхэрщ, дауи, апхуэдэу гуапэу, хуабагъ щIэлъу, гущIэм зригъэгъазэу, купщIэшхуэ хэлъу усэфынур – Джэдгъэф Борис хуэдэ зырызыххэхэрщ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат*

*Усэхэр*

ДЖЭДГЪЭФ Борис

## СИ АДЫГЭ НАПЭ

Сэ соупщIыр, сэ соупщI дыгъуасэм,
Тхыдэм и дыгъуасэ гум и щIасэм:
— Яхъумахэр сыт ди адыгэлIхэм,
Я псэ IэфIыр мафIэм щыпэралъхьэм?
Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,
ГъащIэм елъэпIэкI адыгэ напэщ.
Ноби си гум арщ щIигъэнэхъапэр
Си адыгэ, си адыгэ напэр.

Сэ соупщIыр, сэ соупщI си махуэм,
Си нобэрей махуэ псэм и хъуахуэм:
— Зыхуэлажьэр сыт си гъащIэ мащIэр,
СыщIэпагэ мы си лъэпкъ гумащIэр?
Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,
ГъащIэм елъэпIэкI адыгэ напэщ.
Ноби си гум арщ щIигъэнэхъапэр
Си адыгэ, си адыгэ напэр.

Сэ соупщIыр, сэ соупщI си гъащIэм,
Си къэкIуэну гъащIэ нуру сфIэщIым:
— Къыхуэзгъанэр сыт си лъахэ дыщэм,
Сыпсэуну сэ сащымыгъупщэу?
Зыщ жэуапыр: ар адыгэ напэщ,
ГъащIэм елъэпIэкI адыгэ напэщ.
Ноби си гум арщ щIигъэнэхъапэр
Си адыгэ, си адыгэ напэр.

## СИ ХЬЭЩIЭ

Сэ сиIэм уэркIэ сефыгъуэжкъым,
КъызжеIэ уигу ирихь зыгуэр.
Сэ ди лъэпкъ хабзэ себэкъуэнкъым,
ПхуэсщIынущ, хьэщIэ, тыгъэ гуэр.

Уэстынщ, ухуеймэ, щIакIуэ фIыцIэ,
Щыуаем, унэ ар пхуэхъунщ.
Ухуеймэ, сигури уи гум къуэдзэ,
Ар ныбжьэгъу пэжу бдэщIыгъунщ.

Мэ къамэр, дыщэу ар зэщIоблэ,
ПхузощI си цейри саугъэт.
Адыгэр щыткъым былымаблэу,
КъыфIэнэр уи нэм сэ узот.

Ауэ къысхуепсу жэщми дыгъэу
Сэ сиIэщ зы адэ щIэин.
Ар си лъахэжьщи, дунейм фIыгъуэ
Темыт, псэр сIахми, зэрыстын.

## КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР

Ди Къэбэрдей-Балъкъэр хэку лъапIэ,
Щхьэхуит щIыналъэ, зи гъуэгу нэху!
Ди текIуэныгъэм и хэкIыпIэ,
Уи лIыгъэм гъащIэр егъэнэху!

ЕфIакIуэ, гъагъэ, адэжь лъапсэ,
Дызэрыгушхуэ, щIыхьыр зей!
Уэрщ дыгъэ нуру псэм къыхэпсэр,
Хэку-анэ дахэ, ди дуней!

Лъэпкъ зэныбжьэгъухэм я жьэгу махуэ,
Хэку зэгурыIуэ-зэдэIуэж,
Насып дамыгъэщ Iуащхьэмахуэ,
Адэжь уэсятхэр уогъэпэж.

Уэ уегъэлъэщыр мамырыгъэм,
ДоIэт къуэшыгъэр Урысейм.
Къару къытхелъхьэ уи щIыгу дыгъэм,
Къыполлъэ фIыгъуэр уи пщэдейм!

## ГЪУЭГУ ГЪУЭМЫЛЭ

Гъуэмылэншэу бдэркъым гъуэгу сытехьэ,
СомыдаIуэм, уигу имыкIыжын.
Ауэ щыхъукIэ, къащтэ зы кхъуей Iыхьэ,
Къащтэ, тхъуэплъ хъужауэ, зы чыржын.

Сэ сесащ абыхэм сысабийуэ,
Си анэ дыщэу IукIэ сызыпIа.

Анэ псом ущытти уралейуэ,
СэркӀэ куэдрэ ӀэфӀу упщэфӀащ.

Хьэлу Ӏыхьэ жыпкӀэ есхьэжьамэ,
ЛъэкӀт къару мыкӀуэщӀыр къызитын.
Къуаргъыжь нэщӀхэр уаем щигъэщтами,
Хъыдан вакъэу, къэсшэфт пхъэгъэсын.

Укъыспэплъэрт, гукӀэ укъысхуэгъыу,
Сыдиями, уи бгъэм сыкъыщывыжт.
Шы ныбэгу нэмысми си инагъыр,
СэркӀэ ди жьэгу мафӀэр зэщӀэнэжт.

ЗэщӀэнэжт, жьы къугъыр пэмылъэщу.
Жыгей цӀынэу, сэри сыкъэбгъэкӀт.
ГъащӀэ жыгым, сытхъуу къыпыщэщу,
Си гугъуехьхэр лъабжьэм щыщӀэвыкӀт.

ЩыщӀэвыкӀт, уэ дыгъэу укъысхуепсти,
Уи шхыныгъуэр схуэхъути сэ къэуат…
Уэ упщэфӀхэм, иджы согупсысри,
Уи быдзышэ ӀэфӀыр щӀэгъэжат.

* * *

— ЛъапцӀэрыщэу сабиигъуэ,
ЖыӀэт, сыт ухуей?
— Сынэсамэ зэ щӀалэгъуэм,
НэгъуэщӀ сыхуэмейт.

— Дыщэ шууэ ди щӀалэгъуэ,
ЖыӀэт, сыт ухуей?
— Зэ сихуамэ нэхъыжьыгъуэ,
Арат сызыхуейр.

— Ныбжь и ныбжьу жьыгъэ дахэ,
Уэ сыт узыхуейр?
— Къызэфтыж си сабиигъуэр,
Ращ сызыхуейр!

## БЗУУБЗЭ

Бжьыхьэк Ӏапэм бзухэр, щыгъэу,
НыфӀэблауэ мэбзэрабзэ,

Бгъафэ хуабэм сабий дыгъэр
ЩыщIодэIури и анэбзэм.

Бзухэм анэм зыныдащIыр,
Ар псэлъамэ, щагъэтыж.
Зэми абы зыпащIыжри,
Я уэрэдым къыщIадзэж.

Бзухэм, анэм ещхьыркъабзэу,
Щхьэ бзэ дахэ ягъуэта?
БзэмыIу пэтми, гъэфIэгъыбзэу,
Уэрэд дауэ яуса?

Ахэр сщIэркъым, ауэ си псэр
Бзум хуабагъэкIэ ягъэнщI.
Сыту жыпIэм, сэ бзуубзэр,
Ар анэбзэу, мэхъу си фIэщ.

## СИ НАНЭ



Си нанэу си псэм хуэзгъадэу,
Дуней насып къызэзыт,
Уи гъащIэ гъуэгур уэрэду,
Мы щIылъэм сэ щызоIэт.

Си нанэу си дыщэ пшэплъ,
Дахагъэу щыIэр зыхэлъ,
СфIощI анэ псом уралей,
Уэрщ зыгъэнэхур дунейр.

МазэщIэ бзыгъэм дыщафэу
Къищу солъагъу уи сурэт!
Нуру уогъаблэ си уафэр,
СщIыгъуу гъуэгуанэм утетщ.

Сыпсэумэ, пэIэщIэу унэм,
Силъ уи лъэпагъым къысфIощI.
Уи жьыгъэ дахэм, си нанэ,
IэплIэ гумащIэу хузощI.

Уэ гуапэу Iэ къыздэплъамэ,
Нэхъ фIыгъуэ сэ сыхуэмей.

Си гъащIэм и дыщэ дамэ,
Куэдрэ схуэпсэу, си дуней.

## СИ АНЭБЗЭ, СИ АДЫГЭБЗЭ

Пщэдджыжь нэхулъэм
Вагъуэр полъэлъри,
Къуалэбзуубзэр
Мэхъур пшынэбзэ,
Бзум и бзэ дахэр
СфIощI си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,
Си адыгэбзэ.

КъэтIысыт сибгъукIэ,
Си анэ дыщэ,
Гущэкъу уэрэдкIэ
КъызэIущащэ.
Сэ псэуэ сиIэр
Ар си анэбзэщ,
Ар си анэбзэ,
Си адыгэбзэщ.

Жыгей мэзыжьу
Жьым къигъэушым
Ныдэуэршэру
Псынэр мэушэ,
Псынэ Iущащэр
СфIощI си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,
Си адыгэбзэ.

Гъатхэ накъыгъэм
ЩIыр игъэпсалъэу,
Гулъхэр бэвыгъэу
Къызэрылъэлъым,
ЩIылъэм Iурылъыр
СфIощI си анэбзэ,
Сэ си анэбзэ,
Си адыгэбзэ.

## ПШЫНАУЭ

Сэ сахуэзащ пшынауэ Iэджэм,
Макъамэ куэди зэхэсхащ.
Ауэ лIыжь гуэр ди псыхъуэ ныджэм
Щыслъагъугъауэ сигу къинащ.

И нитIыр нэфми, хуэсакъыпэу,
ЕIусэ фIэщIурэ цIыхугум,
Ар теIэбэхукIэ пшынэ Iэпэм,
Зиужьт, зиIэтт адыгэ джэгум.

ЩIалэ Iэщхьэхухэри джэрэзырт,
Толъкъунхэм къафэу заукIыжт.
ГуфIэгъуэм и гур къегъэтIэпIри,
Егъуэт пшынауэм гукъыдэж.

Зауаем нитIыр Iэпихами,
Ар, гухэу, хъуакъым гъыбзэус.
ЗыгуэркIэ гъащIэр стехьэлъамэ,
Абы и лIыгъэм согупсыс...

Уи пщалъэу къащтэ уэ, си гуащIэ,
Макъамэ дахэм хузэфIэкIыр.
Дуней хуабагъэр зыхэзыщIэм
Мывэгум удзыр къыщегъэкIыр.

* * *

Егъэпсалъэ кIыщыр гъукIэм,
Уадэ хьэлъэр хъуащ тхьэгъуш.
Жырыр хеху, пылъэлъу хъуаскIэр,
Хъыджэбз набдзэу, ар къегъэш.

КъыхещIыкIыр нал сурэтыр,
Къыжьэхихыу мафIэ бзийр.
Iур гъущIащи, Iэгум иту
Псы къащыкъыр къыхуаший.

Къыдэплъеймэ, щытщ и пщащэр,
Къыщхьэщехыр мазэ нур.
Абы гъукIэр йоIущащэ:
«ПщIэрэ хэслъхьэу си къарур

ЩIэсщIыр мыр? Хъум быдэ налыр
— Хъунщ лъэ быдэ си тхъуэжьейр.
Мис итIанэ шыплIэм уилъу
Уесхьэжьэнущ, дахэкIей».

Пщащэм жеIэ: «Ар уигу илъмэ,
Уи жьэгу мафIэр мыблэж сщIынщ.
Зэрыщыту мы псы фалъэр
Абы хэскIэм — пэлъэщынщ».

«Сэ си мафIэр жьэгум дэлъкъым,
— ГъукIэ щIалэм ет жэуап,
— Сэ си мафIэр си гум илъщи,
ПхуэункIыфIынкъым и зы дэп!»

## МАЗЭГЪУЭ ЖЭЩ

Мазэгъуэ жэщым псэхэр зэпещIэ,
Дзапэ уэрэдым симыгъэжей,
Дунейр щIэращIэщ, бгырыс нысащIэу,
Ар зыхэзыщIэм имыIэ жей.

Мазэгъуэ жэщыр къызоIущащэ,
Унэидзыхьэу, шы жэр уошэс.
Уи пыIэ щыгуу мазэ дахащэр,
Уи лъагъуныгъэм уэрэд еус.
Мазэгъуэ, мазэгъуэ, мазэгъуэ жэщ,
Гу ныпщызмыхуэу нэху умыгъэщ!

Мазэгъуэ жэщу дыжьын-дыщэпсым
Мы си гурыщIэм зыхегъэпскIыхь.
Ар си Iэпэгъуу, мызэшу си псэм
Уафэ мазэгъуэр уджу къефыхь.

Диувэпащи дэ зы лъэрыгъым,
Дуней дахагъэм дыныдешэх.
Си деж укъешэ мазэщIэ бзыгъэм,
МазэщIэ бзыгъэм нуру зепхъэх.

Мазэгъуэ жэщым псэхэр зэпещIэ,
Дзапэ уэрэдым симыгъэжей,

Дунейр щӀэращӀэщ, бгырыс нысащӀэу,
Ар зыхэзыщӀэм имыӀэ жей.

## МЭЛЪЭТЭЖ КЪРУР

ЩӀыпӀэ хуабэм, щӀыпӀэ жыжьэм
Мэлъэтэж кърур.
ЩоӀур, щоӀур мы си гущӀэм
Сэ я макъ жыгъырур.

Мэлъэтэжыр сэ къысхуэгъыу
Гур щӀэуз кърур.
Здехьыр, здехьыр лъагъуныгъэр,
Си гум и къарур.

Си щӀы-анэм и хуабагъэр,
СощӀэ, ягу пымыкӀ.
ЩӀакӀуэ папщӀэ ди пшэ хужьхэр
Гуапэу зрашэкӀ.

Си уэрэдыр я жэщ Ӏусу,
Ахэр мэбзэхыж.
Сэ жьы хуарзэм кърy нэпсыр
Уэшхыу къысхуехьыж.

Зэхуэтщӏами лъагъуныгъэ,
Ди гъуэгуанэр мыз.
Ди фэеплъу мазэ бзыгъэр
Уэгум щокӀэзыз.

## ПЦӀАЩХЪУЭМРЭ ЩАКӀУЭМРЭ

*Балладэ*

Анэ Ӏущым ядэщӀыгъуу
ПцӀащхъуэ быным языр уэгур.
Хуитыныгъэр я дамэгъуу,
Хьэуа бзыгъэм щащӀыр джэгур.

ЩакӀуэ гуэр къыкъуокӀ абдежым,
ЩӀеч и кӀакхъур абы фочым.
ПцӀащхъуэ анэр мэгуӀэжыр,
Кърищ гъыбзэм щӀыр къегъачэ.



3 Заказ №2650

Бын бзэрабзэм хуогужьейри,
Шэм пэщIедзыр и бгъэгухур.
НыкъуэжыIэу и уэрэдыр,
Ар, лъыр пыжу, бгыгум къохуэр.

ЩакIуэ нэсым зэгуэр пцIащхъуэм
И фочыпэ хуишиякъым.
ЩакIуэм, хъуапсэу, ищIа щIэщхъум
Зэи гъуэгу захуэ къритакъым.

ЯIуэтэж, абы къуэ нэфым
И хьэдащхьэр дэкIуэдауэ.
ПцIащхъуэ анэр маплъэ уафэм,
Уардэу бгыгум щытэджауэ.

IэкIуэлъакIуэу мывэупсым
Игъэпсащи и сурэтыр,
Щыпсэунущ куэдрэ лъапсэм,
Мывэ джейхэм ар яIэтыр.

Тхуэбзэрабзэ хуэдэщ пцIащхъуэр,
ПфIощI псэ Iуту, зиIэтын.
Маджэ бынхэр, зэщIогъуахъуэ,
Хэтщ ар уэгум ирашэн.

ЩахуэмыхъукIэ анэр гъусэ,
И уэрэдыр яIэтыжыр,
ПцIащхъуэ псоми, здэуфэразэу,
Ар здыжаIэ, зэпадзыжыр.

А уэрэдыр IэщIыб хъункъым,
ТетыхункIэ дунейм пцIащхъуэ,
Шэ уэрэдым пэлъэщынкъым,
ЩыIэхункIэ уафэ къащхъуэ.

# ГЪЭЛ ХЬЭМЫЩЭ И ПШЫНАЛЪЭ

*Псори зи нэгу щIэкIа пщышхуэм и хъыбар*



*«Гъэл Хьэмыщэ и пшыналъэр» дунейпсо литературэм и нэхъыжьыж, тхыдэр щыхъэт зытехъуэ гъущIынэтх тхыгъэщ. ЖаIэ ар илъэс мини 4,2-кIэ узэIэбэкIыжмэ пасэрей хьэт лъэпкъыжьым и зы къудамэу ТIуащIэм (Месопотамием) щыпсэуахэм (ЩхъэфIыцIэкIэ зэджэжу щыта шумерхэм) я IэдакъэщIэкIыу. Хьэтхэм, ащырхэм, аккадхэм, бабылейхэм кърахтыкIыжым зэIэпахыу яхъума пшыналъэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр игъуэтами, е абы елэжьыжахэм зыхуей пычыгъуэхэр хагъэхьами ящIэркъым. Дауэ мыхъуами, а лъэпкъыжьхэм ятIэ чырбышым тедзауэ къызэранэкIа гъущIынэтхым къеIуатэ щхъэфIыцIэхэм я пщышхуэу Гъэл Хьэмыщэрэ абы и ныбжьэгъу пэж Еныкъуэрэ зэщIыгъуу зекIуэ зэрыщыIар, а тIум ягъэхъа лIыгъэр, Еныкъуэ лIа нэужь, Гъэл Хьэмыщэ мылIэжыным и щэхур къилъыхъуэу, дунейр къызэрызэхикIухьар, Хьэдрыхэ ехыу нартхэм я анэу Сэтэней Гуащэм зэрыIущIар, цIыху лъэпкъыр къызытехъукIыжауэ жыхуаIэ Пащты Уд (Нухь жыхуэтIэм) зэрыхуэзар.*

*Тхыгъэр Iыхьэ-Iыхьэу зэпыудащ, Ащырбэнэпэл и хъумапIэу Ниневием къыщагъуэтыжа ятIэ чырбышхэм зэрытедзам хуэдэу. Къыхэгъэщыпхъэщ а хъумапIэм щыкIуэда, щызэтекъута пычыгъуэхэр мыдрей лъэпкъыжьхэм я тхыдэм къыщалъыхъуэурэ Гъэл Хьэмыщэ и пшыналъэр зэрызэхуахъэсыжар.*



## Япэ Iыхьэ

Хышхуэхэм зэпрыкIыу, къуршхэм щхьэдэха, щIым и гъунэм нэсу Пэжыр къытхуэзыхьа, ГъащIэм и щэхур къитIэщIу Псыдзэшхуэм и Iуэтэжыр мывэм тезытха, Урыкъуэ мывэкъалэкIэ кърищIэкIыу ар зыгъэбыда пщышхуэм и пшыналъэм фыкъедаIуэ...

– Къысхуеплъыт мо дэтIыкIа къуэ задэм, лъэIэсыт пасэрей тхьэунэм и бжэ блыпкъым, щIыхьэ Ин-Анэ* тхьэ-гуащэм и тхьэлъэIупIэу Ианэм – апхуэдэ быдапIэ хуэщIыну зы пщи къалъхужынукъым! ДэкIуей Урыкъуэ мывэкъалэм и блын лъагэми, зыплъыхь... Ар кууэ щIым йох, лъабжьэшхуэ зиIэщ, чырбыш гъэжьакIэ зэтелъщ, лIибл яухуащ.

* * *

ЩанитIкIэ тхьэт, зы щанэкIэ цIыхут, зэи зы цIыхум имылъэгъуауэ дахащэт Урыкъуэ и пщышхуэр. Ар лIы хъыжьэт, балэ щхьэ гъуму пагафэт, и Iэпщэр быдэт, и джатэри жант.

Урыкъуэ и адэхэр жэщкIэ щэху гызырт, тхьэлъэIукIэ уащхъуэм дэплъейуэрэ: «Гъэл Хьэмыщэ къуэ къытхуигъэнакъым! Жэщи махуи ар мэныкъуакъуэ, и гуащIэр зытрикъутэн къелъыхъуэ, и Iур маджэри, и псэр тхуэгъэнщIкъым. Урыкъуэ анэхэм лIыхъужь къригъэлъхуарэ, лIы хуагъэлъагъуэу зыпхъу къахуэнэнукъым – ахэр Хьэмыщэ и лъабжьэм щIокIуадэ! Апхуэдэ гъуазэ дэ тхуэфащэр? Апхуэдэ пщыкIэ фыкъызэрытхуэупсэр?!».

А тхьэусыхафэр Тхьэшхуэм деж нахьэсыну уэгум дэплъейуэрэ ешат цIыхухэр. «Балэм хуэдэу пагафэу зи щхьэ Iэта пщы ябгэр къэвгъэщIащ. Абы и Iэпщэ гъумым пэлъэщыни цIыхухэм яхэткъым. Адэхэм щIэблэ ящIигъахъуэркъым, жэщи махуи тепыIэншэщ, кIуэ пэтми мэятэ! Дыщыфхъумэ Гъэл Хьэмыщэм, дыкъевгъэл!» – лъаIуэрт ахэр зэпымычу.

Уэ Рурэ-анэу* цIыху лъэпкъыр къэзыгъэщIыжами зыхуагъэзащ: «Тхьэ-анэ лъапIэу, Уэ-Рурэ гуащэ! Гъэл Хьэмыщэ къыщыбгъэщIакIэ, абы хуэфэщэни къэгъэщI! Езым хуэдэу ину, лъэщу, къаруфIэу. И хьэрхуэрэгъу къепэси, Урыкъуэ дыгъэпсэхуж!».

Уэ-Рурэ ар щызэхихым, цIыхухэр хъуащ фIэпсэкIуэд. И IитIыр итхьэщIщ, ятIэм зы Iыхьэ къыгуихщ, и щхьэгъусэ Ану* хуеплъэкIри, абы хуэдэу лIыхъужь къыхищIыкIащ щIы IэмыщIэм.

Еныкъуэ (тхьэ-анэм ятIэм къыхищIыкIа лIыхъужьым) и щIыфэм цы Iув тетт, бзылъхугъэм хуэдэу щхьэц кIыхьт. Абы гъащIи цIыхуи имыцIыхуу, щхьэзакъуэу мэзым щIэсащ, бланэхэм ящIыгъуу хъуакIуэу, хьэкIэкхъуэкIэхэм ящIыгъуу псафэ кIуэуэ.

Ауэрэ, щакIуэ гуэрым гу лъитащ мэзым псэущхьэ мыцIыху зэрыщIэсым. Япэ махуэми, етIуанэми, ещанэми IущIащ ар Еныкъуэм... Псэущхьэр зищIысыр къыгурымыIуащэу, нэхъ гъунэгъуу псыIуфэм къыщыIухьэм, щакIуэм и фэр пыкIащ. Абы жиIэнури зэгупсысынури къыхуэмыщIэу екIуэлIэжащ унэм. ЩакIуэр апхуэдизкIэ щтати, нэщхъеирилэ, щэху, гупсысэрей хъуат. ЩыхуэмышыIэжыххэм, и адэм хуиIуэтащ:

– Си адэ, лIы гуэр бгым къехауэ гу лъыстат. И IитIыр мывэм хуэдэу быдэщ, хьэкIэкхъуэкIэм яхэту къуршым итщ, мэзыжьхэм къыщеущыхь. АпхуэдизкIэ сыщошынэри, гъунэгъуу сыбгъэдыхьэфкъым, зищIысри, къыздикIари къызгурыIуэркъым. Мащэ къистIыкIати – иритхъуэжащ, къэпхъэн хуэзгъэувати – зэтрикъутащ. Нышыр сIэщIегъэкI, сыщэкIуэжыфкъым.

Ауэ щыхъум, адэм жеIэ:

– А, си щIалэ! Урыкъуэ дэсщ Гъэл Хьэмыщэ... Абы нэхъ лъэщ къигъэщIакъым. И лъэр здынэмысрэ и Iэм хуэмыщIэрэ щыIэкъым.

Уащхъуэм къеха мывэу, быдэщ и Iэпщит Iыр. Мис абы деж кIуэи, хуэIуатэ уи хъыбарыр. И тхьэкIумэм ихъэцырхъэ закъуэ! Къуитынщ абы бзылъхугъэ псэжь. ЩакIуэ ущыкIуэкIэ ар здэшэ, зи гугъу пщIы лIы бацэр псы Iуфэм къыщыIухьэкIэ, псэжьым и бэхуцейр зыщредз, ирелъагъу ар мэзылIым. А цIыхубзыр пэшэгъу зэрыхуэхъуу, мэз псэущхьэу зыхэхъукIар кIэрыхужынущ, езыри къуршым къехыпэнущ.

ЩакIуэр адэм къызэригъэIущам хуэдэу Гъэл Хьэмыщэ деж кIуэри, и нэгу щIэкIа псори Урыкъуэ и тетым хуиIуэтащ:

– А лIыр здынэмыса къуакIэбгыкIэ къигъэнэжакъым, уащхъуэм къеха мывэу, быдэщ и Iэр. Псэущхьэу мэзым щIэсыр кIэрыщIауэ и кIэм итщ. Сыщошынэ! Сыбгъэдыхьэфкъым... Езыр е схуэубыдкъым, е хуиту сигъэщакIуэркъым.

– КIуэ, си щакIуэ, Шэмхьэт псэжьыр здэщти, мэзым гъэзэж! МэзылIыр псы ефэну къуршым къехмэ, цIыхубзым и бэхуцейр зыщредз, и щIыфэр ирегъэлъагъуи, зэмыплъэкIыу къыкIэлъыкIуэнущ. Абдежи псэущхьэхэр кIэрыхужынущ. АдэкIэ Шэмхьэт ищIэнур ещIэ, – жеIэ Гъэлым.

Урыкъуэ и тетым зэрыжиIам хуэдэу, Шэмхьэт зыщIигъури, щакIуэр ежьэжащ. МахуищкIэ гъуэгу тетауэ нэсащ псы Iуфэм. Иджыри махуитIкIэ пэплъащ ахэр мэзылIым, къуршым къехыным щыгугъыу. Сытми, зэрихабзэу, мэзым псэущхьэу щIэсыр кIэрыщIауэ къызэрехьэхащ, я псыхуэлIэ ирагъэкIыну. Пщышхуэм унафэ къызэрыхуищIауэ, бзылъхугъэр пабжьэм къыхэкIщ, зыфIимыгъэIуэхуу и бэхуцейр зыщигъэщэтри, псым хыхьащ, и Iэпкълъэпкъ лантIэр хъуэпсэгъуэу игъазэури зигъэпскIащ...

Япэ дыдэ бзылъхугъэ, езым хуэдэу лъакъуитIкIэ зекIуэу цIыху щхьэц кIыхь щилъагъум, Еныкъуэ хъуэпсащ, къызэщIэушащ алъандэрэ имыцIыхуа, и лъэр щIэзыгъэху гурыщIэ IэфIхэр. И щIыбагъ къыдэт псэущхьэхэри, къызэха къуршри, щыпсэуа мэзри имыщIэжу, ар гъунэгъу хуэхъуащ зэрылъэлъу дыхьэшхыу псым хэс бзылъхугъэм. Шэмхьэти ар и жагъуэ хуэдэтэкъым, щышынауи зыкъригъэщIакъым. И лэжьыгъэр, къызыхуигъэщIар, къызыкIэлъагъэкIуар арати, зэхъузэбз хъуащ арыххэу.

ХуабагъкIэ и гур щыз хъуа нэужь, зыкъищIэжри хьэкIэкхъуэкIэхэм къахуеплъэкIащ мэзылIыр. Бланэхэр Еныкъуэ и нэгум иплъэщ, зэи къимыгъэзэжыну зэрызихъуэжар къагурыIуэри, я лъэ къызэрихькIэ зрачащ. Еныкъуэ ящыщыжтэкъым абыхэм. Зихъуэжат. МэзылIыр къыщылъэтащ, къыщыщIа щIэщхъур къыщыгурыIуэм, ауэ япэм хуэдэу и лъэр псынщIэжтэкъым. ЩIэщыгъуэ гуэр игъэунэхуати, и гупсысэм абы зыкъыдигъэзат, зихъуэжат. А къыхэхъуам пэкIуэжу хэщIыныгъэшхуи игъуэтат хуэдэт абы...

Ауэ щыхъум бзылъхугъэм деж къегъэзэжри, етIысэхауэ и нэгум йоплъэ, жиIэным поплъэ.

– Тхьэм хуэдэу удахэщ, Еныкъуэ, – жи Шэмхьэт. – ХьэкIэкхъуэкIэм ящIыгъуу щхьэ къуршым уит?! Урыкъуэ накIуэ си гъусэу.

Ану и унэ нэхум усшэнщ. Абы щопсэу Гъэл Хьэмыщэу лIы хахуэр. КъарукIэ абы пэлъэщын къигъэщIакъым Тхьэшхуэм! Гъусэншэщ. Уэ хуэдэуи хуэныкъуэщ ар ныбжьэгъу.

Еныкъуэ и псэр алъандэрэ зылъыхъуар, и кIуэцIыр къришхыкIыу къеныкъуэкъуар арат – езым хуэдэ щыIэххэмэ ар ицIыхунуи, и нэгур къигуфIыкIащ, и гур щIэпхъуащ:

– НакIуэ! НакIуэ, Шэмхьэт, сышэ Урыкъуэ, сыгъэлъагъу Ану и унэр, сыгъэцIыху Хьэмыщэ! Згъэунэхунщ абы и лIыгъэр, езгъэлъагъунщ сэри си къарур здынэсыр! Аракъэ сызылъыхъуэу схуэмыгъуэтыр, – къэлъэIуащ мэзылIыр.

Шэмхьэт и пщэ къыдалъхьа къалэным пэлъэщати, гуфIэжу къыщылъэтащ:

– НакIуэ-тIэ, си Еныкъуэ хахуэ! Нэгъазэ УрыкъуэкIэ. Ефэ-ешхэр щызэхэмыкIрэ Iэпэпшынэр щыIу къалащхьэм. Ди бзылъхугъэхэр дахащэщ, бэхуцей лъапIэхэр зыщыгъщ. УэзгъэцIыхункъэ Гъэл Хьэмыщэри – лIы бланэ екIур, зи Iэпщэр быдэр, зи цIэр лъагэр. Ауэ, зэгъащIэ, си псэ – ар куэдкIэ нэхъ лъэщщ, жэщ-махуэ имыIэу мэныкъуакъуэ, и Iур маджэ. Тхьэхэм я нэфIыр зыщыхуа щIалэ хъыжьэщ. Къуршым укъемых щIыкIэ абы пщIыхьэпIэу укъыхуэкIуауэ жаIэ, уи хъыбар ещIэ! Къэхъуну псори жэщкIэ елъагъу... И анэ и пащхьэ къиувэри жиIащ: «Си анэ, си нэгу щIэкIащ пщIыхь телъыджэ... Хуэдэт жэщ уафэу вагъуэхэр зэрыпхъам сыдэплъей. Къохуэх зы мывэжьи, къыстохуэ. СоIэри, схуэIэткъым, соныкъуэкъури – схуэгъэхъейкъым. Жылэр щызэхуэсат а щIыпIэм: ягъэщIагъуэу псори мывэм йоплъ, щхьэщэ хуащI, ба хуащI. Сытми, къарууэ сщIэлъыр зэхузохьэсри, соIэ, къызоIэтри, къыпхузохь. Абдежым укъопсалъэри жыбоIэ а мывэм сэрэ дызэрызэхуэдэр, дызэрызэщхьыр». Гъэл Хьэмыщэ и анэ Нынсун тхьэ-гуащэщ, Iущщ, абы псори ещIэ. Мыри жреIэ и къуэм: «Вагъуэхэм къахэхуу щIылъэм къеха мывэм уеIами – пхуэгъэхъеякъым. ЗэгъащIэ, си щIалэ, бгъуэтынущ ныбжьэгъу, уэ пхуэдэпсу лъэщу, аращ ар пщIыхькIэ щIыпхуэзгъэдар. ФызэкIэрымыхуу, фызэрымыужэгъуу гъусэ пэж фызэхуэхъунущ – аращ уи пщIыхьым къикIыр!». Гъэл Хьэмыщэ апхуэдизкIэ гуфIати, и анэм фIыщIэ хуищIри, тхьэхэм елъэIуащ, езым хуэдэ гуэр дунейм тетыххэмэ, нэхъ псынщIэIуэу хуагъэзэну.



## ЕтIуанэ Iыхьэ

*ЕтIуанэ Iыхьэм щыщу ниневие гъущIынэтхым сатыри 135-рэ къэтщ. Ауэ япэ дыдэу ятха IуэрыIуатэм трашIыкIыжа бабылей гъущIынэтхым и къутахуэ зыбжанэ къагъуэтыжащ. АбыхэмкIи гурыIуэгъуэщ Еныкъуэ цIыхухэм къазэрыхыхьар, мыдрейхэри абы зэрыпежьа щIыкIэр:*

«... Тэдж, Еныкъуэ, усшэнщ сэ Ану и унапIэм, Ианэ и тхьэ унэм».

«... Гъэл Хьэмыщэ хуэдэ здэщымыIэ щIыпIэм».

«Уи щхьэ фIыуэ зэрыплъагъужу ари фIыуэ плъагъункъэ!».

«ЗыIэт, никI мы хъупIэм».

«ЕдэIуащ абы жиIэм, зэхищIыкIащ».

«Бзылъхугъэм къыжриIэхэр и гум къыдохьэ, и псэм фIэфI мэхъу».

«ЩэкIыр тIууэ зэпетхъри, зыр езым зрешэкI, етIуанэр Еныкъуэ хуеший».

«И Iэр еубыдри, мэз лъапэм къыщIеш, хуэдэу нанум».

«ЙокIуалIэ ахэр чэтым, хуозэ мэлыхъуэм».

«Iэгъуэблагъэм Iэхъуэрэ мэлыхъуэу итыр зэхуос. МэIущащэ ахэр, жаIэ къахыхьа лIы мыцIыхур Гъэл Хьэмыщэ зэрыхуэдэр. Ауэ мыр нэхъ лъахъшэнущ, IэпкълъэпкъкIэ нэхъ быдэми».

«Шыдым и шэкIэ япIащ ар!».

«И пащхьэ иралъхьа щIакхъуэм еплъри, Iэнкун хъуащ Еныкъуэ. ИцIыхуртэкъым абы цIыху ерыскъы, ищIэртэкъым ар зэрашх, мэрэмэжьей зэрефэ».

«Бзылъхугъэм абы и жьэр зэтрех, щIакхъуэ Iыхьэр жьэделъхьэ: «Шхы щIакхъуэр, Еныкъуэ, ар цIыхум и хабзэщ, ефэ мэрэмэжьей – аращ ди псэукIэр!».

«Еныкъуэ и ныбэр из хъуху щIакхъуэ ешх, мэрэмэжьей кхъуэщыниблыр ирефэ. Жан къохъу мэзылIри, и джэгур еублэ. Мэгушхуэ, мэгуфIэ, и нэгум нэхур къощ».



«Ар хуэдэ хъуащ цIыхухэм: лIы фащэкIэ яхуапэ, Iэщэ къещтэ, аслъэныжьхэм йобэн».

«Iэхъуэхэр мэгуIэ, Еныкъуэ аслъэнхэмрэ дыгъуэжьхэмрэ зэрытекIуэр яIуатэ. Абы и хъыбари Гъэл Хьэмыщэ деж нос».

«Мэзым къыщIэзыша бзылъхугъэмрэ абырэ зэхъузэбзщ, гъащIэм гу щамыхуэжу, замыгъэнщIыжу мэпсэу».

«ЖреIэ и фызым: «Шэмхьэт, къысхуэшэ цIыху жыхуаIэжыр, сыгъэцIыху ахэр!»

«Сыт ар къыщIэкIуар, хэт хъуну?».

«Бзылъхугъэр цIыхухъум йоджэ. Модрейр къыбгъэдохьэри, и хъыбар къыхуеIуатэ: «Фыз къэсшэну пIалъэ естат. Ауэ си фызыр япэу згъэунэхуну сыхуиткъым. Урыкъуэ и пщышхуэу Гъэл Хьэмыщэщ абы япэу дэгъуэлъын хуейр. Ар ди пщышхуэм къыдалъхуа хуитыныгъэщ. Абы сегъэгуауэщхьэуэ!».

«Еныкъуэм ар щызэхихым и фэр покI, и нэгур къызокIуэкI».

«МэзылIыр япэ иту макIуэ, Шэмхьэт абы кIэлъожэ».

«Еныкъуэ Урыкъуэ долъадэри жеIэ: «Къэвгъэув нэхъ лъэщ дыдэу цIыхухэм къыфхэт лIы щэщI. Себэнынущ абыхэм си закъуэ!».

«Еныкъуэ Гъэл Хьэмыщэ и пащхьэ къоувэ, лэгъунэм щIимыгъэхьэу и гъуэгур зэхуещI. ЦIыхухэр мэгуфIэ, абы щхьэщэ хуащI. ЖаIэ: «Тхьэхэм зэхахащ ди лъэIур – къытхуагъэкIуащ тхьэмыщкIэхэм къытщыжын лIыхъужь, Гъэл Хьэмыщэу пщы ябгэм пэувын!».

«ПIэ хуащIат а жэщым Ищхъэри, Гъэл Хьэмыщэ абы екIуэлIакъым:

къыпэщIэуващ абы езым хуэфэщэну Еныкъуэр. Абы лэгъунэбжэр лъакъуэкIэ зэхуищIри, щIигъэхьакъым пщы ябгэр. Абдежым лIышхуитIым зызэрадз, зопщэфауэ, пщIантIэм къызэрыдолъафэри, зозауэ. А тIум я зэхьэзэхуэм Урыкъуэ и блынхэр дозджыздж, дощащэ».

«Гъэл Хьэмыщэ лъэгуажьэмыщхьэкIэ мэув, и губжьыр токIыж».

«Пщыр теужа нэужь, Еныкъуэ жеIэ: «Уи закъуэщ апхуэдэу лIыхъужьу Нынсун къилъхугъар! ЛIы псоми я щхьэж укIуауэ улIыхъу хахуэщ. ЦIыху лъэпкъым я пщышхуэу уагъэуващ»...

Мы сатырхэм ящыщ куэд къэтми, гурыIуэгъуэщ Шэмхьэт и щIасэлIым псэлъэкIэ зэрыригъэщIар, цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэм, я зэхэтыкIэм зэрыщигъэгъуэзар. Еныкъуэ мэхъуапсэ цIыхухэм яхыхьэну, ахэр ицIыхуну хуейщ. Ауэ щыхъукIэ, Шэмхьэт зэщитхъа бэхуцейр тIу ирещIыкI, зыр мэзылIым и куэпкъым ирешэкI, адреймкIэ езым и укIытIапIэхэр щIехъумэри, кърешажьэ. Гъуэгу тету абыхэм къаIуощIэ физ къишэну пIалъэ зыта, хьэгъуэлIыгъуэ зэхэзышэ щIалэр. Ар щIэнэщхъейм, щIэгукъыдэмыжым Еныкъуэ щIоупщIэри, модрейм къеIуатэ и къэшэным япэу дэгъуэлъыну зэрыхуимытыр, Урыкъуэ и хабзэхэмкIэ абы и физыр пщы ябгэу Гъэл Хьэмыщэ япэщIыкIэ игъэунэхун зэрыхуейр. Еныкъуэ абы ирогубжь, ар емыкIуу, цIыхухэм леишхуэ къатехьэу жеIэ, жылэр зыфIэлIыкI пщыжьым и пащхьэ къоувэри, лэгъунэм щIигъэхьэркъым. Езым хуэдэу лIышхуэ, лъэщ къыхуэзащи, Хьэмыщэмрэ абырэ зызэрадзри, къалэ блынхэр зэтракъутэу зозауэ. Гъэлыр хагъащIэ, уеблэмэ лъэгуажьэмыщхьэкIэ ар Еныкъуэм егъэув. МэзылIым жеIэ пщыжьыр минрэ цIыху лъэпкъым ефIэкIми, апхуэдэ лей зэрахуэмыфащэр, зэрихьэ щIэпхъаджагъэхэри афIэкIа зэрыхуэмыгъунур, зэрыхуимыдэнур.



*Мыбдеж бабылей гъущIынэтхым щыщ куэд къэтщ, ауэ ниневие тхыгъэм къыхэнамкIэ гурыIуэгъуэщ апхуэдэ щIыкIэкIэ лIы бланитIыр зэныбжьэгъу зэрызэхуэхъуар.*

Гъэл Хьэмыщэ и ныбжьэгъур и анэу Нынсун и деж ешэри, ирегъэцIыху.

– Бжэблыпкъым къиувэри, лэгъунэм сыщIигъэхьакъым. КъызгуригъэIуащ цIыхухэм лей есхыу, мыхъумыщIэ сщIэуэ сызэрыпсэуар. Еникъуэ адэ-ани иIэкъым, мэзым щалъхуащ, и щхьэц кIыхьыр зэи щIищакъым. Си анэ, абы хуэдэ нэгъуэщI псэущхьэ дунейм теткъым, ар псом нэхърэ нэхъ лъэщщ! Еникъуэ сэрэ къуэш дызэхуэхъуащ, уарэзымэ! – хуеIуатэ пщыжьым и анэм.

Еникъуэ и фIэщ хъужыртэкъым апхуэдизрэ щхьэзакъуэу мэзым щIэса иужькIэ езым хуэдэу цIыху лъэпкъ игъуэтыжауи, и гум щIыхьэжри, и нэпсыр къежэхащ. Гъэл Хьэмыщэ абы бгъэдотIысхьэ, къуэшым хуэдэу IэплIэ быдэ хуещIри, йоупщI:

– Щхьэ унэщхъей, си ныбжьэгъу? Щхьэ къекIуа уи нэпсыр?

– Си къурмакъейр щитхъыу сыгъуэхъуэнут, си къуэш! Iуэхуншэу сыщысщи, созэш, си къарур сщIокI.

– Умыдзыхэ, – жи Гъэл Хьэмыщэм. – ЩыIэщ Лубнан* жери бгылъэ жыжьэ. ЩокI абы ШыкIуртIымщэху мэзыжьыр. Мис а мэзым щIэсщ Хъумбабэ жыхуаIэ псэущхьэ Iэлыр. ДыгъакIуи, ар дыгъэукI, хъугъуэфIыгъуэу иIэр къэдгъэдыгъу! ТфIэмащIэ хъурэ – ШыкIуртIымщэху мэзыр итхынщ, хъунщ ар зэрызэщIэкIар!

– ХьэкIэкхъуэкIэм ящIыгъуу къуршым сыщитам яIуатэу зэхэсхащ а жыхуэпIэр... Мэзым ихъуреягъыр къуэ задэу итIыкIауэ, уемыкIуэлIэфу. Хъумбабэ и жьэр зэщIихмэ, жьапщаер къыкъуэуэ, мафIэр къыIурылъэлъу, ажалыр къыIурихыу. Щхьэ уехъуэпса-тIэ а зекIуэм? Дыпэлъэщынкъым Хъумбабэ, декIуэлIэфынкъым и мэзым, – жеIэ Еникъуэ.

– Сыхуейщ ШыкIуртIымщэху мэзыр зытет Iуащхьэм сыдэкIыну! Хъумбабэ и псэупIэр къэсхьэхуну! Джыдэр си бгым исщIэнщи, япэ сищынщ, уэ си ужь иту накIуэ.

– Дауэ, Хьэмыщэ?! А мэзыжьым Вэрытхьэр и хъумакIуэу жаIэ, и напIэр зэтримыпIэу мэплъыр. Ар хъумакIуэ лъэщу, хахуэу тхьэхэм къагъэщIащ, и цIэ закъуэм псори фIолIыкI. Езы Хъумбабэщи, мафIэр къыIуролъэлъ, ажалырыхьщ. ЦIыхухэм зэрыжаIэмкIэ, удыгъэ щызокIуэ а щIыпIэм, зыри емыкIуэлIэфын, псори шынэурэ къыпекIуэкIын папщIэ иращIэкIауэ, – идэркъым Еникъуэм.

– ЦIыху гъащIэр мащIэщи, мэкIуэдыжри, щIым щIалъхьэж. Тхьэхэмрэ Дыгъэмрэщ уэгур псэупIэ зыхуэхъуар. ЦIыхум сыт имыщIами – псори хьэуам хошыпсыхьыж. Ауэ абыхэм дэрэ дызэхуэдэкъым, си ныбжьэгъу. Умыдзыхэ! Дэ дынэгъуэщIыщ, цIыхухэм жаIэхэм

уемыдаIуэ. Дэнэ кIуэжа уи лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ?! Сэ уи япэ ситу сыкIуэнущ, уэри сыгъэгушхуэ: «КIуэ, укъимыкIуэт!», – жыпIэурэ. СыукIуриймэ, си хъыбар цIыхухэм яхуэIуэтэж, Хъумбабэ Iэлым себэну сызэрыкIуэдыжар яжеIэ. КъытщIэхъуэ щIэблэм ирецIыху си цIэр, си бын къыпщIэупщIэмэ, и адэм зэрихьа лIыгъэр хуэIуатэ! АтIэми, уошынэ, унэщхъейщи, си гур хыбогъэщI... ЖесIэнщ IэщIагъэлIхэми, джыдэшхуэхэр тхурагъэж. Итхынщ ШыкIуртIымщэху мэзри, ди цIэр уафэм нэс яIэтынщ, яхуэдэ дыхъунщ уафэр зи псэупIэу къытхуеплъых тхьэхэм!

Пщышхуэм и унафэм щIэту гъукIэхэр еувалIэри, гуэгуэнищым ихуэ гъущI гъэвам къыхэкI джыдэшхуэ зырыз, мынэ* щэщIыр я дыщэкъурэ гуэгуэнитIым къикI гъущIыр я дзэпкъыу къамэ зырыз хуагъэжащ Гъэл Хьэмыщэрэ Еныкъуэрэ. Урыкъуэ дыхьэпIэм и IункIыбзиблыр Iуахыу зэныбжьэгъуитIыр щыдэбэкъукIым жылэр зэхуэсащ, лIыхъужьхэр ирагъэжьэну, зекIуэ кIуэ пщышхуэмрэ абы и ныбжьэгъумрэ къаIуплъэну.

– ФыкъэдаIуэ, маржэ! Фыкъаплъэ Урыкъуэ и жылэ махуэр! – захуигъэзащ абыхэм Хьэмыщэ. – Сыхуейщ зэзгъэлъагъуну зи цIэ къудейр псэхэхым хуагъадэ псэущхьэр. ШыкIуртIымщэху мэзыжьым ар щIэзукIыхьыну! Урыкъуэ и пщы уардэр зыхуэдэр ирещIэ цIыху цIыкIум! Исхынкъэ ШыкIуртIымщэху мэзыжьыр, зэи мыкIуэдыжыну згъэIункъэ си цIэ лъагэр!

– НыбжькIэ ущIалэщ, Гъэл Хьэмыщэ! Уи лъыр пщтырщи, бгъэгум имызагъэу щIалэгъуэм къызэгуитхъ уи гум укIэлъоущ. Ауэ жыпIэр къыбгурыIуэжыркъым... Зэхэтхащ дэ Хъумбабэ и хъыбар дыджхэр. А мэзыжьым ихъуреягъкIэ къуэ задэхэр дэтIыкIащи, зэи уемыкIуэлIэнурат, езым и жьэр иущIамэ – мафIэр къыжьэдолъэлъ, и макъыр хуэдэщ жьапщаем. Хъумбабэ и унэ ущезэуэжыныр делагъэщ, утекIуэнкъым! – къыхуадакъым ар хасащхьэм хэт нэхъыжьыфIхэм.

Гъэл Хьэмыщэ и ныбжьэгъум хуеплъэкIащ пыгуфIыкIыу. Еныкъуэ абы къыIуплъэри, мыр жиIащ:

– Пэжщ... Сыщошынэ сэ Хъумбабэ, си ныбжьэгъу! Хуабжьу сыщошынэ! Ауэ сынэкIуэнущ уи гъусэу ШыкIуртIымщэху мэзым. АфIэкIа сымышынэжын, си гур изышхыхь шынэр кIуэдыжын щхьэкIэ. ДукIынщ-тIэ Хъумбабэ!

Ауэ щыхъум, Урыкъуэ и тхьэмадэхэри арэзы хъуащ:

– Гъуэгу махуэ, Гъэл Хьэмыщэ! Ирехъу уи гъуэгур нэху. Тхьэадэмрэ ди анэ-гуащэмрэ уи хъумакIуэщ! ГущIэгъу къыпхуащIмэ, Хъумбабэ букIынщи, узыншэу укъытхуахьыжынщ!

– ФIыщIэ фхузощI, нэхъыжьыфIхэ! Тхьэ-дыгъэу Шэмэш хузоIэтри си IитIыр, солъэIу си гурылъхэр нахуапIэ схуищIыну, дызыкIэлъыкIуэр къыдэхъулIэну, узыншэу дыкъихьыжыну, – и

нэпситIыр къекIуарэ, IитIыр уащхъуэмкIэ Iэтауэ лъэIуащ Хьэмыщэ. – Нэхъапэм сызэрымыкIуа, цIыхум имыцIыхуа гъуэгум сытоувэ. Си зекIуэр къызэхъулIэмэ, псалъэ сот Шэмэш и цIэр сIэту сыпсэуну.

Хьэмыщэ хъуржыным шабзэшэр из ищIщ, и дамэм иридзэжщ, къамэр и бгырыпхым кIэрищIэщ, джыдэр къиштэри цIыхубэм къахэуващ...





**Ещанэ Iыхьэ**

Урыкъуэ и тхьэмадэжьхэм Гъэл Хьэмыщэр гъуэгу махуэ трагъэувэ икIи ягъэIущ:

– Алъандэрэ бгъэлъэгъуа лIыгъэм урикъункIэ уи гугъэу укъэмыпцIэ, Гъэл Хьэмыщэ. Зыгъэбыдэ, укъимылъ, ублэмыукI! Япэ итым иужь итыр ехъумэри, Еныкъуэ япэ иреувэ. Ар щыIагъэххэщ а мэзым, щIыпIэр ецIыху, абы уигъэгъуэщэнкъым. Уэ, Еныкъуэ, ди пщышхуэр хъумэ, къыхагъащIэмэ – и хьэдащхьэ мэзыжьым къыщIумынэу къытхуэхьыж. Гъэл Хьэмыщэр дзыхь пхудощI, нобэ щыщIэдзауэ абыкIэ жэуап уохь!

Урыкъуэ и пщышхуэр гъуэгу техьэфакъым и анэм Iумыплъэжу, абы и псалъэ пэжхэм щIэмыдэIуу. Хьэмыщэ и анэр тхьэхэм ящыщт, къэхъунур ищIэу тхьэгурымагъуэти, анэм и псэупIэу Игъэлмахуэ тхьэунэм екIуэлIащ.

– Си анэ дыщэу Нынсун гуащэ... ЗекIуэ сожьэ, Хъумбабэ и мэзыжьыр си плъапIэщ. Алъандэрэ зыми имылъэгъуа зауэм сокIуэ, цIыху

зэрымыкIуа лъагъуэм сытохьэ. Хъумбабэ сукIыу къэзгъэзэжыху, Шэмэш уэздыгъэ хупыгъани схуэлъаIуэ. Умыбэлэрыгъ, си анэ, тхьэлъэIу бэхуцейр зэщумых!

Анэм и къуэр ирегъэблагъэ а псалъэхэр щызэхихым. Нысун тхъурымбэпскIэ зегъэпскI, тхьэ-гуащэм хуэфэщэн бэхуцейкIэ зыкъехуапэ, пщэрыдзэу иIэм я нэхъ дахэр зрелъхьэ, данэ бгырыпхыр и бгым ирешэкI, и щхьэм тажыр трегъэтIысхьэж, псы къабзэ ирекIутри, унащхьэм докIуей. Абдежым Шэмэш уэздыгъэ хупегъанэ, щIакхъуэ хуабэ хуегъэIылъ, и IитIыр уащхъуэмкIэ еIэтри, жеIэ:

– Уэ ди Тхьэу Тхьэшхуэ, Гъэл Хьэмыщэ быну щхьэ къызэптат?! КъемыдэIуэж и гур щхьэ и бгъэм къиплъхьат?! ХъуэпсапIэ хъыжьэкIэ укъыжьэхэуащи, гъуэгуанэ жыжьэ тоувэ, мыдаIуэу. Хэт ищIэрэ абы къыпэщылъыр, къелыни къемылыни... Къигъэзэнукъым ар ШыкIуртIымщэху мэзым нэмысауэ, апхуэдизу уигу темыхуэ ер имыгъэкIуэдауэ, Хъумбабэ хьэщхьэрыIуэм темыкIуауэ. Уи къухьэжыгъуэр къэсмэ, си щIалэ закъуэр плъырыншэ умыщI... Си лъэIур пщыгъупщэжрэ – уи дыгъэ-гуащэу Ае Нэхур къыпщымышынэу уигу кърегъэкIыж кIыфIым и ХъумакIуэм си щIалэр къахуэбгъэнэну!

Анэ гу мащIэм и тхьэлъэIур зэфIокIри, Еныкъуэ къреджэри жреIэ:

– Еныкъуэ хахуэ! Си ныбэ укъимыкIами, бынкIэ сыноджэ. Гъэл Хьэмыщэ убгъэдэзгъэуващи, фызэхузогъадэ. СолъэIу Тхьэшхуэм фыкъихъумэну, гъуэгу махуэ фытригъэувэну, узыншэу фыкъекIуэлIэжыну.

Нысун мэзылIым и пщэм щыхъумэ* кърелъхьэри, пащтыхьыпхъуу тхьэIухуд пщащэхэр кърегъэдэхащIэ, къыхуегъэхъуахъуэ.

– Сэ сы-Еныкъуэщ! Гъэл Хьэмыщэ щIыгъуу зекIуэ сожьэ. Лъэрытету щIылъэм щызэхэзекIуэху си ныбжьэгъум сыбгъурытыну, мазэми илъэс бжыгъэми, гъуэгу тетыху сыкIэрымыхуну, игъахъэр дэсIыгъыну псалъэ узот, – жеIэри, гуащэм зыхуегъазэ Еныкъуэ.

*АдэкIэ сатыри 130-рэ къэтщ.*

## ЕплIанэ Iыхьэ

Зэныбжьэгъуит Iым теуэгъуэ тIощI къызэранэкIауэ зэ йодзакъэ, теуэгъуэ щэщI якIуауэ загъэпсэхуну къызэтоувыIэ, къызэрыгуэкI цIыхум тхьэмахуихкIэ икIу гъуэгуанэр ещанэ махуэм якIури, Фыратыпсым* нокIуалIэ. Хьэмыщэ Iуащхьэм докIуейри зыкъеплъыхь, пщIыхьэпIэфIкIэ тхьэхэр къыхуэупсэну мэлъаIуэри, къохыж. Еныкъуэ шэтыр егъэуври, загъэпсэхуну мэзагъэ. Хьэмыщэ щысщ, и лъэгуажьитIыр зэщIиупщIэри, и жьэпкъыпэмкIэ зытригъэщIэжауэ. Куэдрэ щысащ ар гупсысэу, щыму, мафIэ бзийхэр зэрыджэгум хэп-

лъэу. Ауэрэ жейм хелъафэри, Iурех. Жэщыбгым къызэщыуащ Гъэлыр къаскIэри. Къаплъэмэ, Еныкъуэр зэрыщыст.

– Укъэджа, Еныкъуэ? Зыгуэр къызэджа хуэдэу къысщыхъуащ... Си нэгу щIэкIащ аргуэру пщIыхьэпIэ. Ар зыкIэ шынагъуэти! ЩыхупIэм дехуэхауэ, къуэкIийм дыдэлъ хуэдэт уэрэ сэрэ, бгы лъапэм дыщIиубыдауэ, – жеIэ Хьэмыщэ бауэбапщэу.

– Умыгузавэ, си ныбжьэгъу! ФIыщ ар. Бгы лъапэу уи нэгу щIэкIар шынагъуэкъым, ар Хъумбабэ зэрыдубыдынум и нэщэнэщ. Уи фIэщ быдэу щIы, и хьэдэр а щыхупIэм щыддзынкIэ. Губгъуэжьым щалъхуахэм пщIыхьым хащIыкI! Пщэдджыжь нэхъ фIэмыкIыу Шэмэш хъыбарыфI къытхуихьынщ. Жей!

Гъуэгуанэм пащэжри, теуэгъуэ тIощI къызэранэкIауэ йодзакъэ, щэщIыр якIури загъэпсэху, цIыхум тхьэмахуихкIэ икIур зы махуэм нызэпачри, шэтыр ягъэув, псыкъуий къатI, Хьэмыщэр Iуащхьэм докIуейри, зеплъыхь, и пщIыхьыр фIы хъуну мэлъаIуэри, къохыж. Япэм хуэдэу, Хьэмыщэ жей IэфIым хилъэфауэ и нэгум пщIыхь щIокIри, къызэщоу.

– Укъэджа, Еныкъуэ?! Зыгуэрым сыкъигъэскIащ аргуэру. СепщIыхьащ щIыр зэгуэтхъауэ, нэщI хъуауэ, къэхъур къызгурымыIуэу... Къурш бжэн къэзубыда хуэдэт. Ауэ ар апхуэдизкIэ гъуахъуэти, щIыр зэгуэудащ. Сабэм зиIэтри, уафэр щIихъумат. Си лъэм симыIыгъыжу сещэтэхри, лъэгуажьэмыщхьэу сыуващ. Ауэ, бжэным и лъакъуэр Iэ мэхъу, и Iэр къешийри, сыкъеIэтыж, си лъэр щIэхуу сымэжэлIати – сегъашхэ, си Iур игъущIыкIати – псы срегъафэ...

– Къурш бжэну уи нэгу щIэкIар тхьэ-дыгъэу Шэмэш иныркщ. Уи анэр абы тхуелъэIуащи, и нэIэ дыщIэтщ. Уи адэу Лугъэлбандэ игу фIыкIэ укъэкIагъэнущ, уи псыхуэлIэ изыгъэкIар аращ! Зыгуэр къэхъунущ, Хьэмыщэ! ЦIыхум зэи имылъэгъуауэ, зэи зыми зэхимыхауэ телъыджэ. Шэмэш къыкъуэкIмэ и псалъэ дахэ зэхэтхынщ. Жей! – жеIэ Еныкъуэ.

Гъуэгуанэм пащэжри, теуэгъуэ тIощI къызэранэкIауэ йодзакъэ, щэщIыр якIури загъэпсэху, цIыхум тхьэмахуихкIэ икIур зы махуэм нызэпачри, Лубнан Iуащхьэхэм зэрынохьэс. ЛIитIыр йоувалIэри, Дыгъэм пэзанщIэу псыкъуий иратIых, иужькIэ Хьэмыщэр Iуащхьэм докIуейри, зеплъыхь: «ПщIыхьыфIхэр си нэгу щIэгъэкI!», – жеIэ, бгым йолъэIури, къохыж. Аргуэрым къыхоскIыкI жэщыбгым, къызэфIотIысхьэ, и ныбжьэгъум зыхуегъазэ:

– Укъызэджат, Еныкъуэ? УкъэзэIусакъэ? Зыгуэрым сыкъигъэушащ... Си нэгу щIэкIащ ещанэ пщIыхьыр. Ар сытым хуэдэу шынагъуэт! Уащхъуэр гъуахъуэрт, щIылъэр зэридзэрт, зэуэзэпсэу нэхур кIыфIу къызридзэкIа хуэдэт. Щыблэр къауэри, дунеижьым мафIэр щIидзауэ лыгъейм зэрыщыту есыж... Къыпщыхъуурт псэхэхым уэлбанэу щIылъэм зыкъытриубгъуауэ. ИкIэм-икIэжым нэм илъагъур

мафIэм исри, псори яжьэ щабэ хъужащ. Дымыгъэзэжу хъунукъым, Еныкъуэ. ФIыкъым ар, чэнджэщ дыхуейщ, – къэгузэвэпащ пщышхуэр.

*АдэкIэ сатыри 130-рэ къэтщ. Абыхэм ящыщу зэхуахъэсыжа къутахуэхэм кърaджыкIам тепщIыхьмэ, Гъэл Хьэмыщэ ещанэ пщIыхьыр и нэгу щIэкIа нэужь зэныбжьэгъуитIыр зыкIэлъыкIуам темыгушхуэу къагъэзэжащ, ауэ Урыкъуэ емыкIуэлIэж щIыкIэ хущIогъуэжри, Хъумбабэ кIэлъагъэзэж. Хьэщхъэрыlуэу ШыкIуртIымщэху мэзым щIэс псэущхьэр къагъуэт, Хъумбабэ япэ зыкърегъэщри, къебгъэрыкIуахэм къатоуэ, зэхэуэ гуащIэр яублэри, лIитIыр кърегъэкIуэт. Хьэмыщэрэ Еныкъуэрэ зыгуэрурэ Хъумбабэ къаIэщIокI, Еныкъуэм фэбжьышхуэ егъуэт. Я гугъапIэхэр къащемыхъулIэм, я Iуэхур щызэхуэмыхъум, тхьэ-дыгъэу Шэмэш Нэхум зыхуагъазэ:*

– Си анэу тхьэ-гуащэ Нынсун псалъэ быдэ ептар къэщIэжи, уи гупэ къытхуэгъэзэж! ПсэхэкIуадэу хамэщIым дыщумыгъэкIуэдыжу къыддэIэпыкъу. Нызэхэх Урыкъуэ и бын пажэм си лъэIур, уо, тхьэдыгъэу Шэмэш, сызэхэх!

Абдежым уащхъуэм макъышхуэ къохри, зэныбжьэгъуитIыр къегъэIущ:

– ЩIэхыу, Урыкъуэ и пщышхуэ! КIэлъыжэ Хъумбабэ, ар мэзым щIумыгъэхьэж, пабжьэм зыщумыгъэгъэпщкIу. ФиблкIэ зехуапэри, ахэр щитIэгъакъым иджыри: хыр мэзым щIэлъщ, зыращ щыгъри, упэлъэщынущ иджыпсту. Аращ и тIасхъапIэри, и фэхэм нэмыс щIыкIэ лъэщIыхьэ, зыIэщIумыгъэкI, щIэхыу!

Арыххэу Хьэмыщэм зречри, мэз лъапэм нэсыжа Хъумбабэ зредз. Балэ щхьэгъумхэр зэпэщIэуваուэ, я бжьакъуэхэмкIэ зэрыубыда нэхъей, лIышхуитIыр зобэн. Хъумбабэ мэгъуахъуэ, уафэгъуагъуэу мэIу абы и макъ шынагъуэр. Аргуэру IэщIокIри, мэзым щIохьэж.

Хьэмыщэ уIэгъэ хъуа Еныкъуэ деж къегъэзэжри, бгъэдотIысхьэ:

– Зым мащIэщ лъэкIынур... Еныкъуэ! Мы хамэ щIыпIэм дыщызэрымыIыгъмэ – дыщыкIуэдынущ. Зым и закъуэ Iуащхьэм дэкIыркъым, тIууэ ухуэна кIапсэр щIэх зэпычыркъым, аслъэн ширитIым аслъэнышхуэр ячатхъэ! ЗыкъэщIэж, Еныкъуэ! Апхуэдизу дытхьэмыщкIэ уэрэ сэрэ?! Къурш дапщэм дакъыщхьэпрыкIа, сыт хуэдиз шынагъуэм дыкъикIа! Мы зы гъуэгум умыщтэ, Еныкъуэ! ДыкъызыкIэлъыкIуар мис, уимыкIуэт. Уэ къыптекIуэн иджыри зэи срихьэлIакъым, зэхэуэ жыхуаIэр уоцIыху, удз хущхъуэ зыщыпхуати, псэхэхым ущышынэххэтэкъыми! Уафэ гъуагъуэу инщ уи макъыр! Ундэрэбжьа уи Iэхэм къару къахрехьэж, щIэхуа уи лъэр жан ирехъуж! ДызэщIыгъуу дебгъэрыкIуэнкъэ жагъуэгъум! Си ныбжьэгъужь, уи гущхьэм мафIэр щыгъэлыбыжыт! Уемыгупсыс лIэныгъэм, гъащIэмкIэ

къаплъэ! Си къуэш бэшэч, ныбжьэгъу мыдзыхэ! Сэ япэ ситамэ – усхуэхъумэнут... Сыт хуэдиз лIыгъэ бгъэхъэнут! Ауэ шэпэIудзу си япэ уитати, фэбжьым я гуащIэр сщхьэщыпхащ... Неуэ иджы, дызэбгъурыту, дызэрыIыгъыу!

ЗэныбжьэгъуитIыр зэроIэтри, ШыкIуртIымщэху мэз лъапэм Iуохьэ.

## Етхуанэ Iыхьэ

Мэз лъапэм деж зэныбжьэгъухэр къыщоувыIэри, заплъыхь: шыкIуртIым жыгхэр лъагэщи, я щхьэкIэм унэплъыскъым, мэзыр куущ. ШыкIуртIымщэху мэзыр зытеубгъуа Iуащхьэм и щыгум Ин-Анэ тхьэ-гуащэр щопсэу. Мэзым къуацэ-чыцэр щIэзщ, Iувщи, укIуэцIрыплъыфкъым. Ихъуреягъыр къуэ задэу дэтIыкIащи, уекIуэлIэфкъым. Мэзымрэ тхьэ-гуащэмрэ я хъумакIуэу Хъумбабэ теплъаджэм абы къеущыхьри щIэтщ.

*Мыбдеж сатыр 60 хуэдиз къэтщ. Зэхуахъэсыжыфа пычыгъуэхэм тепщIыхьмэ, Хъумбабэ и фиблри зыщетIагъэ, гын гуащIэкIэ зэщIэшха гъущI бжыкI иIыгъыу зэрыпхъуакIуэхэм къапоплъэри мэзым щIэтщ.*

*АдэкIэ къэхъуахэр бабылей IуэрыIуатэми ниневиеми къахэнэжакъым. Ауэ хьэт гъущIынэтхым къыщагъуэтыжа тхыгъэм тепщIыхьмэ, Хьэмыщэрэ Еныкъуэрэ ШыкIуртIымщэху мэзым щыщIэмыхьэфым, жыгхэр ирахыну йоувалIэ. Абдежым Хъумбабэ мэзым къыщIокIри, гъуахъуэу къапоув. ЗэныбжьэгъуитIыр щыдзыхэм, Шэмэш тхьэ-дыгъэр уафэм къопсэлъыхри, мышынэну, имыкIуэтыну къажреIэ, жьыбгъэ налъий къыкъуоури, ар я дэIэпыкъуэгъуу Хьэмыщэрэ Еныкъуэрэ Хъумбабэ хагъащIэ! Ауэ щыхъум бзаджэнаджэр къольаIуэ гущIэгъу хуащIыну, ямыукIыну. Ар Еныкъуэм идэркъым:*

– Мыбы щылыдыкIыу щыгъ фиблыр зырызурэ тетхын хуейщ Хъумбабэ и псэр хэкIын щхьэкIэ. Уигу къыумыгъэкIыххэ гущIэгъу хуэпщIыну!

– Хъумбабэ дукIыну дыщыщхьэщыхьэкIэ, зи гугъу пщIы лыдхэр езыр-езыру бзэхыжынущ. Ахэр узеригугъэу шынагъуэкъым! – игу-и щхьэр зэтелъщ Хьэмыщэм.

– Бзур къыпIэрыхьэмэ, джэджьейхэр зыщIыпIи кIуэжынкъым, жи! Езыр дыгъэукI псом япэ, и пэщIэщIэгъухэр тIэщIэкIынкъым! – егъэгушхуэ Еныкъуэ и ныбжьэгъур.

Хьэмыщэ и гур къызэрыгъуэтыжауэ джыдэр лъагэу еIэт, и къамэр кърепхъуэтри, Хъумбабэм и щхьэпхэтIыгур пхеуд. Еныкъуэ Хъумбабэм и гум сэкIэ йоуэ. Ещанэ уэгъуэр хьэщхьэрыIуэм ажалырыхь хуохъу, и лъэр щIохури, хьэдэу зеукъуэдииж. ШыкIуртIымщэху мэзыжьу Iувым и хъумакIуэр щыхагъащIэм, абы щыкI жыгхэр къогыз,

къощэIу, я псэр хокI. Хъумбабэ лыду телъа и фиблыр щокIуэдыкI, и плIэм идзауэ кIэрылъа хъымрэ къамэшхуэмрэ кIэрах.

ЛIыгъэм я нэхъ лIыгъэр зыгъэхъа зэныбжьэгъуитIыр еувэлIауэ мэзыжьыр ирах: Хьэмыщэ шыкIуртIымейхэр пеупщI, Еныкъуэ лъахъцхэр къретхъыж, тхьэхэм я хэщIапIэр къатIэщI...

– Арати, дукIащ ШыкIуртымщэху мэзри абы и хъумакIуэри, си ныбжьэгъужь! – мэгуфIэ Еныкъуэ. – ФIэдзэж джыдэр уи бгырыпхым. Шэмэш фIыщIэ хуэщIи, шыкIуртIымейр Фырат итшыжынщ.

*Мыбдеж щыщIэдзауэ 6-нэ едзыгъуэм нэс зыри щыIэжыххэкъым. Ауэ 6-нэ Iыхьэр зэрыщIидзэм тепщIыхьмэ, зэныбжьэгъуитIым ШыкIуртIымщэху мэзыр яхъэхуа нэужь, Хъумбабэ зи хъумакIуэу щыта Ин-Анэ тхьэ-гуащэмрэ Гъэл Хьэмыщэрэ зэхуозэ...*

## Еханэ Iыхьэ

... Гъэл Хьэмыщэ къабзэу зигъэпскIщ, Iэщэу кIэрылъыр игъэкъабзэщ, и натIэм кърипхъыха щхьэцыр дрилъэщIеижщ, зыкъихуапэщ, щIакIуэ пIащIэр зытриубгъуэщ, и щхьэм таж лъахъшэр тригъэтIысхьэжри, Уащхъуэм къеха тхьэ щауэм хуэдэу теплъафIэ къэхъужат. Ин-Анэ тхьэ гуащэр абы къызэрыIуплъэу къэлъэIуащ:

– Щхьэгъусэ къысхуэхъуи, уи Iэпкълъэпкъым гу щызгъахуэ, Хьэмыщэ! Уэ лIы ухъумэ, сэ фыз сыхъунщ! Тыгъэ пхуэсщIынщ алъп псынщIэхэр зыщIэщIа хьэкуэстэгу дыщэу, дыщэ шэрхъкIэ зекIуэр, мэзыш мывэ бжьакъуэкIэ гъэщIэрэщIар. Еблагъэ мэзыжьу шыкIуртIымщэху мэ гуакIуэр зыщхьэщытым. Си бжэблыпкъымрэ тетыгъуэмрэ ууейщ, тхьэмади, пащтыхьи, пщыи лъэгуажьэмыщхьэу зыхуэтIысын! Къуршыщхьи губгъуи я хъугъуэфIыгъуэр тыхь зыхуащIын! Зи бжэнымрэ мэлхэмрэ зэтIолъхуэныкъуэурэ лъхуэн! Шы лъэпкъ нэхъыфI дыдэм зи шыдыр лъэщIыхьэн, зи хьэкуэстэгум зэи зыри темыкIуэн! Зи куэшэрым щIэт выхэм хуэдэ ямыгъуэтын!

Убзэрабзэ тхьэ-гуащэм Хьэмыщэр хуоплъэкIри, щIоупщIэ:

– Псэгъу усхуэхъуну щхьэ ухуей апхуэдизу? Сыт ухуэныкъуэми уэстыфынущ ауи: бэхуцейм я нэхъыфIыр, уи щIыфэ щыпхуэн дагъэ мэ гуакIуэхэр... Пшэрыхь ущызгъэщIэнкъым, тхьэ-гуащэ хуэфащэ щIакхъуэ, шагъыр ухуей?! Уи унэр екIуу пхуэзгъэщIэрэщIэнщ, уи гуэным гъавэр из сщIынщ, уи гъусэхэр зэщысхуэпыкIынщ! Ауэ фызу сыпхуейкъым! УмафIэ лыгъейми, щIыIэм уегъэдий, жьапщи борэни зыхуэмыубыд бжэ фIыцIэм, лIыхъужьым къытещэща уардэ унэм, зи уанэр зыпIытIыжа пылым, мывэ блыныр зыхуэмыIыгъа унэ лъабжьэм, лъакъуэр къэзыкъуз вакъэм ухуэдэщ! ЛIы дапщэ уиIа? Абыхэм ящыщу дэтхэнэра фIыуэ плъэгъуар, узыхуэпэжар? КъезгъэбжэкIыт сызыщыгъуазэхэр: Думэжид-Iэхъуэ жыхуаIэ пщыжьым удэкIуащ япэу. Зи дамитIыр якъута хьэндырабгъуэу къэбгъэнауэ къуакIэбгыкIэм итщ мэгъуэгри. Аслъэным я нэхъ лъэщыр уиIати, къатиблыр хуептIыхри ибдзэжащ. ШыфIым я нэхъыфIыжыр уи шэщ щIэтати, щIопщыр

тепкъутащ, псы фIей егбгъафэу зэгуэбгъэудащ. ИтIанэ уиIащ бжэныхъуэ, махуэ къэс щынэщIэ пхуиукIыу, щIакхъуэ хуабэ къыпхуихьу... Уеуэри, щхъуэжь пщIауэ, мэлыхъуэхьэхэм яшхри и пщыIэм ирагъэкIуэлIэжыркъым. Уи адэ и жыгыухъуэнщI Шылэну махуэ къэс дадий гъэгъахэр ныпхуихьырт. ЗэрыжаIэмкIи, фIыщэу плъагъурт. Абыи ущысхьакъым, уеуэри бэдж хъуащ. Бэджыхъ джыным къыпымыкIыу и гъащIэр ехь, лэжьыгъэ хьэлъэм и псэр пигъэхуащ, лъэгу захуэм къехыфыркъым... Сэри апхуэдэ гуэрщ къызэпщIэнур!

Ин-Анэ ар зэрызэхихыу къызэкIуэкIщ, зиIэтри, уэгум ихьэжащ. Уэгурысхэм я нэхъыжьу, мыдрей тхьэ нэхъыщIэхэр къызытепщIыкIыжауэ Ану деж кIуауэ хуотхьэусыхэ, хуогъ:

– Гъэл Хьэмыщэ си щIыхьыр хиутащ, ди адэ. Си гъащIэм икIыхьагъкIэ злэжьар къызихъуэнащ. Ар дауэ си гум тезгъэхуэну?!

– Хьэмыщэ – лIыщ! Ауэ сытми хъуэн пхуищIагъэнкъым. КъыбжиIаIами – пхуэфащэщ! – зытригъэхьэркъым.

– Ди адэ, сыхуейщ силъ сщIэжыну, Хьэмыщэ къызипэса икIагъэм папщIэ ил згъэузыну! Къызэт Гуу абрагъуэ, Хьэмыщэ пэлъэщыну, и уни и щIапIи зэтрикъутэну. Си лъэIур къысхуумыщIэнумэ, псалъэ узот Хьэдрыхэ сехыу лIахэр къэзгъэтэджыжыну, псэухэр зэтрашхыхьыну къыдэсшеижыну! – икIуэтыркъым Ин-Анэ.



– Зи гугъу пщIы Гуур бгъэшхэн папщIэ, Урыкъуэ деж илъэсиблкIэ мэкъу ущеуэнущ, а мэкъур зыщхьэщыпхыну удзыр уи IэкIэ бгъэкIыжынущ, – жи Ану.

– Уэ, ди адэ, Урыкъуэ деж а удзыр щызгъэкIагъэххэщ, илъэсибл мэкъури зэщIэскъуэжакIэщ!

Ану а псалъэхэр щызэхихым, Ин-Анэ узу къефыкIыр зыхещIэ, фIэпсэкIуэд мэхъури, Уащхъуэм Гуу абрагъуэ къыщегъэщIри, щIылъэм кърегъэх. Ин-Анэ ар ирехужьэри, Урыкъуэ еху. Фырат щынэсым Гуум и псыхуэлIэ иригъэкIыу абы хофри, къуртIиблкIэ псыр еунэщI. Япэу и пэм кърихуа гъуэзым мащэшхуэ къреудри, цIыхуищэ щоху, етIуанэу щыбауэм къриуда мащэм цIыху щитI йохуэх, ещанэ бэуэгъуэм Еныкъуэ къеубжьытхын щIедзэ. Еныкъуэ долъейри, Гуум и бжьакъуэхэр еубыд... ХьэщхьэрыIуэр абы и нэгу къоубжьытхэри, кIапэ гъумыщIэмкIэ къыкIэлъоуэж.

– ХахуагъэкIэ цIэрыIуэ дыхъуами, ди щIыхьыр хаутэ, си ныбжьэгъу! Сыт хуэдэ жэуап хуэфащэ мы напэтехым? – Хьэмыщэ зыкъыхуегъазэ Еныкъуэм.

– УкъимыкIуэт, си Еныкъуэ! Сымисри! Псэущхьэр Iэлми, дыпэмылъэщыну щыткъым. И гур къитхъи, Шэмэш тыгъэ хуэдгъэщI. Сэ и бжьакъуэр тестхъынщ, фадэбжьэ къыхэсщIыкIынщи, си адэу Лугъэлбандэ естынщ. И кIапэр убыд, сэ и пщэгурыгъым къамэр хэсхуэнщ...

Еныкъуэм Гуур ирехужьэ, и кIапэр еубыд, еIуантIэри егъэгуIэ. Гъэл Хьэмыщэ хьэщхьэрыIуэм и пщэм зредзэ, и пщэгурыгъым къамэ жаныр деукIэри, Уащхъуэ Гуур яукI, и гур къратхъри, тхьэ-дыгъэу Шэмэш тыгъэ хуащI.

4 Заказ №2650



Урыкъуэ быдапIэм и блын лъагэм Ин-Анэ къытеувэу Уащхъуэ Гуум кърващIар щилъагъум, и IитIыр еIэтри загъэпсэхуну етIысэха зэныбжьэгъуитIым йобг:

– Уащхъуэм тхьэуэ исым я ней зыщыхуэн Гъэл Хьэмыщэ! Си адэм къызита Гуур зыукIа Гъэл Хьэмыщэ! Си напэр тепхащ... Сытыр уэсщIэн?!

Еныкъуэ зэхех тхьэ-гуащэм и гыбзэри, ину жеIэ:

– УкъысIэрыхьащэрэт моуэ, тхьэ-гуащэ! Уащхъуэ Гуум и кIэтIиймкIэ устхьэлэжынти!

Ин-Анэ зегъэбзэхыж, псэжьрэ пхъужьу хэкум исыр зэхуешэсри, Уащхъуэ Гуур ягъеиж. Гъэл Хьэмыщэ хэкум IэщIагъэлIу исыр ире-джэри, Уащхъуэ Гуум и бжьакъуэхэр трах. IэпхъуамбитI и Iувагъыу, мыващхъуэ мынэ щэщIкIэ гъэжауэ бжьакъуэм фадэбжьэ тращIыкI, фадэ мардих ирагъахъуэри, Хьэмыщэ и адэ Лугъэлбандэ тыгъэ хуещI, бжьакъуэхэр езым и лэгъунэ блыным кIэрещIэ.



Абы иужькIэ зэныбжьэгъуитIым Фыратыпсым зыща-гъэпскIыжри, Урыкъуэ и уэрамыщхьэхэм щызэхэт цIыхубэм деж къагъэзэж.

– Хэт лIыхъужьхэм я нэхъ гуакIуэр? Хэт лIыхъужьхэм я нэхъ пагэр? Гъэл Хьэмыщэ псом нэхъ гуакIуэщ, псом нэхъ пагэр ди Еныкъуэщ! – жаIэурэ цIыхухэр мэгуфIэ.

Хьэмыщэ джэгушхуэ зэхишэщ, жылэм я нэгу зригъэужьщ, игъа-шхэщ, игъэгушхуэри, зэхэкIыжауэ, псори я пIэ изэгъэжауэ жейуэ, Еныкъуэ и нэгу щIокI пщIыхь шынагъуэ. ЛIы бланэр къоскIэ, къызэ-щоури, къегъэуш Гъэл Хьэмыщи, хуеIуатэ и пщIыхьыр:

## Еблано Iыхьэ

*Мыбдеж щыщIэдзауэ хъыбарыр хьэт гъущIынэтхым къеIуатэ, адрейхэм 7-нэ Iыхъэр хэлъыжкъым.*

– Си нэгу щIэкIам къедаIуэ, Хьэмыщэ... Ану, Елэл, Шэмэш сымэ зэпсалъэ хуэдэт. Анур Елэлым йоупщI: «Сыт абыхэм Уащхъуэ Гуумрэ Хъумбабэрэ щIаукIар?! Мэзыжьым къебгъэрыкIуэу шыкIуртIымщэхухэр зыдыгъуам я тезырыр – лIэныгъэщ!». Елэл жеIэ: «Еныкъуэ ирелIэ, зыгуэрым жэуап ихьын хуеймэ, ауэ Гъэл Хьэмыщэ фемыIусэ!». Абы теухуауэ Шэмэш къопсалъэ: «Уэ уи унафэкIэщ абыхэм Уащхъуэ Гуумрэ Хъумбабэрэ зэраукIар, Елэл! Ауэ щыхъукIэ, Еныкъуэ сыт и лажьэ? Сытым щхьэкIэ ар вгъэлIэну?!». Елэл къытохьэ а псалъэхэр зэрызэхихыу: «Араи уэ абыхэм ныбжьэгъу захуэпщIарэ уакIэрыщIауэ фыкъыщIызэрелъэфэкIыр!».

Ар жеIэри, Еныкъуэ, и лъэр къемыдэIуэжу, мэукIуриижщ.

– Си шынэхъыщIэ! Щхьэ си пIэкIэ уэ жэуапым урашалIэрэ?! Уи кхъащхьэм сыщхьэщысу, уи псэм сыдэуэршэру щхьэзакъуэу сыкъэнэну ара къысхуаухар тхьэхэм?! Узмылъагъуу дауэ сытетыну мы щIылъэм?! – жеIэ Хьэмыщэ, и нэпсыр къыщIэжу.

Еныкъуэ абы и Iэм къытоIэбэри, хэпсэлъыхь хуэдэ мэIущащэ:

– Зы жыг щизупщIыкIатэкъым сэ а мэзыжьым... Хъумбабэ зыукIари сэратэкъым. Тхьэхэм я псэупIэу ШыкIуртIымщэху мэзым зы жыг щизупщIыкIакъым сэ! – ауэрэ Хьэмыщэ зыкъыхуегъазэри, мэлъаIуэ. – НакIуэ, си къуэшыжь, Елэл и деж дыгъакIуи, гущIэгъу къысхуищIыну дегъэлъэIу!

Зэныбжьэгъуитlыр йожьэри, тхьэ унэм макIуэ. Тхьэ унэм пхъэ бжэшхуэ хэлът. Ар зэрилъагъуу, Еныкъуэ и лъэр нэхъри щIохури, Хьэмыщэ къыжреIэ:

– Мо бжэр сэрат Елэл тыгъэ хуэзыщIар. Аращ псори къызэрыкIар...

Еныкъуэ и напIэр къеIэтри, бжэм, цIыхум хуэдэу, йопсалъэ:

– Бжэм зыри къыгурыIуэркъым, зыри зыхищIэркъым! Уэ Елэл тыгъэ ухуэсщIын щхьэкIэ жыгым я нэхъыфIыр куэдрэ къэслъыхъуащ, шыкIуртIымщэхуу щыIэм я нэхъ лъагэм гу лъыстэху. Абы хуэдэ дунеижьым тет къыщIэкIынтэкъым. Нэр нэмыплъысу лъагэу, лIипщI я Iэр къемыкIуэкIыну гъуму. А жыгыр Ниппур къэсшэсщ, цIыхуцIэ зиIэм зэи ямылъэгъуауэ бжэ дахэ къыхэсщIыкIри, згъэщIэрэщIэжат, хьэлъкъ быди хэслъхьэжат... А псом и уасэр си гъащIэр арауэ сщIатэми!!! Къысхуагъэгъуакъым Анурэ Ин-Анэрэ зы жыг закъуэ зэрисхар... КъызжеIэт иджы, сытым щхьэкIэ усщIат?! Е умылъыхъуэмэ – фIы умыщIэ, жи... Си IэкIэ зызукIыжащ. Сыту нэгъуэщI гуэрым иримыхарэт а жыгыр... Сыту тхьэхэм я зыхэзым уимыщIарэт и цIэр тету. Е, си бжэр хитхъыу, сыту нэгъуэщI гуэрым и тыгъэр химыгъэувэрэт...

Гъэл Хьэмыщэ а псалъэхэр щызэхихым и гущIэм зыкъигъэзащ, и нэпсхэр нэпкъым къежэхащ:

– Телъыджащэу узэхэлъу, гупсысэшхуэ уиIэу тхьэхэм укъагъэщIат, си Еныкъуэ! Арами, мыхъумыщIэмкIэ уогупсысэ... Щхьэ бгъэува а уи пщIыхьым е хэлъу?! Шынагъуэу къыпщыхъуами, къикIыр фIы хъунщ. Хьэндырабгъуэ дамэ хуэдэ уи Iупэр умыгъэпIэжьажьэ, а уэ къипхар къикIыркъым уи пщIыхьым, – тригъэуну хэтщ ар Гъэл Хьэмыщэм. – Тхьэ сыпхуелъэIунщ, Еныкъуэ, умыдзыхэ! Тхьэхэм я адэжу Ану иным гущIэгъу къытхурещI! ГущIэгъу жыхуаIэр зымыцIыху Елэли фIыкIэ игу дыкъэукI! Тхьэ–дыгъэу Шэмэш нэху, дыхыумын уи гущIэгъум! Псалъэ сот фи тхьэунэр дыщэкIэ згъэщIэрэщIэну!

Шэмэш абы и тхьэлъэIу гуащIэхэр зэхехри, Уащхъуэм къопсэлъых:

– Уи дыщэр зигъэIэж, Гъэл Хьэмыщэу пщы ябгэ. Тхьэр жиIамкIэ щIегъуэжкъым. ЩыIэкъым цIыху ажалым къыпекIуэкIарэ абы IэщIэкIарэ.

Тхьэ-дыгъэм и псалъэ щызэхихым, Еныкъуэ и напIэр къеIэтри, Уащхъуэм доплъей:

– СынолъэIу, Шэмэш... СызыщIэхъуэпса псори къызэмыхъулIэу сызэрыкIуэдыжым, си гъащIэр IэфIыншэу зэриухым щхьэкIэ сынолъэIу гу къыслъызыта щакIуэм и Iуэху дэмыкIыну, и зы щэкIуэгъуи къемыхъулIэну, иубыдыр IэщIэкIыу, езым хуэдэм ехъуапсэу, и Iэр къарууншэу, хэхъуэ имыIэу, и гум илъыр нахуапIэ мыхъуу псэуну! ИгъащIэ псокIэ кIэрымыкIын гыбзэ тызолъхьэ Шэмхьэти! Псэуху узым имыутIыпщыну, псэуалъэ игъащIэкIэ хуэмыухуэну, щIэлъхуэу къилъхуа и пхъур зэи фIыуэ хуэмылъагъуну, и ныбжьэгъу пщащэхэри къыхуэмеижу щхьэзакъуэу къэнэну, и щыгъэ пщэхъур ефам IэщIихыну, кхъуэщынгъэжхэм ятIэр къыкIэлъаупцIу, и нэм нэху имылъагъуу, узыншагъэ жыхуаIэр имыщIэу, гъуэгу Iуфэр и псэупIэу, блын ныбжьыр и унащхьэу, наджэIуджэри ныкъуэдыкъуэри и напэм къиубжьытхэу, и хэщIапIэр жьынду кIуапIэу къэнэну солъаIуэ! ЩхьэгъусэфIу зызигъэлъагъури, пцIышхуэу щыIэмкIэ къызэпцIыжащ...

Шэмэш абы и гыбзэр щызэхихым, губжьри Уащхъуэм къепсэлъыхащ:

– Щхьэ апхуэдэу жыпIэрэ, Еныкъуэ?! СыткIэ къилэжьа Шэмхьэт уи гыбзэр? Тхьэхэм я шхыныгъуэу щIакхъуэм и нэхъыфIыр уигъэшхакъэ? Пщым IэщIагъэувэ фадэ уригъэфакъэ? Щыгъын къыпщитIэгъакъэ? ХьэкIэкхъуэкIэ фIэкIа умылъэгъуауэ, Гъэл Хьэмыщэ уэзыгъэцIыхужар аракъэ? Иджы Хьэмыщэ уи ныбжьэгъущ икIи уи къуэшщ. И сэмэгурабгъукIэ ущытащ, Урыкъуэ и тхьэмадэхэм уи лъакъуэм ба къыхуащIу упсэуащ, улIэмэ, уи хьэдэм пщIэ хуащIынущ,

уагъеинущ, езы пщышхуэм аслъэныфэр и плIэ ириубгъуэнурэ къумым ихьэжынущ пкIэлъыгъыу.

Еникъуэ а псалъэхэр зэхихри, и гур къызэрыгъуэтыжащ, и кIуэцI ижьыкIыр ужьыхыжащ. Гупсысэщ-гупсысэри, хущIегъуэжауэ мыр жеIэ:

– Пэжщ... Бзылъхугъэм еспэсащ хуэмыфащэ. ХэщIаIамэ – игъуэтыжу, пщыхэм я щIасэу, къеплъыр къытелIэу, хьэщыкъ къыхуэхъуу лIыхъужьхэр, налкъутналмэскIэ ягъафIэу, тхьэгъу екIухэр кърату, тхьэ унэм и хьэщIэу, унэгуащэхэр Шэмхьэт щхьэкIэ хыфIадзэу, къыхуэгуапэр мэшыфIэ хъууэ и гъащIэр ирехь.

... Еникъуэ уз мыхъужыныр къыпкърыхьат тхьэхэм я нэлату. Ар хэлът, къуэш пэлъытэ хуэхъуа Хьэмыщэ щхьэщысу. И гурылъ псори иIуэтэну Iэмал зэримыIэжынур къыгурыIуати, Еникъуэ къэпсэлъащ щэхуу:



– КъэдаIуэт, Хьэмыщэ... ПхуэсIуэтэнущ си пщIыхьыр. Уащхъуэр гъуагъуэ хуэдэт, щIылъэр дэхъейуэ. А тIум я зэхуакум си закъуэт дэтыр. СыкъеплъэкIмэ, сымыцIыху гуэр къызбгъурытщ. Нэщхъейщ. Хуэдэщ абы и нэгур жьапщэм и тхьэм, бгъэ дамэщ, бгъэ лъэбжьанэщ. ЩхьэцыкIэкIэ сыкърилъэфэжьащи, сыпэлъэщыркъым. Соуэри – Iуолъэт, езыр къоуэри – къурш бжэн къыстехуэу сыщIипIытIам хуэдэу, си гущIыIу къохуэ. СызэщIиубыдащи, дэкъацым сыдэлъым хуэдэу зысхуэгъэхъейкъым. Сыноджэ: «Сыкъегъэл, Хьэмыщэ! СыкъыIэщIэх!». Ауэ, ушынэри, уикIуэтыжа хуэдэт. МыцIыхум и Iэпэр къысхуешийри, бзу сохъу, дамэ къыстокIэ, нэкIэ къызоджэри, Иркъалэ кIыфIым сешэ – кIуар зэи къыздимыкIыж, нэхур щымыблэм, сабэмрэ

ятIэмрэ я Iусрэ, зи IункIыбзэм сабэ трищIэжа быдапIэм... Сыплъэмэ, Анурэ Елэлрэ Iэнэм пэрысщ, лы гъэжьа, щIакхъуэ пщтыр, псы щIыIэ хутрагъэувэ. А унэм щопсэу къардэхэри, унэIутхэри, Iэзэхэри, магъуэхэри, щоджэнхэри. ЩIэсщ абы Ит-Ани, Сэмыкъани, Ерэш-Джыгъэлу ЩIым и тхьэ-гуащэри. ЩIым къыщыхъу псори зытх пщащэ дахэр щхьэж и натIэ итхар зэрыт ГъащIэ тхылъым йоджэри, тхьэ-гуащэм и пащхьэ лъэгуажьэмыщхьэу исщ. КъысхуоплъэкIри: «Псэхэхым IэрыхьакIэщ ар!», – жи. ЗэфIэкIащ, Хьэмыщэ... ГъащIэ сиIэжккъым сэ. Уэрэ сэрэ гугъуехьи фIыгъуи зэдэдгуэшу дызэрыгъэныбжьэгъуащ. Уигу сигъэлъ, лIыгъэ къыздэплъэгъуамэ – цIыхум ящумыгъэгъупщэ!

Ар жиIэри, Еныкъуэ зэгъэжащ... Гъэл Хьэмыщэ абы бгъэдэсащ зы махуи, махуитIи, махуищи... Ауэрэ кIуащ махуэ пщыкIутIыр.

## Еянэ Iыхьэ

Хьэмыщэ гугъэрт и ныбжьэгъур жей быдэм хилъэфауэ. Хуейтэкъым ар лIауэ и фIэщ ищIыну. Пщэдджыжь гуэрым, дыгъэ къыкъуэкIыгъуэм ирихьэлIэу, пщышхуэр мэгыз:

– Еныкъуэу си ныбжьэгъу пэж! Мэз бжэныр зи анэу, шыд Iэлыр зи адэ. ХьэкIэкхъуэкIэу мэзым щIэсым я щIэжьейуэ уапIащ. ХъупIэ жыжьэхэм щхьэхуиту щызекIуэ шыфIхэм деж къыщыщIэдзауэ Урыкъуэ и тхьэмадэхэм деж щиухыжу псори пхуогуIэ... Я нэпсыр мыгъущу уагъей. Уэрэ сэрэ дыщызэхэзекIуа мэзыжьхэм щыкI жыгхэри, къуршыщхьэм и сыджхэри, ахэр зи псэупIэ псэущхьэхэри мэгыз. ЛIыгъэу дгъэхъам и щыхьэтхэри, ерыскъы IэфIкIэ къытхуэупсахэри, мэзым укъыщIэзыша бзылъхугъэри магъ. ФыкъэдаIуэ, маржэ! ФыкъэдаIуэ, урыкъуэдэсхэр! Хьэдэгъей физу согъей си Еныкъуэ. Сызэщыджэу согъей си ныбжьэгъур! Джыди, къами, дами, шэпэIудзи, щIакIуэ пIащIи, фащэ екIуи схуэхъуу щыта си Еныкъуэ! Псэхэх бзаджэм сIэщIихащ ар, си шынэхъыщIэр... Си гъусэу Iуащхьэшхуэм ныдэкIыу Уащхъуэ Гуур къыздэзыукIа лIыхъужьыр. Сыт хуэдэ жей узыубыдар? Щхьэ ущым, си Еныкъуэ?!

Гъэл Хьэмыщэ и ныбжьэгъум и гущхьэм теIэбэмэ – къеуэртэкъым. Еныкъуэ куэд щIауэ зэрылIар къыщыгурыIуэм, Хьэмыщэ зокуэфауэ, хьэдэм и хъуреягъыр къежыхь, зи щIэжьейр къапхъэным иубыда аслъэным хуэдэу.

Нэху зэрыщу Урыкъуэ дыщэкIрэ гъукIэу дэсыр зэхешэ пщышхуэм.

– Алъандэрэ зы цIыхум имылъэгъуа фэеплъ хуэсщIынущ си къуэшым! Езым хуэдизу, и теплъэм ещхьыпсу. И щхьэцыр мыващхъуэм, и нэкIур мывэхум, и Iэпкълъэпкъыр дыщэм къыхэщIыкIарэ, езыр абрэмывэм тету.

Урыкъуэ и пщышхуэм жиIам тету, IэщIагъэлIхэм Еныкъуэ и фэеплъ мывэ сыныр ящIри, ягъэув. Гъэл Хьэмыщэ, зыкъыхуэмыщIэжу, куэдрэ хуэщыгъуащ и ныбжьэгъум.

*АдэкIэ сатырищэ хуэдиз къэтщ.*

... Нэху зэрыщу Хьэмыщэ пхъэ Iэнэшхуэ къыщIихри, зы кхъуэщыным фо, адрейм дагъэ ирикIащ, Iэнэр игъэщIэращIэри, Шэмэш хуигъэуващ. Урыкъуэ и пщышхуэм а псори щIищIэжым щхьэусыгъуэ иIэт – и ныбжьэгъур щылIэм щыгъуэ и псэр гугъу зэрехьам игъэщтат, лIэныгъэм щышынати, мылIэжыным и щэхур къитIэщIыну убзэу арат. Еныкъуэ зэрыщIилъхьэжрэ абы фIэкIа нэгъуэщIым емыгупсысыжыфу къэнат ар. Хуейт лъэхъэнэжьым къыдэхъуа, алъандэрэ жыгъэм ижь зыщIимыхуа уэгурысхэм ещхьу игъащIэкIэ псэуну. ТхьэлъэIум папщIэ псори игъэхьэзыру, уэгурысхэм лъэIукIэ защыхуигъазэм, Хьэмыщэ и кIуэцIыр зэрижьыкIым, закъуэныгъэм и лъэр зэрыщIихым щхьэкIэ яфIэгуэныхь хъури, Елэл къэпсэлъащ:

– Ар гъащIэм и хабзэщи, Гъэл Хьэмыщэ, мэкъумэшыщIэр мавэ, жылэ есэ, гъавэр кърехьэлIэж. Iэхъуэмрэ щакIуэмрэ Iэщым якIэрыщIащ. Щхьэж къызыхуигъэщIа лэжьыгъэр ещIэ, хуауха илъэс бжыгъэр къегъащIэри, и натIэ ит махуэм фIэмыкIыу мэкIуэдыж. Уэ си жьы псынщIэм толъкъунхэр зэрыщIаупскIэрэ щымыIа хабзэм – цIыхур мылIэжу, игъащIэкIэ псэуным и щэхум – ущIолъэIу.

Тхьэ-дыгъэу Шэмэш нэхум Хьэмыщэр фIэпсэкIуэду, щабэу къопсалъэ:

– Уи натIэ имытыр тхьэм къытепхынкъым, Хьэмыщэ! Узылъыхъуэ гъащIэри бгъуэтынукъым.

– Сэ зекIуэшхуэхэм сыщыIащ, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм сыкъыщыщIидзащ. А псом иужькIэ, щIым сыщIэзэгъэн уи гугъэрэ, Шэмэш?! Сыхуейщ сэ дыгъэ нэхум гу щысхуэну. АтIэ щIы фIыцIэм щIэлъым илъагъурэ уи нэхур?! – Iэмалыншагъэм и лъэр щIиудауэ жеIэ Хьэмыщэ.



### Ебгъуанэ Iыхьэ

Хьэмыщэ щIилъхьэжа и ныбжьэгъум и кхъащхьэм кIуэрейт, нэщхъеирилэт, и фэм итыжтэкъым. Тхьэхэм зыхуейр къащыпимыхым, аслъэныфэ зэтриубгъуэри, къумым ихьэжащ, нэпс гуащIэхэр щIигъэкIыу.

– Сэри сылIэжынуракъэ, Еныкъуэ хуэдэу? Зэшыр си кIуэцIым къитIысхьауэ, сешх. ЛIэныгъэм сыщошынэри, къумым сохьэж. ТIутIэ Быдэ* и къуэ Пащты Уд* деж сопIащIэ: абы ещIэ тхьэхэм я щэхур! КъуршыщхьэкIэ сызекIуэу аслъэныжьхэм саIущIащ сэ... Сышынат, си лъэр зэщIэнэу, си гур си жьэмкIэ къыжьэдэпкIыжыным хуэдэу. Пэжщ. Си щхьэр соIэтри, жэщ уэгум соплъэ, Нанэ* солъэIу япэм сызэрыщытауэ сищIыжыну, си напэ текIар зэгуэр къэстхьэщIыжыну, – жиIэу Iущащэу, куэдрэ щIыр къызэхикIухьащ Хьэмыщэ.

ЕшаелIауэ Хьэмыщэ Iурехри, жей IэфIым хелъафэ. Къызэщыумэ – аслъэнхэр зэдэджэгуу елъагъу. И джыдэр еIэт, и джатэр кърелъэфри, аслъэнитIым я зэхуакум, бжыкI папцIэм хуэдэу, долъадэ. И бампIэр зытрикъутэн къигъуэтащи, Хьэмыщэ аслъэныжьхэр зэреудэкI, щIым ирегулI, зэтреукIэ, еупщIатэ.

*Мыбдеж къыщыщIэдзауэ сатыр 30 хуэдиз къэтщ.*

Гъэл Хьэмыщэ гъуэгу зэрытетрэ мазэр дапщэрэ къыкъуэкIами ищIэжыртэкъым. Абы зэхихат Мэшу* Iуащхьэхэм я хъыбари, а щIыпIэ жыжьэм и лъэр нихьэс закъуэмэ, нэгъуэщI зыри хуейтэкъым... Арат щIэныгъэу щыIэм я хъумапIэри, и лъэр ихурт. Дыгъэм и къуэкIыгъуэмрэ къухьэжыгъуэмрэ зыгъэхъу а Iуащхьэхэм гъунэгъу щахуэхъум, Хьэмыщэ къэуIэбжьащ. Абыхэм я щыгум гъущI папцIэ щхьэщытыр пшэм лъэIэсырт, и лъабжьэр къатиблкIэ ех нэхъей, кууэ щIым щIэлът. Iуащхьэм урамыгъэкIуалIэу яхъумэрт бэджейцIыхухэм. ХъумакIуэхэр къыхащыпыкIам хуэдэу, ин защIэщ, я фащэр дыгъэм полыд, нэр топщIыпщIыкI. Хьэмыщэр абыхэм зэрыIуплъэу и нэгур къызэхоуфэ, гузавэм зэхуешэ. Арами, зегъэбыдэри, бэджейцIыхухэм дежкIэ еунэтI. Зэхъузэбз хъумакIуэхэм Гъэл Хьэмыщэ къыщалъагъукIэ, лIым жеIэ:

– Мо къакIуэр теплъэкIэ цIыхуми, тхьэхэм я псэщ Iутыр!

– ЩанитIкIэ тхьэщ, зы щанэкIэ цIыхущ! – шэч лъэпкъ къытримыхьэу жеIэ фызым.

– Щхьэ укъэкIуа мыбы, сыт хуэдэ лъагъуэм укъиша? Сыт хуэдэпс къызэпыпчар, дэнэ деж нэхъ чэнж? ЖыIэт укъызыкIэлъыкIуамрэ узыхуеймрэ! – ину къопсалъэ лIыр, Гъэл Хьэмыщэ зыкъыхуигъазэу.

– Къурш джэдухэр зыгъащтэу си шынэхъыщIэу Еныкъуэ сэрэ дызэфащэгъуу дызэрыцIыхуат. Абы сэрэ куэд дгъэхъащ: Уащхъуэ Гуум и гур къиттхъащ, ШыкIуртIымщэху мэзым и хъумакIуэ Хъумбабэ дукIащ. Ауэ, гурэ псэкIэ фIыуэ слъэгъуа си ныбжьэгъу пэжыр, си шынэхъыщIэр цIыху цIыкIум хуэдэу хъуащ лIэкIей. Махуэ дапщэкIэ сыщхьэщыса, жей си гугъэу, лIауэ си фIэщ сщIыну сыхуэмейуэ... И пэ гъуанэмкIэ хьэпIацIэхэр къилъэлъыху сыгугъащ къэтэджыжыну, узыншэу къызэфIэтIысхьэжу ди Iуэху яужь дихьэжыну. Шынэ къэсщтащ абдеж! Сыщышынащ лIэныгъэм. Хуиту сигъэпсэукъым а гупсысэм. Урыкъуэ си щхьэр къыдэсхри, сежьэжауэ, къумым къызоущыхьри ситщ. Зыми сытригъэукъым, сщыгъупщэркъым си ныбжьэгъужьыр щIым щыщ зэрыхъуар. Сэри апхуэдэу сыкIуэдыжынуракъэ?! Ауэ щыхъукIэ, солъыхъуэ Пащты Уд – цIыху лъэпкъым я адэжьым, тхьэ Хасэм хашэу мылIэжыныр тыгъэ зыхуащIам! СеупщIынущ ажалым къызэрыпекIуэкIа щэхумкIэ, – ет Хьэмыщэ жэуап.

Бэджей-цIыхур къопсалъэри жеIэ:

– Зэи къэхъуакъым апхуэдэ, Гъэл Хьэмыщэ, Пащты Уд щыпсэу бгыщхьэм цIыху ирикIуауэ! Теуэгъуэ пщыкIутIкIэ укIуэнущ абы бгъуэнщIагъ защIэу: кIыфIым ухэту, нэху кIапи умылъагъуу. Дыгъэ къыщIэкIыгъуэм щIыхьэпIэр зэIуах, къухьэжыгъуэм – хуащIыж. А лъагъуэмкIэ зекIуэр тхьэ-дыгъэ Шэмэш и закъуэщ – щIэплъыпIэр зи кIуапIэрщ! Уэ-щэ?! Дауэ узэрыкIуэнур абыкIэ?

– АпхуэдизкIэ си лъэр мэныкъуакъуэ, си гум сызэрехуэри, жьэражьэми, уаеми, кIыфIми, гугъуехьым си нэпсыр къыщIихуми – сыкIуэнущ! Иджы зэIух къуршым кIуэ бгъуэнщIагъым и абрэмывэр! – ерыщщ Гъэл Хьэмыщэ.

Бэджей-цIыхур абы къеплъщ-къеплъри, ихъумэу зыкIэрыт бжэр Iуихащ:

– КIуэ, Гъэл Хьэмыщэ, гъуэгу махуэ! ЩIэкI Мэшу Iуащхьэхэм, пхрыкI мэз Iувыжьхэм уэ хахуэу. Узыншэу, уи гур псэхужауэ къэгъэзэж... ЗэIухащ уи къуршыбжэр!

Хьэмыщэ бэджей-цIыхухэм фIыщIэ яхуищIри, бгъуэнщIагъым ихьащ... Къэгъази щIегъуэжи щымыIэу ежьами, Хьэмыщэ и гъуэгур апхуэдизкIэ кIыхьт, шынагъуэт, гутехуэгъуейти, мызэ-мытIэу къигъэзэжыну хуеящ. Ауэ къызэринэкIар ипэ итым нэхърэ нэхъ шынагъуэу къыщIэкIыурэ и гъуэгу теувэжырт. Нэху кIапи дунейм темытыж нэхъей, сыт хуэдизрэ кIыфIыгъэ Iувым хэту ущами къыгурыIуэжыртэкъым абы.

Ауэрэ, епщыкIузанэ теуэгъуэм аддэ жыжьэу нэху мащIэ къидзащ, епщыкIутIанэм Хьэмыщэ зыщыужа дыгъэпсым и нэр ирищIу къэблащ. Мывэ щхъуэкIэплъыкIэхэр жызум Iэрамэм хуэдэу щызэтелъ щIыпIэ телъыджэм къыщыхута пщышхуэм и нэгу къыщIэува дахагъэр зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу зиплъыхьырт.



## ЕпщIанэ Iыхьэ

Нартхэ я анэу Сэтэней гуащэр хы Iуфэм къыщхьэщыт Iуащхьэм тест. Кхъуэщынрэ дыщэ фалъэрэ IэщIэту, санэхур иригъахъуэу щытт ар, IэлъэщI къепхъухарэ, и нэгум хуиту уимыплъэфу. И шхужьым фэ ешэкIарэ езым сабэр къыкIэрылъэлъу Хьэмыщэ бгъэдахьэ нарт гуащэм. Сэтэней абы гу къылъитащи, мыцIыхур зыхуихьынур имыщIэу зэпеплъыхь: «ЛIыукI хъунщ мы теплъаджэр! ФIы щыплъагъун щIыпIэ нэщIым?!». Бзылъхугъэр и унэ щIохьэжри, бжэр хуещI, хьэлъкъ кърет. Гъэлыр къоблагъэри, щIоупщIэ:

– Щхьэ хуэпщIа уи бжэр, гуащэ? Щхьэ зыщIэбубыдэжа уи унэм? Зэ сынеуэмэ, щэщэнукъэ уи бжэр?!

– Сытым укъихьа си деж, хэт ухъуну? Сыт хуэдэ лъагъуэкIэ укъэкIуа? Сыт хуэдэпс укъикIа, дэнэ дежт и уэрыпIэр? Дэнэ укIуэми сщIэну сыхуейщ, – бжэ хуэщIам адэкIэ къыщопсалъэ Сэтэней гуащэр.

– ШыкIуртIымщэху мэзым и хъумакIуэу Хъумбабэ хьэщхьэрыIуэр зыIэщIэкIуэдар сэращ – Гъэл Хьэмыщэщ. Уащхъуэ Гуум и гур къизытхъари сэращ, Урыкъуэ и пщырщ. СыкъызэрыкIуа къуршыщхьэм аслъэныжьхэр тезыукIыхьари сэращ, – жеIэ Хьэмыщэ.

– ШыкIуртIымщэху мэзым и хъумакIуэу Хъумбабэ зыIэщIэкIуэдар уэрамэ, у-Гъэл Хьэмыщэр пэжмэ, Уащхъуэ Гуум и гур къизытхъари уэрамэ, Урыкъуэ урипщмэ, щхьэ уи нэкIур иуа, щхьэ ужэщIа, щхьэ унэщхъей? Уи щхьэр къыпхуэмыIэту, уи кIуэцIыр ижьыкIыу укъыщIоплъ. ЩIыпIэ жыжьэм къикI зекIуэлIым ухуэдэщ: дыгъэ жьэражьэмрэ жьапщае гуащIэмрэ уи щIыфэр ясащ, ныбаджэ тхьэмыщкIэу езыр ужэбзащ, – жи гуащэм.

– Сыту си нэкIур имыуэрэ, сымыжэщIрэ, сымынэщхъейрэ?! Си щхьэр къысхуэмыIэту, си кIуэцI имыжьыкIыу сыкъыщIэмыплъынрэ?! ЩIыпIэ жыжьэм къикI зекIуэлIым сыту сыхуэмыдэнрэ, дыгъэ жьэражьэмрэ жьапщае гуащIэмрэ си щIыфэр ямысынрэ, ныбаджэ тхьэмыщкIэу езыр сымыжэбзэнрэ... Си ныбжьэгъу пэжу Еныкъуэ, шынэхъыщIэ схуэхъуауэ си гъусэр, Хъумбабэрэ Уащхъуэ Гуумрэ къыздэзыукIар, Урыкъуэ къурш джэдухэм щызыхъумар, нэщIэбжьи гуфIэгъуи къыздэзыгуэшар цIыху лIэкIэу дунейм ехыжащ. Жейуэ къысщыхъуу, седжэмэ къэтэджыну къысфIэщIу махуэхэр кIуащ. Ауэ зэгуэр и пэ гъуанэм къипщащ хьэпIацIэжьхэр. Абдеж апхуэдизкIэ сышынати, гуащэ, си щхьэр къесхьэжьауэ къумым къыщызоущыхь. Зыми си узыр сщхьэщихкъым, зыми хуэмыдэжу ар къызофыкI. Сэри аракъэ си натIэр – цIыху хуэдэу сылIэу, сыкIуэдыжыну?! Иджы уэ сыпхуэзащи, гуащэ, зыгуэр къысхуэщIэ. ЖаIэ уэ умыщIэ дунейм темыту, зыхыумыщIыкIи къамыгъэщIауэ. Сыхуейкъым сылIэну, аращ си гур хэзыгъэщIыр.





– Сыт узыхэтыр, Гъэл Хьэмыщэ?! ИгъащIэ псокIэ зэи зыри псэуакъым! ГъащIэр къэзыгъэщIыжа тхьэхэм апхуэдэу къытхуаухащи, гува-щIэхами докIуэдыж. Езыхэм я гъащIэращ абы бжыгъэншэр. Уэ къыпхуэнэжыр зыщ – уи ныбэ изу шхэ, жэщи махуи зыгъатхъэ, джэгур зэхэшэ, уи лъэ къызэрихьу къафэ, екIуу зыхуапэ, зыгъэкъабзэ, уи щхьэцыр хущI, бзылъхугъэм зешэкI. Лъхуэ, пIэ, уи быным уи Iэпэр зэриIыгъым укIэлъыплъурэ абы уригуфIэу псэу! Аращ цIыхур къызыхуигъэщIар, Хьэмыщэ, – къет жэуап бзылъхугъэм.

Урыкъуэ и пщышхуэм Сэтэней гуащэ жиIахэр зэхимыха хуэдэ, къызыкIэлъыкIуам ерыщу щIоупщIэ:

– Пащты Уд и псэупIэр къызжеIэ, гуащэ! Ар цIыхуми, тхьэхэм хуэдэу гъащIэшхуэщ. Дауэ къэзгъуэтыну, дауи къэсцIыхуну? Хы адрыщI щыIэмэ – сикIынущ, мыхъурэ – къуршым сыкъыпекIуэкIынущ.

– Мы хышхуэм зэи зыри икIакъым, Хьэмыщэ. Шэмэш тхьэ-дыгъэр мыхъумэ, адрыщI щыIэр зыми ицIыхукъым. Хьэлъэщ а гъуэгур, къелаи слъэгъуакъым. УикIыу щытми, упекIуэкIми, сыт адэкIэ пщIэнур? Ерэхъу, Хьэмыщэ, къэдаIуэ мыдэ... ЩыIэщ лIы хахуэу Уэрышэ Нэбий, ар Пащты Уд и кхъуафэжьейзехуэщ, ар мыхъумэ нэгъуэщI хым техьэфкъым. Мы мэзым щIэсщ иджыпсту ар, блэ къеубыдри. ТхьэнэпцI щIыпIэм деж щысщ, къэпцIыхунущ абыкIэ. Къэгъуэти, епсалъэ. УгурыIуэмэ – хым уришынщ, имыдэрэ – гъэзэж, укъыздикIа гъуэгум теувэжи! – жеIэ бзылъхугъэм.

Гъэл Хьэмыщэ ар зэрызэхихыу и джыдэжьыр еIэт, къамэр кърепхъуэт, мэз Iувым щIолъадэ, тхьэнэпцI щIыпIэр къегъуэт. Абы и Iэхэлъахэм гуащэм жыхуиIа цIыхухъур иту щимыгъуэтым, къогубжь, зы фэеплъ къимыгъанэу зэтрекъутэ, нэхъ ин дыдэу игъуэт бляжьым зредзри, етхьэлэ. Игу къэплъар трегъэзагъэ абы, и бампIэр трекъутэ! Гукъеуэхэр щхьэщокIри, и нэр къэплъэжам хуэдэу жеIэ:

– ПцIыщ ар... Згъуэтынукъым сэ кхъуафэжьейзехуэ. Дауэ сикIыну мы хышхуэм?

Ажал фIыцIэр зи лъащIэу хы абрагъуэм зэрикIыну щIыкIэм егупсысурэ Гъэл Хьэмыщэ мэзым къыщыхэкIыжым, псы Iуфэм деж Уэрышэ Нэбий щыту елъагъу.

– Гъэл Хьэмыщэ хъужыр сэращ, тхьэ-адэ Ану и хэщIапIэу Урыкъуэ сыкъикIащ, – жеIэри, кхъуафэжьейзехуэм и пащхьэ йоувэ Хьэмыщэ.

– Ар пэжмэ, щхьэ уи нэкIур игъуа, щхьэ ужэщIа, щхьэ унэщхъей? Уи щхьэр къыпхуэмыIэту, уи кIуэцIыр ижьыкIыу укъыкIэщIоплъ. ЩIыпIэ жыжьэм къикI зекIуэлIым ухуэдэщ: дыгъэ жьэражьэмрэ жьапщае гуащIэмрэ уи щIыфэр ясащ, ныбаджэ тхьэмыщкIэу езыр ужэбзащ, – жи цIыхухъум.

– Сыту си нэкIур имыгъуэрэ, сымыжэщIрэ, сымынэщхъейрэ?! Си щхьэр къысхуэмыIэту, си кIуэцI имыжьыкIыу сыкъыщIэмыплъынрэ?! ЩIыпIэ жыжьэм къикI зекIуэлIым сыту сыхуэмыдэнрэ, дыгъэ

жьэражьэмрэ жьапщае гуащIэмрэ си щIыфэр ямысынрэ, ныбаджэ тхьэмыщкIэу езыр сымыжэбзэнрэ... Си ныбжьэгъу пэжу Еныкъуэ, шынэхъыщIэ схуэхъуауэ си гъусэр, Хъумбабэрэ Уащхъуэ Гуумрэ къыздэзыукIар, Урыкъуэ къурш джэдухэм щызыхъумар, нэщIэбжьи гуфIэгъуи къыздэзыгуэшар цIыху лIэкIэу дунейм ехыжащ. Жейуэ къысщыхъуу, седжэмэ къэтэджыну къысфIэщIу махуэхэр кIуащ. Ауэ зэгуэр и пэ гъуанэм къипщащ хьэпIацIэжьхэр. Абдеж апхуэдизкIэ сышынати, си щхьэр къесхьэжьауэ къумым къыщызоущыхь. Зыми си узыр сщхьэщихкъым, зыми хуэмыдэжу ар къызофыкI. Сэри аракъэ си натIэр – цIыху хуэдэу сылIэу, сыкIуэдыжыну?! Иджы сыпхуэзащи, Уэрышэ Нэбий, Пащты Уд и деж сышэ! Хы адрыщI щыIэмэ – сызэпрыш, ар мыхъумэ, къуршым – сыкъекIуэкIынущ.

– А зэтепкъута фэеплъхэм сэ сыкъахъумэрт, хым сыщIрамыгъэлъафэу дунейм сытраIыгъэрт. Угубжьри ахэр зэтепкъутащи, уи джыдэшхуэр къыбощтэри, мэзыкум ухохьэ, жыгищэрэ тIощIрэ ибох, бэлагъищэрэ тIощIрэ къыхыбобзыкIри, сагъызкIэ зэщIэшхауэ къысхубохь, – педзыж абы кхъуафэжьейзехуэм.

Хьэмыщэ къыIэщIэкъута фэеплъхэм я ней къыщыхуати, иджы и IэпщитIырщ зыщыгугъыр. Уэрышэ Нэбий къыжриIа псори псынщIэу къызэригъэпэщри, кхъуафэжьейзехуэр арэзы ищIа нэужь, Ажалыпс ФIыцIэм* техьащ лIитIыр.

– УхэмыIэбэ псым Iэ пцIанэкIэ, Гъэл Хьэмыщэ, щтэ пхъэ бэлагъхэри, неуэ! – жи Уэрышэ Нэбий.

Хьэмыщэ жыгищэрэ тIощIу ирихам къыхибзыкIа бэлагъищэрэ тIощIыр лэжьэху есащ ахэр, тхьэмахуих гъуэгуанэр махуищым якIуу. Дынэсакъэ иджы жаIэу, бэлагъхэр къаIэщIоухэ. Ауэ щыхъукIэ, Хьэмыщэ и шхужьым ешэкIа фэ кIапэр зыIуех, чэтэным хуэдэу еIэтри, жьым ихуурэ кхъуафэжьейр Iуфэм ирехулIэ.

Пащты Уд жыжьэу къаплъэри, абыхэм гу къалъитащи, мэгупсысэ:

– ...ТхьэнэпцIхэр зэхэкъутауэ кхъуафэжьейм илъщ. СымыцIыхущ исри. Сэмэгурабгъу зызощI, ижьырабгъу зызощI, занщIэу соплъэ, ауэ къысхуэцIыхуркъым.

Арыххэу кхъуафэжьейм исыр къолъэ, бгыщхьэм тет лIыжьым деж и лъэ ешар нехьэс, къыхэнэжа къарур зэхуехьэсри жеIэ:

– Къарууэ мы си пкъым хэлъар згъэлэжьащ укъэслъыхъуэурэ, ди адэшхуэу Пащты Уд! Ухэт жыпIэмэ, ШыкIуртIымщэху мэзым и хъумакIуэу Хъумбабэ зыIэщIэкIуэдар сэращ, Уащхъуэ Гуум и гур къизытхъари сэращ, сыкъызэрыпкIэлъыкIуа къуршыщхьэм аслъэныжьхэр тезыукIыхьари сэращ, Гъэл Хьэмыщэ жыхуаIэу Урыкъуэ жыжьэм и пщырщ.

– Уи нэкIур игъуащ, ужэщIащ икIи унэщхъейщ! Уи щхьэр къыпхуэмыIэту, уи кIуэцIыр ижьыкIыу укъыщIоплъ. ЩIыпIэ жыжьэм укъикIа хуэдэщ: дыгъэ жьэражьэмрэ жьапщае гуащIэмрэ уи щIыфэр ясащ, ныбаджэ тхьэмыщкIэу езыр ужэбзащ, – жи Пащты Удым.

– Сыту си нэкIур имыгъуэрэ, сымыжэщIрэ, сымынэщхъейрэ! Си щхьэр къысхуэмыIэту, си кIуэцI имыжьыкIыу сыкъыщIэмыплъынрэ! ЩIыпIэ жыжьэм къикI зекIуэлIым сыту сыхуэмыдэнрэ, дыгъэ жьэражьэмрэ жьапщае гуащIэмрэ си щIыфэр ямысынрэ, ныбаджэ тхьэмыщкIэу езыр сымыжэбзэнрэ... Си ныбжьэгъу пэжу Еныкъуэ, шынэхъыщIэ схуэхъуауэ си гъусэр, Хъумбабэрэ Уащхъуэ Гуумрэ къыздэзыукIар, Урыкъуэ къурш джэдухэм щызыхъумар, нэщIэбжьи гуфIэгъуи къыздэзыгуэшар цIыху лIэкIэу дунейм ехыжащ. Жейуэ къысщыхъуу, седжэмэ къэтэджын къысфIэщIу махуэхэр кIуащ. Ауэ зэгуэр и пэ гъуанэм къипщащ хьэпIацIэжьхэр. Абдеж апхуэдизкIэ сышынати, ди адэ, си щхьэр къесхьэжьауэ къумым къыщызоущыхь. Зыми си узыр сщхьэщихкъым, зыми хуэмыдэжу ар къызофыкI. Сэри аракъэ си натIэр – цIыху хуэдэу сылIэу, сыкIуэдыжыну?! Иджы укъэзгъуэтащи, уи щэхур къызжеIэ! Сыхуейкъым сылIэну, ароа си гур хэзыгъэщIыр, – ет жэуап Хьэмыщэ. – Куэдрэ сыплъыхъуащ, Пащты Уд! ЩIым и гъунэм сыкъэсащ. Уи хъыбар дунеижьым къыщрахьэкIырти, къуакIэбгыкIи, къум нэщIи, мэз Iуви, Ажалыпс ФIыцIэри къызэпысчащ. Нэхъ псынщIэIуэу си лъэр къэсхьэсыну сыхущIэкъурти, жей зыхуэзгъэныкъуащ, си ныбэ изу сышхакъым, си лъи сыщысхьыжакъым. Нартхэ я гуащэу псори зыщIэ Сэтэней деж сыкъэмыс щIыкIэ си щыгъыныр лэжьат. ЩIылъэр зэхэскIухьащ сэ мыщэхэр, хьэIуцыдзхэр, аслъэнхэр, къурш джэдухэр, къаплъэнхэр, щыхьхэр сукIыу, я лыр сшхырэ я фэр си щыгъыну. АпхуэдизкIэ теплъэаджэ сыхъуати, Сэтэней гуащэ къызэрысIуплъэу шынэри, унэм зыщIиубыдэжат. СагъызкIэ жыгищэрэ тIощIрэ зэщIэсшхэри, Ажалыпс ФIыцIэм IэпэкIэ семыIусэу пхъэ бэлагъхэмкIэ сыкъесащ, зэрыщыту лэжьэху! СызыщIэбэгыу апхуэдизу сызылъыхъуэм сыхыумын, Пащты Уд! – узым къызэгуитхъэрэ гугъэ кIапэм зэтриIыгъэу мэлъаIуэ Хьэмыщэ.

– Щхьэ ушынэрэ апхуэдизу, Хьэмыщэ? Тхьэхэм ялъэрэ цIыхулъэрэ зэхуэдэу пщIэтщ! Укъыщалъхуам щыгъуэ тхьэхэм Хасэ зэхашат, уи унафэ ящIыну: угъащIэ мащIэрэ игъащIэ псокIэ упсэунрэ яубзыхуну? АтIэ, дэнэ щыпщIэрэ уэ абыхэм къыпхуаухар?! ЗэгъащIэ: тхьэхэр тхъуцIынэмэ, цIыхухэр – шэжыпсщ; тхьэхэр щхьэмыжмэ, цIыхухэр – куэнсапIэщ... УепIэщIэкIащ уэ, Хьэмыщэ, аслъэныфэр уи плIэ ибдзэу, хуеякъым щхьэзакъуэу къумым уихьэжын. Сыту жыпIэмэ, уи гущхьэм къыщылыба мафIэр игъэужьыхыжыну зы псалъи пхузиIэкъым! КъызжеIэт, Хьэмыщэ, урыкъуэпщым хуэфащэ теплъаджэ зищIыну, лIэныгъэм щышынэу щIы гъунэм къэсыну?! Хьэмэрэ, игъащIэкIэ щытыну ди мывэ къалэхэр? ИгъащIэ псокIэ цIыху пхуэгъэбийрэ? ИгъащIэ псокIэ уи къуэшым упыкIрэ? ИгъащIэ псокIэ псы уэрхэр ежэхрэ? ХьэпIацIэ жэрумэм къыкIуэцIыпща хьэндырабгъуэр игъащIэкIэ лъатэрэ? И нэ щызу Дыгъэм игъащIэкIэ еплъыфа пцIыхурэ? Ауэ щыхъукIэ, цIыхур – Тхьэмадэ?! Елэл щызэхишэ тхьэхэр зэхохьэ, ахэращ ди унафэ зыщIыр: гъащIэм и щIэдзапIэмрэ и кIэухымрэ къэзыб-

жыр, къабжари тщызыбзыщIыр. А псоми ди Iуэху хэлъкъым, Хьэмыщэ. Мыхьэнэуэ гъащIэм хэлъыр зыщ – псэур ирепсэу!

## ЕпщыкIузанэ Iыхьэ

Гъэл Хьэмыщэ йогупсыс нэхъыжьыфIым и псалъэ Iущхэми, и гур нэхъ псэхужа хуэдэу щIоупщIэ:

– Сыноплъри, Пащты Уд, укъызэрыгуэкIщ: лъагагъкIи лъэщагъкIи тхьэм ухуэмыдэ. УцIыху теплъэщ, сэ усхуэдэпсщ, зыщыбгъэпсэхукIи уи гущIыIу къэгъэзащ. КъызжеIэ зы закъуэ – тхьэ Хасэм ухашэу, мылIэжыныр тыгъэ дауэ къыпхуащIа?

– Апхуэдиз гъуэгу къыщыпкIуакIэ, уи лIыгъэм пщIэшхуэ хуэфащэщ. НыбжесIэнщ сэ щэхушхуэу тхьэхэм яхъумэр... Шурей Пэкъуэ* жиIэу къалэ уоцIыху, жылэ гуп къепщIэкIарэ Фыратыпсым деж щысу. Мис а къалэрщ  тхьэхэм я унэр. Зэгуэр Хасэ зэхашэри, унафэ ящIат щIылъэм Псыдзэшхуэ къраджэу, цIыхуу дунейм тетыр яукIыну. Хэтащ а Хасэм тхьэ-адэу Ану, Елэл, Иныгу, Еэ Нэху сымэ. Тхьэхэм жаIэр дыжиIэу Хасэм хэтами, Еэ Нэхуу хым и тхьэр пщIыхьу си деж къакIуэри, щэхуу къызжиIащ: «ТIутIэ Быдэ и къуэ, уи унэр зэтехи кхъухьышхуэ щIы, уи псэр япэ игъэщи, фIыгъуэ нэпцIым ухуемыплъэкI. А кхъухьым игъэтIысхьэ псэ зыIуту уи нэм илъагъур. ЗэпэплIимэу щIы ар, и бгъуагъи кIыхьагъи зэхуэдэу, унащхьэ хуэщI». Ауэ щыхъум, Еэ пщIэ хузощI, тхьэхэм я щэхур къызэрысхуиIуэтам щхьэкIэ си щхьэр согъэщхъ: «Уи дзыхь къызэбгъэзу ар щыжыпIакIэ, уи псалъэм сыфIэкIынкъым, зэрыжыпIэу псори сщIынщ. Ауэ сыт жылэм яжесIэнур, ар дауэ нэхъыжьхэм къысхуагъэгъуну?!» – жызоIэ. «Елэл къысхуэфIкъыми, и пащхьэ сикIынщ сымыгъэгубжьу, си мылъку зэщIэскъуэнщи, хым сытехьэжынщ, сыщыпсэунщ Еэ и жылагъуэм яжеIэ», – жи. Нэхулъэр къыщызэщIитхъым сегупсысащ къыспэщылъ лэжьыгъэм, абы къарурэ зэману ихьынум. IэщIагъэлIхэр зэхуэсшэсщ, есхьэжьа лэжьыгъэр яхуэсIуатэри, зэщIыгъуу унэхэр итхащ, бжыхьхэр зэпкърытхыжащ. ЦIыкIухэм сагъызыр къахь, нэхъ инхэм Iэдэ-уадэр кърахьэкI. Махуитхум зэпкърытлъхьащ кхъухьыр: IэфракIищэрэ тIощIрэ и бгъуагъыу, апхуэдизи и кIыхьагъыу. Еханэ махуэм кхъухьым и лъэгур издзри, Iыхьиблу зэпрысхулыкIыжащ, сызыхуеину Iэмэпсымэхэр дэсхьеящ, щIыдагъэрэ сагъызрэ зэхэзгъэжьэри лъэгум искIэжащ, дагъэкIэ блынхэр зэщIэтшхащ. Къыздэлажьэхэм папщIэ махуэ къэс тани мэли сукIырт, мэракIуэпси  шагъыри езгъафэрт, тхъукIэ згъашхэрт. ГуфIэрт псори, я IутIыж махуэ нэхъей. Хьэзыр хъуащ ауэрэ кхъухьыр... Ар апхуэдизкIэ инт, хьэлъэти, псым зэрытедгъэхьэнур къысхуэщIэртэкъым. Ауэ щыхъум, пхъэ пэщIэдгъакъуэм, дыщIэрыIэурэ дгъэкIуэтащ. Абдежым сублэри, дыщэ-дыжьыну зэхуэсхьэсари, мылъкурэ Iэщу сиIэри, си унагъуэри, ди щIыпIэм псэущхьэу щызекIуэм я зэхъузэбзи згъэIэпхъуащ кхъухьым. Шэмэш тхьэдыгъэ нэхум и нэфI къысщыхуагъэнт, щIэплъыпIэмкIэ ехыжын ипэ къиихуэу къызжеIэ: «Пщэдджыжь псыдзэр къеуэнущи, умыбэлэрыгъ!

Жэщым къэпщIэнщ ЩIакхъуэ уэшх жыхуаIэр! Кхъухьым удэкIуея нэужь, бжэр хуэщIи, и кIуэцIымкIэ сагъыз къицIэлъыж». Къысхуагъэлъэгъуа пIалъэр къыщысым, ЩIакхъуэ Уэшх жыхуаIэр си нэгу щIэкIащ, нэху щыри, цIыхум имылъэгъуа псыдзэр къеуащ. Дунейр апхуэдизкIэ шынагъуэти, си нэр зэтеспIэу щхьэ псори зыщызмыгъэгъупщэрэ жысIэрт. Унафэр унафэти, кхъухьым сыдэкIуейщ, бжэр къыхуэсщIри, сагъызкIэ зэщIэсшхэжащ. Абдежым уэгум пшэ фIыцIэшхуэ къыщхьэщыхьащи, кърекIутэх. Уэлбанэм япэ иту тхьэхэр къызэрехьэжьащи, Щыблэ* мафIэр къытхедзэ, Шулъэтрэ* Хьэнышрэ* къызэрохь, Ерэгъэл* псыIущIэр Iуеуд, щIылъэр щIэзыпIытIэну блыным хуэдэу зэбгъурыту къох ахэр... Арыххэу махуэм жэщу зыкъызэредзэкIри, щIылъэр фалъэм хуэдэу зэгуоуд. Япэ махуэм ипщэмкIэ жьышхуэ къыщыкъуэуащ пшэ фIыцIэхэр къыздихьу, абы бгыхэр занщIэу щIигъэнат. Къызэрыхьырт псыдзэр биидзэм хуэдэу. ДунейкъутэжырапхуэдизкIэ шынагъуэти, цIыхухэр зэрылъагъужтэкъым, зэрыгъэгужьеяти, зым адрейр къыфIэIуэхужтэкъым. Уеблэмэ тхьэхэр шынэжри, уэгум ихьэжат. Тхьэ-гуащэхэм я лейуэ, зи макъым удэзыхьэх Ин-Анэ мэкIий, лъхуэ нэхъей: «Зэпытрэ зэкIэсу укIуэ а махуэр, си цIыхухэм зауэ щесщIылIар! Дауэ къытIэщIэщIа мы гуIэгъуэр?! Дауэ дигу къэкIыхха мы телъыджэр?! Сыт къыщIэслъхуар сэ цIыхухэр, бдзэжьейм хуэдэу псым хэздзэжынумэ?!». Тхьэхэм ящIам нэхъ шынагъуэ зэи зэрыщымыIар я нэгу щIэкIыжати, зызэракъузылIэ, зокуэфэуэж, я Iупэхэр IурыгъущыкIауэ мэгъуахъуэ... Апхуэдэу кIуащ махуихрэ жэщиблрэ. Махуэ ебланэм псыр увыIащ, жьапщэри нэхъ кIащхъэ хъуащ. Щхьэгъубжэр къыIусхри, си нэгум нэху кърихзащ арыххэу. Нэм къиплъыхьым псэ Iуту зы цIыху щыслъагъуртэкъым. Псори щIым щыщ хъужат. КъуакIэбгыкIэр зыгуэрым трилъэщIа нэхъей, зэхуэдэ хъуат. Си нэгу щIэкIыр схуэмышэчу лъэгуажьэмыщхьэу сещэтэхри, си нэпсыр къежэхащ. Зы тIыгу гуэр щыIэххэмэ къэслъыхъуэу си нэм къезгъэжыхьмэ, аддэ жыжьэу сыдж къыхэпIиикIырт хыщхьэм. Ар НэцIыр* жыхуиIэ Iуащхьэрат. Абы дыщынэсым кхъухьыр зыщIыпIэ жьэдэнэщ, хъурзэ еддзыхам хуэдэу и пIэ инэри, адэкIи-мыдэкIи дымыкIуэфу бгыщхьэм дытенащ. МахуиблкIэ дыщытауэ, тхьэрыкъуэр къыщIэсхри, згъэлъэтащ. ТIысыпIэ имыгъуэту къигъэзэжащ абы. ПцIащхъуэр згъэлъатэри, тIысыпIэ имыгъуэту къигъэзэжащ. Къуаргъыр згъэлъатэмэ – тафэ къигъуэтауэ, шхэрэ вей ищIу къызолъагъу. Ауэ щыхъум, дыкъызэрелам щхьэкIэ тхьэлъэIу сщIыжащ лъэныкъуиплIымкIэ Iугъуэр ихьу. Жьэрымэр тхьэхэм щаIурыуэм, Iугъуэр къыщалъагъум Уащхъуэм къехри, бадзэм хуэдэу къызэпщIэкIащ. Тхьэ-анэр къызэрысу, и пщэм илъ щыгъэ блар зрихщ, лъагэу иIэтри, гуфIэу жиIащ: «Уэ, ди тхьэу Тхьэшхуэ! Мы махуэм къэщIэрэщIэжа ГъащIэм щыгуфIыкIыу си щхьэгъусэу Ану тыгъэ къысхуищIа щыгъэ щIыхур сигу зэримыхунум хуэдэу, нобэрей махуэри зэи сщыгъупщэнкъым! ФыкъекIуалIэ, уэгурысхэ, фыхэIэбэ тхьэлъэIум! Ауэ Елэл гъунэгъу зыкъремыщI, аращ псыдзэр зэхэзыублар, си цIыхухэр псэкIуэду абы езыгъэхьар!». Елэл

апхуэдэ икIагъэ щрапэсым къызэкIуэкIащ, къытехьащ, кхъухьыр щилъагъум, тхьэхэм закъыхуегъазэри жеIэ: «Хэт а псыдзэм къелар? Псэ Iуту зы цIыху къелын хуеякъым абы!». Нынурт жеIэ: «Еэ нэмыщI нэгъуэщIым лъэкIакъым! Абы псори ещIэ, и нэгу псори щIокI». Ауэ щыхъум Еэ къопсалъэ: «Уэ, Елэл, улIыхъужьщ, уэ нэхъ Iущ тхьэхэм яхэткъым! Дауэ-тIэ, уемыгупсысу, псыдзэ зэрыпщIар?! Гуэныхь зытемылъхэми ятеплъхьащ, зэи щымыуахэми дзы яфIэпщащ! Псыдзэ пщIыуэ зэрылъэпкъыу умыукIыу, щхьэ аслъэн яхэбутIыпщхьэу къуаншэр иумыгъэчэтхъарэ?! Щхьэ щхъуэжь яхэбдзэу щыуар иумыгъэшхарэ?! Хьэмэрэ, уэгъу пщIыуэ лейзехьэхэр умыукIарэ?! Сэ уи щэху сIуэтакъым, уи щIыбагъкIи сынопцIыжакъым. ЦIыхум я нэхъ Iущым пщIыхь и нэгу щIэзгъэкIри, абы къикIыр езым къыгурыIуащ. Апхуэдэу ди щэхури къитIэщIащ. Иджы уэ пхуэфащэр аращи – псалъэ гуапэкIэ зыхуэгъазэ абы, чэнджэщэгъу хуэхъу!». Елэл кхъухьым къыдэкIуейщ, си Iэр иубыдщ, тхьэхэм сахишэщ, си фызыр лъэгуажьэмыщхьэу къызбгъэдигъэтIысхьэщ, ди натIэм къылъэIусри жиIащ: «Алъандэрэ Пащты Уд цIыхуу щытащ. Нобэ щыщIэдзауэ ар тхьэхэм яхуэдэщ, дэ тщыщщ! Щрепсэу Пащты Уд псы Iуфэм деж, псоми япэIэщIэу, щхьэхуэу». Аращ си хъыбарыр, Хьэмыщэ... Хэт Хасэ пхузэхишэн иджы, узыщIэхъуэпс гъащIэр тыгъэ пхуищIыну?! Махуихрэ жэщиблкIэ жеи еплъ, – псори зэрыщытар Урыкъуэ и пщым хуеIуатэ абы.

Пащты Уд и хъыбарыр и кIэм зэрынигъэсу, Гъэл Хьэмыщэ жей IэфIым хилъэфащ. Хэт ищIэрэт абы и псэр зыдэпсэхужар...

– Еплъыт мыухыжыным щIэхъуэпс лIыхъужьым, – жи Пащты Уд, и щхьэгъусэм зыхуегъазэри. – Къум кIыфIым хэгъуэщам хуэдэу, жейм хилъэфащ.

– Къэгъэуши, къызэрыкIуа гъуэгум тегъэувэж, – къопсалъэ бзылъхугъэр.

– Ирежей! Ауэ, цIыхур пцIыупсщ, жыIэрыфIэщкъым. ЩIакхъуэ бгъажьэурэ, и пIэщхьагъ щIэлъхьэ, махуэ дапщэкIэ жейми блыным тедзэ, – жеIэ Пащты Уд.

ЛIым зэрыжиIам хуэдэу, фызым махуэ къэс щIакхъуэ игъажьэурэ хьэщIэм и пIэщхьагъ щIидзащ, махуэ дапщэкIэ жейми блыным тридзащ. Фызым япэ дыдэу игъэжьа щIакхъуэр щэщэжащ, етIуанэр гъури зэгуэтхъащ, ещанэр гъуэтащ, еплIанэр фIэIуащ, етхуанэр гъур хъуат, еханэр пшхы хъунут, ебланэр пщтырти, зэрылъэIэсу Хьэмыщэр къигъэушащ.

– Жейр къыстеуэри, сыIурихащ. Куэдрэ сыжея?! – жери къызэфIэтIысхьащ Хьэмыщэ.

– Тэджи, Гъэл Хьэмыщэ, уи пIэщхьагъ щIэлъ щIакхъуэхэр къэбжыт. ИтIанэ къэпщIэнщ махуэ дапщэкIэ ужеями. Фызым япэ дыдэу игъэжьа щIакхъуэр щэщэжащ, етIуанэр гъури зэгуэтхъащ, ещанэр гъуэтащ, еплIанэр фIэIуащ, етхуанэр гъур хъуат, еханэр пшхы хъунущ, ебланэр пщтырти, къызэрыплъэIэсу укъигъэушащ, – жи Пащты Удым.

Хьэмыщэ мэщатэри, къапщIэу и псэр нэхъ псэхуауэ жеIэ:

– Сыт иджы сщIэнур, Пащты Уд? Дэнэ сыкIуэну? Си лэгъунэм псэхэхыр щIэсщи, дэнэкIэ сымыплъэми ар слъагъуу къысфIощI!

Пащты Уд кхъуафэжьейзехуэ Уэрышэ Нэбий дежкIэ къоплъэкIри, жеIэ:

– НобэкIэ зыщIыпIи умыкIуэ, хэт къэмыкIуами и Iуэху зумыхуэ. Хьэмыщэ псым шэи къабзэу зегъэгъэпскI, теплъаджэ зыщIа фэ лэжьахэр щегъэх, фащэ хужькIэ къэхуапэ, нэхъапэм зэрыщытауэ лIы гуакIуэ ирехъуж. И хэкум игъэзэжу Урыкъуэ нэсыжыху а щыгъыныр лэжьэнукъым, зэрыщIэрыпсу щыгъынущ.

ЛIым зэрыжиIауэ, Уэрышэ Нэбий Хьэмыщэ псым ешэ, къабзэу зрегъэгъэпскI, и шхужьым ешэкIа фэ укъуеяр хыфIедзэ, фащэ хужь къыщетIагъэ, тхьэхэм хуэдэу дахэ къохъуж, кхъуафэжьейм ирегъэтIысхьэжри, хым тету къожьэж.

Пащты Уд и щхьэгъусэр къопсалъэ:

– Гъэл Хьэмыщэ куэд къикIуащ, куэд илэжьащ икIи ешащ. Сыт абы уи фэеплъу тыгъэ хуэпщIынур-тIэ?

Хьэмыщэ хым техьагъэххэт, ауэ жыжьэ IукIатэкъым иджыри. Пащты Удыр абы кIэлъогуо:

– Гъэл Хьэмыщэ! Уэ гъуэгуанэшхуэ къызэпыпчащ, куэд блэжьащ икIи уешащ. Сыт уэстын си фэеплъу?! Зы щэху бжесIэнщи, къэдаIуэ: а удзыр щокI псы лъабжьэм, хуэдэщ пыжьым, гуащэ набдзэу* банапцIэщ. Мис а удзыр къыпIэрыхьэмэ, узэрыщIалэу укъэнэнущ!



Хьэмыщэ ар зэрызэхихыу, и лъакъуитIым мывэ хьэлъэ зырыз кIэрещIэри псым зыхедзэ. Пащты Уд жыхуиIа удзыр хы лъабжьэм къыщегъуэт, къретхъ, мывэр зэрыкIэрыщIа кIапсэхэр зэпегъэжри, къыдокIуеиж.

– Уэрышэ Нэбий! Мы удзыр Урыкъуэ здэсхьынурэ цIыхухэм езгъэшхынущ. ЛIыжьыр щIалэ хъужмэ, сэри абы щыщ зыIузгъэхуэнщ, сIэщIэкIа щIалэгъуэм къигъэзэжын папщIэ, – жиIэурэ, Хьэмыщэ мэгуфIэ.

Техьэгъуэ тIощI якIури, щIакхъуэ едзэкъащ, техьэгъуэ щэщI якIури, загъэпсэхуну увыIащ. Хьэмыщэ зигъэщIыIэтыIэну псым зыщыхидзэм, епэрымэр къызыщIихьа блащхъуэр къэсри, дадийр ирихьэжьащ. Хьэмыщэ и удзыр зэрадыгъуар къыщыгурыIуэм, нэпс гуащIэхэр къежэхащ и нэпкъым.

– Сыт апхуэдизыр щIэсшэчыжар, Уэрышэ Нэбий? Си фэ икIа псори псыхэкIуадэ хъуащ.

И щхьэр къыфIэхуауэ Гъэл Хьэмыщэ къэсыжащ Урыкъуэ. Хэкум нэс къэзыгъэIэпхъуэжа Уэрышэ Нэбий зыхуегъазэри, Гъэл Хьэмыщэ жеIэ:

– Урыкъуэ и блынхэм дэкIуейт, Уэрышэ Нэбий! Къысхуеплъыт мо дэтIыкIа къуэ задэм, лъэIэсыт пасэрей тхьэунэм и бжэблыпкъым, щIыхьэ Ин-Анэ тхьэ-гуащэм и тхьэлъэIупIэу Ианэм – апхуэдэ быдапIэ хуэщIыну зы пщи къалъхужынукъым! ДэкIуей Урыкъуэ мывэ къалэм и блын лъагэми, зыплъыхь... КъызгурыIуэжащ си зекIуэр псыхэкIуадэ зэрымыхъуар. ЩIалэгъуэ удзыр блэм сIэщIихами, гупсы-

сэ щхьэпэ хэсхащ къэзгъэщIам. Къэзгъэнащ си хъуэпсапIэр, сылъыхъуэжкъым гъащIэшхуэ. Сэ псори иджыщ къыщызгурыIуар...

*Гъэл Хъэмыщэ и хъыбарыр япэ дыдэу зытхыжар езыраур е абы и унафэкIэ ятIэ чырбышхэм гъущIынэтхыу традзауэ хуагъэфащэ щIэныгъэлIхэм. Тхыдэ и лъэныкъуэкIэ, Гъэл Хъэмыщэ псэуащ ди лъэхъэнэм ипэкIэ 2700–2600 гъэхэм, ар Урыкъуэ къалэм и пщышхуэт, Нынсунрэ Лугъэлбандэрэ я къуэт. МылIэжыным и щэхур Гъэл Хъэмыщэ къыщыгурыIуар, и псэм кърихуэкIыу щIыпIэ жыжьэхэм щыIауэ, зылъыхъуэри имыгъуэтауэ хэкум игъэзэжа нэужьщ – «Гъэл Хъэмыщэ» и хъыбарыр итхыу, щIэблэм къахуигъанэмэ, абы и цIэр зэи зэрымыкIуэдыжынур.*

### Псалъэгъэнахуэ

***Тхъэшхуэ*** – тхьэ нэхъыщIэ уэгурысхэри цIыху лъэпкъри къэзыгъэщIыжа тхьэшхуэ.

***Ин-Анэ*** – Инанна, Гъавэм, Лъагъуныгъэм я тхьэ.

***Уэ-Рурэ*** – Аруру, цIыхухэр ятIэм къыхэзыщIыкIыжа, ЩIым и тхьэ-анэ.

***Ану – Ану,*** Уэ-Рурэ и щхьэгъусэ, Уащхъуэм и тхьэ-адэ.

***Шэмэш*** – Шамаш, тхьэ-дыгъэ.

***Сэмыкъан*** – Сумукан, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 2500 гъэм ТIуащIэм щыпсэуа пщышхуэ.

***Ерэш–Джыгъэл*** – Эрешкигаль, ЩIым и тхьэ-гуащэ.

***Елэл*** – Энлиль, Жьым, жьапщэм, уаем я тхьэ.

***Еэ*** – Эа, Псым и тхьэ.

***Иркъалэ*** – Иркалла, Хьэдрыхэ.

***Пащты Уд*** – Утнапиштим (Зиусудра), Нухь.

***ТIутIэ Быдэ*** – Убар Туту, ЩIыхур къызэригъэщIрэ 8-нэу тета пщы, Нухь и адэ.

***Нанэ*** – Нанна, Мазэм и тхьэ,

***Иныгу*** – Эннуги, хьэпIацIэхэр къэзыгъэщIа тхьэ.

Ажалыпс ФIыцIэ – Черная вода Смерти, хы ФIыцIэр арауэ хуагъэфащэ, дунейпсо псыдзэшхуэм щыгъуэ къиууэ, цIыху куэд зэрихьам щхьэкIэ.

***Шурей Пэкъуэ*** – Шуриппак, ТIуащIэм щыIа пасэрей къалэ.

***Щыблэ*** – Адду, Щыблэмрэ уэлбанэмрэ и тхьэ.

***Шулъэтрэ Хьэнышрэ*** – Шуллат и Ханиш, Дунейкъутэжыгъуэм я тхьэ зэтIолъхуэныкъуэ.

***Ерэгъэл*** – Эрагаль, Псэхэхым и цIэщ.

***НэцIыр*** – Ницир, Нухь и кхъухьыр къыщызэтеувыIа Iуащхьэм и цIэр апхуэдэущ шумер IуэрыIуатэм къызэрыхэнар.

***Сэтэней Гуащэ*** – шумерхэр СидурейкIэ зэджэ, санэху хущхъуэ игъавэу, псоми хищIыкIыу хы ФIыцIэ Iуфэм щыпсэуа тхьэ-уд.

*ЗэзыдзэкIар* **ФЫРЭ-КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ**

ШЭРЫIУЖЬ Аслъэн

# АНЭЛ

*Повесть*



Махуэр гум фIэфIу хуабэу екIуэкIами, дыгъэм къухьэн зэрыщIидзэу, бгыщхьэм илъэс бжыгъэ хъуауэ зэхуихьэс мыл лыджанэм дунейр къигъэщIыIэтыIат.

УдэIэбеймэ, узылъэIэсыну къыпщыхъу уафэр вагъэ пшэрым хуэдэу вындщ, а вагъэм езы тхьэ дыдэм жылапхъэ щыIэпыщэщауэ къыпщагъэхъу къызэхэтIысхьа вагъуэ зэрыбыным. Ауэ мазэр из щыхъум, вагъуэхэм еплъыж щыIэ?! Ди щхьэщыгу итыр дахагъэ псомкIи къета хуэдэт ныжэбэрей жэщым.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс щиплIрэ тIощIрэ тхурэ щрикъум ирихьэлIэу, Къэбэрдей-Балъкъэр университетым и студент гупым Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIыну загъэхьэзырырт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар япэ къэсым и къарум къихьынутэкъым, ауэ апхуэдэу къызыщыхъу щыIэмэ, яхузэфIэкIынум ирагъэплъырт. Сытми, абы дэкIыну къыхахахэр ягъэхьэзырырт, щысхь жыхуэпIэр ямыщIэу.

Зэрыхабзэу, щIалэгъуалэр щызэхэс пщIантIэм дыхьэшх макъыр къыщикъуэлъыкIырт. КъуакIэбгыкIэхэм къыщызыкIухьу емысахэм я Iэпкълъэпкъыр гуэбэн хъуами, зи щIалэгъуэр къакъэ-пщIыпщIу зэхэст.

Гупым къаухъуреихьауэ, гитарэ еуэу щыс щIалэ къамылыфэм и Iэпэхэм къагъэIум езыр зэрыдихьэхыжар нэрылъагъут. Хъыджэбзхэр хэти гупсысэ куум зыкъыIэщIамычыжыфу хэтт, хэти, я нэр къытрамыгъэкIыу, а щIалэр зэпаплъыхьырт. Беслъэн хъыджэбз куэдым ягу ирихь щIалэ лъагъугъуафIэхэм ящыщт. Зи щIэщэгъуэ блэкIауэ къыпщыхъу щхьэц фIыцIэ Iувыр и набдзэ бгъуфIэхэм еIущащэ фIэкIа умыщIэну къытелъти, уIурымыплъыхьыпауэ абы и нитIым ущIэплъэфыртэкъым.

Къапэщылъ махуэр зэрыхьэлъэр къызыгурыIуэ щIалэм зэуэ зыкъищIэжри, гитарэр хуэмей-хуэмейуэрэ зригъэтIылъэкIащ, еуэнкIэ зэрызимыгъэнщIар нэрылъагъуу.

– Хъунщ ар нобэкIэ, – жиIэри, къэзытIысыхьахэр къызэхиплъыхьащ.

– КхъыIэ, Беслъэн, иджыри тIэкIу дызэхэвгъэсыж, – мэлъаIуэ хъыджэбзхэр, зэрызагъафIэр нэхъыбэу.

Беслъэн жиIэнIауэ хунэмысу, псалъэмакъым къыхыхьащ гупым я унафэщI Хьэжмурат. Унафэ щIыным къыхуигъэщIа фIэкIа умыщIэну, абы къыщIидзащ макъ хэIэтыкIакIэ:

– Пщэдджыжь жьыуэ дыкъэтэджын хуейщ. Пщэдей махуэ хьэлъэ къытпэщылъщи, зывгъэпсэхумэ, фыщыгуфIыкIыжынщ. Япэ махуэ-

хэм фысфIэгуэныхь хъууэрэ фхудэсчыхами, адэкIэ зыми дыфщысхынукъым. ЗыхузэфIэмыкIыну къызыщыхъур, и щхьэр къимыгъэпцIэжу, икIуэтыжмэ нэхъыфIщ. Iуащхьэмахуэ удэкIыныр Iуэху джэгукъым. Бгы лъабжьэм тэмэму щыземыкIуэф гъусэ тщIынукъыми, ари фщIэну сыхуейщ. Фи жэщ фIы ухъу! Пщэдджыжь сыхьэтыр хым, къыкIэрыху, хэжае къыхэмыкIыу, фыкъызэхуос.

Хьэжмурат щIалэ псыгъуэ лъагэт. Ар мэкъумэш факультетым и унафэщIым и къуэдзэт, абы къищынэмыщIауэ, бгым щызекIуэным щыхуагъэхьэзыр курсхэр къиухауэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызэрысу, а IэщIагъэм ирилажьэрт. Турист мащIи игъэхьэзырурэ бгым дишат абы! Аспирантурэ нэужьым университетым щригъэджэну къыщыхуагъэлъагъуэм, тегушхуат. IэнатIэм пэрыувагъащIэми, Хьэжмурат ар мыIейуэ къызэрехъулIэм и унафэщIхэм гу лъатати, арат мы студент гупыр дзыхь къыщIыхуащIар. Iуэхур нэхъ тегушхуэгъуафIэ ищIырт гупым и нэхъыбэм бгым къызэрыщыкIухьын хуей хабзэхэм зыгуэр зэрыхащIыкIым, уеблэмэ Iуащхьэмахуэ и щыгу зыбжанэрэ дэкIа гуэрхэри зэрахэтым. Ауэ Хьэжмурат и мыгъуагъэхэм ящыщт ар унафэ щIыным зэрыдихьэхыр. Сыт жиIэми, езыр зэрыунафэщIыр къыхимыгъэщу къигъэнэнутэкъым. Абы упэрыуэкIэ мыхьэнэ зэримыIэр къызыгурыIуа гупым, яфIэмыфIыщэурэ, щхьэж и унэ-пщыIэ цIыкIухэмкIэ яунэтIыжащ.

Беслъэни абыхэм закъыкIэригъэхуну къыщIэкIынтэкъым, малъхъэдисым хуэдэу и гулъытэри, и гупсысэри зыщIэзыша хъыджэбз щхьэц фIыцIэ зэкIужыр иужь къызэринам гу лъимытамэ. Хъыджэбз епсэлъэнкIэ Iэзэу щыта щIалэр мо нэ дахэм гъунэгъу щыхуэхъум, езыми къыгурымыIуэжу и лъэр зэщIэнэри, жиIэнури хузэмыгъэзахуэу джэрэзат. Сытми, зыкъещIэжри, ерагъыу къерегъажьэ и япэ псалъэмакъыр:

– ЛIо, дахэ, сыту ухуэм. Иджыри уфIэпасэу ара угъуэлъыжыну?

Зыпэмыплъа псалъэмакъым зэуэ Iэнкун зэрищIар нэрылъагъуу, хъыджэбзым и нэкIущхьэр зэуэ къызэщIэнащ. Мазэгъуэ нэхумрэ щIалэгъуэ къабзэмрэ ягъэщIэрэщIа жэщым нэхъ гуакIуэж щIэхъукIырт укIытэр къызытекIуа хъыджэбзыр. Сыту дахэ икIи сыту IэфI гухэлъыр къыщытIэпI лъэхъэнэр!..

«Псалъалэу ущымыт, утыку уилъадэу, япэу псэлъэн щIумыдзэ, ауэ къопсалъэIамэ, зиплъэфыхьу мыкIуэмытафэ зытумыгъауэу, шэрыуэу жэуап зэрептыжынум хущIэкъу», – апхуэдэ чэнджэщхэр куэдрэ къезыту щыта и анэшхуэр а дакъикъэм игу къэкIыжри, хъыджэбзыр къэпсэлъащ:

– Пэжым ухуеймэ, семышауи схужыIэнукъым, ауэ пщыхьэщхьэ дахащэри сигу пыкIыркъым. Хэт ищIэрэ дяпэкIэ мыпхуэдэ жэщ щытлъагъунур... Ауэ мыбы дыщыIэху къытхуащI ди унафэщи, ар дгъэзащIэмэ нэхъ ди фейдэ си гугъэщ псоми.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, Iуэхум уи фейдэ къыхэкIыным нэхъ тыбогъащIэ.

– Фейдэм къизгъэкIар къыбгурыIуауэ щытын хуейщ. Арэзы дызытемыхъуэ гуэрхэр щыIэми, псори дызыхуэхъущIэ а ди унафэщIым жиIэр пэжщ.

– Іуащхьэмахуэ кІуэ гъуэгум хуэдэу узахуэщ.

ЩІалэм жиІар япэщІыкІэ къыгурыІуакъым хъыджэбзым, итІанэ, пшыхь нэщхъыфІэр къагъэдаІуэу, тІури къэдыхьэшхащ.

Беслъэн, хъыджэбзым и гур нэхъри фІы хуищІын мурад иІэу, къыпищащ:

– Умыгузавэ, гумрэ псэмрэ яфІэдахэу, иджыри зы жэщ-жэщитІ мыхъуу, гъащІэ псо къыппэщылъщ уэ!

– Уэ тхьэгурымагъуэ узэрыхъурэ куэд щІа? – жи, и бажэнэ цІыкІухэм къыщІэплъурэ.

– Абы щхьэкІэ тхьэгурымагъуэу ущытын хуей? Нобэ сэ сыкъыщыпцІыхуар насыпым и къежьапІэу къэлъыти, адэкІэ къыдэбжи зэфІэкІащ.

– Щхьэщытхъуагъыр мыфІу жаІэ игъащІэми.

– Уи щхьэ хуэпщІ пщІэращ адрейхэми къыпхуащІынур, ар зыщумыгъэгъупщэ.

– Пасэу гъагъэр щІэх мэгъужри, зи щхьэм щытхъужыр щхьэ закъуэу къонэ, жаІэ.

– Хьэцыбанэм и гъэгъэгъуэм куэд къегъапцІэ, банэм дахэр егъэкІуэд.

– Дахэ псом уи насып хэлъкъыми, уи нэр къыщумыгъапхъуэ.



– Дахагъэр нэракъым, гуращ къыщежьэр. Гухэлъыр къабзэмэ, гум щотІыгъуэ.

– ПщІыхь гурыхьхэм закъыумыгъэгъапцІэ, Беслъэн.

– Хэт хэт къигъапцІэми къыпхуэщІэнукъым. Си цІэр зэбгъащІэу, ууейр иджыри къэс зэрубзыщІыр пфІэзахуэ? Сэ сыкъапщтэмэ, ар емыкІу дыдэу къысщохъу.

– Хьы, дыпсалъэ пэтрэ емыкІу къыстебгъэхуауэ къыщІокІ. КъэдаІуи, узыхуейр къыхэх. Ди нанэрэ мамэрэ ТІасэкІэ къызоджэ, ди папэ закъуэщ си цІэ дыдэмкІэ къызэджэр. ПаспорткІэ сы-Ларисэщ, си ныбжьэгъухэм Ларэ жаІэри зэфІагъэкІ.

– Ларэ, Ларисэ... Сыту цІэ дахащэ, – жиІэу, зыгуэрхэр къыпищэну Беслъэн иришэжьа щхьэкІэ, и гупсысэхэм ялъэхъэжри, Іэнкуну утыкум къинат.

– Зэи зэхэпхагъэнтэкъым, пэжкъэ? – пыгуфІыкІыу, щІалэм и нэм щІоплъэ ар Іэнкун зэрыхъуам гу лъызыта хъыджэбзыр.

Беслъэн абы къыпидзыжынІауэ хунэмыс щІыкІэ Ларисэ къыпещэ:

– Дыпсалъэурэ, ди пщыІэми сыкъэбгъэсыжащи, упсэу! Уи жэщ фІы ухъу.

Ар жеІэри, Ларисэ я унэ цІыкІум зыщІедзэж. Беслъэн и закъуэу къэнащи, хъыджэбзыр зыщІыхьэжа бжэм и нэр тенауэ щытщ.

БжэщхьэІум зэребакъуэу, Ларисэ и нэкІу къэплъар ІитІкІэ иубыдыжащи щытщ, бауэкІэщІ хъуауэ. И гур къызэреуэм пэшым къыдыщІэс хъыджэбзыр къигъэушынкІэ шынэу, зэм абы и дежкІэ маплъэ, зэми и гупсысэхэм яхохьэж. КъызэрыщІэкІамкІэ, Маринэ жейтэкъым.

– Мыр сыт, Ларэ, дымыщІэу Іуащхьэмахуэ удэкІыу укъехыжа, хьэмэрэ?.. – къехъурджэуащ ар хъыджэбзым.

– ПщIэрэ, Беслъэн... Беслъэн... – зыгуэрхэр жиIэну хэт щхьэкIэ, хузэкIэлъыгъакIуэртэкъым. – Сытми, унэм нэс сыкъигъэкIуэтэжащ. Насып диIэти, дыгъунэгъут, армыхъумэ сщIэртэкъым адэкIэ сызэрыхъунур.

– УгъэщIэгъуэнщ тхьэ уэ, сыт-тIэ укъишэжамэ, пщыхьэщхьэ къэс зыгуэр ишэж хъунщ абы. Хамэ къэралыбзэхэр щрагъэдж факультетым щыщ хъыджэбзхэр и ужьым ищIауэ, нобэрей махуэм ар зэрыдэтар плъэгъуакъэ?

– Ар нобэ къызэрызэплъа нэр плъэгъуамэ, апхуэдэу жыпIэнтэкъым.

– КхъыIэ, хъунщ иджы... Дэнэу пIэрэ а уэ къызэроплъа нэр абы къыздрихар? ЖыпIэнщ а уэ къызэроплъар нэгъуэщIыпIэ щригъэщIауэ. Уэ плъэгъуа Беслъэн и нэхэр нобэ ихъуэжу, зыр иригъэтIысхьэрэ адрейр къригъэпкIыу? – мэдыхьэшх Маринэ. – Куэд жумыIэу, гъуэлъи жей, пщэдджыжь жьыуэ дыкъэтэджын хуейщ.

Беслъэн щIыхьэжу гъуэлъыжа щхьэкIэ, и нэбдзыпэ зэтемыхьэу, зыкъомрэ хэлъащ. ИужькIэ, пэшым къыдыщIэс щIалэр къимыгъэушу къыщIэкIри, псэхупIэ къезымыт и гупсысэхэр зэригъэзахуэу дэтащ нэхущ хъуху.

Абы и пэкIэ зэи къалэмыр къэзымыщта Беслъэн а жэщым уэрэд иусын щIидзат. КъызэрыщIидзари мыращ:

*ЖаIэ пэтми лъагъуныгъэр*
*Зэ Iуплъэгъуэм къыдэушу,*
*ЗыхэзмыщIэу сэ а фIыгъуэр,*
*Дунеишхуэм сыщызэшт...*



ЕтIуанэ махуэми, абы къыкIэлъыкIуэхэми гупым загъэхьэзыращ. Дапхуэдизу емышами, зи щIалэгъуэ жыхуаIэрати, пщыхьэщхьэм зэхэтIысхьэжырти, зэдэгушыIэу, къафэу, уэрэд кърашу, зэхэст. Беслъэнрэ Ларисэрэ, нэрылъагъуу, гукIи псэкIи нэхъ зэпэгъунэгъу хъуат. Иджы абы я гурылъхэр зэхуаIуатэрт.

Ларисэ и адэ ЛIымахуэ Болэт колхоз къулыкъущIэт, парт организацэм и секретарт, я къуажэм къищынэмыщIауэ, щIыпIэ куэдым къыщацIыхурт. ПщIэ зыхуащI, зи псалъэм тебгъуэтэж лIы зэпIэзэрытт ар.  Болэт и бынхэм яхуэткIийт жыпIэмэ, ущыуэнутэкъым. Ауэ яхуэткIий щхьэкIэ, къызэрымыкIуэу фIыуэ илъагъурти, ахэр зыхуей зэрыхуигъэзэным, я гъащIэ, я насып зэрызэтриухуэным егупсыс зэпытт.

Абы елъытауэ, быным я анэ Нинэ цIыху щабэт. ЕгъэджакIуэти, сыт хуэдэ лэжьыгъэ школым щекIуэкIми, ар чэнджэщэгъуу яIэт, и Iуэху еплъыкIэр нэхъ тэмэму ябжырти. Ларисэ унагъуэм я бын пажэт,  нэхъ гуvауэ зы щIали ягъуэтыжауэ, зэгурыIуэ-зэдэIуэжу псэухэрт. Дэтхэнэ зы анэфIми хуэдэу, Нинэ и пхъум псэкIэ пэгъунэгъут, хуэгумащIэт, гулъытэу хуищIыр фIэмащIэт, ауэ быныр бгъафIэу зыфIэмыфI и щхьэгъусэм фIэлIыкIырти, иригъэлеищэртэкъым.

Адэ-анэм къищынэмыщIауэ, сабийхэм нэхъ Iыхьэлейуэ фIыуэ ялъагъуу икIи къэзылъагъужу яIэр я адэшхуэ-анэшхуэрат. И анэшхуэ Дахэзилэ зыпищI щыIэтэкъым Ларисэ. И цIэм хуэфэщэн дуней тетыкIэ екIу зиIэ анэшхуэм и къуэрылъхур фIыщэу илъагъурти, адыгэ хъыджэбз нэсым бгъэдэлъыпхъэ щыпкъагъэм, зыIыгъыкIэм хуиущийрт. «БжызоIэ, сипхъу, зэхэщIыкI, си нысэ», жыхуиIэм хуэдэу, щапхъэ гуэрхэр къихьурэ екIумрэ емыкIумрэ къыгуригъаIуэрт. И акъыл, и зэфIэкI щыгугъыжу, дунейм тэмэму зэрытетын хуейм хуиущийрт.

Адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ лъым и къарур ящIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ, Ларисэ къызыхэкIар лъэпкъ къабзэт. ЛIакъуэ дапщэкIэ зэмыIэбэкIыжми, цIыху псэ къабзэ лэжьакIуэшхуэхэт зи гугъу ящIыр.

Беслъэн-щэ? Абы и адэ Хьэжсет Хэку зауэшхуэм хэтат. ЦIыху гъэщIэгъуэнт, гушыIэшхуэ хэлъти, сыт хуэдэ Iуэхуми нэжэгужагъэ зэрыхилъхьэн псалъэ къигъуэтыфырт. Къуажэдэсхэм фIыуэ къалъагъурт. Хуабжьу IэпщIэлъапщIэт: хьэкущIэт, пхъащIэт, гъущIхэкI еIусэн хуей хъуми, хуэIэижьт. КIэщIу жыпIэмэ, зэIусэм псэ хелъхьэ зыхужаIэм хуэдэт. Абы и щхьэгъусэ Нафилэ цIыху Iэсэт. И щхьэгъусэм жиIэм щыхьэт зэрытехъуэр къызэригъэлъагъуэ псалъэ зыбжанэм къищынэмыщIа нэгъуэщI зэхамыхауэ тхьэ щаIуэжырт ар зыцIыхухэм. Абы щхьэкIэ и нысэгъу Жанпагуэ куэдрэ къехъурджауэрт, мыхэр жиIэу: «Моуэ-щэ, губампIэдэхыу, псэлъэгъу тхуэхъун зы нысэгъу диIами аратэкъэ».



Хьэжсетрэ Нафилэрэ, зауэм щIидзэн и пэ зэрышами, бын ямыгъуэт щIыкIэ Хьэжсет зауэм дашат. Къигъэзэжа иужькIэ зэманышхуэ дэкIыжами, бын ямыIэу гъэхэр кIуэрт.

«Унагъуэ тэмэм зиIэм уехъуапсэу ущымысу, мы фыз мылъхуэм кIэрыкIи, нэгъуэщI зыгуэр гъусэ щIы», – жаIэу ныбжьэгъухэми, лъэпкъым щыщ нэхъыжьхэми къыщыжраIэ щыIэт Хьэжсет, ауэ абы ахэр зэхимыx хуэдэт. Уеблэмэ езы Нафилэ дыди зэ къыжриIэпат. «А, Сет, (арат ар и щхьэгъусэм зэреджэр), уэ уцIыхухъущ, уи къуэпс дунейм къытенэн хуейщ, сэри, Нэху мыгъуэр мыпсэужми, (и дэлъху зауэм хэкIуэдарат жыхуиIэр), и бынхэр, уэри бощIэ, фIы дыдэу къысхущытщи, уэрамым сыкъыданэнкъым. СыкIуэжынщи, си лъэпкъ сахэтIысхьэжынщ», – жиIэ щхьэкIэ, Хьэжсет ар игъэпсэлъэххэртэкъым: «АфIэкIа зэхызумыгъэх ар, Алыхьым къыуимытар къыпхутехынукъым, дэри зыгуэр дыхъунщ», – жиIэрти.

ЗэщхьэгъуситIым я ныбжьыр щыхэкIуатэм, бын ягъуэтыну щыщымыгугъыжым, тегушхуэхэри, сабий зеиншэхэр щапI унэм щылажьэ я благъэ цIыхубзым елъэIуат: «Ди Iуэху зытетыр бощIэ, моуэ зы щIалэ цIыкIу диIамэ, жьы дыдэ дымыхъу щIыкIэ, зыхуей хуэдгъэныкъуэнтэкъым», – жаIэри... Хьэжсет и къуэш нэхъыжь Хьэжбий хуэгушхуэу, я мурадыр ираIуэтылIат зэщхьэгъусэхэм. Илъэс куэд щIауэ сабий щIэхъуэпс и къуэшым и гум емыуэн щхьэкIэ, абы зэрыхъукIэ нэхъ щабэу къаригъэщIат а Iуэхур зэрыфIэмыкъабылыр, псалъэмакъыр абдеж къыщызэтеувыIэу, зэщхьэгъусэхэр хущIегъуэжынкIэ гугъэу. Ауэ щIалэ цIыкIу къыхахауэ, и дэфтэрхэр зэрызэрагъэпэщыр къыщищIэм, хуэмышэчу, и къуэшым и жагъуэ хъун гуэрхэри къыжьэдэкIат:

– ЩIэблэр хъарзынэщ, Хьэжсет, сэ уи Iуэху зытетыр фIы дыдэу къызгуроIуэ, ауэ лъыр... – аращ Iуэхушхуэр. А зи гугъу пщIы цIыкIум лъы къабзэ щIэту тхьэм къыщIигъэкI. Мы Iуэхур нэхъ пасэу къепхьэжьамэ, зи адэ-анэ зауэм хэкIуэда гуэр къэпщтэнт, иджыпсту щыIэхэм я къекIуэкIыкIар дауэ къыпхуэщIэн?

Абы пидзыжын гуэри асыхьэтым хузэмыгъэпэщами, и къуэш нэхъыжьым къриIуэкIар Хьэжсет и гум емыпхъуэу къэнатэкъым.

Хьэжбий щIалищрэ зы хъыджэбзрэ иIэти, абы я зыхэзыр Хьэжсет къыдихьэхыну мурад гуэрхэри иIат, ауэ дэтхэнэр къишэми, я щIэщыгъуэ зэрикIыу, я унагъуэмкIэ еIэжу зэрыхъум Iэджэм иригъэгупсысри, икIуэтыжат. Лъым и къарум щымыгъуазэу щыттэкъым Хьэжсет, ауэ ди нэIэ тетмэ, дэ тщIэр илъагъумэ, щхьэпримыхыу тхуэгъэсэнщ, жиIэут зэрегупсысыр.

И щхьэр течауэ, зыхуей дыдэр хужемыIами, Хьэжбий и унагъуэм щытепсэлъыхьат а Iуэхум.

– Щымыхъужми, хъыджэбз къахьамэ нэхъыфIт. Хъыджэбзыр хамэ унэщи, унагъуэ ихьэмэ, здашам я унэцIэр къиштэнти зэфIэкIынт, щIалэм и Iуэхур Iуэхушхуэщ. Абы уи унэцIэри ептын хуейщ, ауэ унэцIэр епткIэ, уи лъыр пхуетыну?.. Аращи, мыхъумыщIэ гуэрхэр иужькIэ щIэблэм къахэкIмэ, тхьэр бгъэпцIащ уэ ар къыздикIар зэхыумыхыжмэ.

Псом жаIэри зыщхьэдагъэIухри, щIэблэ щIэхъуэпс лIымрэ фызымрэ Беслъэн цIыкIу къахьат, апхуэдэ щIыкIэкIи ар Бжьэмыдокъуэ Хьэжсет и унагъуэм щыщ хъуат. Зыхуей хуамыгъэныкъуэу, ягъэгушхуэу япIми, ар щымыкIауэ, гъэсауэ къызэригъэтэджыным Хьэжсет хущIэкъуртт. Лэжьыгъэм къыхуигъэтэджырт, езым бгъурыту игъэлажьэурэ Iуэхум дригъэхьэхырт. Сабийм хузэфIэмыкIын хуэдиз къалэн и пщэ дилъхьэу къызыщыхъу Нафилэ къыщыхэпсэлъыхь къэхъумэ, мырат жриIэр:

– Япкъ къикIауэ бын зыпIхэм нэхърэ нэхъ къалэнышхуэ ди пщэ дэлъщ уэрэ сэрэ. Арыншами, Iэджи къытхузэкIэщIоплъ дэ. Лэжьыгъэм къыхуэзгъэтэдж щхьэкIэ, сэри сыщогугъ мыр, Iэпщэрылажьэу къэмынэу, еджэну, щIэныгъэ зригъэгъуэтыну. Ауэ гъащIэм къыпхуимурадыр щумыщIэкIэ, сытми ухуэхьэзыру ущытмэ нэхъыфIкъэ?!

– Тхьэ, Сет, угузавэ щхьэкIэ, а ди Бышэ цIыкIу лъы фIей щIэту си фIэщ зыщIын мы дунейм темыт. Сабий къабзэщ! Плъагъуркъэ, нурыр къыщхьэщихыу, абы и дахагъэр? А тхьэмыщкIэ мыгъуэ, сыту насыпыншэт а сабий дыгъэр къэзыгъанэу ежьэжар, абы и гуэныхьым игъэкIуэну мыгъуэ ар? Алыхьым сэ сызэрыхуелъэIур къыхузэпищи, дэркIэ псапэу къихьамкIэ и гуэныхьыр щхьэщих! – Бзылъхугъэм и къуэм теухуауэ къригъэжьэ псалъэмакъ псори а псалъэхэмкIэ иухыжырт.

Зэманыр хуэмурэ кIуэрт. Беслъэн школыр къиухыу еджапIэ щIэтIысхьа нэужь, зэщхьэгъуситIым ар ягъэтIысри, бзыщI хэмылъу, хуаIуэтэжащ и Iуэху зытетыр. Дауи, зы махуэкъым-махуитIкъым зэщхьэгъусэхэр абы зэрегупсысар. Нафилэ и гур Iэджэуи хэщIырт, ауэ уэрамым къыщыжраIэ нэхърэ, езы тIум хуаIуэтэжмэ нэхъ тэмэму къалъытат.

– Иджы, Beслъэн, Iуэхум и пэжыпIэр къэпщIащи, адэкIэ пщIэнумкIэ ухуитыжщ. Укъэзылъхуахэр къэбгъуэтыжыну ухуеймэ, дыппэрыуэнукъым. ТхуэзэфIэкIыр пхуэтщIащ, дэркIэ нэхъыщхьэр уэ укъытхуэарэзынырщ. Ди щхьэкIэ, лIыри фызри дыпхуэарэзыщ, иджыри къэс дыкъэбгъэукIытакъым, ди щхьэр едбгъэхьэхакъым... Ар адэанэм дежкIэ насыпышхуэщ!

– Си дежкIэ адэ-анэр фэращ. Сыкъэвмылъхуами, сыфпIащ, зыхуей сыхуэвгъэзащ. Сыкъэзылъхуар къысхуеямэ, сыхыфIидзэнтэкъым. Абыхэм сэ иджы сакIэлъыджэжкIэ мыхьэнэ иIэкъым, – жиIэри, Беслъэн кIэщIу пиупщIат.

Дауи, зэщхьэгъуситIым ар я гуапэ мыхъуу къэнакъым. Ауэ Беслъэн зэман-зэманкIэрэ и Iуэхум ирибампIэрт. Абы зэм и адэ-анэр илъагъуну, зэ нэхъ мыхъуми яIуплъэну щIэхъуэпсырт, зэми яхузэгуэпыжырти, зызэтриубыдэжырт.

* * *

Iуащхьэмахуэ и щыгу зэрыдэкIам иригушхуэжрэ, щхьэж къыщыщIа гуэрхэмкIэ ауан защIыжу, гупыр щызэхуэсыжат щежьа пщIантIэм. ЖыпIэнуракъэ, ахэр Iуащхьэмахуэ дэмыкI щIыкIэ зэрыщытамрэ иджы зэрыщытымрэ зыкIи зэщхьыжтэкъым: куэдкIэ нэхъ гъунэгъу зэрызэхуэхъуам къищынэмыщIауэ, нэхъ балигъыфи къатеуат. Пэжу, цIыхур псэзэпылъхьэпIэ щихуэкIэ, и гупсысэм зехъуэж, гъащIэм нэхъ пщIэ хуищI, псэуныгъэ Iуэхухэм и гур нэхъ ета мэхъу.

Хэти унэм зэрыкIуэжынум иригуфIэрт, хэти зэрызэбгрыкIыжынур къытехьэлъэрт. Псом хуэмыдэжу ар къатехьэлъэрт гурыщIэ къабзэм зэпищIа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, апхуэдэр гупым щымащIэтэкъым. Бзылъхугъэу щыIэр зэфэгъуу къэзылъытэу щыта Хьэжмурат Ларисэ и ныбжьэгъу Маринэ апхуэдизкIэ итхьэкъуати, абы жиIэмрэ ищIэмрэ нэхъ дахэ дунейм тумыгъуэтэну къыщыхъурт.

– Шхэгъуэр зэрызэфIэкIыу, фи хьэпшыпхэр къафщти, пщIантIэкум деж фыкъыщызэхуэс. Дызышэжыну автобусри апщIондэху къэсыну къыщIэкIынщ, – жиIэу, Хьэжмурат къащыхэувэм, ар куэдым ягу ирихьатэкъым.

– Дышха нэужь, моуэ тIэкIу зыдгъэпсэхужрэ, итIанэ дежьэжамэ нэхъыфIтэкъэ, тшхар тIэкIу тIысынт, – жиIэри, гупым къахэпсэлъыкIащ шхэн тIэкIур сытым дежи зи мыжагъуэ щIалэтанэшхуэр.

– Уезыгъэшын хуэдиз ерыскъы умышхи, зыбгъэпсэхужынуи ухуеинукъым, Аскэр, – жиIэри, гупыр зэщIигъэдыхьэшхащ Хьэжмурат. –Къытпэщылъ гъуэгуанэм си Iуэхущ тшхар имыгъэтIысмэ. Лей куэд къевмыгъэкIуэкIыу, жаIэр вгъэзащIэ. – ИужькIэ Ларисэрэ Маринэрэ зыпэрыс Iэнэм гъунэгъу зыхуищIри яжриIащ:

– Фэ ипэ ит тIысыпIэхэр фыфейуэ щытынущи, къызжиIакъым жывмыIэж, нэгъуэщIыпIэ деж фымытIыс, дызэбгъэдэсу дыкIуэжынщ.

– Дызэбгъэдэсыну ухуеймэ, такси къащти зэфIэкIакъэ, хьарзынэу плIыри дихуэнущ, – жи Маринэ, зигъэпагэу.

– Уэлэхьи, Маринэ, уи фIэщ щIы, фэр щхьэкIэ сэ такси къысхуэгъуэтынтэмэ, ауэ мыпхуэдиз цIыхур си пщэ дэлъщи, иджыпсту сахэкI хъуркъым.

– Ерэхъу, еджэн щIэддзэжмэ, зэ кином дыбошэжри, зэфIэкIащ, – жеIэ Маринэ, къызыфIимыгъэIуэхуу.

Унафэ щIыныр сытым дежи зыфIэфI Хьэжмурат Маринэ щепсалъэкIэ къыпхуэцIыхужынутэкъым. Мо лъагэу къепсэлъэхыу еса щIалэ кIыхьышхуэр нэгъуэщI зыгуэр хъурт, уеблэмэ, лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, егъэджакIуэр Маринэу, мыдрейр абы и гъэсэн гуэру къыпщыхъункIэ хъунут.

Ауэ а Iуэхум фIыуэ зы хэлът. Маринэ апхуэдэу Хьэжмурат щепсалъэр езы тIум щазакъуэм дежт е Ларисэрэ Беслъэнрэ щагъусэкIэт. ЦIыхум щахэткIэ, а тIум я кум гурыщхъуэ гуэри пхудэмыщIыкIыжыну зэхущытт.

Къалэм къызэрыкIуэжрэ Беслъэнрэ Ларисэрэ, Iэмал зэрагъуэту, паркышхуэм кIуэрт, хэубыдыкIауэ зы къуэгъэнапIэ яIэти, абдеж щызэдэуэршэрырт. Ноби, апхуэдэу щхьэхуэ защIауэ, зызэщамыгъэнщIу зэбгъэдэст ахэр.

– Ларисэ, мы тхьэмахуэм и кIэм дыдейхэм яжызоIэри, лъыхъу ныпхузогъакIуэ.

– Хьэуэ, хьэуэ, Беслъэн! Дапщэрэ бжесIа, ар зэкIэ мыхъуну Iуэхущ. Япэрауэ, дэ тIуми еджапIэр къэдухын хуейщ, етIуанэрауэ, си адэ-анэр а Iуэхум зыгуэрурэ хуэзгъэхьэзырмэ нэхъыфIщ, ещанэрауэ...

– Япэ, етIуанэ, ещанэ жыпIэурэ, ди Iуэхур къуэгъэнапIэ къуэбдзэжынурэ, гъащIэм и IэфIыгъуэр дызэпэIэщIэу дыбгъэхьынущ. Ларисэ, си дахэ, гъащIэр гъэщIэгъуэн зыщIыжыр абы къыщытпэщылъ Iуэхухэр дэ езым дэлъытауэ зэрыщытырщ, ди IэмыщIэ зэрилъыжырщ. ГъащIэм къытхуихьа насыпыр нэсу зыхэтщIэу дыгъэпсэу, пщэдей махуэм къытпигъаплъэр зыми ищIэркъым.

– Беслъэн, а жыпIэри къыбдызощтэ, ауэ сэ си адэ-анэм ар занщIэу яжесIэфынукъым. Си анэ шыпхъу Натусэ зыгуэрурэ зыкъезгъэщIэнщи, абы хуэмурэ ягуригъэIуэнщ.

– Уэ уарэзыуэ сщIэ закъуэмэ, ахэр занщIэу къызэрытезгъэхьэн Iэмал сощIэ сэ.

– Сепхьэжьэнуи? – къэуIэбжьауэ, щIоупщIэ хъыджэбзыр. – Алыхьым ар жимыIэкIэ. Япэрауэ, абы нэхърэ нэхъ си жагъуэ щыIэкъым, етIуанэрауэ, ди еджэныр зыгуэрым хуэмыкIуауэ, сэ апхуэдэ Iуэху сыхыхьэнукъым.

– Си дахэ, уэ ухуэмейуэ уесхьэжьэныр къэгъэнауэ, уфIэмыфIу, сытепсэлъыхьыххэну сыхуейкъым мы Iуэхум. Мы зы илъэсыр нызогъэсыж, уэри абы и ужькIэ зы илъэс къыпхуэнэжыну аращи, итIанэ... ИтIанэ уарэзы?

– Беслъэн, мызэкIэ пыухыкIауэ жэуап гуэри уэстыфынукъым. Нэхъыжьыншэу ди Iуэхур зэфIэкIынукъыми, Натусэ жетIэмэ, папэрэ мамэрэ тIэкIу хуигъэхьэзырынщ, езыми чэнджэщ гуэр къыдитынщ.

* * *

– Уэлэхьи, хъарзынэмэ, гъащIэр апхуэдэущ зэрызэхэлъыр. Хъыджэбзыр балигъыпIэ иувамэ, унагъуэ ихьэн хуейщ, нэхъыщхьэр зэхуэзахэр зэхуэфащэу щытынырщ. ЦIыхур къызыхэкIа лъэпкъырщ, лъы щIэтым и къабзагъырщ псом я щхьэр. КъащIэхъуэну щIэблэм и дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Хэтхэ ящыщщ жыпIа ди хъыджэбз гъэфIэным къыхихар? – щIэупщIащ Болэт, Iуэхур зытетыр къыбгъэдэзылъхьа и щхьэгъусэм зыхуигъазэри.

Сыт хуэдэ Iуэхуми ткIийуэ бгъэдыхьэ зи хабзэ Болэт, зэи хуэмыдэжу, щэхут, Iэдэбт, уеблэмэ хуэхьэзыр хуэдэт а псалъэмакъым.

– Тхьэ, хэтхэ ящыщми сэри сымыцIыхущэ. Натусэ зэрыжиIамкIэ, Къазийхьэблэ къуажэм щыщщ, Бжьэмыдокъуэ Хьэжсет жыхуаIэм и къуэщ.

– Къазийхьэблэ жыпIа? Уэлэхьи, си цIыхугъэ Iэджэ дэсмэ а къуажэм. Псом япэрауэ, къызыхэкIа лъэпкъыр зищIысым, я IуэхущIафэм щIэупщIэн хуейщ...

Пщыхьэщхьэм къыдыхьэжа щхьэгъусэм зэрыIуплъэу, Нинэ къыгурыIуат ар зыгуэрым къызэригъэгубжьар, ауэ и гущхьи къэкIыххэртэкъым нышэдибэ зытепсэлъыхьам ар апхуэдэу щIэхыу и ужь ихьэну, икIи апхуэдизу гурымыхь щыхъун хъыбар а Iуэхум къыхэкIыну.

Пэжщ, адыгэ цIыхухъухэм я хабзэщ япхъу унагъуэ ихьэну хъыбар щызэхахкIэ, ахэр сыт хуэдэ ныбжьым имытми, я дэкIуэгъуэ къэмыса хуэдэ захъунщIэу. Арат хъыджэбзым къызэрылъыхъуар Нинэ щхьэгъусэм щриIуэтылIэм, ар псалъэмакъыншэу зэрыщIэкIар щIигъэщIэгъуар. Иджы къэхъужари уэ къащIэ... Болэт щIэх-щIэхыурэ и щхьэм епхъуэрт, и дзэхэр зэтрикъузэрт, итIани, зызэтриубыдэжырти, щэхуу и щхьэ хуэпсэлъэжырт. ЖиIэри а зырат: «Е гъуэгу мыгъуэм емыжьэн, цIыху мин бжыгъэ щеджэ еджапIэм а зинэкIэ къалъхуам фIэкIа щимыгъуэтауэ ара иджыри къэс IукIэ спIа мы хъыджэбзыжь цIыкIум?!»

Губжьыр тIэкIу теужауэ къыщыщыхъум, Нинэ, хуэсакъыпэурэ, Болэт епсэлъылIэну и ужь ихьа щхьэкIэ, къикIа щыIэкъым.

– ЦIыхур къэзылъхуамрэ къызыхэкIамрэ и натIэм тетхауэ теткъым, хъыджэбзым сыт и лажьэ, абы сыткIэ ищIэнт ар къэзылъхуа дыдэри?! ИкIэм-икIэжым, къэзылъхуам зэрамыпIыжам зыкIи я къуаншагъэ хэлъкъым езы щIалэми ар къэзыхьу зыпIа лIыжь-фызыжьми...

– Уэ щхьэ къыбгурымыIуэрэ сэ щIалэми, ар зыпIыжа лIыжь-фызыжьми зыри зэрадэзмыгъуэр? Сэ зи гугъу сщIыр лъыращ. Си пхъурылъхухэм ящIэтыну лъым уегупсыса уэ? Уи фIэщ зэрыхъун, уеплъкIэ умылъагъу а лъым нэхърэ нэхъ къару зиIэрэ нэхъ пхуэмыгъэпщкIунрэ цIыхум и Iэпкълъэпкъым зэрыхэмылъыр. ЦIыхур къэгъэнауэ, уеблэмэ губгъуэжьым иту ягъэхъу шыхэми адыгэхэм къыхагъэхьэу щытакъым ямыцIыху, зи къекIуэкIыкIар ямыщIэ, зи лъыр мыкъабзэ хакIуэ. Мо ди колхоз фермэ плъагъум зы шкIэ теткъым къэзылъхуар дымыщIэу. Сипхъури схухэутIыпщхьэнукъым. ИужькIэ тIуми фIыщIэ

къытхуищIыжынщ. Дапхуэдэу ухуейми жеIэ уи пхъум, ауэ, «Бжьэмыдокъуэ», «Дамыжьыкъуэ» жыпIэрэ, абы и гугъу фщIыуэ афIэкIа зэхэзвмыгъэх. Мы псалъэмакъым сэ етIуанэу къытезгъэзэжынукъым!

Щхьэгъусэм жиIам зэрытемыкIынур Нинэ фIыуэ ищIэрт, ауэ, Iуэхуракъэ, и насыпыр зэрызэпаудыр Ларисэ жриIэн хуейт. А анэм и гум щыжьар зэхэзыщIыкIынур анэхэм я закъуэщ. И пхъур игъэтIысу, Беслъэн и гугъу хуищIыну къыщригъэжьаращ абыхэм я гухэлъым и куэагъыр Нинэ къыщыгурыIуар. Хъыджэбзым и нэхэр къэлыдауэ, и мурадхэмкIэ анэм дэгуашэрт. А дакъикъэм Нинэ хьэкъыу пхыкIащ и хьэлкIэ и адэм ещхь пхъур и мурадым къытешыгъуафIэ зэрымыхъунур. ИкIи бзаджагъэ хуекIуэну мурад ищIащ. ФIыуэ илъагъу и щхьэгъусэм и узыншагъэ зытешыныхьри ихъумэу, зи насып къэкIуэгъуэ ипхъуми и гур иримыуду, Iуэхур зэблигъэкIыну и ужь ихьащ.

Нэху щыху нэрэ напIэрэ зэтезымылъхьа Нинэ хэкIыпIэ Iэджэми егупсысащ, икIи и шыпхъум ечэнджэщмэ нэхъыфIу къилъытэри, нэху зэрыщу, Натусэ деж Налшык кIуащ. И шыпхъур лэжьапIэ щыIэти, къэкIуэжыху емыжьэу, ар здэщыIэм кIуэри, и «гузэвэгъуэр» ириIуэтылIащ. Арати, зэшыпхъуитIым Iуэхум хэкIыпIэ хуэхъунур зэгъусэу къалъыхъуэн щIадзэ.

Натусэ, игу къэбгъэкI закъуэмэ, сыт хуэдэ Iуэхури и кIэм нимыгъэсауэ етIысэхынутэкъым. Иджыри арат. ЗэшыпхъуитIым я акъыл зытехуэри, мурад ящIащ, псалъэмакъ къамыIэту, езыхэр зэрыхуейм хуэдэу Iуэхур ирагъэкIуэкIыну. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъу къащIыну траухуащ Натусэ и щхьэгъусэ Борис. ЗэмыщхьитI зэрихьэлIэжыркъым, жыхуаIэм хуэдэу, Бориси цIыху жыджэрт. Пщэрылъ къыхуащIам кърикIуэнкIэ хъунум егупсысыным и пIэкIэ Iуэхур зэфIигъэкIырти, итIанэт щегупсысыжыр. А и хьэлым и зэран Iэджэрэ къекIыжа пэтми, хузыхэнэртэкъым. Хьэлыр цIыхум къыдалъхур пэжу къыщIэкIынщ. Ар ауан ящIу, мыпхуэдэу жаIэж: «Еуэри, Борис школым щIэсу, я егъэджакIуэхэм ящыщ зы зыгуэркIэ къелъэIуну, «Борис, кIуэи, мо...» – жиIэу къыщригъажьэм, модрейр щIэпхъуакIэт, жи». Бэлыхьу щымытми, Борис къулыкъу хьарзынэ иIыгът. Алыхьым ещIэ, ари и хьэлым и фIыщIэу арагъэнт. ЗэрыжаIэщи, хыхьэхэкI иIэт, къищынэмыщIауэ, зэфIэкI зиIэ цIыху куэд ицIыхурт, имыцIыхухэри псэлъэгъу къищIыфырт. Псом хуэмыдэу, къулыкъу тIэкIу зыIыгъхэмрэ мылъку зыбгъэдэлъхэмрэ фIыуэ илъагъурти, езыри къалъагъуху къакIэрыкIынутэкъым. Апхуэдэхэм ар щатепсэлъыхькIэ, нэпсейуэ, ухуейрамэ, псэжьу зэрыщытыр щIимыхъумэу, дахэу къригъэкIуэкIырти, емыкIу гуэри хуэпщIыну уигу къэкIыртэкъым. Уеблэмэ, абыхэм ятеухуауэ дзапэ уэрэд цIыкIу зэхилъхьауэ иIэти, и дзэщхьэлым ифиикIыжу, ар куэдрэ жиIэу урихьэлIэрт.

Сытми, зэшыпхъуитIым я «фIыгъэкIэ» Борис военкомым йолъэIури, Беслъэн еджапIэр къызэриухыу армэм дапхъуэтыну гуроIуэ. Абы зыри хэзымыщIыкI зэпсэгъуитIым я мурадыр я щхьэм фIэкIырт. Беслъэн триубыдагъэххэт еджапIэр къызэриухыу хъыджэбзым я деж лъыхъу зэригъэкIуэнум. Лариси, зихъунщIэми, Iуэхум иригузавэрти, арэзы хъуат.

Бeслъэн и адэ-анэм, щIалэм и мурадхэр къащIа хуэдэ, лэжьапIэ тIэкIуи къыхуагъуэтат. Хьэжсет мылъкушхуэ къуэмылъми, къулыкъущIэхэм ябгъэдыхьэрэ и Iуэху дигъэкIыжу еса адыгэлIт. ЩIалэм и еджапIэр къызэриухыу колхозым IэнатIэ гуэр къыщ-ратыну председателым зыхуигъазэри елъэIуати, адрейми «хьэуэ» къыхигъэкIатэкъым.

– IэнатIэшхуэ тхуемытми, Iуэхуншэ тщIынкъым. Уэ ар зыщIупIыкIам псори дыщыгъуазэщ, уэ бгъэса Iей хъун хуейкъым. А псом и щIыIужкIэ, дэ инженер сыт щыгъуи дыхуейщ, ауэ езым зыкъы-зэригъэлъагъуэм куэд зэрелъытар уэри бощIэ, – къыжриIэри, Хьэжсет къигъэгугъат.

И къуэм Хьэжсет зыщ чэнджэщу иритар. Моуэ зы тхьэмахуэ нэхъ мыхъуми лэжьауэ, утыку ихьэну къыхуриджэрт. «ЩIалэр дэнэ щыла-жьэрэ, сыт и IэщIагъэ?» – жаIэрэ къеупщIмэ, абы иритыжын жэуап имыгъуэтыныр пудыныгъэу къилъытэрт.

ЗэщхьэгъуситIыр хъыджэбзым и унагъуэм щIэупщIа нэужь къэ-гузэват. Дауэ мыгузэвэнрэт, абы и адэ ЛIымахуэ Болэт парт дакъэжь жыхуаIэхэм ящыщти, и хъыбар зымыщIэ къуажэм дэстэкъым.

Беслъэн абыхэм жаIамкIэ арэзы хъури, и пIалъэр къэсу, и на-сыпыр щыувыну зэманым ежьэрт. А зэманым къыдэкIуэну зыщы-гугъ фIыгъуэхэм егупсысу, абыкIэ и гур игъэфIрэ и щхьэр зэтелъу, игъакIуэрт и махуэхэр. Ауэ, дипломыр иIыгъыу, гуфIэжу и адэ-анэм я деж къэкIуэжа Беслъэн зыщымыгугъа къыхукъуэкIащ: къыхуэкIуат повесткэ, военкоматым икIэщIыпIэкIэ екIуэлIэн хуейуэ.

ЛэжьапIэ щхьэкIэ зэлъэIуа къуажэ унафэщIым зыхуигъэзэну Хьэжсет дэкIат, ауэ советым и унафэщIри, колхоз тхьэмадэри, къущ-хьэхъу хъупIэм зэхуэсышхуэ щекIуэкIынути, абы ираджауэ къэту къыщIэкIащ. Конторэм щигъуэтар зи армэ кIуэгъуэхэр учётым зы-гъэув Лъапэрывэ Умарти, къыщIэкIуар щижриIэм, нэгъуэщI къимы-лъыхъуэу, военкомым зыхуигъазэрэ и Iуэху зытетыр абы хуиIуатэмэ зэрынэхъыфIыр къыжриIащ.

Умар жыхуаIэр лIы узыншэшхуэт, итIани, дэтхэнэ зы цIыхубз цIыкIуми хуэгъэзэщIэну а лэжьыгъэм быдэу зыкIэрищIауэ, къахуIукIыртэкъым, уеблэмэ езым и лэжьыгъэм нэхъ мыхьэнэ зиIэ щымыIэу къыпщигъэхъуу пэрытт. «Зыгуэрым хуэмыфI хьэдрыхэ ягъакIуэркъым», жыхуаIэрати, къуажэми Iэгъуэблагъуэми ауанрэ гушыIэу щызекIуэр ищIэрт. Ауэ хуагъэфащэрт абы и нэхъыбэр езым къигупсысауэ.

Зэгуэр абы Хьэжсет къызэрыдэгушыIауэ щытар игу къэкIыжри, езыри бзаджагъэ хуекIуэну мурад ищIащ.

– Мы зыр бжесIэнут: «А уздэкIуэнур тIэкIу тхьэкIумэ жьажьэ-щи, уи Iуэху зытетыр нэхъ иныIуэу, моуэ-щэ уи макъ ущымысхьу, зэхэщIыкIыгъуэу хуэIуатэ».

Хьэжсет зэрыщIэкIыжу, телефоныр къищтэри, военкомым и секре-тарым епсэлъащ.

– Си хьэтыр къэлъагъуи, ди къуажэ никIыу абы накIуэ лIыжьыр нэхъыщхьэм деж схущIэшэ, ауэ и тхьэкIумэм тIэкIу сэкъат иIэу щIагъуэу зэхихыркъыми, моуэ тIэкIу нэхъ иныIуэу къепсэлъэнуи игу къэгъэкI.

Зауэм зэрыхэтар, абы къищынэмыщIауэ, езымрэ и щхьэгъусэмрэ зэрымыщIалэжыр, нэгъуэщI бын зэрамыIэр къалъытэу, я къуэ закъуэр унэм кърамэну щыгугъыу, Хьэжсет, игурэ и щхьэрэ зытелъу, макIуэ военкоматым. ЩIыхьэпIэм деж щыс цIыхубз лъагъугъуафIэм гуапэу ирегъэблагъэ, пэшым и бжэр хуIуехри, нэхъыщхьэм деж щIегъэхьэ.

– Сытым укъытхуихьа, тхьэмадэ, сынодаIуэ, – жеIэри, абыкIэ пщIэ лей къыхуищI хуэдэ, зыкъытриIэтыкIыурэ и макъ къызэрихькIэ ину къыщIоупщIэ бысымыр.

Хьэжсети и макъым къызэрихькIэ абы хэIэтыкIауэ жэуап иретыж.

– Уэлэхьи, сыкъыщIэкIуар си щхьэ Iуэхумэ. Ди щIалэжь цIыкIум повесткэ ныхуахьащ... Сэ езыр зауэм сыхэтащ. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, быну диIэри а зыращи...

И бынымрэ и щхьэрэ зэрытепсэлъыхьам мащIэу игъэIэнкуна Хьэжсет жиIэну и мурадамрэ жиIэхэмрэ зэтехуэртэкъым.

«Мыр лIыжь контуженэ гуэру къыщIэкIынущ, сытуи ину псалъэрэ, си тхьэкIумэIупсыр Iуеуд», – жи бысымым игукIэ. ИтIанэ ину къыпещэ:

– Уэлэхьи, тхьэмадэ, уи къуэр мыщIалэжь цIыкIуж, армэм яшэхэм елъытауэ гъэужьыжьыфIи хъуамэ. Зэреджэм щхьэкIэ и Iуэху зедмыхуэурэ екIуэкIащ иджыри къэс. Уэ псом хуэмыдэу къыбгурыIуэн хуейщ дэтхэнэ цIыхухъуми апхуэдэ къалэн и пщэ къызэрыдэхуэр, икIи ар уи кIэкъуащIэ къуэсу пхъумэкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIынур.

Хьэжсет къызэрыхуамыщIэнуIар къыщыгурыIуэм, и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжащ, икIи, и гу бампIэр хуэмыIыгъыж щыхъум, къепсалъэм зэхимыхынкIэ гугъэу кърипхъащ:

– Мыбы щIэудэфыхьа уэ уи деж гущIэгъу къыщызылъыхъуэу къэкIуа сэращ делэр, армыхъумэ уэ сыт уи лажьэ?.. – жиIэурэ къэтэджри, бжэмкIэ иунэтIащ.

– Езым зэрызэхимыхыжым щхьэкIэ сыт жиIэми къыхуэгъун и гугъэу, къибжхэр плъагъурэ абы? – псалъэхэр къыкIэлъидзащ къулыкъум щигъэкIа цIыхухъу щIыкIейм.

Къэрал унафэм хэIэбэу емыса, пэжыгъэрэ захуагъэкIэ псэууэ еса Хьэжсет Iуэхум нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ къыхуигъуэтыну и ужь ихьэжакъым. Арати, ар и кIуэкIэу Беслъэн армэм дэкIащ.

ГушыIэ мышыу а Iуэхум хэзылъхьа Умари, лъаIуэу емыса Хьэжсети, а къомыр зэхэзыгъэзэрыхьа Бориси абы кърикIуэнкIэ хъуну псор ящIами... Абыхэм гъащIэ гъуэгуу зэпаупщIамрэ гуэныхьу къахьамрэ зыщIэр Алыхьым и закъуэщ. Е щыуэр дэрауэ, къэхъуар Алыхь Iэмыру къыщIэкIмэ-щэ?..

* * *

Зы махуэм нэхърэ адрейр нэхъ къытехьэлъэрт Беслъэн. Унэм къикIа письмор къызэрыIэрыхьэрэ тепыIэжыххэртэкъым. И япэ письмом жэуап къыщратыжакIэ, Ларисэ хуитхахэри, шэч хэмылъу, Iэрыхьауэ щытын хуейщ! Арамэ, щхьэ къэмытхэжрэ? Е и анэ шыпхъум деж щыIэу пIэрэ? Иджыпсту зыгъэпсэхугъуэ зэманщи, къалэм сыт щищIэн, ауэ щыIэпэми, тхьэмахуэ махуэм ар я унэ мыкIуэжу къэнэнкъым, дауи. Хуэмышэчу, абыи итхащ письмо. Беслъэн кIуэ пэтми нэхъ псэлъэгъуей, нэхъ гупсысэх хъурт. Армэм зэрыдэкIрэ нэхъ ныбжьэгъу къыхуэхъуауэ иIэр дагъыстэн щIалэщIэ Щамилти, и Iуэху зытетыр абыи хуиIуэтэн тегушхуакъым. Дауи пIуэтэн, хэти жепIэн абырэ Ларисэрэ я Iуэху зытет дыдэр...

Хьэжсет военкоматым къикIыжа нэужь, гъуэгу техьэну щIалэм и цIэкIэ хъуэхъубжьэ иригъэIэтыну, хьэблэр зэхуишэсат. И ныбжьэгъухэри къраджэну жраIа щхьэкIэ, ар имыдэу, пщыхьэщхьэ щыхъум, Беслъэн и хьэпшыпыр зэщIикъуэри, Налшык кIуат.

Къалэм зэрынэсу, япэу зрихьэлIа телефон псэлъапIэ цIыкIум зыщIидзэри, Ларисэ и анэ шыпхъум деж псалъэри, щэ фIэкIа иримыгъаджэу зэпригъэудыжащ, зытэлай дигъэкIри, аргуэру ищIащ. Ар къызыгурыIуа Ларисэ телефоныр къиштэри, щызэхуэзэнумкIэ зэгурыIуахэщ. Сыт щыгъуи я Iуэху зытетымкIэ зэрыщIэ ныбжьыщIитIыр мащIэу игъэгужьеят къалъыкъуэкIа Iуэхум. Ларисэ и дзыхь и анэ шыпхъум иригъэзми, и щхьэгъусэр щыщIэсым деж Iэджэ жримыIэфу къанэрт. А пщыхьэщхьэм Борис щIэстэкъыми, Натусэ занщIэу зыхуигъэзащ: «Сессиер зэфIэкIащи, къуажэм дымыкIуэж щIыкIэ, зы кинофильм зэгъусэу дызэдевгъэплъ, жаIэри Маринэрэ Альбинэрэ къызэлъэIуащи, сыкIуэ хъуну?» Ар щыжиIэм, Натусэ «хьэуэ» къыхигъэкIакъым.

Беслъэн ищIэнури, и Iуэхум зэрегупсысынури къыхуэмыщIэу гугъу ехьырт. Зы лъэныкъуэкIэ, ар зыкIи хуейтэкъым армэм дэкIыну, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи армэм яхудэмыкI щIалэм тхьэмыщкIафэ къытеуэу къыщыхъурти, къэгубжьыжырт, дэкIыну пIащIэу. Псом хуэмыдэу ар иригузавэрт Ларисэ а Iуэхур къызэрыщыхъунум, икIи ар я насыпым зэран зэрыхуэхъункIэ хъунум.

«А псори Iуэхутэкъым, ауэ апхуэдиз зэманкIэ Ларисэ сымылъагъуу дауэ  хъуну? Ар махуэкъым, махуитIкъым...», – а гупсысэр бдзапцIэ пщтыру и лъынтхуэхэм ирожэ щIалэм. Абы и нэгу къыхущIэгъэхьэртэкъым, апхуэдизрэ зэпэIэщIэу щытауэ, ахэр зэрызэIущIэжынур.

А гупсысэхэм хэтурэ, Ларисэ къэсри, сэлам зэрахащ. Абыхэм я нэхэр щызэтехуам... Лъагъуныгъэм и уафэхъуэпскIыр зыхэзымыщIа щыIэмэ, феплъ а тIум! ГурыщIэр къыщежьэр псэрами, дунейм къызэрытехьэр  нэхэрщ. Абыхэм хуэмурэ яунэтIащ цIыхум къамылъагъуу щызэбгъэдэс хабзэ я хэщIапIэм. А щIыпIэр жэнэт лъахэ хуэдэт, псом хуэмыдэу фIыуэ зэрылъагъуитIым дежкIэ. Зи ширхэм тегужьеикIа джэдкъуртым ахэр зэрызыкIэщIигъапщхьэм хуэдэу, фIыуэ зэрылъагъуитIыр дзэл жыг абрагъуэм и къудамэ къеблэблэххэм я щIагъым щIэтIысхьэрт.

– Мэремыратэкъэ укъыщыкIуэну жыхуэпIар, сыт къэхъужар? – щIоупщIэ Ларисэ темыгушхуащэурэ.

– Къэхъуащ, Ларисэ, симыгугъэххауэ къэхъуащ!

– Сыт къэхъуар? Щхьэ сыбгъэгузавэрэ?

– Умыгузавэ, си дахэ, апхуэдэхэм щхьэкIэ дыкъикIуэту десакъым дэ, – жеIэ Беслъэн, хъыджэбзым къэрабгъафэ къриплъынкIэ гузавэу.

– Сыт-Iей къэхъуар, мыпхуэдизу сумыгъэгужьейуэ жыпIэ хъунукъэ?

– Армэм сыдаш, Ларисэ.

– Арамэ Iуэхукъым, сызэмыгупсыса къэнэжакъым, зы бэлыхь къэхъуа си гугъэри...

– Ларисэ, сэ зыкIи сыдзыхэркъым, армэми сыщышынэркъым, узмылъагъуу, апхуэдиз зэман зэрызгъэкIуэнуращ къыстехьэлъэр.

– БжесIатэкъэ Алыхьым зэриухауэ ди Iуэхур зэрыхъунур! Абы къриубыдэу, сэри си еджэныр къэзухынщ, адрей Iуэхухэри и пIэ иувэнщ. Ауэрэ, гу лъыдмытэххэу, къэсынщ уи къэкIуэжыгъуэри.

– Ларисэ, сыту тыншу утепсэлъыхьрэ... ЗэпэIэщIэ дызэрыхъур зыкIи къыфIэмыIуэхуу пIэрэ, жызоIэри сыбогъэгузавэ.

– Апхуэдэу щыжыпIэфкIэ, уэ сэ сыкъэпцIыхуркъым. Дэ тхуэдэ куэд къелащ зэпэIэщIэу зэрыщытам, къэралым и хабзэр псом дежкIи зэхуэдэщ.

– Ари пэжщ, си дахэ, ауэ а хабзэм къызэригъэувымкIэ, сэ армэм сыдашыну хуиттэкъым... – кърегъэжьат Беслъэн, ауэ хъыджэбзыр зэгупсысынкIэ хъуну псор зэригъэзахуэри, кIэщIкIэ къыпищащ езым и гукъеуэр: – ПщIэрэ сызыгъэгузавэр: сэ сыкъэтыху, укъызэмыжьэу... Е сэ сщIэрэ... ПщIэнукъым, гъащIэм Iэджи къыщохъу... КъардэнгъущI Зырамыку жиIэ «Служьбэр къэзухыу, къэзгъэзэжыхукIэ, Рае схуэфхъумэ» уэрэдыр зыуса тхьэмыщкIэр сэ схуэдэ гуэр хъунт, жызоIэ. Псоми зэхахыу, иджыпсту жысIэнт а уэрэдыр, уи цIэр хэту!

– Зэт-зэт, ар нэхъ гъэщIэгъуэнти!.. ХъумакIуэ къысхуумыщтэмэ, дзыхь къысхуумыщIу ара? – жи хъыджэбзым, и Iупэхэр къигъэпщу.

– ПхузощI, си псэм хуэдэ, си щхьэри, си гъащIэри, си насыпри уи IэмыщIэ изолъхьэ...

ЗэпсэгъуитIыр, къэгумэщIауэ, псалъэ IэфIхэм щысхьыжыртэкъым, Беслъэн и Iэ лъэщхэмкIэ хъыджэбзыр зриубыда IэплIэ хуабэм Ларисэ къикIыжынуи хуейтэкъым. Дунейр къэувыIа хуэдэт а дакъикъэм, насыпым и нэр къыщипхъуат...

А тIум зыкъыщащIэжам, жэщыр фIыуэ хэкIуэтат! Гу лъамытэу псынщIэу кIуа зэманыр ипшыныж хуэдэ, парк ихьэпIэм деж щызэхэт таксихэм ящыщ зы къищтэри, Беслъэн хъыджэбзыр унэм нигъэсыжащ.

– Беслъэн, си псэм хуэдэ, сыт мы зэхэтщIыхьар?.. Сыт напэр сиIэу си адэ-анэм саIуплъэжыну, ди унэ сыщIыхьэжыну? – нэпсыр зыщIэз нэ пIащэхэмкIэ ар фIыуэ илъагъум худоплъей, къэгужьеяуэ.

Беслъэни, и щхьэр фIиубыдыкIыжауэ иIыгъщ, жиIэну псалъэхэр хузэхуэмыгъэхъуу.

– Ларисэ, Ларисэ дахэ, умыгужьей. Къэхъуам къыпхуегъэгъэзэжы-

нукъым. Укъызогъэгугъэ ар уэрэ сэрэ ди зэхуаку дэмыкIыну. Уэ къызэжьэ, къызэжьэ закъуэ, уигу сумыгъэху, псори тэмэм хъунущ. ПщIэрэ, ухуеймэ, пщэдей военкоматым сыкIуэнкъым, закъезмыгъэгъуэтурэ зэман дэдгъэкIынщи, дызэрышэнщ...

– Хьэуэ, сыхуейкъым! Уэ мылицэ Iуэху уащIмэ, нэхъеижщ, абы щыгъуэщ ди дежхэм сыщыбдамыгъэкIуэххэнур. Абы нэхърэ нэхъыфIщ уи къалэныр пщIэ пылъу бгъэзащIэрэ укъекIуэлIэжмэ. Сэ сыножьэнущ.

* * *

Письмо къызэрымыкIуэр зи гукъеуэ хъыджэбзым япэщIыкIэ щхьэусыгъуэ гуэрхэр къигупсысурэ щIалэр иузэхужами, хуэмышэчыжыххэ щыхъум, и ныбжьэгъу Маринэ елъэIуащ, Беслъэн и ныбжьэгъухэм абы и адресыр къахуIихыну.

Мыдрейуэ, зэшыпхъуитIри тIысыжауэ щыстэкъым. Почтэм щIэс я благъэ цIыхубзым гурыIуауэ, къуажэмкIэ къакIуэ письмохэр Нинэ къыIихырт, къалэмкIэ къакIуэхэр Натусэ зыIэщIиубыдэрт. Нэхъеижрати, Ларисэ щIалэ гуэр и ужь къихьати, къикIуэтын мурад иIэтэкъым. Зымахуэ кърииубыдылIапэри зыкъыхуигъэзат, ауэ хъыджэбзым зытригъэхьакъым. Натусэ и ныбжьэгъу цIыхубз гуэрым къыжриIат щIалэм и анэри Ларисэ къызэрехъуапсэр..



– Си Iуэхущ ахэр мыунагъуэ псэуакIуэмэ! ЩIалэм и адэм университетым щрегъаджэри, и пщIэр лъагэщ, и хэхъуэри нэхъ лъагэжщ. И анэращи, къежьэм я нэхъыфIыр щыгъыу, сэхусэплъ екIуу зыхилъхьауэ, университет библиотекэм щIэсщи, и зэш трегъэу, и уэршэрын зэрырикъуу, махуэ ныкъуэ фIэкIа мылэжьауэ, къыдохьэж. КIэщIу жыпIэмэ, цIыхубзым пщIэ щыхуащI унагъуэщи, дыдейми лей къытехьэнукъым, – Натусэ IуэрыIуэтэжу зэхиха хъыбархэр и шыпхъум хуиIуатэрт.

Ахэр щызэхихкIэ Нинэ псэхупIэ къезымыт и гупсысэхэр зригъэтIылъэкIырти, и пхъум и къэкIуэнум фIыкIэ щызыгъэгугъ мурадхэр и гум къыщыушырт.

Япэ мазэр махуэм хуэдэу блэлъэтри, щIэуэ къыдаша гупыр частхэм трагуэшащ. Беслъэн Восток Жыжьэм ягъакIуэхэм яхэхуати, станц къэс жыхуиIэм хуэдэу, пощтым письмо щридзэурэ кIуэрт. Абы Ларисэ хуитхырт здынэса станцым и цIэр, и Iуэху зытетыр, нэхъыщхьэращи, фIыуэ зэрилъагъур.

Япэхэм зыхуигъэгусэурэ екIуэкIами, цIыхубз хьэлу, Ларисэ и гузавэр къытекIуэ щыхъум, пагагъэми ебакъуэри, къыхуагъуэта адресымкIэ щIалэм хуэтхати, зыIэрыхьэн хуейр а щIыпIэм зэрыщымыIэжыр тету, письмохэм кърагъэгъэзэжат. Апхуэдэурэ зэманыр кIуэрт. Ларисэ и блэкIамрэ и къэкIуэнумрэ хузэпыгъэувэртэкъым, псэкIэ игъафIэ цIыхум и хъыбар зэримыщIэм игъэпIейтей зэпытт. Абы и щхьэр Iэджэми хуэкIуэрт, Iэджи зэригъэзахуэрт, зэрыт щытыкIэм и хэкIыпIэ къигъуэтын и гугъэу, ауэ абы дэнэ щищIэнт Iуэхум и пэжыпIэр?.. Хъыджэбзыр зэрызэныкъуэкъужыр къапщIэу, и фэм зидзат, жэщIат, абы и гу лъызытахэр и узыншагъэм щэхуу щIэупщIэрт. Абыхэм дэнэ щащIэнт зи насып къэкIуэгъуэ цIыкIум и псэм щыщIэр?..

6 Заказ №2650

* * *

Гъуэгуанэ кIыхь зэи темыта щIалэ гупым гъуэгур яфIэгъэщIэгъуэнти, станц къэс къикIырти, хъыджэбзаплъэ къежьэрт, щIыпIэр зрагъэцIыхурт, яшхын гуэрхэр къащэхурт. А псор имылъагъуу, зыми димыхьэхыу, уэршэрми гушыIэми хэмыхьэу, Беслъэн нэщхъейт. Абы нэхъ ныбжьэгъу къыхуэхъуа Щамил зыкъомрэ хэтащ ар зэрыт щытыкIэм къришыну, ауэ щымыхъум, ари тесабырэжащ.

Беслъэн и Iуэхур мыпхуэдэурэ къызэрекIэрэхъуэкIар и щхьэм хуигъэтIасэртэкъым. И еджэнри къиухат, и лэжьапIэ Iуэхухэри зэхуэхъуа хуэдэт, псори тэмэму екIуэкIырт, армэ Iуэхур зэуэзэпсэу къыкъуэмыкIамэ. «Сыт ягъэ кIынт, насыпыфIэ хъуауэ дунейм тет къомым сэ зыр ящыщ сыхъуамэ? Сыт ягъэ кIынт?.. Схуэмыфащэу арат? «Схуэфащэтэкъым, схуэфащэтэкъым, хъыджэбзым и пщIэр зэрысхъумэн шыIэныгъэрэ акъылрэ сыщимыIакIэ», – и щхьэр фIиудыжырт Беслъэн. Махуэр зи кIыхьагъым а упщIэр куэдрэ зритыжырт щIалэм.

«Псори зыгуэр хъунт, зэ ди пIэ дизагъэрэ письмокIэ дызэрыщIэфу хъуатэмэ!» – тригъэужырт Беслъэн и щхьэр.

* * *

Пщэдджыжь гуэрым Ларисэ Натусэхэ я деж щыIэу пщэдджыжьышхэ ящIу здэщысым, и гур къызэфIэзэрыхьри, и нэхэр щыункIыфIыкIыу хуежьащ. Натусэ гу лъимытэу къэнакъым абы и щытыкIэм.

– Ларисэ, усымаджэ, зыгуэр къоузрэ? – жиIэурэ гузавэу, Ларисэ къыбгъэдотIысхьэ. – Апхуэдэу хъунукъым, Iэмал имыIэу дохутыр зэбгъэплъын хуейщ. ЛIымахуэхэ япхъу гъэфIэныр си деж сымаджэ ущыхъумэ, емыкIукъэ?.. Мо ди гъунэгъу поликлиникэм си пщыпхъур щолажьэри, абы и деж усшэнщи, сэ адэкIэ лэжьапIэм сыкIуэнщ.

Борис и шыпхъу нэхъыщIэт ФатIимэ. ЩIыху зэпIэзэрытт, дохутыр Iэзэт, куэдым сэбэп яхуэхъуат, и чэнджэщкIэ, и IэзагъкIэ.

Натусэ и лэжьапIэм зэрынэсрэ куэд дэмыкIауэ, и пщыпхъур телефонкIэ къепсалъэри, зэхуэмызэу зэрымыхъунур къыжриIащ. Апхуэдэхэм деж бзылъхугъэм и гур нэхъ Iейуэ щыIэм мажэ. Натуси арат иджыпсту. И Iуэхухэр зэрызэфIэкIыу, ар кIуащ и пщыпхъум деж.

– Натусэ, къызэрезгъэжьэнур сщIэркъым... Сэ мыпхуэдэр си щыпэлъагъукъым, ауэ мы хъыджэбзым, мыбы и адэ-анэм яхуэзгъэфащэркъыми аращ... Езы цIыкIур сымыгъэгузэвэн щхьэкIэ зэкIэ зыри жесIакъым, ауэ...

– Сыт къэхъуар, ФатIимэ? Зумылъэфыхьу жыIэ, щхьэ сыбгъэгузавэрэ? А Iейм хуэдэу ара, хьэмэрэ?..

– Дунеишхуэм теттэкъым а цIыкIум апхуэдэр зэрыхуэзгъэфэщэн, ауэ... Ларисэ уэндэгъущ.

– Сыт, на-а-а, мы жыпIэр? Зыгуэр уи лажьэу ара? Сыт мы хъыджэбзым къытеплъхьэ пцIыр?

– Алыхь, лажьэ зиIэр сэрмыра.

– ФатIимэ, си псэр зэзгъэшхын, зэ умыпIащIэт, ущыуауэ къыщIэкIынщ. Ди Лариси?! Ди Ларисэ цIыкIу апхуэдэ Iуэху пхухыхьэнукъым, ар цIыху къабзэщ.

– Ей, Натусэ! Илъэс дапщэ хъуа сэ сызэрылажьэрэ?.. Хъыджэбз къабзэ цIыкIу дапщэ слъэгъуа сэ, апхуэдэ щIэщхъу къащыщIауэ? Я адэанэхэм сэ сагъэкъуаншэрэ я пхъум пцIы теслъхьауэ жаIэу, ауэ иужькIэ я щхьэр ехьэхауэ си пащхьэ къихьэжу... Натусэ, гъащIэр куэду зэхэлъщ.

Натусэ сабэ дрипхъеин занщIэу щIидзами, и пщыпхъум псынщIэу игъэудэIужри, Ларисэ епсэлъэну зэгурыIуахэщ.

– ГъащIэм Iэджи къыщохъу. Апхуэдэхэм деж, гужьейуэ, я псэм еIэжыр мащIэкъым. Ларисэ хуэсакъын хуейщ, – къыпищащ ФатIимэ. – Иджыпсту фи щхьэ, фи напэкъым фызэгупсысын хуейр, атIэ псэ тIуащIэ къезыхьэкI цIыкIурщ. Псори дыцIыхущ, къэхъуар къэхъуащи, иджы адэкIэ тщIэнур зэхэгъэкIын хуейщ.

– Болэт и псэм ищIа хуэдэ, игу ирихьатэкъым абы гъусэ ищIа щIалэр...

ФатIимэ Iуэхур зытетым щыщIэупщIэм, Натусэ жиIэжащ Беслъэнрэ Ларисэрэ я Iуэхур къызэрекIуэкIар.

– Ямыдамэ, ядэжынщ! ПсынщIэу щIалэм хъыбар егъэщIауэ, егъэхьын хуейуэ аращ хъыджэбзыр. ЗыгуэркIэ щIалэм «хьэуэ» къыхигъэкIмэ, си дэлъхур едутIыпщынщ, си Iуэхущ ар абы IэщIэкIмэ.

– ЕдутIыпща мыгъуэтэкъэ, ФатIимэ, едутIыпща сщIэркъыми, едутIыпщыIуа си гугъэщ.

– АтIэ, сыт, имыдауэ ара? Хъыджэбз хъарзынэ цIыкIур игъэунэхъуащ...

– Хьэуэ, зымыдар Беслъэнкъым, абы Ларисэ зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ къилъагъурт, зэрышэнуи зэгурыIуат. Ауэ Болэт зэриувыкIам си шыпхъур игъэшынэри, зэрымылъагъумэ зэпыкIыжыну дыщыгугъыу, Борис зыдэдгъэIэпыкъури, щIалэр Iуедгъэша мыгъуэт.

– Ар дауэ?.. НтIэ, зэрыIуевгъэшам ещхьыркъабзэу къевгъэшэж иджы! ЗэхэгъэзэрыхьынкIэ Iэзэ си дэлъхушхуэм зэхрехыж а зэрихъа къомыр, – жи ФатIимэ. – Псом ящхьэращи, мы хъыджэбзым и Iуэхур зыIутыр езым жеIэн хуейщ. ЩIалэм хъыбар иригъащIэмэ, ар къэкIуэжынкIэ хъунщ, фэ фыхэмыIэбэу. Арагъэнщ ар зэрыхъунури, куэдщ фэ абы я Iуэхур зэрызэIыфщIар, иджы езы тIум я насыпыр хуит яхуэфщIыжи, хьэлэлу вгъэпсэу.

– Апхуэдэу тыншу зэхэкIыжыну мыгъуэкъым абыхэм я Iуэхур. А щIалэ жыхуэпIэмрэ езымрэ зэрыщIэркъым, зэрыщIапIи еттакъым. Ей, ФатIимэ, ФатIимэ, письмокIи зэрыдгъэщIакъым, щIалэм итхри хъыджэбзым IэпыкIхэри зыIэрыдгъэхьэурэ дгъэса уфIэщIкъэ!..

– Мы къэхъуамкIэ, тхьэ, хъыджэбзри мызахуэ, ауэ псом нэхърэ нэхъ къуаншэр си дэлъхумрэ фэ зэшыпхъуитIымрэщ. Ар дауэ? Гуащэ унэ фыджэгу нэхъей, мыбы я гъащIэм щхьэ фриджэгурэ? Болэти цIыхущ, къэгубжьамэ, теужынт, фыщIыхэIэбар сыт?.. – ифIэщыпэу мэгузавэ ФатIимэ.

– ФатIимэ, сыт иджы тщIэнур? ЯфI зетхуэ ди гугъэурэ, зэхэдгъэзэрыхьа мыгъуэщ псори...

– Аргуэру пIащIэрыщIэу фыхэлъадэу, нэхъ Iеиж фымыщI мыбы я Iуэхур. ФIыуэ фегупсыс, ауэ псом япэ езы хъыджэбзым епсэлъэн хуейщ.

Зэнысэзэпщыпхъур лэжьыгъэ нэужьым Ларисэ зыхуагъэзэну зэгурыIуэхэри, зэбгрыкIыжащ.

Псалъэмакъыр къызэрыщIидзэнур къыхуэмыщIэу, ФатIимэ гузавэрт, ауэ нэгъуэщI хэкIыпIэ иIэтэкъыми, хуэмурэ къыщIидзащ:

– Ларисэ, си дахэ цIыкIу, сэ сынопсэлъэнут. А узыгъэгузавэу нышэдибэ уныщIэкIуар...

– Сыт си лажьэр? – щIоупщIэ Ларисэ, и фэр пыкIауэ.

– Умыгузавэ, усымаджэкъым... Ауэ уи Iуэхум нэгъуэщI зыгуэр щыщыIэщ, си дахэ!

– Сыт щыщыIэр? – жэуапым пэплъэу, Ларисэ и щхьэр Iэджэми жащ, и лажьэ дыдэм и гупсысэр нэсакъым армыхъумэ.

– Сынохъуэхъунрэ сигу пщIэгъунрэ сщIэркъым... Лажьэ уиIэщ, си псэ...

Ар зэрызэхихыу, Ларисэ зимыщIэжу къытехуащ. Апхуэдэр зи мыщыпэлъагъу ФатIимэ хъыджэбзым псынщIэу зыкъригъэщIэжащ. ЗыкъищIэжа щхьэкIэ, зы псалъэ къыхудэшейртэкъым. И фэр пыкIарэ и нэпсыр къыщIэлъэлъу щыст Ларисэ, мывэм хуэдэу жауэ.

– Ларисэ, си хъыджэбз цIыкIу, къару зыхэлъхьи, тIэкIу зыIыгъ. Къэхъунур къэхъуащ, иджы адэкIэ щIапхъэм егупсысын хуейщ. Сэ сызэреплъыр бжесIэнщи, уэ узэрыхуейуэ пщIыжынщ. Псом нэхърэ нэхъыфIыр уи Iуэхур уи адэ-анэм я пащхьэ иплъхьэу, адэкIэ щIалэр къебгъэшэжынырщ.

– Хьэуэ, хьэуэ! Сытри содэ, ауэ ди дежхэм ар къазэрезгъэщIэн мы дунейм теткъым. СылIэрэ сызэгъэжмэ нэхъыфIщ... ФатIимэ, Натусэ, зэхэфхрэ? Сытри, сытри сщIэнущ, ауэ папэрэ мамэрэ сакъевмыгъащIэ закъуэ, – жиIэурэ, Ларисэ аргуэру къызэфIэмэхащ.

Абы зыкърагъэщIэжа нэужь, ФатIимэрэ Натусэрэ абдеж хуиту зэрыщызэмыпсэлъэфынур къагурыIуэри, къыщIэкIахэщ.

– ФатIимэ, уэ езыр удохутырщ, куэд плъэгъуащ. ТIэкIуи сытегушхуэркъым ар жысIэну, ауэ сэ хэкIыпIэу слъагъур зыщ: сабийр дгъэкIуэдыжынырщ. Къыпхузэгъэпэщыну ар?

– Сэри сегупсысащ абы, ауэ цIыхубзым япэу игъуэта сабийр бгъэкIуэдыж зэрымыхъунур уэри бощIэ. Мы цIыкIум псэун щIидза къудейщ, ди ягъэкIэ иужькIэ бын имыIэжмэ, тIэунейуэ дгъэунэхъуакъэ?

– НтIэ, сыт тщIэнур?

– Сэ сызэреплъымкIэ, быныр зейр Iуэхум къыхыхьэмэ, тщIэнур нэхъ гурыIуэгъуэ хъунущ. Аращи, зэрабгъэдэплъхьэну щIыкIэм егупсыс. Егупсыс, я гум уемыуэу, щабэу зэражепIэнум.

Натусэ занщIэу и шыпхъум деж псалъэри, етIуанэ махуэм къалэм къэкIуэну елъэIуащ. Бзылъхугъэ хьэлу, Нинэ къэгузавэри, Iэджэм и гур жат, ауэ и шыпхъум псори тэмэму щыжиIэм, и гур нэхъ тесабырэжащ.

И щхьэр ириудэкIыу, нэху щыху мыжейуэ хэлъащ Ларисэ. Абы къыщыхъурт дунейр къытеункIыфIарэ, хэкIыпIэ лъэпкъ гъащIэм имыIэжу. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, иджыпсту ар псэу нэхърэ, къэIэбэрэ и псэр хахамэ, нэхъ къищтэнут...

* * *

МафIэгур Хабаровск нэса иужькIэ Беслъэн зыхэт гупыр «пересыльный пункт» гуэрым дашэри, абы нэху къыщекIахэщ. Пщэдджыжьым щхьэж здэкIуэну частыр зэхагъэкIащ. Беслъэн Камчаткэ хытIыгуныкъуэм яшэрт. Петропавловск-Камчатскэм нэса нэужь, аргуэру зэ зэбградзыжри, я гъуэгум пащэжащ. Куэд мыщIэу, зыдежьахэм ящыщу щIалитI фIэкIа и мыгъусэжу, здынэсын хуейм нэсащ. Санчастым деж дохутырхэр къыщрагъэплъу, зыхэтыну частыр яубзыхуа нэужь, Беслъэн частым и адресыр дневальнэм деж къыщищIэщ, гъуэлъыпIэ къыхуагъэлъэгъуам пIащIэу итIысхьэри, письмо итхын щIидзащ. Хэгупсысыхьауэ тхэуэ здэщысым, гу лъитакъым пэшым къыщIыхьа сэлэтыр гъунэгъу дыдэ къызэрыхуэхъуам. Беслъэн и щхьэр къыщиIэтым: «УэI, къыдашагъащIэхэм лъагъуныгъэ письмо ятхыу гъуэлъыпIэкум ис зэрыхъурэ куэд щIа?» – жиIэри, и пилоткэр щхьэриуду, къещхьэфэуащ. Беслъэн, къэгубжьат, ауэ, зигъэтэмакъкIыхьу, жиIащ:

– Сэ уи гугъу лъэпкъ сщIакъым, сыт узыхуейр?

– Уэ мылъхуэсрат иджы си гугъу къэзымыщIыжар, – жиIэри, Беслъэн и пыIэм и шырыкъумкIэ елъэпэуащ. КъеуэнузыкъыщытришащIэм, Iэлу къызэкIуэкIа Беслъэн удыныр зытримыгъахуэу зыщIидзэри, езыр мо щIалэ домбейм и жьэ къупщхьэм техуэу еуащ. ЩIалэр а здэщытам деж щещэтэхащ. Абдеж нэгъуэщI сэлэт гуп къыщIыхьэжати, я ныбжьэгъур изыудам къебгъэрыкIуэу щIадзащ. Беслъэн ахэр зыбгъэдимыгъэхьэу къахэуэрт. ЗэрыгъэкIий макъыр зэхэзыха дежурнэ лейтенантыр къэсри, псори къызэтригъэувыIащ. Арати, Беслъэн дежурнэ частым яшащ, адрейр псынщIэу санчастым нагъэсащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, абы и жьэпкъыр зэпиудат. Частым и командирым занщIэу хъыбар ирагъэщIащ. Ар къэсу, Iуэхур къызэрекIуэкIам щыгъуазэ ящIа нэужь, хьэлэбэлыкъ къикIынкIэ шынэри, Беслъэн махуитхукIэ гауптвахтэм иригъэшащ.

* * *

Борис, зэрихабзэу, жьыуэ дэкIащ. Натуси ныжэбэ жеятэкъым. Iуэхум къыхэкIа зэрыхъунур зикI хузэгъэзахуэртэкъым. Сыту хьэлъэ анэкъилъхум апхуэдэ псалъэмакъ и бын щхьэкIэ къыдэпIэтыну...

Натусэ дапхуэдизрэ емылъэIуами, хъыджэбзыр хуэшхакъым. Апхуэдэу зэныкъуэкъуу здэщысым, Нинэ къыщIыхьащ. Абы зэрыIуплъэу, Ларисэ аргуэрыжьти, къызэфIэмэхащ. Ар зылъэгъуа анэм игу фIы щыщIэнт? Хьэдагъэшхуэр ирешажьэ. Натусэ и закъуэ зэанэзэпхъум зэрапэмылъэщынур къыгурыIуэри, псынщIэу ФатIимэ кърищащ.

Натусэрэ ФатIимэрэ псалъэмакъыр кIыхьлIыхьу кърагъажьэмикIуэтыжурэ заулкIэ щыса нэужь, ФатIимэ лIыгъэ къызыкъуихри къыщIидзащ:

– Нинэ, иджы умыгужьей. Къэмыхъу къэхъуакъым. Псори Алыхь Iэмырщ... Нинэ, Ларисэ лажьэ иIэщ.

Ар зэрызэхихыу, Нинэ Iэнкун къэхъуащи, зэм ипхъу зэщыджэм дежкIэ зегъазэ, зэми ФатIимэ Iуроплъыхь. Заул докIри, ину гъыуэ къыщIедзэ.

– Ассымыгъуэ, мы жыпIэ хьэдэгъуэдахэр сыт?! Дыунэхъури дыкъэсэхыжащ. Лажьэу щыIэр зи щхьэм ирикIуэн а напэншэмрэ сэрэ нобэ зы хьэдэщIэлъхьэу дыщIалъхьэжамэ, ди уэредадэти, ФатIимэ...

Ягу тIысыху гъа нэужь, зэанэзэпхъум хэкIыпIэ къалъыхъуэу хуежьащ. Ларисэ хэкIыпIэм я нэхъыфIу къилъытэр и IэкIэ и псэр хихыжынырт, ауэ къэзыгъэувыIэр зыт: «ЛIымахуэ Болэт и пхъум зыщIиукIыжар мыращ...» – жаIэу, и Iуэху зытетыр псоми къызэращIэнурат.

Нини хэгужьеихьати, ипхъуми езыми я псэр и IэкIэ хихыжыфын хуэдэу къыщыхъурт, ауэ ари хэкIыпIэтэкъым.

Натусэ къэхъуамкIэ езым зигъэкъуэншэжырт, дауэ щымытми, езым деж щыIэу къэхъуащ, кIэлъыплъыфакъым...

Нинэ, хуэм-хуэмурэ и гупсысэ хьэлъэхэм къаIэщIэкIри, къригъэжьащ.

– Алыхь, мы нобэ дызыIуува IэнатIэм фIэсщынур сымыщIэ, ауэ бзаджэ къэзылъху и гуэн лъапэ щIетIэж, жаIэ. Къэслъхуар схуэукIыжынкъым, ауэ, ди напэр темыкIыпэ щIыкIэ хэкIыпIэ гуэр къэдмыгъуэту хъунукъым. Мы Iуэхур дунейм къытевмыгъэхьэну сыфщогугъ. ФатIимэ, Алыхьри цIыхури узогъэлъэIу, укъыддэIэпыкъуну, ди напэр темыкIыу, мы Iуэхум дыкъыхэпшыну.

– Нинэ, Ларисэ цIыхубз щIалэщ, зэрыжаIэщи, зэфэну псыр дяпэкIэщ къыщыжэнур. Апхуэдэ Iуэху иджыпсту дыхыхьэмэ, афIэкIа бын имыIэжынкIэ хъунущ. Абы къищынэмыщIауэ, езы хъыджэбзым жиIэнури...

– Ларисэ жиIэнур жиIэри, и къэкIуэнури езым и IэкIэ щIилъхьэжащ.

Сытым дежи зэпIэзэрыту, Iэщабэ-Iущабэ жыхуаIэм хуэдэу щыта Нинэ и псалъэр кIэщIт, и унафэри ткIийт.

* * *

Беслъэн ныжэби жейм езэгъатэкъым. ТIэкIу хилъафэ хуэдэу зэрыхъуу, боксымкIэ я гъэсакIуэу щыта Хьэсэн и псалъэхэр и тхьэкIумэм IупщIу къиIуэжырт: «Боксым зыхуэзымыгъэса цIыхум фытемыгушхуэ, хэкIыпIэ зимыIэ щытыкIэ фихуамэ, фи къару къызэрихькIэ фемыуэ. Къару зэхэгъэкIыпIэ утыкум къывдихьаращ фызыпэщIэувэнур». Иужьрей зэманым и щхьэ хуэарэзыжтэкъым щIалэр. «Си гъащIэр си IэкIэ зэхызогъэзэрыхьыж! Сыту сыделэ! Арат сэ сызыхуагъэсар? Еуэ, къэгъуэт иджы хэкIыпIэ пэжыр. Уэ пхуэдэкъым адыгэлI жыхуаIэр», – и щхьэм хуэхъущIэж зэпытт ар.

Шэджагъуэ нэужьым къыхуэкIуа следователым зэрыжиIамкIэ, Беслъэн зэуа щIалэм и жьэпкъыр зэрыкъутам къыхэкIыу, ар игъэпсэлъэфакъым, ауэ мыдрей зэупщIахэм къыхуаIуэтам тепщIыхьмэ, Беслъэн и Iуэхум фIы лъэпкъ хэлътэкъым.

* * *

Апхуэдэ Iуэхухэм защидзейуэ иджыри къэс къекIуэкIами, ФатIимэ Нинэ и лъэIум ебэкъуэфакъым, лъхугъэхэр щызэфIагъэкI сымаджэщым и унафэщIыр и цIыхугъэти, абы и щхьэр ирихьэлIащ.

Дохутырым ищIэрт хъыджэбзым абы къыхухэкIынкIэ хъунур, ауэ унафэ ящIам ахэр зэрытемыкIынур ФатIимэ абы гуригъэIуащ.

– ФатIимэ, уэ бощIэ ахъшэ щхьэкIэ сэ мыпхуэдэ Iуэху сызэрыхэмыхьэр. ЩIыIэ хыхьа хуэдэу сымаджэщым дгъэгъуэлъынщи, и узыншагъэм зэран хуэхъун Iуэхугъуэ зэрыдмылэжьыным и ужь дитурэ зэфIэдгъэкIынщ.

ЗэрызэгурыIуам тету, Ларисэ сымаджэщым ягъэгъуэлъащ, зыхуеину анализхэри ирагъэтащ. Ларисэ и нэр къызэтрихыу мы дунейм теплъэну хуейтэкъым. Мы дунейм е щышынэрэт, е щыукIытэрэт...

* * *



Следователым къыхуихьа хъыбарым и ужькIэ уигу фIы щыщIэнт? Беслъэн зэгупсысри, игу хэзыгъэщIри нэхъыбэ хъуат. Хьэуэ, ар къыпэщылъ гугъуехьхэм щышынэу аратэкъым, атIэ зэран зыхуэхъуахэм я пащхьэ щыукIытэу арат. Уеблэмэ, ар Ларисэ щегупсыскIэ апхуэдизкIэ и щхьэр игъэкъуэншэжырти, лъагъуныгъэр зищIысыр къимыщIами нэхъ къищтэрт. Гупсысэурэ и адэ-анэу Хьэжсетрэ Нафилрэ я деж къыщыскIэ, абыхэм къахьу ямыпIами нэхъыфIу къилъытэрт. И щхьэр фIиудыжырт, я дзыхь имыгъэпэжауэ къыщыхъурти. «Мы дунейм зы фIы гуэр щыслъэгъуамэ, зы IэфIагъ гуэр щызыхэсщIамэ, ахэращ зи фIыщIэр. Лажьэ зиIэр сэращ. Дауэ сыкъыхэкIа хъуну мы Iуэху мыфэмыц сызыхэхуам?» А гупсысэхэм здыхэтым, сэлэт щIалэ гуэр къыщIыхьэри, следователым деж ишащ.

– Къэбэрдей щIалэ, укъэмыс щIыкIэ уи Iуэхур зэхэбгъэзэрыхьаи. Сэ адыгэ щIалэ куэд си нэIуасэщ, лIыфIхэщ, лIы пэжхэщ. Абыхэм я хьэтыркIэ уи Iуэхум набдзэгубдзаплъэу сыхэплъат, ауэ уигу фIы зыщIын лъэпкъ слъэгъуакъым. Унэм хъыбар ебгъэщIамэ мынэхъыфIу пIэрэт?

– Хьэуэ, ныбжьэгъу следователь, унэм си хъыбар ямыщIэмэ нэхъ къэсщтэнут.

– Сэ къызгуроIуэ Кошкиным щхьэусыгъуэншэу узэремыуар, ауэ къыпщхьэщыжын, щыхьэту къэувын уиIэкъым. Япэу езыр къызэроуами, уи пыIэр хэутэн зэрищIами зыри хамыщIыкIыу жаIэ абдеж нрихьэлIахэм. Псоми ялъэгъуар уэ Кошкиным узэреуамрэ абы и ужькIэ уагъэувыIэну къыббгъэдыхьахэм ерууэ уазэрыпэщIэтамрэщ.

Следователь Уваровым Беслъэн и Iуэхур тэмэму зэхигъэкIыну хущIэкъурт, ауэ Кошкиныр зэрымыпсалъэмрэ къэхъуам и пэжыпIэ дыдэр жызыIыжыфын щыхьэт зэрыщымыIэмрэ Iэмал кърАтыртэкъым.

«Сыт мыбы ущIелIалIэр, къэхъуар къэхъуащ! Къуаншэр гурыIуэгъуэщ, Iуэхур зэхуэщIи, пыкI аддэ», – къыжриIэрт и лэжьэгъу Поповым, ауэ Уваровыр абыкIэ арэзытэкъым. Абы игу къэкIыжащ тенджыз флотым хэтхэм я унэм адыгэ щIалэ щызригъэцIыхуауэ зэрыщытар, икIи ар фIыуэ зыцIыху и ныбжьэгъужь майор Кириловым зыхуигъэзэну мурад ищIащ.

Кириловыр гупсэхуу едэIуащ Беслъэн къыщыщIа щIэщхъум икIи къигъэгугъащ Бэрдокъуэм хуигъэзэну.

– Щымыуэ щыIэкъым. Тэмэму зэхыумыгъэкIыу, Iуэху мыщхьэпэ блэжь хъунукъым. Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым уэ уи Iуэху бгъэдыхьэкIэм цIыху гъащIэ зэрелъытар. Сэбэп ухъуфыну, пхузэфIэкI къэбгъэнэныр сфIэикIагъэщ.

Зэдэуэршэрурэ здэкIуэм, ахэр нэсащ ещанэ рангым и капитан Бэрдокъуэр щыпсэу унэм. Ауэ адыгэ щIалэр зэманыфI хъуауэ хым тету къыщIэкIащ. Куэд мыщIэу къэкIуэжын хуейти, къызэрысыжу, тIум я зым закъыхуигъэзэну и щхьэгъусэм елъэIури, къыIукIыжахэщ.

* * *



– ЛIымахуэ Ларисэ, дохутырыр къоджэ, – жиIащ медсестрар къыщIыхьэри.

Лъхугъэхэр щызэфIагъэкI сымаджэщым и унафэщI цIыхубзыр угъурлыфэт.

– Заретэ Каральбиевнэ, укъызэджат? – жиIэри, Ларисэ темыгушхуащэурэ щIыхьащ кабинетым.

– Сыноджащ, си хъыджэбз, сыноджащ. Моуэ къэтIыси, дызэгъэпсалъэт... Солъагъу узэрыгузавэр, узэрыIэнкуныр, ауэ мыпхуэдэ Iуэху и пIалъэ сэ нэхъ сощIэри, сынопсэлъэну сыхуейт. Сызэрыдохутырым и мызакъуэу сэри сыцIыхубзщ, сыанэщ икIи сынэхъыжьщ.

– Къысхуэгъэгъу, ауэ сэ, псалъэмакъ лей хэмыту, мы Iуэхур кIэщIу зэфIэкIмэ нэхъ къэсщтэнут... – жиIэну кърИгъэжьат хъыджэбзым, ауэ зи напщIэр ткIийуэ хэзыша дохутырым къыгуригъэIуащ мыбы щыунафэщIыр хэтми.

– Япэрауэ, дахэ цIыкIу, моуэ къэтIыс, жысIащи, къетIысэх. ЕтIуанэрауэ, сэ мы Iуэхум сызэреплъыр жызгъэIи, адэкIэ пщIэнумкIэ ухуитыжщ. Уи дежкIи, укъэзылъхуахэм дежкIи, мы щыуагъэр къэмыхъуамэ, дауи, нэхъыфIт. Ауэ къэхъуар къэхъуащи, ди щхьэр фIэдудыжу дыщыскIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым. Иджы нэхъыщхьэр а къэхъуар догъэзэкIуэж жытIэурэ, зэи пхузэмыгъэзэхуэжын щыуагъэ тIуащIэ тIэщIэмыкIыныращ. Сабийр иджыпсту дукIыжмэ, шынагъуэ щыIэщ, щыIэр къэгъэнауэ, тегушхуауэ жыпIэ хъунущ афIэкIа уэ зэи сабий узэримыIэжынур. Аращ уи анализхэм къагъэлъагъуэр. ЦIыхухэр я фэкIэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, я IэпкълъэпкъкIи зэхуэдэкъым. НтIэ,

си псэм хуэдэ, абы ущыгъуазэу, дауэ апхуэдэ лъэбакъуэ зэрыпчынур? ЦIыхубзыр къызыхуигъэщIауэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэу мы дунейм щиIэр анэ хъунырщ. ИужькIэ сабий узэримыIэжынум нэмыщIкIэ, а иджыпсту уи ныбэм илъыр букIмэ...

А псалъэхэм, шэ зытехуам хуэдэу, Ларисэ и щIыфэр ягъэтхытхат. Абы гу лъызыта дохутыр губзыгъэм нэхъри хэкъузауэ къыпищащ:

– НтIэ, си дахэ, ар уи IэкIэ букIыжмэ, сыт хуэдиз гуэныхь къэпхьынур? ЦIыхубз дапщэ щыIэ, я щIалэгъуэм апхуэдэ щыуагъэ яIэщIэщIауэ, нобэ Iэбам лъэмыIэсыжхэу. А псор къыщIезгъэкIуэкIращи, угужьейуэ, ухэмылъадэ. Егупсыс, уи гъащIэр зэлъыта унафэщ мыр.

Ларисэ палатэм къэкIуэжа нэужь, и щIыбыр къэгъэзауэ гъуэлъри, гупсысэ ткIыбжьхэм и гупэр яхуэгъэзауэ, куэд зэригъэзэхуащ. Иджыпсту зэрыт щытыкIэр щигъэгъупщэрт Беслъэн щегупсыскIэ. Апхуэдиз IэфIагъэрэ насыпрэ зи яку дэлъа ныбжьыщIитIыр гъащIэм зэригъэджэрэзар, зэрызэбгридзар гурыIуэгъуэтэкъым. Апхуэдэуи гурыIуэгъуэтэкъым Беслъэн хъыбар щIимыIэр. Абы зыгуэр къыщыщIамэ-щэ? Хьэмэрэ, зыхуейр зыIэригъэхьэу, ежьэжауэ ара? Зыгуэр къыщыщIауэ бэлыхь хэт мыгъуэу пIэрэ?... ПщIэнукъым, армэми Iэджэ къыщохъу. Зауэ щымыIэ щхьэкIэ, Iэщэ яIэщIэлъщ абыхэм.

А гупсысэхэм здыхэтым, Ларисэ гу лъитакъым и анэ шыпхъур къызэрыщIыхьам.

– Дауэ ущыт, си псэ, дауэрэ ухъурэ? – Натусэ зэрыгузавэр, хуабжьу зэрыпIейтейр и нэгум къиищырт.

Ларисэ занщIэу къэгъащ, и нэпс пIащэхэр джэшым хуэдэу къелъэлъэхыу. Палатэм къыдыщIэлъ цIыхубз цIыкIур щIэкIати, Ларисэ и анэ шыпхъум хуиIуэтащ дохутырым къыжриIахэр.

– А си дахэ, сэ сигу къэкIари... Япэхэм сытемыгушхуами, иджы абы нэхърэ нэхъ хэкIыпIэфI щымыIэу къысщохъу. Дэхъунэхэ я щIалэ зумыпэсар пщIэжрэ? Ар иджыри а къызэрыпщIэупщIэщ, къэзылъхуахэри мэлъаIуэ. Арэзы ухъуамэ, хэмытIасэ щIыкIэ...

– Хьэуэ, а жыхуэпIэр хъунукъым!

– Сыту?

– Япэрауэ, щхьэгъусэ пхуэхъур фIыуэ умылъагъуми, уигу тIэкIу къыдыхьэу щытын хуейкъэ? Сэ мы щIалэр сигу техуэркъым. ЕтIуанэрауэ, дыгъуасэ сыхуэмейуэ жесIэу Iузгъэк Iыжам нобэ «сыбдокIуэ» жезбгъэIэну ара? Ещанэрауэ, гъэпцIагъэкIэ унагъуэ дауэ зэрыбухуэнур? Ар унагъуэ хъуну?..

– Япэрауэ, иджыпсту узэрыт щытыкIэмкIэ хэдэ-хэплъэ пщIыуэ ущыс зэрымыхъунур зыщумыгъэгъупщэ. ЕтIуанэрауэ, а уэ пщIэ Борисым ар Iурызгъэцырхъэмэ, ухуэмеяуэ щытауи ящIэжынукъым. Ещанэрауэ, «зегъэуби, уи бын пIыж», жиIащ пасэрейм. Быным уимыгъэщIэн щыIэкъым, уэ езыми мыгувэу къыбгурыIуэнущ ар. Уи бынри, уи напэри пхъумэну ухуеймэ, нэхъ хэкIыпэфI бгъуэтынкъым.

И анэ шыпхъум къыжриIам занщIэу арэзы темыхъуами, Ларисэ и гум гугъапIэм и хъуаскIэ итIысхьат, тепыIэгъуэ къримыту. Зы лъэныкъуэкIэ, Беслъэн и нэгум къыщIигъэхьэрти, абы хуэзэмэ,

жриIэнур хузэгъэзахуэртэкъым, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, и адэр и нэгу къыщIыхьэрти, ищIэнур къыхуэмыщIэу, Iэнкуну къанэрт. А псом и щIыIужкIэ, и ныбэм илъ сабийр фIыуэ илъэгъуауэ къыщыхъурт.

Абы хэту, Нини къэсри, щыми зэгъусэу сымаджэщым и жыг хадэмкIэ яунэтIащ. Нинэ жиIэнумрэ ищIэнумрэ хузэмыгъэзахуэу утыкум къинати, гъэпцIагъэкIэ езым иришэжьа Iуэхум щхьэкIэ и щхьэр фIиудыжырт. Натусэ жиIэхэм едаIуэурэ здэкIуэм, Нинэ зэуэ зыкъызэкъуихри, унафэ быдэ ищIащ: «АфIэкIа гъэпцIагъэ зыхэлъ Iуэху сэри сыхыхьэнукъым, фэри фыхэзгъэхьэнукъым!»

* * *

Беслъэн и Iуэхур зэхагъэкIыху гауптвахтэм исыну унафэ щыIэти, зыми епсэлъэнуи Iэмал иIэтэкъым. Езым и гъусэу къэкIуа щIалитIым я зыр Къалмыкъым, адрейр Ростов областым щыщхэти, ахэри ротэ зырызым къуэзауэ щаIыгът, мыкъуэзами, сыт яхузэфIэкIынт илъэс пщыкIуий фIэкIа мыхъуа, игъащIэм утыку гуэри имыхьа, хамэ щIыпIэ щыIэ щIалэ цIынитIым?..

Уваровыр Беслъэн и тхылъымпIэхэм аргуэру зэ хэплъэжри, щIалэм сэбэп къыхуэхъун гуэри хилъэгъуакъым. Ахэр сейфым дигъэзэгъэжу здэщытым, бжэм зыгуэр къытеуIуащ. Пэшым къыщIыхьащ и ныбжьэгъу Кириловымрэ морфлотым я фащэкIэ хуэпа, ещанэ рангым и капитан лIы хэщIыхьа зэкIужрэ. Следователым занщIэу къицIыхужащ Бэрдокъуэр. Уваровыр и тIысыпIэм къыдэкIуэтри, и хьэщIэхэм сэлам ярихащ. Ахэр зэщIэупщIа нэужь, Уваровыр кIэщIу тепсэлъыхьащ зытегузэвыхь Iуэхум.

– Пэжыр жысIэнщи, си гум къысхуидэркъым лажьэшхуэ зимыIэ щIалэщIэм тутнакъкIэ сыхуэупсэну.

А псалъэмакъым и ужькIэ Жыраслъэн, и цIыхугъэхэр къигъэсэбэпри, Беслъэн зыхуигъэзащ, зыкъригъэцIыхури, и Iуэху къызэрекIуэкIари жригъэIэжащ.

– Пэжыр къызжепIащи, упсэу! Къупщхьэ къутэныр фэбжьышхуэу ябж. А узэуам и щхьэ куцIри хъеяуэ къалъытэ дохутырхэм. Ар япэ къызэроуамкIэ щыхьэту къэувын диIэкъым, уи гъуса щIалитIым зыри ямылъэгъуауэ жаIэ. Тхьэм ещIэ, ягъэшынауэ къыщIэкIынщ.
– Жыраслъэн, сыкъыумыщIыхуу, си Iуэхум урогузавэри... – къригъэжьат Беслъэн, ауэ Жыраслъэн Iэпиудащ абы и псалъэр.

– Нобэ хуэдэ зы махуэщ цIыхум цIыху къыщIилъыхъуэр, си лъэпкъэгъу щIыжиIэр. Пэжым ухуеймэ, узгъэзахуэу схужыIэнукъым, ауэ икIи усхуэгъэкъуэншэнукъым. Абдеж щэху цIыкIуу уи пыIэр къэпщтэжрэ уежьэжамэ, мыпхуэдиз бэлыхьи ухэтынутэкъым. Ауэ, апхуэдэу хъуамэ, уэрэ сэрэ дызэрыцIыхунутэкъым. Мы Iуэхум дэ дызэхуишащ. Умыгузавэ, Iей мыхъу фIы хъужыркъым, жаIэ. Дыщыгугъынщ нэхъыфIым.

Ар здыжиIэм Бэрдокъуэм и нэгу къыщIыхьэжащ и сабиигъуэм щыгъуэ зыхэхуа зы Iуэху.

Дэтхэнэ зы сабийми хуэдэу, Жыраслъэни фIэфIт гъэмахуэм псыхъуэм дэсыну. Абы Iэджэми ущрихьэлIэрт. Пэжщ, топджэгум хыхьэну абы зэкIэ къылъысыртэкъым, ауэ топыр яIэщIэкIамэ, гуфIэу зричырти къригъэгъэзэжырт. Нэхъ цIыкIухэр джэгукIэ гуэрхэмкIэ зэпеуэрт. Махуэ гуэрым, пыIэзэфIэхь джэгуауэ, щхьэж и пыIэ къыщащтэжым, я хьэрхуэрэгъухэм ящыщ щIалэтанэ гуэрым Жыраслъэн и пыIэр къищтащ. «Уэ къэпщтар сысейращи, къызэтыжыт», – къикIуэттэкъым Жыраслъэныр. «Сыт уэ Iейм ууейти сысейти жыхуэпIэр?» – жиIэри, щIалэм зыкъыхузэкIэщIишащ. Мо щIалэ лъагэшхуэм Iэтауэ иIыгъ пыIэм Жыраслъэн дэпхъуейрт, ауэ лъэIэсыртэкъым, къыщхьэщыжын гуэри абдеж щыттэкъым. А щIалэм езым хуэдизу нэгъуэщI зы и гъусэти, пыIэр зэпадзыжу щIадзащ. Жыраслъэн, хьэмаскIэ цIыкIум хуэдэу, а тIум я зэхуакум дэтт, зэм зымкIэ, зэм адреймкIэ зидзу. Ауан къащIу, ахэр зэрыдыхьэшхым щIалэ цIыкIур нэхъри къигъэдзыхэрт. Сытми, лIыжь гуэр гъунэгъу къэхъуу щалъагъум, щIалитIым пыIэр ирахьэжьэри щIэпхъуэжат. Ауэ жыжьэ ямыхьу къызэрадзэкIыжри, гъыуэ якIэлъыжэ Жыраслъэн къищтэжат. Абы кIэлъыплъу щыта лIыжьыр къегуоуащ: «Мыдэ къэкIуатэт», – жиIэри. Жыраслъэн ицIыхурт а лIыжь угъурлыфэр, куэдрэ илъагъурт псыхъуэм дэсу.

– А уи пыIэр езыхьэжьахэр къэзмыцIыхуа я гугъэу ара? Си щыпэлъагъукъым сэ ахэр. «МыхъумыщIэ хъунур цIыкIу щIыкIэ къыбощIэ», щIыжаIар абыхэм хуэдэщ. СайпсэлъылIэмэ, зыгуэр къагурыIуэну пIэрэ? И насыпщ щIалэу гъуэгу пэж техьэм... Мыдрейуэ, пыIэм пщIэ хуэщIын хуейщ, си щIалэ. ЦIыхум и щхьэм нэхърэ нэхъ лъапIэ иIэкъым, ар мылажьэмэ, цIыхур мыпсэу пэлъытэщ. Аращ щхьэр зыгъэхуабэу, зыхъумэу зэрахьэ пыIэм а щхьэм хуэпщI пщIэм хуэдэ дыдэ хуэщIын щIыхуейр...



Сабиигъуэм и куэщIым фIэфIыпсу зыщигъафIэрт Жыраслъэн. Я къуажэм дэс езым хуэдэ куэдми хуэдэу, Жыраслъэни къыщалъхуар адыгэ мэкъумэшыщIэ унагъуэ къызэрыгуэкIт, и адэ Хъалид шыгу зэщIэщIа иIыгъыу колхозым щылажьэрт. И шитIым ар апхуэдизкIэ яхуэсакът, якIэлъыплъырти, адрейхэм елъытауэ фэфI ятетт, абы къыхэкIкIи иримылажьэу, щысхьу жызыIэхэри мащIэтэкъым.

* * *

Кошкиным бгъэдыхьа зэрыхъунум Бэрдокъуэр куэдрэ егупсысащ. Зэми игу къэкIат, и къулыкъур къигъэсэбэпу, щIалэщIэр игъэшынэну, ауэ щIэх хущIегъуэжат.

Шэджагъуэ нэужьым Жыраслъэн госпиталым кIуэри, дохутырхэми захуимыгъазэу, Кошкиныр зыщIэлъ палатэм занщIэу щIыхьащ. Iэнкуну къеплъ щIалэм сэлам ирихри, зыкърихъэцIыхуащ.

– Узыхуейр жыпIэну Iэмал узэримыIэр сощIэ. Сызыхуейр уи Iей зэрызезмыхуэр къыбгурызгъэIуэнырщ. НыбжесIэнум къедаIуи, адэкIэ пщIэнумкIэ ухуитыжщ, сэ зыкIи ухэзгъэзыхьыркъым. Андрей, уэ щытыкIэ гугъу уихуащ: узэкъуэншэкIа щIалэм уэ лей къыптригъэхьа

хуэдэу къыщIидзыжащ. Уэ фэбжь птелъщи, къэрал хабзэри уи лъэныкъуэу щытынущ, абы и щIыIужкIэ, уэ щыхьэт нэпцIхэри уи куэдщ. Бжьэмыдокъуэм и лъэныкъуэр иубыдыну зыри къахэкIакъым. Уэ, дауи, бощIэ пэжым утетыным нэхъыфI зэрыщымыIэр. Iуэхур зэрыщыта дыдэр жыпIэжмэ, зыри пхэщIынукъым, ауэ лIы узэрырикъур бгъэлъэгъуэнущ. А укъызыкъуэгушхукI ныбжьэгъухэм уагъэлъэпэрэпащ, апхуэдэ ныбжьэгъухэр гъащIэм псынщIэу щыпкIэролэжьыкIыж. Уэ абыхэм уахуэдэкъым, дауи. Аращи, сынолъэIу мы щIалэм и гъащIэр зэхыумыгъэзэрыхьыну. Уи щхьэ пщIэ хуэпщIыжу упсэуфыну, а щIалэм зэран ухуэхъумэ? Пэжыр жыпIэжмэ, уи напэр къабзэу укъонэ, къищынэмыщIауэ, уи гъащIэ псокIэ къуэшым хуэдэу къыпхущытыну ныбжьэгъуитI уиIэ мэхъу. Беслъэнрэ сэрэщ зи гугъу сщIыр. Зы закъуэ щIызгъужыну сыхуейщ: мы жысIахэр шэч къызытумыхьэжын цIыхухъу псалъэщ.

* * *

Нинэ жей иIэжтэкъым. Нэхъ зыщышынэр псори Болэт къищIэнырт. Арати, и пхъум и Iуэхум егупсысщ-егупсысри, мурад ищIащ дохутырым зыхуигъэзэну. Тегушхуауэ ежьа щхьэкIэ, дохутырым и бжэм зэрынэсу, Нинэ и лъэр зэщIэнащ, адэкIи-мыдэкIи мыкIуэжыфу.

– Хэт къэплъыхъуэр? – къеупщIащ коридорымкIэ кърикIуэж дохутырыр.

– Тхьэ, уэрамэ. – етыж Нинэ жэуап, Iейуэ зэрыгузавэр и макъымкIэ къапщIэу.

– КъыщIыхьэ! Сыт уи гукъеуэ? – жи дохутырым, зэрихабзэу.

Шэнт къыхуигъэлъэгъуам дзыхь хуимыщI нэхъей, и кIапэ дыдэм потIысхьэ Нинэ. ИужькIэ лIыгъэу иIэр зыхелъхьэри, кърегъажьэ.

– Къуийм и пыIэ щхьэрыхукIэ укIытэжыркъым, жаIэ. Сэри си Iуэхур аращ, – жиIэри, къызытекIухьар дохутырым хуиIуэтащ.

Бзылъхугъэм жиIэм гупсэхуу едэIуа нэужь, Заретэ хуэмурэ кърегъэжьащ:

– Си шыпхъу, сэ фи унагъуэ Iуэхум сыныхэIэбэну къыстехуэркъым, ауэ си дохутыр къалэным хохьэри, ныбжызоIэ. Абы кърикIуэнум емыгупсысу, а уи лъэIур сом щхьэкIэ къыпхуэзыщIэн куэду бгъуэтынущ. Сэ апхуэдэ гуэныхь къысхуэщтэнукъыми, фыкъызэмылъэIуу, фи Iуэхур нэгъуэщIыпIэ щызэфIэвгъэкI.

Сыхьэт ныкъуэ ипэ Нинэ къэгъазэ имыIэу тегушхуауэ къэкIуами, иджы гуитIщхьитI хъуауэ, утыкум къинат. Шэми шхуми исырт анэ гужьеяр. Сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ къыщыбгъэдэмыхьэми, я Iуэхум хэкIыпIэ тэмэм къыхуигъуэтыфыртэкъым. Натусэ жыхуиIа хэкIыпIэр и щхьэм икIыртэкъым, ауэ бзаджагъэ хуекIуэу и пхъур лIы иритыну и напэм къыхуегъэзэгъыртэкъым. И напэ къыхуемыгъэзэгъыххэр и пхъум къыщыщIарат. «СыткIэ къэзлэжьа сэ мыпхуэдэ напэтехыр?» – зэупщIыжырт къытригъэзэжурэ. Иджыпсту ар егупсысыртэкъым дэтхэнэ цIыхури ди щхьэщыгу итым гъэунэхупIэ зэрыригъахуэм.

И фэр пыкIарэ и лъакъуэхэм ямыIыгъыжу, Нинэ нэсащ Натусэрэ Ларисэрэ зытес тетIысхьэпIэм деж.

* * *

ЩIалэр сабыру къызэредэIуам гугъэ иригъэщIауэ, Жыраслъэн госпиталым къыщIэкIыжащ. Штабым къыблэкIыжрэ пэт Кириловым ирихьэлIащ.

– Жорэ, сыту фIыт сызэрыпхуэзар. Уваровым сыхуейуэ арат... Си частым щыщ прапорщик щIалэм бдзэжьей Iэзэу егъэхьэзыр. Си фIэщ хъуркъым игъащIэм апхуэдэ пшхауэ. Хъуххэнумэ, накIуэ ди гъусэу.

– Ныбжьэгъу майор, сэрат фызыгъэхьэщIэн хуейр. ЗэманкIэ къыщезгъэзэгъынур къысхухэмыхыу арат, – жи Жыраслъэн, укIытауэ.

– Ахэр жумыIэт, си ныбжьэгъужь, сэ игъащIэкIэ схуэпшыныжынукъым уэ къысхуэпщIар. Уи лъэпкъэгъухэм ящыщу зэгуэр ныбжьэгъу къысхуэхъуауэ щыта нэхъыжьыфI Мэжид, и ахърэтыр нэху тхьэм ищI, и чэнджэщ уасэншэхэр мыхъуамэ, тхьэм ищIэнт си гъащIэр къызэрекIэрэхъуэкIынур. Абы лъандэрэ лъэбакъуэ пхэнж зычауэ сызрихьэлIэ дэтхэнэри си щхьэм изолъыт.

Абы хэту, Уваровыр къабгъэдыхьэри, ежьахэщ. ПцIы хэмылъу, Кириловым жыхуиIа прапорщикым бдзэжьейр IэфIу игъэхьэзырат, езыми зэрыжиIащи, хадэхэкI къигъэнауэ къыщIэкIынтэкъым абы зэхимыупщIэта. Ахэр псори бдзэжьейм и кIуэцIым ирилъхьэщ, езыр ирибзэри, абы лимон бзыгъэ дригъэубыдэжат. МафIэ хуэмкIэ игъэжьати, Iум иткIухьу апхуэдэт. Фадэ зи гъусэ ерыскъы IэфIым къигъэжана щIалэхэм Iэджэ ягу къагъэкIыжу щысащ зыкъомрэ. ИтIанэ Уваровым къыхилъхьащ, Iэнэм щызекIуэ хабзэм тету, зэрыцIыхумэ зэрыфIэкъабылыр.

– Мы хабзэ дахэр къызэзыгъэщIар уи лъэпкъэгъу Мэжидщ. Абы жиIа псалъэ пэж куэд нобэми си гъуазэщ. Зэгъусэу Iуэху зэдэпщIэмэ е зы Iэнэ ущызэдэшхэмэ, зэгъунэгъу узэхуэхъуу къилъытэрт абы, икIи сэри сыарэзыщ абыкIэ... Бжьэмыдокъуэм и Iуэхур къыщызатам сегупсысат, и гуэныхьи къэзмыхьу, хабзэми сытемыкIыу, дауэ зэфIэсхыфыну пIэрэ мыр, жысIэри. Зи щIалэгъуэ, зи делэгъуэ, жаIэу ауэ жаIакъым. Дэри ди щIалэгъуэм щIэщхъу Iэджи къытщыщIащ. Ди япэ ита нэхъыжьыфIхэр мыхъуамэ, мы нобэ диIэ IэнатIэмрэ пщIэмрэ пщIыхьэпIэуи тлъагъунутэкъым. Ар сощIэжри, сэри мы шынэхъыщIэм сыдэIэпыкъуну сыхуейщ, езыри зэрыцIыху гъэсар нэрылъагъущ. Аращи, Жорэ, сыпщогугъ. Дызэгъусэмэ, пэжыр нэхъ псынщIэу къытхуэгъуэтынущ.

Беслъэн гуныкъуэгъуэ и мащIэтэкъым. КъыщыщIа мыгъуагъэм ар зыгуэрурэ къыхэкIынт, ауэ псэхугъуэ къезымытыр и щIыбагъ къыдина и адэ-анэмрэ и псэ гъэфIэнымрэ зэралъэмыIэсыфырт, икIи и Iуэху зыIутыр къащIэмэ, абыхэм ар къазэрыщыхъунурт. Зэми къарууэ иIэр зэщIикъуэрти, зызэтриубыдэжырт, зэми Iэмалыншагъэм къигъэдзыхэрт. Ауэ ифI зезыхуэ зэрыщыIэм абы и гур къызэригъэгъуэтыжырт.

* * *

Нинэ и нэгум зэрыщIэплъэу, Натусэрэ Ларисэрэ къагурыIуащ абы хъыбарыфI къызэримыхьар. Заущэхуауэ, тIури пэплъэрт абы къажриIэнум.

– Уи лъым теухуауэ къэкIуэжа анализым къызэригъэлъэгъуамкIэ, а дэ ди гугъэ хэкIыпIэр къемызэгъыну жеIэ дохутырым. Лъы куэдыIуэ пфIэкIуэду, уакъыхуемыгъэлынкIэ мэшынэ... Мис иджыщ дыкъыщысыжар, – и нэпситIыр къелъэлъэхыу, магъ анэр. – Езым ар и пщэ дилъхьэжын идэркъым. ЦIыхугъэкIи ахъшэкIи фыкъызэмылъэIу, зыгуэр къэхъумэ, цIыхуитI я гуэныхь къысхуэщтэнукъым, жи. Сыт иджы дэ тщIэжынур?

– Зэман дымыгъэкIуэду, мы сэ жыхуэсIэм и ужь дивгъэхьи нэхъыфIщ, – аргуэру къригъэжьащ Натусэ, ауэ иджы нэхъ тегушхуауэ.

– Сэ нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэу слъагъуркъым, фэ флъагъумэ, жыфIэ. Борис жетIэнщи, Дэхъунэхэ едгъэпсэлъэнщ. ЩымыхъукIэ, зэрыхъум хуэдэу щIын хуейуэ аращ.

И гупсысэхэр зэригъэзахуэу, зытэлайкIэ щыса анэм хэкъузауэ кърйгъэжьащ:

– Иджы, Ларисэ, мыдэкъызэдаIуэ, къызэдаIуи, цIутIкъыхыумыгъэкI. Узыхуэдгъэсамрэ узыщIэдгъэджыкIамрэ зыщыгъэгъупщэ, пэжти пцIыти, захуагъэти къуаншагъэти, жыпIэу укъысхуэмытIыс. Пэжым утетыну ухуеямэ, зыгуэрым укъыдэплъынт... Алыхьым къытхуигъэгъу, ауэ мы лъэбакъуэр дымычу хъунукъым. Щыуагъэр ууейми, абы и гуэныхьыр ди зэхуэдэщ. СыIэмалыншэщ, нэгъуэщI хэкIыпIэ сымылъагъуу. Мы дэ дызэрыт щытыкIэм си жагъуэгъури Алыхьым иримыгъэувэкIэ. Натусэ, уэ жыпIар къыдощтэ.

Куэд дэмыкIыу, Борис Хьэсэнбий зэхуигъазэри, псалъэмакъыр зыхуейм хуигъэкIуащ.

– Уэлэхьи, Болэт и хъыбарыфI куэд зэхэтхамэ, къызыхэкIари лъэпкъыжьу пщIэ зыхуащIхэм ящыщмэ. Благъэ дызэхуэхъуамэ, ди жагъуэтэкъым, ауэ дыкъамыдэ хуэдэурэ... – щыжиIэм, Борис зыхуеиххэти, Хьэсэнбий и псалъэр Iэпиудащ.

– А зиунагъуэрэ, Хьэсэнбий, ар щхьэ жыпIэххэрэ?! Фэ фхуэдэ ямыдэр?! Уэлэхьи, къалъыхъуэм фыхуэдэмэ. Ауэ цIыхубзхэм я Iуэхур пщIэркъэ? Зыгуэр къысщIэупщIа закъуэ, жаIэу занщIэу утыку пхуилъэдэнукъым. Уэлэхьи, ЛIымахуэхэ езым я унафэ яIэжмэ, тхьэм и шыкуркIэ, ауэ дэри ди псалъэм мыхьэнэ гуэр имыIэуи щыткъым.

Хьэсэнбий зэ Iуплъэгъуэкiэ лIы ткIийуэ къыпщыхъурт. Абы цIыхугъэшхуэ хэлът, гущIэгъу иIэт, ныбжьэгъу и куэдт. Езым къыдеджами е иужькIэ иригъэджами, мэкъумэшым пыщIауэ лажьэхэм яхэттэкъым абы имыцIыху куэд. Ауэ нэхъ ныбжьэгъу гъунэгъуу зы гуп иIэт. Iэщ щагъэхъу колхоз зыбжанэм Хьэсэнбий ейуэ мэл пщIырыпщI щыхуаIыгъти, щхьэ бжыгъэр къэнэжу, гъэ къэсыхункIэ къыщIэхъуар хуащэрти, ахъшэр кърaтыжырт. Апхуэдэу, жыг хадэшхуэ зиIэ колхоз зыбжанэм, бжьыхьэ хъуамэ, мыIэрысэрэ кхъужьу ашык бгъурыбгъупщIырыпщI хуэдиз и машинэм къыхуралъхьэрт. Абы езым зыпищI щыIэтэкъым пхъэщхьэмыщхьэ къыпычыжыгъуэр. Зеиншэ ныбаблэщ, жаIэ щхьэкIэ, мыр нэпсейтэкъым, ауэ фIэфIт ерыскъым хэтын.

Арати, Борисрэ Хьэсэнбийрэ я псалъэмакъыр Хьэсэнбий и щхьэгъусэ Марие Iэрыхьэжащ. Езыри арат зыхуеиххэри, аргуэру хъыджэбзым и Iуэху Марат ириIуэкIыу щIидзащ.

Хъыджэбз къепэгэкIыу емыса Марат Ларисэ къызэримыдам ири-зэгуэпати, езы дыдэми а Iуэхур игъэтIылъыжауэ щыттэкъым. И анэри щымыувыIэххэм, аргуэру тегушхуэри, хъыджэбзым зыкъыхуигъазэурэ зыкъыпригъэхын щIидзэжащ. ИкIуэтыжыпIэ зимыIэ Ларисэ, япэхэм хуэмыдэу, Марат иджы нэхъ гутехуэгъуафIэ хъуауэ къыщыхъурт. Арати, зы пщыхьэщхьэ гуэрым Марат и ныбжьэгъу щIалэхэр машинэкIэ къакIуэщ, я къыбгъурылъади, я идзи зы ящIри, Ларисэ Дэхъунэхэ къыщыхутащ.

И пхъур зэрахьам и хъыбарегъащIэ къызыхуэкIуа Болэт, пцIы хэмылъу, губжьат, сабэ дрипхъеинуи къыщIэкIынт, къызэхуэса нэхъыжьхэм ящыукIытэу, зызэтримыубыдэжамэ. Пхъэр щигъакIуэм, быдэу я тхьэкIумэр яхуиIуэнтIащ, пхъур хуэмеймэ, кърагъэтIысхьэу къыхуашэжыну. Абы дэнэ щищIэнт и пхъум и Iуэхур зэрыхэкIыпIэншэр?..

* * *

Махуищ дигъэкIри, Жырaслъэн Кошкиным и деж тригъэзат. Iуэхур хъунумэ, бетэмалщ, жыхуиIэрати, Андрей зэхэщIыкI зиIэ щIалэу къыщIэкIащ.

– Уэ укъакIуэу укъызэпсэлъэн ипэкIи, сыгуитIщхьитIу сыщытт мы Iуэхум теухуауэ. Пэжыр жыпIэмэ, хуэфащэр трезгъэкъуэну къызжезыIахэри мащIэкъым. КъызжепIа псалъэхэм иужькIэ сэ сегупсысыжащ псоми. Къимылэжьауэ, нобэ сэ зыгуэрым зэран сыхуэхъумэ, пщэдей нэгъуэщI зыгуэр сэ къызэгуэуэжынущ. А щIалэр сэ къызэкъуэншэкIынутэкъым, япэу семыкъуэншэкIамэ. Укъызогъэгугъэ, сэ абы адэкIэ зэран сыхуэмыхъуну.

– Уэ пхуэдэу, сэри анэкъилъху къуэш сиIэкъым, Андрей, ауэ сиIэ хуэдэу къысщыбгъэхъуащ... Сэри а жысIа псалъэм сыпсэуху сепцIыжынукъым.

Я Iэ зэрыубыдыжри, шыбэ къэзыхуам хуэдэу, и бгъэр къригъэкIыу, Жырaслъэн госпиталым къыщIэкIыжащ. И лъэр щIэлъэту, ар нэсащ Уваровым и деж.

И лэжьэгъу Поповым зэхихыу, Уваровыр а Iуэхум тепсэлъыхьыну хуейтэкъыми, щIыхьэпIэм деж щыс дежурнэм епсалъэри, щIыбым къыщIэкIыну елъэIуащ.

* * *

ХьэгъуэлIыгъуэр дахэу зэфIагъэкIри, унагъуэщIэм псэун щIидзащ. Болэт благъэ къыхуэхъуа Хьэсэнбий и анэр я къуажэпхъут, апхуэдэхэм деж зэрыхабзэщи, лъэпкъитIым я зэхуэдэ благъэ, сэ сщIэрэ, цIыхугъэ гуэрхэр къагубзыгъыжати, благъэ зэхуэхъуаитIыр зэрыцIыхужауэ зэхуэарэзыт. ХьэгъуэлIыгъуэми благъэ зэгъэцIыхуми зи щхьэр къэзымыIэтыфу хэтар Нинэт. Ауэ апхуэдэхэм деж пхъур зейм нэжэгужагъэшхуэ къагъэлъагъуэу хабзэтэкъыми, бзылъхугъэм и щытыкIэм зыми гу лъитакъым. Ларисэ-щэ? И Iуэху зытетыр зыщIэж

цIыхубзым псори зэпишачэри, къарууэ иIэр зыхилъхьауэ, гурыщхъуэ зыхуримыгъэщIу, и нысащIэ къалэнхэр игъэзащIэрт.

ГъащIэр-тIэ тхылъ тхам хуэдэу екIуэкIыркъым, апхуэдэу щытами зэшыгъуэ къытщыхъуну къыщIэкIынт. ЦIыху къэс езым и щэху, щыуагъэ цIыкIу е ин къуэлъыжщ. Лариси арат, ауэ ар хэти хуобзыщI, хэти...

Ларисэ зыхэхуар мор-мыр жыхуаIэ унагъуэхэм ящыщт. ЦIыхухэм яхуэмыгъуэт хьэпшып лъапIэхэмрэ унэлъащIэ хэплъыхьахэмрэкIэ къегъэувэкIауэ, я унэр зэпэщт. Хьэсэнбийрэ Мариерэ гуvауэ зэрышат. Я бын пажэр дунейм къыщытехьэм Марие ерагъыу кърагъэлауэ арати, етIуанэм тегушхуэжакъым зэщхьэгъусэхэр. Ахэр зэрызэрихьэлIа щIыкIэри гъэщIэгъуэнт, аращ уи насып зыхэлъым уфIэкIынукъым, жыхуаIэжри...

Хьэсэнбий и еджэныр япэ иригъэщати, ныбжьэгъуми благъэми къыжраIэр и тхьэкIумэ иримыгъэхьэу, екIуэкIырт. Къишэн имыгъуэтынуи щыттэкъым, уеблэмэ а иригъаджэ дыдэхэм къахэпшын яхэтт, ауэ и псэм къыхихар Мариет. Хъыджэбзыр Налшык и санаторэхэм ящыщ зым пщафIэу щыIэт. Зи щIалэгъуэхэм я насыпым я нэр къыщхьэрипхъуауэ, мафIэм ису къащыхъуми, ныбжь зиIэхэми я гурыщIэр зыкIи нэхъ чэнжкъым, уеблэмэ нэхъ дахэщ, нэхъ зэтеубыдащ.

Хьэсэнбийрэ Мариерэ, унагъуэ быдэ яухуауэ, зэгурыIуэ-зэдэIуэжу зэдэпсэурт, сыт хуэдэ IуэхукIи зыр адрейм ечэнджэщу.

Зыт Марие зыгъэгузавэр: гурэ псэкIэ къыпэгъунэгъу и къуэр, балигъыпIэ иувэмэ, нэхъ пэIэщIэ хъунырт. Университетым и япэ курсыр Марат иджыри къиухатэкъым, абы зихъуэжауэ къыщыщыхъуам. Анэм ар и жагъуэ хъуами, мыхэр зыжриIэжурэ зытригъэужырт: «Зыри къэхъуакъым, тхьэ сыгужьея мыпхуэдизу?»

«Балигъ хъууэ аращ!..» – жиIэрт, ауэ, итIани, зыгуэрым игъэпIейтейрт и псэр. Марие гу лъимытэу къэнакъым Марат Iэрпхъуэр, щтэIэщтаблэ зэрыхъуам. Анэм и Iуэхур аракъэ, нэгъуэщI гурыщхъуэ имыщIу, ар къэгузэващ, и къуэм уз гуэр къылъыкъуэкIауэ игъэуври. Къуэм еупщIат, ауэ пэжыр къыжриIатэкъым.

Марат хъарзынэу еджэрт. Сурэт щIыным хуэIэзэти, университетым я сурэтыщI гупым хагъэхьауэ, махуэшхуэхэм ирихьэлIэу блын газетхэр къыдагъэкIырт, пэкIухэм щызэрахьэну транспарантхэр ягъэхьэзырырт. Зы пэш абы къыщратауэ, щIалэ зыбжанэ щызэдэлажьэрт. Ауэ лэжьыгъэ щамыIэм дежи ар зэхуэсыпIэ яхуэхъуати, ефэ Iэнэ цIыкIухэр щаухуэрт. СулътIанкIэ зэджэ щIалэшхуэрат я нэхъыжьыр. Зигъэгубзыгъэн зэрыфIэфIым щхьэкIэ и ныбжьэгъухэр абы философкIэ къеджэрт. ЕджапIэ зыбжанэ щIэкI-щIыхьэу зэрихъуэкIат а щIалэм. Сыт хуэдэ упщIэми и жэуап щыбгъуэтырт абы и деж. Сытми, абы игъэныбжьэгъухэм Марати ящыщт. Дапхуэдиз губзыгъагъэ бгъэдэмылъми, икъукIэ дагъуэшхуэ иIэт: а щхъуэ бдзаджэу афиянкIэ зэджэр мастэкIэ зыхилъхьэрт. Езым зыхилъхьэр Iуэхут, и ныбжьэгъухэри а Iуэхум здыхишат. Марати арат къыщыщIар...

ЕджапIэ нэужьым щIалэхэм мастерскойм «зыщагъэтхъэжырт». Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм унагъуэ фэтэрхэр егъэзыпIэ щащI щыIэт.

Зы махуэ гуэрым, Хьэсэнбийрэ Мариерэ къуажэм кIуэжауэ хуигъазэри, Марат и ныбжьэгъухэр я деж къишат. Псори хъарзынэт, къыкIэлъыкIуэ махуэм Марие унэр щызэщIикъуэм мастэхэм ящыщ къимыгъуэтамэ. Iуэхур зытетыр къызыгурыIуа анэм, лъыр и щхьэм дэуейри, ауэ щыт тахътэм иукIуриящ. Дауи, Марат ар зытригъэхьакъым. Марие абы жиIэр и фIэщ ищIыну хуейт, итIани, и анэпсэ тхьэмыщкIэм зыгуэрым псэхупIэ кърититыртэкъым. Мастэ хэIупIэхэм еплъыну игу къэкIат, ауэ иужьрей зэманым и къуэм джанэ Iэщхьэ кIыхь фIэкIа зэрыщимытIагъэр къищIэжри, нэхъеижу гузэвэн щIидзат. Еуэри, пщэддджыжь гуэрым и къуэр къэмыуш щIыкIэ и пэшым щIыхьэри, и Iэблэм еплъащ. Лъэужь гуэр иIэ хуэдэу гу лъитат, ауэ ар Марат еджапIэм щыхуащIа прививкэм и лъэужьу къыжриIат.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым зэщхьэгъусэхэр хьэгъуэлIыгъуэ кIуэну загъэхьэзырырти, Марие зрилъхьэну и гугъа тхьэгъухэр игъуэтыжакъым. Абы и ужькIэ Марие и гурыщхъуэр нэхъыбэ хъуащ. Еуэри, Марат къыкIэщIикъузауэ ахъшэ хуэныкъуэу и анэм щелъэIум, адрейми кърититын идакъым. Сытми, зэныкъуэкъу щыхъум, Марат е гужьеижат, е къэгумэщIат, сытми, и нэпсыр къежэхыу, и Iуэху зытетыр и анэм хуиIуэтащ.



Бзылъхугъэ хьэлу, Марие гъащ, бжащ, и гъащIэри и къуэм ейм и гъусэу къутауэ къызэрилъытэри, адэкIэ псэуну зэрыхуэмеижри жиIащ. Ауэ Марат ар псалъэ дахэ защIэкIэ ифI кърищэжри, зыкъиумысыжащ зигъэхъужыну езыри зэрыхуеймкIэ, ауэ мызэкIэ къызэремыхъулIэмкIэ. Анэм, дауи, ар и фIэщ хъуащ. Анэ псори зэщхькъэ-тIэ?.. Хэт зи бын Iей къыщыщIыну зыфIэфIыр?!

* * *

Госпиталым кърихa хъыбарыфIымкIэ Жыраслъэн Уваровыр игъэгуфIащ. Ауэ Александр Михайлович зэригугъам хуэдэу тыншу Беслъэн и Iуэхур зэфIэкIакъым. Замполит майор Гуськов къэуващ, Кошкиным удын къезыдза щIалэм хуимыгъэгъуну, къэралым щызекIуэ хабзэмкIэ тезыр трилъхьэну жиIэу.

Беслъэн къыIэщIэщIа щIэпхъаджагъэр хуейуэ къызэримыгъэхъуар, зэрымыщIэкIэ къытеуа щIалэм зимыщIэжу еуауэ пхагъэкIын папщIэ Жыраслъэн и фэм дэкIар сыт хуэдиз!.. И лъэпкъэгъум папщIэ, ар и къаруи, и зэфIэкIи щысхьакъым.

Беслъэн зэманыр пщIэншэу игъакIуэртэкъым. ИгъакIуи хъунутэкъым. Зы махуэ къэмынэу, Ларисэ письмо хуитхырт, ауэ сыт и мыхьэнэт зыхуатхым щыIэрымыхьэкIэ?! ЩIалэм гузэвэн щыщIидзар и ныбжьэгъухэмрэ я унагъуэмрэ яхуитха письмохэм я жэуап къыщыIэрыхьэжарщ. Ларисэ ейр-щэ?

Хуэмышэчыжыххэ щыхъум, абы Хьэжмурат хуетх, Маринэ елъэIуу, Ларисэ и Iуэху зытетыр къригъэщIэну.

Маринэ къэхъуар къыщищIэм, егъэлеяуэ игъэщIэгъуащ. ГурыIуэгъуэтэкъым Беслъэн фIэкIа плъапIэ зимыIа Ларисэ и гъащIэм къы-

7 Заказ №2650

щыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр. ГурыIуэгъуэтэкъым и ныбжьэгъум ар хъыбарыншэ зэрищIари, щIищIари.

Гъэ еджэгъуэщIэм щIадзэжыну къызэхуэсыжа студентхэм яхуэухыртэкъым Ларисэ и унагъуэ ихьэкIэр. ЩIалэхэм зыжьэу жаIащ: «Уи щIыб къызэрыбгъазэу, япэ къащIэупщIэм дэкIуэнурэ ежьэжынухэщ». Хъыджэбзхэм я нэ къикIырт Ларисэ Беслъэн щызыгъэгъупщэфа щIалэр зихуэдэр зрагъэлъагъуну.

Маринэ абы тепсэлъыхьын зэрыщIидзэу, Ларисэ гъыуэ къыщиудырт. Ар хуэмышэчу, Маринэ щIыIэ-щIыIэу жеIэ:

– КхъыIэ, мы уи хьэдагъэр къэгъанэ! ХьэгъуэлIыгъуэ зыхуебгъэщIри укъэтIысыжауэ, иджы хьэдагъэ щIэпщIыр сыт? Марат ухуэмеймэ, укъыщIэкIыжын хуеящ. Ауэ иджыри Iэмал иIэщ. КъикIыж, кIасэ мыхъу щIыкIэ. Беслъэн щIалэ губзыгъэщ, уи Iуэху къызэрекIуэкIар жепIэмэ, укъыгурыIуэнщ.

– Беслъэн симыгъэкъуэншэн уи гугъэу ара сыкъызэрыщIэмыкIыжамкIэ? Ари къэгъэнауэ, си адэм сыт жиIэнур? А псом и щIыIужкIэ, Беслъэн и письмо кIапэ нобэ къыздэсым къысIэрыхьакъым. Сэ къысхуэтхэркъым, адрейхэм псоми яхуотхэ. Ар дауэ?! Апхуэдэу щыщыткIэ, къысхуэмейуэ аращ... – жиIэри, аргуэру къыщиудащ.

Сыт хуэдиз бэлыхь и псэр хэмытми, зыхэс унагъуэр фIыуэ къызэрыхущытым фIэлIыкIырти, Iэмал зэриIэкIэ нэщхъейуэ закъригъэлъагъуртэкъым Ларисэ. «А си хъыджэбз цIыкIу», – жиIэут и гуащэм зыкъызэрыхуигъазэр, и тхьэмадэрати, «ди жэнэт бзу цIыкIут» къызэреджэр. Апхуэдэм емыса Ларисэ Iэнкун щыхъу щыIэт. Хузэмыгъэзахуэр Марат и щытыкIэрат. Зэм уэгум нэс иIэтыным хуэдэу зыкъыхуищIырт, зэми мы дунейм зэрытетыр къытехьэлъэрэ къилъагъуну хуэмейуэ къытехьэрт. Жэщ гуэрым Марат щэхуу щIэкIри, нэхущ нэблагъэху къэкIуэжакъым. Сыт имыщIами, ар здэщыIар жригъэIэфакъым Ларисэ. ИужькIи мызэ-мытIэу къэтащ. А псом зыри хэзымыщIыкI Марие гуфIэрт, езым зэригугъам хуэдэу, унагъуэм и фIыгъэкIэ и къуэр зэтеубыда хъужауэ къыщыхъуу.

Хьэжмурат Iейуэ къытехьэлъэрт Беслъэн зэрещхьэкIуэн хуей хъыбарыр. КъыхуэщIэртэкъым зэрыжриIэну щIыкIэр. ИужькIэ тегушхуэри, хуитхащ: «Беслъэн, си къуэш, Ларисэрэ уэрэ фызэрызэхущытам сэри сыщыгъуазэщ. Арагъэнщ апхуэдизу си жагъуэ щIэхъуари. Си дежкIэ тыншкъым пэжыр ныбжесIэныр, ауэ... Ларисэ унагъуэ ихьащ. ЗыIыгъ, си къуэш! Угубжьу, зы бэлыхь гуэр зэхыумыщIыхьыну сынолъэIу. Сэ къызэрысщыхъумкIэ, къепхъуэу яхьамэ, къэкIуэжыфауэ къыщIэкIынкъым. Уэри сэри дощIэ Ларисэ хъыджэбз щхьэ псынщIэхэм зэращымыщыр. ЗыIыгъ, си къуэш! Уэ убалигъщ, шэч къытесхьэркъым мы ныбжесIэхэр акъыл хэлъу зэрызэбгъэзэхуэнум».

ФIыуэ илъагъур къепцIыжауэ зымыгъэунэхуам сыткIэ къыгурыIуэн Беслъэн зэрыхуа щытыкIэр! ГъащIэ дахэм щIэхъуэпса щIалэр псэуну хуеижтэкъым. И щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжырт, и гур зэбгъэжат. Иджы псом я гущIыIу къыфIэхъурт езыр зейхэм зэрыхыфIадзар. Ауэ иужькIэ Хьэжсетрэ Нафилэрэ и нэгум къыщIэувэри, игу къэкIа псоми щыукIытэжауэ, зызэщIиубыдэжащ.

«Зыми лажьэ иIэкъым, уэращ псомкIи къуаншэр. Уи IэкIэ псори зэIыпщIэжащ. А узыпIа тхьэмыщкIитIым уахуэфащэу щхьэ умыпсэуарэ? Си хъыбар зэхахмэ, абы къелыну ахэр?» – и щхьэ хуэшхыдэжырт Беслъэн.

ГъущIыбжэм и кIыргъ макъым зэпиудащ Беслъэн и гупсысэхэр: щхьэхуит ящIыжырт щIалэр. ЩыгуфIыкIауэ схужыIэнукъым а хъыбарым Беслъэн. Абы и дежкIэ зыми мыхьэнэ иIэжтэкъым. Гауптвахтэм зэриса зэманымрэ къытралъхьа тезырымрэ зэхуагъакIуэри, апхуэдиз зэманкIэ и службэм пищэжын хуейуэ унафэ ящIат. Апхуэдэут Беслъэн хуит къызэращIыжа щIыкIэр. Ар щIалэм и гум уIэгъэу къызэрытенам нэмыщIкIэ, и гъащIэм IэпапIэ фIыцIэу къыхэнат.

ЗэфIэнауэ щыта щIалитIыр зэкIэщIадзри, зыр нэгъуэщI полк яшащ. Беслъэн адрейри, мыдрейри и зэхуэдэт. ТIуми зыри щицIыхуртэкъыми, махуэр дневальнэм и гъусэу игъэкIуащ, пщыхьэщхьэ къэпщытэгъуэм полкым и пащхьэм ирагъэувэри ирагъэцIыхуащ.

Зэманыр хуэмурэ екIуэкIырт. Адрейхэм зыкIи закъыхимыгъэщу, Беслъэн сэлэт гъащIэр ирихьэкIырт. Мазэ хуэдэ дэкIауэ, тхьэмахуэ махуэу, щымыгугъыххауэ, увольненэ кIуэнухэм хэту къыщIэкIащ. ДэкIыпIэм и деж абы къыщыпэплъэрт Жыраслъэн. ЩIалэр абы щымыгуфIыкIыу къэнакъым. Сэлам нэужьым машинэ псынщIэм итIысхьэжхэри, нэгъуэщI дзэ часть гуэрым Iухьахэщ. Абдеж Кошкиныр къыщрагъэтIысхьэри, уэрам нэхъыщхьэмкIэ яунэтIащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, Жыраслъэн и цIыхугъэхэр къигъэсэбэпри, тIури кърибгъэутIыпщауэ арат, я деж ишэу гупсэхуу епсэлъэн щхьэкIэ. Жыраслъэн абыхэм яригъэцIыхуащ и щхьэгъусэ Томэрэ я щIалэ закъуэ Тимуррэ.

– Куэд щIауэ фызэхуэсшэсыну сыхуейт. Япэрауэ, сэ фэрыщIагъэ лъэпкъ сфIэфIкъыми, фэри абы фытетыну фыкъыхузоджэ. ДяпэкIэ зывгъэпсэхуну фыкъаутIыпщмэ, си унэбжэр тIум щхьэкIи зэIухащи, ар зыщывмыгъэгъупщэ. Мыдрейуэ, фэ фызэрызэрыцIыху махуэрэ фызэзэгъыркъым. Иджыри фримыкъуауэ къэфлъытэмэ, спортзалым фысшэнурэ, фигу пэщыху фызэзгъэбэнынущ, – жи, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIыурэ.

ЩIалитIыр гуапэу зэплъыжри, зэзэуэн мурад зэрамыIэр зыжьэу жаIащ.

– Арат сэри сызыхуейр... НтIэ, мы ерыскъы хьэзырыр дывмыгъэгъэупщIыIуу, дызэдэвгъашхэ, – жиIэри, къытрагъэувам хэIэбащ Жыраслъэн.

Ахэр шхэнымрэ псэлъэнымрэ къыдэмыхуэурэ, махуэри кIуащ. Абы и ужькIэ, Жыраслъэн зэрыжиIам тету, тхьэмахуэ махуэхэм къыщаутIыпщкIэ, щIалэхэр Бэрдокъуэхэ щызэхуэзэурэ, езыхэри нэхъ гъунэгъу зэхуэхъуат. Тимур цIыкIуи дихьэхат Андреи Беслъэни спортзалым къыщагъэлъагъуэ я зэфIэкIхэм. Беслъэн абы дэуэршэрурэ гу лъитащ щIалэ цIыкIум адыгэбзэ щIагъуэу зэримыщIэм. Жыраслъэн жриIащ, ар арэзыуэ щытмэ, Тимур адыгэбзэ иригъэщIэну зэрыхьэзыныр. Дауи, абы щымыгуфIыкIыу къэнакъым Жыраслъэн.

Пщыхьэщхьэшхэр ящIыху, Жыраслъэн ерыскъым зэрыхэIэбэ щымыIэу, бзэр зрагъэщIэн зэрыхуеймрэ къыщыщIэдзапхъэу къилъытэмрэ тепсэлъыхьу щысащ. ИтIанэ Беслъэн темыгушхуащэурэ жиIащ иджыри зы мурад зэриIэр. Ар Жыраслъэн и щхьэгъусэм адыгэбзэ егъэщIэнырт. Адыгэбзэр и анэм къыдиIыгъмэ, щIалэ цIыкIуми бзэр нэхъ щIэх къищтэнут.

– ФIыгъуэр зыхуищIэн Беслъэн, ар уигу къызэрыкIа къудейр сыт и уасэ! Иджыри унагъуэ дымыхъу щIыкIэ дэ а Iуэхум дытепсэлъыхьат, ауэ Iэмал гуэри къыхуэдгъуэтатэкъым.

Беслъэн къыхилъхьа IуэхумкIэ арэзы хъуащ Жыраслъэн и щхьэгъусэри. «Фи классым щыщу зы хъыджэбз зытезмыгъакIуэу сыщеджэнщ», – гушыIэрт Томэ.

Службэ и лъэныкъуэкIэ Беслъэн и Iуэхухэр фIы дыдэу зэтеувэжат. ЗдагъэкIуа частыщIэм и командирым и къуэдзэ, техникэмкIэ жэуаплыныгъэр зи пщэ дэлъ майор Точилиным инженер щIалэщIэр и IэщIагъэкIи, щIэныгъэкIи, и цIыхугъэкIи и псэм дыхьати, и дзыхь сыткIи къригъэзырт.

Беслъэн и дунейр хуэмурэ зэтеувэж хуэдэт. Зэтеувэжынут, Ларисэ епха, жэщи махуи псэхугъуэ къезымыт гупсысэхэр мыхъуамэ. Абы и тэмакъыр щиубыдыкIырт, хъыджэбзым егупсысын зэрыщIидзэу. Моуэ, зэ хуэзэу епсэлъамэ... АрщхьэкIэ, Iэмалыншэт. Письмо хуитхынут, ауэ щыдэсым жэуап къезымытар иджы сыт щхьэкIэ къыхуэтхэжын?.. КъищынэмыщIауэ, и зэран хъыджэбзым екIынкIэ шынэрти, зызэтриубыдэжырт. Нэм фIэдахэр псэм фIэIэфIщ, жыхуиIэрати, щIалэм Ларисэ хуэгъэкъуаншэртэкъым. Лажьэ зиIэр езырауэ игъэувырти, и псэм абрэмывэ тIуащIэ трилъхьэжырт. ЗэрыхъукIэ зытригъэурт. Службэм зыри щыхущIыхьэртэкъым, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр Жыраслъэнхэ я деж щигъакIуэрт.

Беслъэн армэм зэрыдашрэ зэманышхуэ дэмыкIами, Хьэжсет хуабжьу зыхищIат. Зауэм щигъуэта уIэгъэжьхэр къэятэжауэ нэплъэгъуэ кърatыртэкъым. И узхэратэкъым лIыр нэхъыбэу къэзыгъэгузавэр, атIэ и щIалэр зэрыщымыIэрт. Абы куэдрэ и щхьэр фIиудыжащ, Беслъэн дэзышхэм япэщIэувэу къызэримыгъэнамкIэ, ауэ IэфракIэм едзэкъэжи пэт... Зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж цIыхути, къыхуегъэкIуакъым езым хуэдэм бгъэдэувэу елъэIуну.

Беслъэн зыдэс Горск къуажэр интэкъыми, къаутIыпща нэужь здэкIуэнышхуи щыIэтэкъым. Арати, Беслъэнрэ Андрейрэ Жыраслъэнхэ кIуэрти, махуэ ныкъуэр стадионым щагъакIуэрт, адрей ныкъуэм Томэ яхуэпщафIэрти, щIалэхэр игъэтхъэжырт.

Адыгэбзэ зэгъэщIэным и Iуэхури кIуатэрт. Жыраслъэнхэ щыIэху адыгэбзэкIэ фIэкIа зэмыпсэлъэну ткIийуэ зыхуагъэувыжати, абы текI къахэкIыртэкъым. Дауи, Томэрэ Андрейрэ ар фIы дыдэу къехъулIэу пхужыIэнутэкъым, ауэ ехъулIэныгъэ гуэрхэр ямыIэуи щыттэкъым. Псом хуэмыдэу егугъуу еджэр Тимурт. Беслъэн и упщIэхэм жэуап тэмэм щариткIэ дуней гуфIэгъуэр иIэт. И анэмрэ Андрейрэ адыгэ псалъэхэр пцIыуэ къыщапсэлъыр Тимур и тхъэгъуэ дыдэт. Псом нэхърэ

нэхъ Iейуэ гуфIэр Жыраслъэнт. Лэжьыгъэ IуэхукIэ тхьэмахуэ махуэм къыщримыхьэлIэж къэхъурти, ар и жагъуэт.

* * *

КIуэ пэтми, Ларисэ и гуащэр нэхъ гумащIэж къыхуэхъурт. Дахэ зыхэмызагъэ щыIэ?! Ауэ, Iуэхуракъэ, кIуэ пэтми Марат и щытыкIэр екIакIуэрт. Ларисэ иужьрей зэманым зыри къыгурымыIуэж щыхъум, и щхьэгъусэр игъэтIысри епсэлъащ.

– Марат, унагъуэ дыщыхъуакIэ, адэ-анэм я дамэм зытIэкIукIэ дыкъыщIэкIуэту, дэ езым хьэрычэт гуэр тщIэн хуейуэ къысщохъу...

– Си дахэ, а уэ жыхуэпIэхэр занщIэу псоми къехъулIэркъым, зэман хуейщ. Еджэн къэзухрэ, лэжьэн щIэздзэмэ, псоми зихъуэжынущ, умыгузавэ уэ.

Ларисэ и гуащэ-тхьэмадэм яфIэмылIыкIыу щытамэ, псалъэмакъыр нэхъ куу ищIынкIи хъунт, ауэ и нэхъыжьхэр къызэрыхущытымрэ къыжраIэмрэ и Iэ-и жьэ япхырт. Пэжщ, унагъуэр зыхущыщIэ щымыIэу псэурт, итIани, унагъуэ ущыхъуакIэ мурад гуэрхэр пщIын хуейкъэ!.. КъищынэмыщIауэ, Ларисэ и псэр гузавэ зэпытт. И нэгум Беслъэн къыщIыхьэрти, а тIур унагъуэ хъуамэ, насыпыфIэу зэрызэдэпсэуну щытам егупсысырт. Щхьэхуимыту, щыщIэгуфIыкIри мащIэтэкъым, ауэ а щIалэм и ягъэкIэ зэрыува щытыкIэр игу къэкIыжырти, техьэгъуэ къызытехьам хуэдэу зэщIэкIэзызэрт. Хуэм-хуэмурэ и гупсысэхэр хуэкIуэрт кIуэ пэтми нэхъ наIуэ хъууэ и гу щIагъым щIэлъ псэ лъапIэм. Ларисэ хузэгъэзахуэртэкъым а сабийр дунейм къытемыхьэ щIыкIэ зэредыгъуа адэ лъагъуныгъэр зэрыригъэкъужынумрэ ахэр зэкIэрычауэ мы гъащIэм зэрыщыпсэунумрэ.

Тхьэмахуэ махуэм и пщыхьэщхьэм Беслъэн увольненэм къикIыжа къудейуэ, я частым и командирым и шофёр щIалэр – Соколянский Сергей – къыбгъэдэлъэдащ:

– Беслъэн, си ныбжьэгъужь, къыздэIэпыкъу, уэр фIэкIа сыкъезыгъэлыфын щыIэкъым...

– Сыт къэхъуар, апхуэдизу щхьэ угузаврэ? – щIоупщIэ щIалэр.

– ПщIэрэ, шефым и машинэр, езыр къысхуейуэ жиIа хуэдэу сщIыри, дежурнэр къэзгъапцIэри, щэхуу дэсхуат. Хъыджэбзхэм тIэкIу захуэзгъэлIынщ жысIэри, фэ зыщывгъасэ хабзэ къырым и щхьэм дэсшыну есшэжьат... И щыгу дыдэм дыщынэсым машинэр сфIебгъунлъэкIщ, нэпкъым сыкIэридзэри, ижьырабгъумкIэ хэлъ бжэхэр зэхэзущэбащ. Шефыр пщэдджыжь къызэрысу, занщIэу гу лъитэнущ абы. Езыми апхуэдэ гуэрщ хуэмыгъуэтри, машинэм сыкърихунущ, уеблэмэ абыкIи къэувыIэну си фIэщ хъуркъым.

Хабаровск щыщт Сергей. Ар къызэрымыкIуэу техникэм хэзагъэрт, къищынэмыщIауэ, абы хуэдэу машинэр къабзэлъабзэу зезыхьэ уигъэлъыхъуэнт.

– Серёжэ, Горбачёв къэрал хабзэхэр мащIэу къигъэлэлами, армэм щызекIуэ уставыр зыми ихъуэжакъым. Зэхэгъэзэрыхыгъуэм уIэзэрэ зэхэхыжыгъуэм сыкъэплъыхъуэжу, ар Iуэху хъуну-тIэ?

– Япэрауэ, Точилкэ (арат сэлэтхэр Точилиным зэреджэр) и лъэщапIэм и IункIыбзэр уэр фIэкIа зыми иIэкъым. ЕтIуанэрауэ, уэр фIэкIа гъущIым зыгуэр зыхуещIэн дэ къытхэткъым. Мыр пщэдджыжь пщIондэ зэдмыгъэпэщыжмэ, иджыри къэс сщIаи къэспсэуаи – псори псыхэкIуадэ хъуауэ бжы.

Сэлэт нэхъ щIалэхэм ящыщ зы машинэкIэ зыщIыпIэ жьэхэуати, хэIущIыIу мыхъуу, Беслъэн хузэригъэпэщыжат. Ар IуэрыIуэтэжу Серёжэ зэхихати, арат къыщIелъэIур.

Сыт ищIэнт Беслъэн?! Зыхуеину Iэмэпсымэхэр къащтэщ, бокс хуабэм зыщIаубыдэри, нэгъуэщI зы сэлэти я дэIэпыкъуэгъуу, нэху щыху щыри елэжьащ машинэм. ЯщIыжащ, Iэ еIусауэ къызэрыпщIэн щымыIэу. Серёжэ и нэпсым къызэпижыхьат.

– Уэ къысхуэпщIар игъащIэкIэ пхуэсщIэжыфынукъым, щIалэфI. IуэхуфIкIэ тхьэм дызэхуигъазэ, – жиIэри, Серёжэ пIащIэу и лэжьыгъэм пэрыхьэжат.

* * *

Ларисэ и сабийр хэхъуэхукIэ, и гуныкъуэгъуэми хэхъуэрт, щэхуу нэпс щыщIигъэкIри мащIэтэкъым. И гур иутIыпщу, ину макъкIэ гъыну щехъуапси щыIэт, ауэ унагъуэм дауэ закъебгъэщIэнт?..

СулътIан и гупыр кIуэ пэтми нэхъыбэрэ зэхыхьэ хъуат. ЗэхуэгумащIэу аратэкъым, атIэ зыхалъхьэ афияным кIуэ пэтми зэрыхагъахъуэрт. Къэгъазэ зимыIэ гъуэгут ахэр зытеувар. Апхуэдиз щхъухьым зэхэзехуэн ищIар Iэпкълъэпкъым и закъуэтэкъым. Я щхьи, я пси хуитыжтэкъым ахэр. Сытри ящIэну хьэзырт щхъухь Iэпэтез щхьэкIэ. Апхуэдэхэм сыт щыгъуи ахъшэр къомэщIэкI. Еуэри, зы пщыхьэщхьэ гуэрым, щхъуэ зрахьэлIар къызэмэщIэкIахэм хэкIыпIэ къалъыхъуэу здэщысым, щIалэхэм ящыщ зым жеIэ я гъунэгъу фызыжьым ахъшэ гъэтIылъа зэриIэр, облигацэ зыкъоми и пхъуантэ цIыкIум дэлъу зэрилъэгъуар. Арати, я щхьэм лъэпэд фIакъуэри, фызыжьым и унэм щIэпщхьащ жэщу. Ахъшэр здэщылъыр щахужимыIэм, нанэм и нэкIум щхьэнтэр иралъхьэри, быдэу тракъузэжащ, абыкIэ ягъэгузэвэн я гугъэу. АрщхьэкIэ фызыжь тхьэмыщкIэр къаIэщIэлIащ...

Мазэ иримыкъу текIуэдауэ аращ щIэпхъаджащIэхэм я лъэужь теувэным. Унэм къыщIаха облигацэхэмкIэщ къызэрагъуэтари. Ахъшэр къащыIэщIэухэм, облигацэхэр ящэну иужь ихьэри, занщIэу яубыдащ.

Апхуэдэхэм деж зэрыхъу хабзэрати, Хьэсэнбии и къуэм къуаншагъэ бгъэдэмылърэ пцIы къытралъхьэу къыщыхъуу гугъу ехьащ, иужькIэ, Iуэхум и пэжыпIэр къыщищIэм, къикIуэтыжащ. «Си бын схуэмыгъэсауэ, нэгъуэщIым и бын згъэсэну сыхуит сэ?» – жиIэри, лэжьапIэм къафIыIукIыжат. Адэм дежкIэ ар удынышхуэт. Пэжщ, анэми къытохьэлъэ ар, ауэ анэр гъынущ, бжэнущ. ЛIыр-щэ? ЛIым, и кIуэцIыр кърисыкIыу, щэхуу игъэвынущ а гуауэр. Аращ Хьэсэнбии къыщыщIар. МазитI къудейщ абы и къарур а къэхъуам зэрыпэлъэщар. И щхьэгъусэр зыIэщIэкIа, зи къуэр лIыукIыу, наркоману къыщIэкIа Марие ерагъыу къэрагъэлащ дохутырхэм. Къелащ, и ажалыр къэсатэкъыми...

Шэч хэмылъу, Лариси игъэгуауэщхьэуат Марат и щхьэ кърикIуам. Пэжщ, абыхэм яку лъагъуныгъэ дэлъатэкъым, ауэ къегуэкIуа щIалэм а зэманым иримыхьэлIамэ, Алыхьым ищIэнт абы и гъащIэр зэрыхъунур... Унагъуэм къихъуа гуауэр лъэужьыншэу къэнакъым Ларисэ дежкIи: къызэIыхьэри, сымаджэщым яшащ, икIи а жэщ дыдэм хъыджэбз тхьэIухуд игъуэтащ.

– Сабийр мылъхуэсщи, зыкъомрэ дыкIэлъымыплъу хъунукъым, – жиIэри, Заретэ ахэр иджыри тIэкIурэ сымаджэщым щиIыгъыжат, гурыщхъуэ зыми ямыщIын хуэдэу.

* * *

Дзэ трибуналым и унафэкIэ суд къытращIыхьауэ зэрыщытам къыхэкIыу, Беслъэн и тхылъымпIэхэр тэмэму зэтеувэжатэкъым. Абы и Iуэхум иджыри зэ хигъэплъэну Точилиным рапорт итхащ. Езы Точилиным и ерыщагъри, следствиер езыгъэкIуэкIа Уваровым и Iэзагъри зэхыхьэжри, Беслъэн къытралъхьауэ щыта тезырыр щхьэщрагъэхат. Часть псор зыфIэлIыкI Точилиным мызэ-мытIэу Беслъэн къыжриIат адэкIи армэм къулыкъу щищIэну къанэмэ, къыдэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр. Абы и закъуэтэкъым Беслъэн къанэмэ зыфIэфIыр, Жыраслъэни кърыIуэкI зэпытт.

– Ди унагъуэм ущыщым хуэдэу дыносащ. Укъэнэну ухуеймэ, армэм ухэмытуи пщIэн къыпхуэдгъуэтынщ. Андрей зэрызгъэтIысхьа кхъухьым хуэдэ уизгъэтIысхьэнщ е нэгъуэщI лэжьыгъэ къыпхуэзгъуэтынщ, утегушхуэ закъуэмэ.

– Жыраслъэн, си анэ къилъхуауэ къуэш сиIами, уэ къысхуэпщIар къысхуимыщIэфынкIи хъунт. Уи гъунэгъуу сыпсэуныр сэркIэ насыпышхуэт, ауэ сымыкIуэжу хъунукъым. Уи фIэщ зэрыхъун, къыспэплъэ лIыжь-фызыжьыр сыкъэзылъхуа дыдэхэрауэ щытамэ, иджыри сегупсысынкIэ хъунт, ауэ си щхьэ Iуэху зесхуэу, IукIэ сызыпIахэр сыбгынэмэ, сыт напэр сиIэу сыпсэуну? – жиIэри, идатэкъым.

Абы и закъуэтэкъым щIалэм и гукъеуэр, ауэ а псор дэнэ щащIэнт адрейхэм?.. Дэнэ щащIэнт абы игури и щхьэри зыхэлъ мафIэр?..

И службэр щынигъэсым ирихьэлIэу, и тхылъхэри хуагъэтэмэмыжри, Беслъэн узыншэу къахуеблэгъэжат Хьэжсетрэ Нафилэрэ. Я къуэр зэрежьэрэ ахэр увыIэгъуэ ямыIэу Алыхьым елъэIуащ, ар бэIутIэIум щихъумэну, къэкIуэжыху тIэкIу езы тIур псэуну. КъахуищIат!

Къызэрысыжам иригуфIа ныбжьэгъухэмрэ благъэ-Iыхьлыхэмрэ зэхуашэсу ягъэхъуэхъуа нэужь, Беслъэн мурад ищIащ Ларисэ зыхуигъэзэну. Гупсэхугъуэ къезымыту и щхьэм щыкIэрахъуэ упщIэхэм жэуап ягъуэтын хуейт. Абы куэдкIэ елъытат щIалэм адэкIэ ищIэнумрэ зэрыпсэунумрэ.

Дунейм ехыжа и тхьэмадэм хуэщыгъуэ Ларисэ и щхьэр быдэу фIэпхыкIат, нэщхъыфIагъэ лъэпкъи и нэгум иплъагъуэртэкъым, ауэ нэхъ гуакIуэж хъуати, нэр щызу уеплъыфыртэкъым.

Беслъэн куэдрэ и нэгум къыщIигъэхьат Ларисэ хуэзэмэ, зэрызэпсэлъэну щIыкIэр, куэдрэ егупсысат жриIэну псалъэхэм. Ахэр хэплъыхьауэ къыхихыу, и гум щызэригъэзэхуауэ умыщIэжыну, щIалэр Iэнкунт... Ларисэ абы гу лъитэри, езым кърихьэжьащ:

– Дапщэщми зэ дызэхуэмызэу зэрымыхъунур къызгурыIуэрти, аращ арэзы сыщIэхъуар. Хъунумэ, сэ япэ сыгъэпсалъэ... Сэ зыкIи узгъэкъуаншэркъым, къэзмылэжьыжаи къысщыщIакъым. Алыхьым иухауэ къыщIэкIынтэкъыми, ди насып зэхилъхьакъым. Сэ стеухуауэуэ зы хуабагъэ гуэр уи гум къинамэ, сынызэролъэIур зыщ: дяпэкIэ си гугъу къыумыщI! Сэ унагъуэ сисщ. Си щхьэгъусэр зэкIэ къытхэмысми, гуащэ сыбгъэдэсщ. Сызэрыпхуэза къудейри емыкIущ, ауэ дызэмыпсэлъауэ тIуми ди гур зэрымыпсэхунур къызгурыIуэрти, сытегушхуащ... Узыншэу ущыт!

Беслъэн жиIэнIауэ къыщIэкIынт, ауэ Ларисэ и псалъэхэр зэуэ пиупщIри ежьэжат.

Зи щIыбагъ къэзыгъэзауэ IукIыж цIыхубзым, и макъыр хуиту иутIыпщауэ гъыуэ, щIалэм зридзу IэплIэ хуищIыну къыщIэкIынт, щхьэхуиту щытамэ, и гъащIэр апхуэдэурэ къемыкIэрэхъуэкIамэ...

И гурылъхэри, и гурыгъухэри лъэныкъуэ иригъэзри, Ларисэ кIуэжащ унэм, и сабиймрэ и гуащэ сымаджэмрэ къащыпэплъэм. Марие дапщэщи къыхуэгумащIэу щытащ и нысэм, ауэ унагъуэм къихьуа гуаузэхэм я ужькIэ, цIыхубзитIыр нэхъ гъунэгъуж зэхуэхъуат. Алыхьым ещIэ, нэгъуэщI зыщыгугъын зэрамыIэр арагъэнт...

Армэ нэужьым занщIэу колхозым щылэжьэн щIэзыдза Беслъэн и Iуэхур хъарзынэу дэкIырт. Инженер къызэрыгуэкIыу илъэсиплIкIэ лэжьащ, иужькIэ инженер нэхъыщхьэ къулыкъури къыхуагъэфэщащ. ЛIыжь-фызыжьым хъуэпсапIэу яIэр я къуэм къиишауэ ялъагъунырт. Абыхэм дэнэ щащIэнт къуажэ хъыджэбзхэр зыхуагъэлъагъуэ я къуэм и гум щыщIэр. Къызэримышэр я гукъеуэти, махуэ къэс ираIуэкIырт, ираIуэкIыхукIи модрейм и уIэгъэм шыгъу траудэрт. Апхуэдэу зэманыр кIуэуэрэ, Хьэжсети Нафили дунейм ехыжащ, я къуэм и насып ямылъагъуу. Япэу дунейм ехыжар Хьэжсетщ. Абы и махуэ плIыщI хьэдэIусыр щащI махуэм Нафилэ тхьэмыщкIэри къытехуэри, кIэлъыкIуэжащ. Ныбжь зиIэхэм «зи насып» жаIэ апхуэдэ дуней ехыжыкIэм щхьэкIэ, нэхъ щIалэхэм ар иджыри къагурыIуэркъым...

Беслъэн пщIэрэ щхьэрэ зиIэ цIыху емызэшыжт. Ауэ иужь илъэсхэм колхозым и Iуэхухэр щIагъуэтэкъым, гъавэ къагъэкIыр уасэ тэмэмкIэ яхуэщэртэкъым. Техникэм, мыдрейуэ щIыгъэпшэрым, хущхъуэщхъухьхэм я уасэхэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу хэхъуэрт.

Колхоз тхьэмадэу щыта ДжэбрэIил зэуэзэпсэу къытехуэу дунейм зэрехыжрэ жылэм нэгъуэщI псалъэмакъ дэлъыжтэкъым абы и пIэкIэ ягъэувынум фIэкIа. Колхоз тхьэмадэм и хэхыныгъэр езы колхозхэтхэм я хуитыныгъэу щыт пэтми, райкомым езыхэм я цIыху къагъэлъагъуэрт. Къуажэдэсхэм ящыщ зыкъомыр зыхуейр агроном нэхъыщхьэу лажьэ Танахъуэ Баширт, Беслъэн и цIэ къизыIуэхэри мащIэтэкъым. Дауи, ар язынысъуэхэм ягу техуэртэкъым. Зы пщэдджыжь гуэрым хьэмым деж щызэрихьэлIа лэжьакIуэжьхэри арат зытепсэлъыхьыр.

– Догуэ, мо къэзылъхуар зымыщIэж щIалэжь цIыкIум колхоз мылъкур дауэ зэрыIэщIэплъхьэнур? – къыхэпсэлъыкIащ колхоз хъумапIэм и тет Хьэбил.

– Ар щхьэ жыпIэрэ, зиунагъуэрэ? Беслъэн дэ зэрысабийрэ доцIыху, ар зыпIам хуэдэ лэжьакIуэшхуэр жылэм щызырызщ, – жаIэу, зыгуэрхэри къыщхьэщыжыну яужь ихьами, мыдрейр а зэримыкIуэтт.

– Беслъэн зыпIар сэри сощIэж, сэ зи гугъу сщIыр къэзылъхуар аращ, ныбжьэгъухэ, къэзылъхуар! Къулыкъур зыIэригъэхьа нэужь хэт ищIэрэ абы зэрызищIынур. Хэт илъ абы и пкъым щызекIуэр? Къулыкъумрэ мылъкумрэ зэIимыгъэхьэр закъуэтIакъуэщ.

– Уэлэхьи, Хьэбил, къызыхэкIари къэзылъхуари тщIэуэ, ди жьэм жьэдэлъыр къыжьэдихыу зышхи дрихьэлIамэ. А жыпIэхэр къэгъанэ, щIалэр умыгъэпуду. Мыбы къыкъуэувэн иIэкъым, жыпIэу, хуэмыфащэ иумыпэс, къыпхуигъэгъункъым, – жиIэу етIуанэ бригадэм я бригадир Лэкъумэн къыщыувым, псалъэмакъыр абдеж къыщагъэнэжат. Псоми къагурыIуат Лэкъумэн зи гугъу ищIыр...

А псалъэмакъым и кIапэлъапэ Беслъэн щызэхихыжым, дауи, ар и гум емыпхъуэу къэнакъым. Пэжыр жыпIэмэ, а лэжьыгъэм хуэхьэзыру зибжыжыртэкъым езыми, ауэ къыхуагъэфащэмэ, ахьейми пэлъэщынт! Лэжьыгъэри зыгуэр хъунт, ауэ гупсэхугъуэ къезымытыр дунейм къытезыгъэхьахэр къиищIэну зэрыхъуапсэрт.



Сытми, район унафэщIхэм къагъэлъэгъуа Хьэблахъуэ Хьэзрэт колхозым и тхьэмадэу ягъэуват. Техникэр тIорысэ хъуауэ жаIэу е абыхэм пкъралъхьэн пкъыгъуэ гуэрхэм трактористхэр хуэныкъуэу жаIэу идэртэкъым абы. Гъэсыныпхъэм и Iуэхури нэхъ гугъужт. А псор зылъагъу Беслъэн бампIэрт, мызэ-мытIэуи Хьэблахъуэм зыхуигъэзат, адэкIэ ящIэнум теухуауэ. Ауэ абы жиIэр колхоз тхьэмадэм ауи и тхьэкIумэм иригъэхьэртэкъым.

Къуажэм икIыурэ къалэ завод, фабрикэхэм щылажьэу щытахэри, лэжьыгъэншэ хъури, къуажэм къыдэтIысхьэжауэ дэсти, бжьыхьэ зэрыхъуу, гъавэ IухыжыпIэ къыуамыту, губгъуэм итт. Гуэдзымрэ хьэмрэ зыгуэрурэ кърагъэлми, нартыхур яфыщIырт, комбайнкIэ Iуахыжын ямыгъуэтыжу. Джэдкъаз тIэкIурэ зы жэмыжьрэ зимыIэ къуажэм дэстэкъыми, абыхэм ирагъэшхын къалъыхъуэрт. Апхуэдэхэм я Iуэхури гурыIуэгъуэт, ауэ колхозым и мылъкур гъэ къэсыхункIэ хэщIырт, гъавэм елэжьхэр кIуэтэху нэхъ къулейсыз хъурт. Абыхэм я закъуэтэкъым, къэралыр зэрыщыту щытыкIэ гугъум итт. Перестройкэр къызэмыхъулIа Горбачёвыр лъэныкъуэ ирагъэзри, Совет Союз къэралыгъуэшхуэр якъутэжат. ЕрыскъыхэкIхэр чэзуурэ кIуэдырт, бензиныр зэпэубыдат. Зэрыхабзэщи, апхуэдэхэм деж хьэрычэт, хыхьэхэкI Iуэхур мэятэ. Къэралым хуэмыгъэзэщIэж Iуэхухэр цIыху щхьэхуэхэм я пщэм далъхьэжауэ, щымыIэр къашэрт, ди деж щагъуэтыр зэбграшырт.

Лэжьыгъэншэу къэна цIыхухэм псоми зыщIыпIэкIэ задзырт. Дауэ ящIми, сом къызэралэжьын, я бын зэрапIыжын Iуэху зэрахуэрт. Къэралым и хабзэхэр тIэкIу къэлэлауэ зэрыщытым цIыхур куэдым тригъэгушхуэрт. Псалъэм и хьэтыркIэ, а фадэ дыдэр зэзыгъэкIуэкIыу яу-

быдам зыкъищэхужыфмэ, къаутIыпщыжырт, зыкъэзымыщэхужыфыр текIуадэрт.

ХьэрычэтыщIэхэм нэмыщI, япэм щымыIауэ, нэгъуэщI цIыху лIэужьыгъуи къэунэхуат. Апхуэдэхэм мылъку тIэкIу къэзыугъуея дэтхэнэри къадэгуэшэн хуейуэ къалъытэрт, я бэлагъыр зыхамыIу щыIэтэкъым. Псом хуэмыдэу зытегушхуэр завод, фабрикэ е нэгъуэщI лэжьапIэ IэнатIэхэм я унафэщIу къекIуэкIыурэ, иужьым ахэр зыIэщIэзылъхьэжахэрат. Апхуэдэ гуп кIуат ЛIымахуэ Болэт деж. Пщыхьэщхьэу и унэм теуэхэри: «Илъэс Iэджэ щIауэ колхоз унафэщIу уолажьэ, мылъку Iэджи зэплъэфэлIащи, укъыддэгуэшэн хуейщ», – жаIэу щрахухьым, абы арэзы техъуа хуэдэу фэ зытригъауэри, адрей пэшым щIыхьэщ, хьэзыру щылъ фоч узэдар къиштэри, тIур зэшэзэпIэу иукIащ, тIур уIэгъэу Iэпхлъэпх ищIри, хабзэхъумэхэм Iуригъэшащ, езыми зитащ. Iуэхур зэхагъэкIыу, я судыр щащIэм, укIыгъэ зэрыщыIэр я тегъэщIапIэу, лIыр ягъэкъуэншэну иужь ихьами, и щхьэ, и унагъуэ ихъумэжын папщIэ IэмалыншагъэкIэ къыIэщIэщIауэ пхагъэкIри, судыр щащIа махуэм къаутIыпщыжат.

Колхоз Iуэхухэр зэрекIакIуэм къыхэкIкIэ, Беслъэнрэ колхоз тхьэмадэмрэ я зэхущытыкIэри нэхъ щIыIэ хъууэрэ кIуэрт, Беслъэн лэжьапIэм къыIукIыжат. Щхьэ закъуэ лэжьапIэ къызэзыгъэпэщхэр куэду къэунэхуу хуежьат а зэманым. Арати, Беслъэни езыр-езыру йогупсыс: «Си уни сыдэсыжу, зи машинэ къутахэм яхуэсщIыж щхьэ мыхъурэ?» Ауэ машинэр яхуищIыж щхьэкIэ пщIэ къеIызыхыу емыса щIалэ хьэлэлым, закъуэтIакъуэм залымыгъэкIэ къратми, нэхъыбэм дэшхынышхуэ щIымыгъуу фадэбжьэ къыхурагъэхьырт. 107

* * *

Марат тутнакъэщым къызэрикIыжрэ хуабжьу зихъуэжат. Зэман дэкIмэ, псори и пIэ иувэжыну зи гугъа Ларисэ къэпцIат. Тегушхуэу, и щхьэгъусэм епсэлъылIэну зэзэмызэ иужь ихьамэ, «си зэранкIэ си адэр имылIэгъуэу дунейм ехыжащ», – жиIэрти, и нэпсыр джэшым хуэдэу къелъэлъэхыу къэтIысырт. Ларисэ фIэгуэныхь хъурт и щхьэгъусэр икIи Iэмал зэриIэкIэ тригъэуну хэтт. НэгъуэщI зыгуэри хэлът мы Iуэхум: и щхьэгъусэм апхуэдэу къызэрыщыщIам езыми и зэран хэлъу къыщыхъужырти, абы псэхугъуэ къритыртэкъым. «Ей, Ларисэ, Ларисэ, аргуэрыр насыпыншэ къыбдэхъуащ. Уэ гъусэ ухуэмыхъуамэ, хэт ищIэрэ, мы щIалэм и гъащIэри, и насыпри нэгъуэщIу къекIэрэхъуэкIынкIэ хъунт... Сыту насыпыншэу сыкъигъэщIат... АрщхьэкIэ... ЦIыхур зыщIэхъуэпсым хуэдэ насып къызитатэкъэ сэ Алыхьым?! Ауэ сыт?.. СхуэIыгъакъым. СхуэIыгъакъым, сыделэти. Си IэкIэ щIэслъхьэжащ си насыпыр. Си адэ-анэми фIыуэ сыкъэзылъагъуу насыпкIэ къысщыгугъа щIалэ закъуэми я дзыхь къызагъэзар згъэпэжакъым. Сахуэфащэтэкъым сэ абыхэм. Сахуэфащэтэкъыми, аращ Беслъэн пэIэщIэ сыщIищIари. Щхьэ сыделат а дакъикъэм?.. Дэнэ кIуат апхуэдиз илъэскIэ си адэ-анэм сызыщIапIыкIа псор?.. Сэ сыщыделэм, Беслъэн,

уэри щхьэ зызэтумыIыгъарэт? Си гъащIэр сохь гуитIщхьитIу, сыпсэуми, сымыпсэу пэлъытэщ. Си гупсысэхэмкIэ жэщ къэс си псэр «хызохыжри», пщэдджыжьым ерагъыу сыкъытохьэ дунейм. Мо сабийр мыхъуамэ...» – и щхьэ хужиIэжырт цIыхубз насыпыншэм.

Куэд дэмыкIыу, Абхъазымрэ Куржымрэ я зэхуаку къыдэхъуащ зэпэщIэувэныгъэ. Абы япэу кIуахэм яхэтат Марати. Абы и хъыбар тэмэму унагъуэм къаIэрымыхьэми, зэрыпсэур ящIэрти, абыкIэ я гур ягъэфIырт.

Болэт къызэраутIыпщыжрэ мазэ нэхъ дэмыкIауэ, Марат Абхъазым щаукIауэ къашэжри, щIалъхьэжащ. ЕтIуанэ инсультым и ужькIэ, Iэрызехьэ дыдэ хъуат Марие. Къыдэбзэр и Iэ лъэныкъуэрати, и ерыскъы Iыхьэр езым ешхыжыф, жари, ари гуфIэгъуэшхуэу къалъытэрт.

Ларисэ гурыфIыгъуэу мы дунейм щиIэр и хъыджэбз закъуэрат. Даринэ цIыкIу и анэм ещхь хъужат, ауэ нэхъ дахэж зэрыхъунур цIыкIу щIыкIэ къапщIэрт. Даринэ сабий тыншт, и анэм щысхь хуэдэ, зыкъытригъэхьэлъэртэкъым.

Пщыхьэщхьэ гуэрым Мариерэ Даринэрэ игъэшхауэ, пщэфIапIэр зэщIикъуэжу здыщIэтым, Ларисэ и гуащэр къеджэри зыбгъэдигъэтIысхьащ.

– Си хъыджэбз Iущ, си хъыджэбз губзыгъэ! Пхъу сиIами, уэ пхуэдэу схуэгъэсэну си фIэщ хъуртэкъым. ФIыгъуэу щыIэр Алыхьым къахуищIэ узыгъэса уи адэ-анэм. Ди унэ укъызэрамышэ лъандэрэ си гум фIыуэ уилъэгъуащи, игъащIэм сызыщIэхъуэпса пхъум хуэдэу сыпхущытщ. Аращ дзыхь щIыпхуэсщIри. ПщIэрэ, сэ зы щэху сиIэщ, куэд щIауэ къыздэгъуэгурыкIуэу... Зы махуи абы сигъэтыншакъым, ауэ иужьрей зэманым а щэхум сетхьэлапэ, зыгуэрым жезмыIэнкIэ Iэмал имыIэу. Сэ куэд мыщIэу си къуэмрэ си щхьэгъусэмрэ сахуэзэжынущи, си щэхур мы дунейм здытызумыгъэхыу, къедаIуэ.

– Еянэ классыр къызэрызухыу, сыкъыщIэкIат школым. Ди адэр зауэм хэкIуадэри, ди анэм дипIащ, дэ тхуэдэм дримыгъэхъуапсэу. ФIыуэ седжэрти, дэни сыщIэтIысхьэфыну сыкъигъэгугъэрт. Университетым илъэс куэдкIэ ущеджэн хуейти, си анэм сыщысхьри, технологическэ техникумым сыкIуат. МэжэщIалIэу дыкъэтэджати, сыт щыгъуи ерыскъым пэгъунэгъуу сызэрыщытынум сригуфIэрт. Практикэ щетхьэкIыну, дэ дагъакIуэрт шхапIэшхуэхэр зиIэ заводхэм, фабрикэхэм. Япэ дыдэ практикэ дыщагъэкIуам унафэщIу ди гъусар егъэджакIуэ щIалэт. Залымт и цIэр. Зыкъыспригъэхыну щыщIидзэм, гулъытэ хэха къыщысхуищIым, псалъэ дахэхэр къыщызжиIэм, апхуэдэу дахэрэ абы нэхъыфIрэ щымыIэу къысщыхъуу, мэл IэрыпIым хуэдэу и ужь сыкъинат. СменэкIэ дылажьэрт. Унагъуэ-унагъуэкIэрэ дытрагуэшауэ, фэтэр дыщIэсти, пщыхьэщхьэ гуэрым Залым нокIуэ. Си закъуэт щIэсри, кином дыгъакIуэ, жи. ПщыхьэщхьитI-щыкIэ дыкIуащ кином дызэгъусэу. Хуэм-хуэмурэ дзыхь хуэсщI хъуащ щIалэм. Еуэри, щхьэусыгъуэ гуэрхэр ещIри, езым и фэтэрым срегъэблагъэ. Щхьэр зыгъэуназэ шампанскэр, кIэнфет IэфIыр, макъамэ дахэр, псалъэ гуакIуэр зэхохьэжри, си щхьэри абы доуназэ... ЗыкъыщысщIэжам дунейм зихъуэжат,

сэ си дунейм зызэридзэкIат... Сыгъащ, сыбжащ, сыкъэзылъхуам я пащхьэ сызэрихьэжынур къысхуемыгъэкIуу. Ауэ Залым IэплIэ-бакIэ сыщIигъанэри, «зы щхьэкIэ умыгузавэ», къызжиIащ. «Си тхьэIухуд шыр (арат къызэрызэджэр), си аспирантурэмрэ лэжьапIэщIэмрэ зэхуэзгъэхъухукIэ къызэжьэ, итIанэ дызэрышэнщи, псори и пIэ иувэжынщ», – жиIэурэ сытригъэужащ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм хы Iуфэм практикэ дагъэкIуауэ дыщыIэу, япэу сыкъызэIыхьат, ауэ мыхьэнэ естатэкъым. Зэман дэкIри, аргуэру къытригъэзэжащ. Дызыгъэлажьэхэм ящыщу Наталье Ивановнэ гу къыслъитэри, занщIэу дохутырым сигъэкIуат. КъызэрыщIэкIамкIэ, дагъуэ сиIэу арат. Гува-щIэхами ар къызэрыхъунур къызгурыIуэн хуейтэкъэ, ауэ Залым къызжиIэм фIэкIа сэ зыри зэхэсхыжыртэкъым. НатIэкIэ сыжьэхэуэху си Iуэху зытетыр къызгурыIуатэкъым. Пщыхьэщхьэм переговорнэм сыкIуэри, Залымхэ я деж сыпсэлъащ, ауэ трубкэр къэзыщтар и анэрати, зыри схужемыIэу теслъхьэжащ. Махуэ къэс нэхъри сыгужьейрт, жысIэнур нэсу схузэкIэлъымыгъакIуэу. Сытми, Залым деж сопсалъэ аргуэру.

– Умыгузавэ, си тхьэIухуд, практикэр и кIэм нэбгъэсу укъэкIуэжыхукIэ, сэри си Iуэхухэр згъэтэмэмынщи, псори зэдгъэпэщыжынщ, – жиIэри, аргуэру си гур фIы къысхуищIащ.

Практикэр къэдухауэ дыщызэхуэзам, Залым си Iуэхур зэфIэзыгъэкIыну дохутыр къызэрилъыхъуэр гуфIэу къызжеIэ.

– Сыт дохутыр?! – сыкъэуIэбжьауэ сыщIоупщIэ сэ.

– Мы зэхэдгъэзэрыхьар зэхэзыхыжын дохутыр, – жи, губжьауэ.

– Сэ уэ... Сыпшэнукъэ?.. – къыдызошей сэ.

– Марие, си псэм хуэдэ, ар иджы къетхьэжьэнкIэ Iэмал зимыIэ Iуэхущ. Си анэр сымаджэ хьэлъэу больницэм щIэлъщ, уэ зэрыпщIэщи, сэ нэгъуэщI сиIэххэкъым. Абы иджыпсту ар жесIэмэ, езыр къысфIэмыIуэхурэ си щхьэр нэхъапэ изгъэщ хуэдэу къыщыхъунущ. Мамэ и гъащIэ псор сэ щхьэузыхь къысхуищIащ. Моуэ ари нэхъыфI къэхъужынщ, дэри ди Iуэхухэр тIэкIу зэтеувэнщ, уэри уи еджэныр зэфIэкIынщи, итIанэ... – жиIэрт абы.

НэгъуэщI Iэмал къызэрымынэжыр си фIэщ хъури, си нэпс къежэхыр еслъэщIэкIыурэ, Залым селъэIуащ: «А зи гугъу пщIы дохутырыр дэнэ здэщыIэр? КхъыIэ, нэхъ псынщIэIуэу иужь дигъэхьэ мыбы».

Ещанэ махуэм Залым къигъуэтащ дохутыр, абы естыну ахъшэри зэригъэпэщащ.

– Уэ унэмыкIуэну ара? – соупщI Залым. – Сэ абы си закъуэ сыщIыхьэфынукъым.

– Уа, уделэ дыдэ си гугъэщ уэ. А жыпIэм уегупсысыжрэ? Сыт сэ абы щысщIэнур? КъищынэмыщIауэ, щыхьэт уиIэу, Iулъхьэ пIахын уи гугъэрэ? – жиIэри пиупщIат.

Сытми, Iулъхьэ тIэкIур сIыгъыу дохутырым и деж сокIуэ. СыздэкIуам, зэман куэдыIуэ згъэкIуауэ жеIэри, къызошхыдэ. Уи фIэщ хъумэ, сыкIуэцIрыхуамэ нэхъ къэсщтэнт. «Тхьэ сымыщIэ, нэгъуэщIу ди Iуэхур тщIын ди гугъати...», – къызогъажьэ сэ.

ЖысIэр зэпиуду, къопсалъэ сэ схуэдэ куэд зылъэгъуа дохутырыр:

– Фэ фи гугъар сэ сщIэркъым, ауэ иджы фызэримыгугъауэ фи Iуэхур зэрыхъунур хьэкъщ. Зэманыр хэвгъэтIэсащ, дахэ цIыкIу. Сабийр зэрыхъун хъуащ, сэ мыбы сеIусэжыфынукъым, нэгъуэщI еIусэни бгъуэтынукъым. Уэри укъемылынкIэ хъунущ.

Залым зыкIи ущыгугъ зэрымыхъунур къызгурыIуат, ауэ, итIани, делэ сыхъуами ярейуэ, жиIэу хъуам седаIуэрт. Апхуэдэу щыхъум, Залым нэгъуэщI хэкIыпIэ къигъуэтыну сыкъигъэгугъащ. Сытми, аргуэру практикэ сыкIуэ хуэдэу дыдейхэм яжесIэри, гъэпщкIуауэ сыщыIэну санаторэ гуэрым сыкIуащ. Узижагъуэр иувэ сэ абы щыгъуэ сызэрыта щытыкIэм!.. Санаторэм зыгъэпсэхуакIуэ сыкIуауэ аратэкъым, атIэ я пщэфIапIэхэм я зым практикэ сыщыIэ хуэдэу сыщылажьэрт. Лейуэ зы лъэбакъуэ счыртэкъым, псалъэ жысIэртэкъым, зэрыжаIэщи, си ныбжьым сыщыщтэжу сыпсэурт. Сэ къысщыхъурт си Iуэху зытетым дуней псор щыгъуазэ хъуарэ къыстепсэлъыхьу. Бостей быхъу къэсщэхури, ар сщыгъащ зыкъомрэ. Псоми защызгъэпщкIуну сыхэтт. Сытми, дохутырым жыхуиIа зэманыр къыщысым, сымаджэщым сыкIуащ. Си Iуэхур хущхъуэкIэ нэхъ пасэу зэфIагъэкIри, сыкъыщIагъэкIыжащ... Си сабийр си IэкIэ сукIыжри сежьэжат. Делагъэ гуэр зыIэщIэмыщIэ щыIэкъым, ауэ сэ, зы делагъэм адрейр кIэлъызгъэпIащIэу, си гъащIэр зэхэзгъэзэрыхьурэ сыкIуэрт. Абы лъандэрэ илъэс щэщIрэ хырэ дэкIащи, а сабийр зы махуи си гум ихуакъым. ЦIыкIунитIэ дыдэт ар иджыри... Пэжщ, ар псэууэ дунейм къытемыхьауэ къызжаIащ, ауэ, си гум псэхугъуэ къызимыту, нобэ къыздэсым абы согупсыс.



Сыщылажьэ санаторэм сыкъэнэну къыщызэлъэIум арэзы сыхъуащ. ЕджапIэмрэ абырэ зэдэсхьу сылэжьащ, Хьэсэнбий зэзгъэцIыхуу, абы сыкъыIуишыжыху. Ауэ ар нэгъуэщI хъыбарщ...

Ар жиIэри, Марие нэщхъей дыдэу и нысэм еплъащ, къиIуэтэжыр и кIэм зэрынигъэсар наIуэу.

* * *

Къилэжьышхуэ щымыIэми, Беслъэн Iуэхуншэ хъуртэкъым. IэпщIэлъапщIэти, машинэ зиIэ дэтхэнэри къекIуалIэрт абы и деж. Еуэри, махуэ гуэрым абы къыхуокIуэ Лъапэрывэ Умар и къуэ нэхъыжьыр. Ахэр ящыщт япэ дыдэ кооператив къызэзыгъэпэщахэм. Колхозым мыIэрысэпс щыщIаху цех иIэти, ар бэджэнду къащтауэ ягъэлажьэрт. Ауэ мыIэрысэпсым нэмыщIкIэ шагъыр сытхэри щыщIагъэжу жаIэрт цIыхухэм. Умар и къуитIыр бэнакIуэ лъэрызехьэт, абы къищынэмыщIауэ, гу кIуэм гудзэ къыкIэрызыудхэм ящыщт. Апхуэдэхэм щхьэкIэ зэрыжаIэщи, сэлам епха нэужь, уи Iэпэхэр убжыжын хуейт, апхуэдизкIэ дзыхьщIыгъуэджэти.

– Дауэ ухъурэ, Беслъэн? Сыт, зыгуэрым и машинэ къутэу, си деж къыIухьэну пIэрэ, жыпIэу удэплъейуэ  куэдрэ ущысыну? – ар жиIэу, Заурбэч машинэм къибэкъукIащ. – Уэлэхьи, колхозым укъызэрыIукIам нэхъ пэж умыщIэнт, ауэ дызэгурыбгъаIуэмэ, уи пхъэ къидгъэкIыну дыхьэзырт.

– Сыт, Бэч, уэрэ сэрэ дыщIызэгурымыIуэнур? Тхьэм и шыкуркIэ, къуажэр инщ, дызэжьэхэмыуэу, дыщызэблэкIыфыну си гугъэщ.

– Узэжьэхэмыуэн папщIэ узэбгъурыту зы гъуэгу урикIуэмэ нэхъыфIщ...

– Нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIамэ нэхъ къэсщтэнут, Бэч, – жеIэ Беслъэн, къриIуэкIар къыгурымыIуауэ.

– Плъагъуркъэ, уэ IэщIагъэфI уиIэщ... ЗэрыпщIэщи, дэ мо мыIэрысэ щапIытI цехыжь тIэкIур къэдгъэнэжащ. Абы нэмыщIкIэ, журтхэм дэрбзэр цехыр къыщыIахыжым, мыбы хамэ къыдэдгъэхьэнкъым, жытIэри, си къуэшым сэрэ ар къэтщэхужащ. Псоми оборудовэнэр щIэзщ. Моуэ-щэ абыхэм я пIалъэ ищIэу, цIыху IэпщIэлъапщIэ дыхуейт. КIэщIу жыпIэмэ, а лэжьыгъэр къэпщтамэ, улахуэкIэ уи жагъуэ дымыщIу, дызэгурыIуэнт. Иджыпсту жэуап къызэт жысIэркъым, егупсыс, Беслъэн, – ар жиIэри, Бэч IуигъэзыкIыжащ.

«Еплъыт абы и псэлъэкIэм!.. Абы и жьауэ щIэуви, уигъэбэуэххэнкъым», – хужиIэжырт Беслъэн и щхьэм. Гупсысэм зэщIиубыдауэ, тутыныр щIигъэнауэ здэщысым, къуажэ почтальоныр къыIухьащ. Ар Беслъэн къыхуогуфIэ, письмо гуэри иIыгъщ. «Уэлэхьи, а щIалэр драшеяуэ флъагъунмэ, апхуэдэр лэжьыгъэншэу щамыгъэсын», жысIати, мис, плъагъуркъэ, къыпкIэлъысащ телеграммэр», – жи.

Телеграммэр къыздикIыр Хабаровскт. Жыраслъэн къитхырт икIэщIыпIэкIэ ахэр зэпсэлъэн хуейуэ. Жыраслъэнрэ Беслъэнрэ письмокIэ зэрыщIэрт, телефонкIи щызэпсалъи щыIэт, ауэ иджыпсту Iуэху пIащIэгъуэу къэхъункIэ хъунум и щхьэр хухуэгъакIуэртэкъым щIалэм. ЕтIуанэ махуэм, Жыраслъэн къыхуигъэлъэгъуа зэманым ирихьэлIэу, Беслъэн почтэм нэсащ. ЗэщIэупщIа нэужь, Жыраслъэн къригъэжьащ: «Беслъэн, сэ сыщIыпхуейр Iуэхушхуэщ, занщIэу жэуап къызэрызумытыфынури сощIэ, ауэ сынолъэIу фIыуэ уегупсысыну. Нэхъ пасэу ныззэрыпхуэстхащи, Уваровым сигъэцIыхуауэ щыта прапорщик Кольцовымрэ сэрэ бдзэжьей щагъэгъу завод цIыкIу къэтщэхужауэ догъэлажьэ. Иджы, и къуэшыр къелъэIуауэ, ар мэкIуэж, тIуми зэгъусэу щIышхуэ бэджэнду къащтэну. Сэри щIы гуэр къэсщэхужыну сыхуейт, ауэ губгъуэ лэжьыгъэм хэсщIыкI щыIэкъым. Си стажыр иримыкъуауэ, службэм сыкъыхэкIыж хъунукъым. Хамэ гуэр Iыхьэгъу сщIыну сыхуейтэкъыми, си гур уи деж нэжащ занщIэу. Фи колхоз тхьэмадэмрэ уэрэ фыщызэгурымыIуэкIэ, арэзы ухъуамэ, уэр нэхъ гъусэфI къэслъыхъуэнтэкъым. Мыр IуэхуфIщ, ди лэжьыгъэри иджыпсту тэмэму зэтеува хуэдэщ. Тегушхуэ, сэ зэрыщIэбдзэн ахъшэ щIыхуэу узотри, иужькIэ ущыхуэхъу къызэптыжынщ».

Жыраслъэн къыжриIам зэхэзехуэн ищIауэ, Беслъэн гупсысэ куум хэтт. Къуажэр ибгынэн зэрыхуейрат нэхъ къытехьэлъэр. Я лъапсэр-щэ? И адэ-анэм я губгъэн къимыхьыну пIэрэ?.. Ахэр зэригъэзахуэурэ, и нэбдзыпэ зэтримылъхьэу игъэкIуащ Беслъэн жэщыр. Нэху къызэрекIыу, ар Хьэжбийхэ я дежкIэ екIуэкIащ. Хьэжбий Хьэжсет нэхърэ нэхъыжьми, икъукIэ лIыжь Iэчлъэчт. Беслъэн и Iуэху зытетыр щыжриIэм, лIыжьыр занщIэу къэгузэващ лъапсэм щхьэкIэ.

– Дыкъыщыхъуа пщIантIэжьыр хьэ жапIэу бутIыпщыжыну ара иджы, щIалэ? – жиIащ.

А псалъэмакъым хуэхьэзырт Беслъэн.

– Лъапсэри хэкIуэдэжынкъым. Мес, тхьэм и фIыщIэкIэ, Хъусен щIалищ иIэщи, языхэзыр къригъэтIысхьэнщ, унагъуэ хъумэ.

– Ар жыпIэ щхьэкIэ, уэ уи Iуэху зэрыхъунур зыми ищIэркъым. ЩIалэхэр дэтIысхьэуи сощIри, я лъапсэ дыдэу щыщымыткIэ, зыгуэр щащIэнуи, щаухуэнуи хуимыту псэуну аращ. Ар унафэ щIыкIэ къысхуэхъуакъым, – икIуэтыркъым лIыжь пхъашэр.

– Хьэжбий, абы щхьэкIэ умыгузавэ, пщэдей сельсоветым дыкIуэнщи, псори зэрыщIыпхъэм хуэдэу тщIынщ.

– А Беслъэн, Алыхьым жимыIэкIэ, ауэ зыгуэркIэ а жыхуэпIэм уи Iуэхур щымыхъумэ, дауэ ухъуну? Гъусэ уиIамэ аратэкъэ? Лъы фIей зыщIэт гуэр абы гъусэ къыщыпхуэхъумэ, ухэкIуэдэжыпа мыгъуэкъэ итIанэ? – жеIэри, Жанпагуэ къахопсэлъыхь.

– Жанпагуэ, фIыщIэ пхузощI укъызэрысхуэгузавэм щхьэкIэ. Уигу умыгъэныкъуэ, а зи деж сыкIуэ щIалэр дзыхь зыхуэпщI хъунухэм ящыщщ.

Беслъэн зэрыдэкIыжу, Жанпагуэ губжьауэ и щхьэгъусэм зриупсеящ:



– Нэхъ жьы ухъуху, нэхъ нэпсей ухъу си гугъэщ. ЩIалэм и гур ибудащ, уи анэ къилъхуам ар ипIащ, и быным хуэдэу. «Лъапсэ, лъапсэ», жыбоIэри, щIалэм и гъащIэр зэрыхъунум уегупсысыркъым. Насып къытхуихьыну дэ а щIапIэм?! Тхьэ, адэ къуэш тэмэм, моуэ и щхьэ зрихьэлIэ хъун иIамэ, емыжьэнт... Иджы сыт, дунейр и зэхуэдэщ, дэнэкIэ зигъазэми хъунущ.

– Уа фызыжь, сэ сыщIэгузавэр мылъкукъым. Ар си адэшхуэм и адэжым и лъапсэжьу щытащи, аращ сыкъезыхуэкIыр.

– Арауэ щытмэ, лъапсэм уасэ хуэдвгъэщIи, щIалэм сом гуэр IэщIэдвгъалъхьэ. ИтIанэ колхозым къыдита унапIэр едвгъэт, зыгуэркIэ и Iуэху мыхъумэ, къыздигъэзэжын щIы кIапэ иIэн хуэдэу.

Беслъэн колхозым къыIукIыжа нэужь машинэ къищэхуат, ахъшэ дэдзыха гуэрхэри иIэт.

Пщыхьэщхьэм Хьэжбий и къуищыр и гъусэу къакIуэри, зэпсэлъаахэщ.

– Беслъэн, махуэ къэс дахэ зэжетIэу щымытми, сигу Iей пхуилъкъым. Си къуэш нэхъыщIэм, и хьэдрыхэ фIы тхьэм ищI, ей дыдэм хуэдэу уипIащ. Тхьэм фIыгъуэр къыпхуищIэ, уэри я хьэдащхьэ бгъэпудакъым. Мыдрейуэ, нобэ уздэкIуэну жыхуэпIэр щIым и гъунэщ, ауэ а зи гугъу пщIы адыгэ щIалэр апхуэдэ шэсыпIэ щиувэкIэ, тегушхуэ, тхьэм уи мурад къыуигъэхъулIэ. ЗыгуэркIэ зэхуэмыхъу гуэр къэхъумэ, ди бжэр уэркIэ зэIухащ сытым дежи. Къуажэм лъапсэ зэрыщащэ уасэхэм щIэзгъэупщIэри, сом гуэри пхуэдгъэхьэзыращ. КъищынэмыщIауэ, колхозым къыдатауэ щыта унапIэр ууейщи, сельсоветым фыкIуи, абы унафэ тревгъэщIыхь. Къэбгъэзэж хъумэ, лъапсэ гуэр мыбыкIэ ущиIэн хуейщ. МыдэкIэ, уи машинэр пщэнумэ, Хъусен и щIалэ нэхъыжьым къыхуигъэнэнут...

Беслъэн зыгуэр пидзыжыну кърыгъэжьат, ауэ дадэм ар ауи игъэпсэлъэххакъым.

Игу щIэныкъуэ псори зэфIигъэкIри, зыхуеину щыгъынрэ хьэпшып тIэкIурэ фIэкIа имыIыгъыу, Беслъэн ежьащ. ЗэрыжаIэщи, дыгъэм и гупэр хуэгъэзарэ къэкIуэнум хуэпабгъэу. Сыт хуэдэ Iуэхуми хуэхьэзырт щIалэр. Къэшэн Iуэху хузумыхуэ закъуэмэ, лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ къикIуэтынутэкъым ар. Хъыджэбз дапщэ ирамыгъэцIыхуами, и унэм щIэсу къызыщигъэхъурти, псори зэтекъутэжырт. Ларисэ и сурэтыр и нэгу къыщIэувэ зэпытт. Къемыжьэ щIыкIэ Ларисэ деж кIуэуэ епсэлъэну и гугъат, ауэ къызэрелъэIуауэ щытар игу къэкIыжри, зызэтриубыдэжат.

Езыхэм ей гуэр къекIуэлIэжа фIэкIа умыщIэну, ирагъэблэгъащ Беслъэн къуэш пэлъытэ къыхуэхъуа Жыраслъэн и унагъуэм. Пщыхьэщхьэ псом хъыбарыщIэ зэжраIэжу, адыгэбзэ щызрагъащIэм псалъэхэр къызэрапсэлъу щытар ягу къагъэкIыжрэ дыхьэшхыу зэхэсащ ахэр.

– Унэм дыщыщIэсым деж адыгэбзэкIэ фIэкIа дымыпсэлъэну къэтщта унафэр иджыри зыми икъутэжакъым, – жиIэу Жыраслъэн кърыгъэжьати, Томэ къыпэрыуащ.

– Ныбжьэгъу Бэрдокъуэ, япэ дыдэу уэращ а унафэр зыкъутэжар. Хъарзынэу зэдгъащIэу едгъэжьати, Беслъэн и службэр къызэриухыу, IэщIыб дыбгъэщIыжащ.

– Уэ сыт ищIыскIи сэ сыбгъэкъуаншэмэ бодэ, – жиIэри, Жыраслъэн псалъэмакъыр иухащ. 

Тимур адыгэбзэмрэ адыгэ лъэпкъымрэ яхуищIа лъагъуныгъэм хэмыхъуамэ, хэщIаIатэкъым. Абы псалъэуха гугъухэр зэхигъэувэу къабзэу къыхуэмыпсэлъми, псалъэ щхьэхуэхэр ищIэжырт.

ЕтIуанэ махуэм ахэр заводым кIуащ. Беслъэн псори кърагъэлъэгъуащ, Игорь Юрьевич емыжьэж щIыкIэ оборудованэхэм я лэжьэкIэм щыгъуазэ ищIащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, завод жыхуаIэм и зы цехт зэкIэ лажьэр, бдзэжьейр ягъэгъупцIу тыкуэнхэм трагуашэ фIэкIа нэгъуэщI лэжьыгъэ ямыщIэу. Техникэ и пIалъэ зыщIэ Беслъэн псынщIэу хэгъуэзащ а цехым и лэжьэкIэм. Арати, Жыраслъэнрэ Беслъэнрэ заводыр я зэхуэдэу зэрыщытыр тхылъымпIэкIи щIагъэбыдэжащ.

* * *

Марие къыхуиIуэтэжахэр Ларисэ и щхьэм икIакъым махуэ псом. Тхьэм ещIэ, езым и насыпым иригъэщхьагъэнт. Пщыхьэщхьэм, Даринэ и пэшымкIэ кIуэжа нэужь, нысэр лъэIуащ адэкIэ гуащэм и гъащIэр зэрыхъуам, иужькIэ унагъуэ зэриухуэжам къыхутепсэлъыхьыну.

– Санаторэ сыщылажьэм зыгъэпсэхуакIуэр сыт щыгъуи щыкуэдт, ди къэралым и дэнэ лъэныкъуэкIи къикIауэ, – пищащ адэкIэ Марие. – Ди щIыпIэм щыщу закъуэтIакъуэт узрихьэлIэр. Апхуэдэ закъуэтIакъуэхэм ящыщу нэкIуат Хьэсэнбий. Нэрылъагъут ар зэрыцIыху Iэсэр. Зэрыадыгэр къыщытщIэм, дэ езым псэлъэгъу къэтщIащ, армыхъумэ езыр зэи тегушхуэну къыщIэкIынтэкъым. Ар и кандидат лэжьыгъэм

елэжьырти, хуиту тхэну, гупсысэну нэкIуауэ арат. Кандидатскэм елэжьу щыжиIэм, Залым сигу къэкIыжри, си щIыфэр тхытхат. Блэ зэуар аркъэным щощтэ, жаIэу зэхэпхакъэ?! Ар и щхьэусыгъуэу, дзыхь хуэзмыщIыщэ сыхъуат. ДызэрыцIыхуа къудейуэ, Хьэсэнбий ежьэжат, зэрыщыIэну зэманыр иухати. Илъэс нэблагъэ дэкIауэ, зыгъэпсэхуакIуэхэм я пщыхьэщхьэшхэр зэфIэкIа къудейуэ, Хьэсэнбий къыщIохьэ. «Мыбы IуэхукIэ сыкъэкIуати, зи ерыскъы IэфI сшха гупыр фыслъагъуну сыкъыIухьащ», – жи. Сэ ар занщIэу къэсцIыхужат икIи, къызыхэкIари сымыщIэу, сыщыгуфIыкIат. Сэлам нэужьым къытщIэупщIэщ, къыддэгушыIэщ, IэфIыкIэ къытхуихьахэр стIолым къытрилъхьэри, щIэкIыжащ. А пщыхьэщхьэм щыщIэдзауэ Хьэсэнбий си нэгум щIэмыкI хъуащ. ТхьэмахуитI хуэдиз дэкIауэ, пщыхьэщхьэшхэ нэужьым Хьэсэнбий аргуэру къыIухьащ. Гупым ди нэхъыжь Анусэ ар шей емыфэу иригъэжьэжын идакъым. Анусэ шампанскэ абджи къызыкъуихри, Хьэсэнбий и кIэнфетым дэдгъэкIуат. Шампанскэр Iуэхум къыщыхыхьэм, щIалэм щIыхуэ къытехуауэ къилъытэри, етIуанэ пщыхьэщхьэм псори рестораным дригъэблэгъащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Анусэ и фIэщу къызжеIэ:

– Марие, мы Хьэсэнбий гулъытэ гуэр ет, армыхъумэ зы бэлыхьыр къыщыщIынкIэ хъунущ.

– Тхьэ, зыкIи нэхъ лейуэ къысхущыту гу лъызмыта сэ абы, – жызоIэ.

– А щIалэр къызэрыптелIэр умылъагъуу ара? – жиIэри, Анусэ IуигъэзыкIыжат.

Анусэ жиIар си жагъуэ хъуауэ схужыIэнутэкъым, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, ауэ, пэжу, Хьэсэнбий сэ нэхъ лейуэ къысхущыттэкъым. Куэд мыщIэу Iуэхур зэхэкIащ. ИужькIэ езым зыкъызэриумысыжащи, абы лIыгъэу иIэр зэхуихьэсри, си закъуэу зыкъысхуигъэзат.

– Марие, нэгъабэ япэу ущыслъэгъуа лъандэрэ си гум псэхупIэ къызитыркъым. Пэжым ухуеймэ, сэ куэдрэ сызэныкъуэкъужащ, си гупсысэхэм ухэзгъэкIыну, узыщызгъэгъупщэну, ауэ къызэхъулIакъым. Зэманыр кIуэху си гурыщIэхэми хэхъуэ фIэкIа зыкIи нэхъ мащIэ хъуакъым. Си псалъэм кIэщI зезгъэщIынщи... Марие, къыздэкIуэ! Сыпэлъэщыжыркъым мы си гущIэр къизысыкI мафIэм. Зы фIы гуэр уэри уигу къысхуилъмэ, укъызогъэгугъэ ухущIемыгъуэжу узгъэпсэуну. Сэ къызгуроIуэ занщIэу жэуап къызэрызумытыфынур, ауэ зумыгъэгувэнуи сыкъэгъэгугъэ... Хуит сыкъэпщIмэ, пщыхьэщхьэкIэрэ фи унэм нэс унэзгъэсыжынт, зэрыжаIэщи, нэхъ гъунэгъууи дызэрыцIыхунт.

Хьэсэнбий и закъуэтэкъым, сэри зэхэзехуэн сищIат лъагъуныгъэ гувам... ШыгъушыпсыпIэм сыхэлът, сщIэнур къысхуэмыщIэу. Си Iуэху зытетыр Хьэсэнбий сыбгъэдэтIысхьэу жесIэну сыхуейт, ауэ къыспэплъэ насыпыр аргуэру зэтекъутэжынкIэ сышынэрт. Дауэ мыхъуми, гъэпцIагъэкIэ унагъуэ схуэщIынутэкъыми, лIыгъэ зыхэслъхьэри, сытегушхуащ пэжыр жесIэну.

– Хьэсэнбий, зы пщыхьэщхьэ къызжепIахэм сегупсысащ... Уэ уэщхьыркъабзэу, сэри сыщыгугъыжакъым апхуэдэ насып къысхукъуэкIыжыну. Ауэ сэ гъусэ сыпхуэхъуфыну къыщIэкIынкъым.



8 Заказ №2650

ЦIыхухъум къимышэу и ныбжь кIуатэкIи ягъэ кIыкъым, абыхэм дапщэщи ягъуэтынущ къадэкIуэну хьэзыр хъыджэбз щIалэхэр.

– Зэт, сыт гъусэ дыщIызэхуэмыхъуфынур? Уигу иримыхьын гуэр къыздэплъэгъуауэ ара? – къэуIэбжьауэ щIоупщIэ щIалэр.

– Хьэсэнбий, Iуэхур здэщыIэр уи дежкъым. СэркIэ уфIыщэ нэхъ лажьэ уиIэкъым, лажьэр здэщыIэр си дежщ, – жысIэри, сыкъыщиудащ...

КъызэдэхащIэурэ сигъэудэIужри, Хьэсэнбий макъ щабэкIэ къыпищащ:

– Иджы мыдэ къызэдаIуэт. Сэ ди Iуэхум куэдрэ сегупсысащ. Iэнкуныфэ къызуплъми, сэри гъащIэ и пIалъэ сощIэ, куэд слъэгъуащ. Си гурыщIэхэм сапэмылъэщыжу, унагъуэ IуэхукIэ сынызщоплъым, уи дахагъэмрэ унагъуэ уимыIэу узэрыпсэумрэ схузэхуэмыгъакIуэу сиукIащ. Ар зэрымыщхьэусыгъуэншэри гурыIуэгъуэт сэркIэ. Щэху гуэрхэр уиIэрэ уимыIэрэ зэзгъэщIэну, сэ зэманкIэ сыпкIэлъыплъащ, къысхуэгъэгъу! МыхъумыщIагъэ щыбдэзмылъагъум, си гур псэхужащ. Щымыуэ щыIэкъым, ауэ нэхъыщхьэр цIыхум и щыуагъэр къыгурыIуэжу, ар зэригъэзэхуэжынырщ. А бдэслъэгъуа щытыкIэм утетрэ, сэ укъысхуэпэжмэ, мы псалъэмакъым дыпсэуху къытезмыгъэзэжыну укъызогъэгугъэ. Уэри псалъэ быдэ къызэптыфмэ, адрейхэр щхьэусыгъуэкъым. Арыншами, ирикъунщ зэману дгъэкIуэдар. Дэ гъащIэ къытпэщылъщ, тхьэм жиIэмэ, гъащIэ дахэ!



А дызэрызэгурыIуам тету, дызэрышащ икIи дызэдэпсэуащ насыпыфIэу. Хьэсэнбий дунейм тетыху а псалъэмакъым къытригъэзакъым, ауэ сэ къысщыщIам сигъэгумащIэурэ Марат мыгъуэм тIэкIу сещэбэкIауэ къысфIощI. Хьэсэнбий тхьэмыщкIэм и гъащIэр сэ щхьэузыхь къысхуищIащ, сэ а насыпыр схуэмыхъумауэ къысщохъу. Схуэхъумакъым апхуэдизу дызытегужьеикIауэ къэдгъэхъуа Марати. Сыт и мыхьэнэ сэ къэзгъэщIам, жысIэу сыщызэупщIыжкIэ, Даринэ цIыкIу сыIуоплъэри, си гур абыкIэ согъэфI. Езыри си цIыкIущхьэ изогъэщхьри, тхьэм фIыщIэ хузощI апхуэдэ насып зэрызигъэлъэгъуамкIэ.

– ИужькIэ Залым зэи урихьэлIакъэ? – жиIэри, темыгушхуащэурэ еупщIат Ларисэ и гуащэм.

– Тхьэ, зэи сыхуэмыза, ауэ, щIэблэр гъэсэным тепсэлъыхьу, телевизоркIэ щIэх-щIэхыурэ слъагъурт. Пэжым ухуеймэ, къуаншагъэ нэхъыбэ зыбгъэдэлъыр сэрат... ЦIыхубзым и пщIэр езым иIыгъыжын, и нэмысыр езым ихъумэжын хуейщ. Асыхьэту узэщIэзыубыда гурыщIэм уи щхьэр ебгъэгъэуназэ хъунукъым. Нэхъ тэмэмыр цIыхухъур апхуэдизу гъунэгъу зыхуумыщIынырщ. Зи щIалэгъуэ хъыджэбзым и гъащIэр зыкъутэ цIыхухъур зыкIи иригузавэркъым абы и къэкIуэнур зэрыхъунум. Аращ сакъын щIыхуейр. Ди хъыджэбзыр пхъумэну сыпщогугъ, нысащIэ.

Марие и хъыбарым и ужькIэ Ларисэ езым и Iуэхур къызэрекIуэкIар жиIэжу, и гур игъэпсэхужыну хуейт. Идэт къешхыдэми, ауэ тегушхуакъым... Апхуэдэ пэжым Марие къемылынкIэ хъунут. Зи бынитI щIэзылъхьэжа и гуащэм елъытауэ, и хъыджэбзым Iуплъэху, езым насыпыфIэу зыкъилъытэжырт Ларисэ.

ЦIыхухъу зыщхьэщымытыж цIыхубз зи закъуэм къракуу, цIыхухъу нэпсей гуэрхэм зыгуэрхэр къраIуэкIырт, уеблэмэ лэжьапIэфIкIэ къэзыгъэгугъэхэри мащIэтэкъым. Ауэ Ларисэ апхуэдэхэм запыIуидзырт. ДяпэкIэ ар зыхуэсакъын хуейр езым и пщIэм и закъуэтэкъым, атIэ ипхъу къыдэкIуэтейри игъэукIытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.

* * *

Беслъэн къызэригъэзэжам, ар гъусэ пэж Жыраслъэн къызэрыхуэхъуам унагъуэр щыгуфIыкIырт. Псом хуэмыдэу Тимур. Зи школ къэухыгъуэ щIалэр зыщIэмыупщIэ щыIэтэкъым, кIуэ пэтми нэхъ дихьэхыурэ кIуэрт адыгэхэм я тхыдэм. Ар, дауи, узыщыгуфIыкIын Iуэхут. Иджы абы зигъэхьэзырырт университетым и тхыдэ факультетым щIэтIысхьэну.

ЗэныбжьэгъуитIым я хьэрычэт Iуэхур ефIакIуэрт. Илъэс щыдэкIам, бдзэжьей гъэгъуным къищынэмыщIауэ, бдзэжьей дагъэ къыщIэхукIэми зыхуагъэсауэ, ари ящэрт. Бдзэжьейм щелэжькIэ къадэхуэ кIэрыхубжьэрыхухэри ямыгъэкIуэду, бдзэжьей хьэжыгъэ къыхащIыкIырти, Iусыпхъэ зыгъэхьэзырхэм иращэрт. Абыхэм зэрелэжь оборудованэхэр лъапсейт, ауэ Беслъэн езым зыкъом зэпкърилъхьэжати, абыи фейдэ къахудэкIат.

– Зэ пенсэм сыкIуэу, унафэ къытхуэзыщI щымыIэу, заводым дыщылэжьарэт дызэгъусэу. Сэращ тыншу лэжьэнур, уэ, унагъуэ ухъуу, уи бынхэр  зыхуей хуэбгъэзэху, псэху жыхуаIэр уиIэнукъым. Иджыпсту сыхущIэмыхьэурэ екIуэкIми, апхуэдэу уи гъащIэр пхьыуэ зэрызмыдэнур зэгъащIэ. Ухуеймэ, хэкум докIуэжри, адыгэ хъыджэбз къыпхудошэ. Ар умыдэмэ, зэуэным фIыуэ хуагъасэу жыхуаIэ ди гъунэгъу япон хъыджэбзхэм ящыщ зы къыпхущIэзгъэтIысхьэнщ. Си Iуэхущ абы, кIуапIижапIи къыуимыту, Iэпхлъэпх уимыщIмэ, – жиIэурэ къыдэгушыIэрт Жыраслъэн.

Беслъэн, дауи, абы емыгупсысу, унагъуэ зиIэхэм емыхъуапсэу щыттэкъым. Уеблэмэ зы цIыхубз гуэр зригъэцIыхуауэ иIэт, ауэ... Ауэ ар гъащIэ гъусэ хуэхъуфынухэм ящыщтэкъым. Насыпым и IуэхукIэ гум фIэмыфIу лъэбакъуэ пчынри, уи псэ уеIэжынри зэхуэдэщ.

ГуитIщхьитIу дунейм тетурэ езэшати, Беслъэн и щхьэм хуэхъущIэжырт, и гум хуимыгъэхуж хъыджэбзым хузэгуэпырт, ар зэрызыщимыгъэгъупщэфымкIэ псори щигъэкъуанши щыIэт. ЦIыху куэдым яхэлъщ а хьэлыр: гъащIэм зыщрихьэлIа мыгъуагъэ псомкIи я хъуреягъыр ягъэкъуаншэу. Иужьрей зэманхэм Беслъэн нэхъ гупсысэх, нэщхъей хъуат. Ей, къигъэщIакъым иджыри цIыху, гурыщIэ къабзэм и къарум пэлъэща! Нэхъ тыншри? Абы узэрыпэмылъэщынур къыбгурыIуэу, зебгъэхьынырщ. Узыхьыну псым зыдегъэхь, жиIакъэ пасэрей адыгэм.

«Ларисэ-щэ? Ярэби, абы сыщыгъупщэжар пэжу пIэрэ-тIэ? Си фIэщ хъуркъым. Ар си фIэщ зэрымыхъуращ апхуэдиз илъэс бжыгъэ хъуауэ си кIуэцIыкIыщIэр къыщIрисыкIыр. Зы зэIущIэ, зы псалъэмакъ закъуэт сызыхуейр. Дыщызэхуэзам, абы и нитI сызыщIэплъам къызжаIатэкъэ

псори? Ларисэ и жьэм жиIэр си фIэщ сымыщIыну къызэлъэIу хуэдэт ахэр... Уоу, ди тхьэ, уэ ущыIэр пэжмэ, си насыпыр зэгуэр зэтеувэжауэ сыгъэлъагъу. Щхьэгъусэ щимыIэжкIэ, иджы нэхъ сыгурыIуэну пIэрэ Ларисэ? Ауэ зыгуэркIэ абы хьэкIэпычыфэ къызиплъмэ, зэIыхьэпакъэ си Iуэхур итIанэ... Ей, сыту Iейуэ а жэщым сыкIэрэхъуат... Си насыпыр си IэкIэ скъутэжащ».

* * *

Тимур Къэбэрдей-Балъкъэр университетым щIэтIысхьэн мурад иIэу экзаменхэр итати, балл бжыгъэ хуримыкъуу къэнат. НэгъуэщI университетхэр и адэ-анэм къыщыхуагъэлъагъуэм, ауи зытригъэхьакъым. А зэрыщысыну илъэсым армэм кIуэуэ, абы къулыкъу щищIэну зэримурадыр яжриIащ.

ЩIалэр армэм цIыхухъупIэ иригъэувэу къэзылъытэ Жыраслъэни и къуэм пэрыуакъым. Армэри къиухщ, къэкIуэжри, университетым щIэтIысхьащ. ЩIалэр еджэным дихьэх къудейтэкъым, атIэ ди щIыпIэхэм зыщигъэнщIыртэкъым, апхуэдизкIэ фIэдахэти.

– Си сабиигъуэр хамэ щIыналъэм щезвгъэхьэкIащ, мыпхуэдиз фIыгъуэм сыхэмысу, – яжриIэрт абы и адэ-анэм. – Иджы сэ си хэкур зэрызбгынэн щыIэкъым. Зэгъусэу дыпсэуну фыхуеймэ, фэ фыкъэкIуэж.

Бэрдокъуэхэ яхицIыхукI закъуэтIакъуэхэр къигъэсэбэпурэ, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу лъэпкъым нэIуасэ захуищIат щIалэщIэм. Иджы абы и адыгэбзэр, дауи, нэхъ къабзэ, нэхъ къулей хъуат. Дэнэ мыкIуэми, адыгэбзэт зэрыщыпсалъэр.

Жыраслъэн апхуэдизу а Iуэхум иригуфIэрти, пенсэм кIуэмэ, и къуэм деж Iэпхъуэжыну зэримурадыр Беслъэн хуиIуэтащ. Ар зэхэзыха Беслъэн и гур Ларисэ дежщ япэу здэжар. ФIыуэ илъагъур и нэгум къыщIэувэри, гугъэ хъуаскIэхэм псэ къыхалъхьэжами ярейуэ, нэхъ жан къэхъуат а дакъикъэм.

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, ар зэныкъуэкъужурэ зыкъыщигъэгубжьыжкIэ тегушхуэрт Ларисэ и деж кIуэжу, апхуэдэу адэкIэ зэрымыпсэужыфынур жриIэну. Ауэ игу иримыхьын жэуап зэхихынкIэ шынэрти, ищIэнур имыщIэжу къанэрт.

* * *

Школыр къэзыуххэм я иужь уэзджынэм и махуэти, пщIантIэм цIыхур щыкуэдт. Даринэ ехъуэхъуну къэкIуауэ, къызэхуэсахэм яхэтт Нинэрэ Натусэрэ. Удз гъэгъа Iэрамэхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ IэщIалъхьэри, езыхэр Марие тIэкIу бгъэдэсыну ежьахэщ. Дэхъунэхэ дежкIэ щаунэтIым, Лариси гъусэ къахуэхъужащ.

КъыхуэкIуахэр зэрилъагъуу, Марие къэгумащIэри, и нэпсым къызэпижыхьащ.

– Хэт ищIэнт си хъыджэбзым школыр къызэриухыр слъагъуну. Алыхьращ фIыщIэри щытхъури зейр. ФIыщIэ хуэфащэщ ар схуэзыпIа

си нысэ цIыкIуми. ФIыщIэ пхузощI, Нинэ, уэри, Ларисэ хуэдэ быныфI зэрыбгъэсам щхьэкIэ. Фи щIэблэм я гуфIэгъуэ куэд тхьэм фигъэлъагъу! – жиIэри, и нэпсыр щIилъэщIыкIащ.

– Ар фIымэ, уэри уи фIыщIэщ. Ларисэ куэдым зэрыхуебгъэсар сэра зымыщIэр?! Тхьэм куэдрэ узыншэу уащхьэщигъэт! – жи Нинэ, плъыжьыбзэ къэхъуауэ. Ар зыгъэукIытар, дауи, Марие жиIаратэкъым. А дакъикъэм а цIыхубзищми ягу къагъэкIыжын яIэт...

Абы хэту, Даринэ цIыкIуи гуфIэжу къыщIэлъэдэжри, и анэшхуэм и пщэм зридзащ.

– Мамэшхуэ, сыт ущIэгъыр? Школым укъыкIэрыхунущ, жыпIэу умышхыдэми хъунущ дяпэкIэ.

– А си псэ, а узыщIэтIысхьэну еджапIэр школым нэхърэ нэхъ гуащIэжщ, абы нэхъ укъыкIэрыху хъун уи гугъэу ара?

– Мамэшхуэ, уэ удиIэу, сэ абыхэм щхьэкIэ сыгузавэркъым. Уэ тхуэпсэу закъуэ. Сэ дохутыр сыхъумэ, а уи узым узыр еттынщ, – жи Даринэ, и анэшхуэм зришэкIыурэ.

Апхуэдэт а тIум я зэхущытыкIэр. Я псэр зы чысэм илъщ, жыхуаIэм хуэдэт. Абыхэм яIуплъэху, Ларисэ гуфIэрт, ауэ, и гум илъ щэхум къыхэкIкIэ, тIури къигъапцIэу къыщыхъурти, нэщхъей хъужырт.

Натусэрэ Нинэрэ ежьэжауэ гъуэгу здытетым ягъэщIагъуэу тепсэлъыхьащ Даринэ Марие зэрыхуэсакъым.



– Алыхьым и къарур инщ, жыхуаIэракъэ... Даринэ нэхъ ин хъуху, Марие нэхъ ещхь хъууэрэ макIуэ. Апхуэдизу фIыщэу къэзылъагъу и анэшхуэм и хьэл къиштахэм и теплъэкIи абы ещхь ящIу къыщIэкIынщ, – увыIэжыххэртэкъым Натусэ.

– Тхьэ, сэри абы куэдрэ согупсысмэ, – кIэщIу иухащ Нинэ, адэкIэ псалъэмакъым пищэну гукъыдэж зэримыIэр къигъэлъагъуэу.

* * *

Япэ рангым и капитаным и вагъуэхэр къратри, Жыраслъэн хьэлъэхэр къезышэкI кхъухьым и командир ящIауэ, и службэр дэгъуэу екIуэкIырт. Пенсэм щыкIуэнуми къэнэжаишхуэ щыIэтэкъым. Тимур Къэбэрдей-Балъкъэрым хуищIа фIылъагъуныгъэм хэхъуэ зэпытт. Томэ бзылъхугъэ Iущ гъуэтыгъуейхэм ящыщти, дэнэ щыпсэуми идэрт, фIыуэ илъагъу цIыхухъуитIым япэIэщIэу щымытмэ.

Ежьэным хуагъэхьэзыр кхъухьым и палубэм Жыраслъэн здытетым, Стрельцовыр къыбгъэдохьэ.

– Ныбжьэгъу капитан, зэбгъэтIылъэкI мыхъун IуэхукIэ сыпхуейщ! ИкъукIэ Iуэху мыщхьэпэ къытлъыкъуэкIащ, – жеIэ абы.

– Къэхъуар сыт? Щхьэ апхуэдизу укъызэщIэплъа?

– Жираслан Халидович, мы Iуэхум ущыгъуазэу щытмэ, мы дунейм сыкъытумыгъэхьэ, сэри сщIэуэ хъуар зыщызгъэгъупщэнщ. Сэ бынунагъуэшхуэ къысщогугъ, си хьэтыр къэлъагъу. Iэщэ сIыгъыу, зауэ IэнатIэ сыIутыну сышынэркъым, ауэ мыпхуэдэ Iуэхум сыщошынэ...

– Мы къыубж къомым сыт къикIыр? Моуэ гурыIуэгъуэу жыIэт къэхъуар.

– Ныбжьэгъу капитан, уэ хабзэм уримылажьэу щIыжысIэн щхьэусыгъуэ сиIэкъым... Ауэ куэдым...

– Николай Иванович, мы къебгъэкIуэкI къомым сыхуейкъым сэ. Къэхъуар жыпIэ хъуну?

– Ныбжьэгъу капитан, ди кхъухьым Iэщэ илъщ.

– НтIэ, сыт? Уэри Iэщэ пIыгъщ, сэри сиIэщ, къэхъуIамэ, зытхъумэжын хуэдэу.

– Аракъым зи гугъу сщIыр. Тшэн хуейхэм Iэщэ куэдыкIей гъэпщкIуауэ яхэлъщ.

– Сыт мы жыпIэр?.. Хэт ейуэ? Дэнэ къикIауэ? Дапхуэдэ щIыкIэкIэ? Догуэт, догуэт... Уэ дэнэ а хъыбарыр къыщыпIэрыхьар?

– Ныбжьэгъу капитан, абыкIэ сыхыумыгъэзыхь, си щхьэкъым, си унагъуэм щхьэкIэ сошынэ.

– Зэт!.. ЖыпIэр пэжмэ, мыр Iуэху джэгукъым, ухэлъадэу, зыгуэрхэр зэхэпщIыхь хъунукъым. Ди зэран хэмылъ хуэдэурэ, мыхэр ди гупкIэм игъэкIын хуейщ. ДэркIэ къэралыр зэтес хъужынукъым. Ауэ апхуэдэ Iуэху зезыхуэ хьэжьвакъэжьышххэм си псэр пытыху сэбэп сахуэхъунукъым. Уэ уи бзэр убыди, зыри къэмыхъуа хуэдэу Iуэхур егъэкIуэкI, къыбгурыIуа?

– НтIэ, ныбжьэгъу капитан, – жеIэ Стрельцовым, зэрыгузавэр къапщIэу.

Жыраслъэн а кхъухьым зэритIысхьэрэ гъунэгъу къыхуэхъуат кхъухьым и машинэ къудамэм и унафэщI Васильевыр. Ар къреджэри, двигателхэм языхэзым сэкъат гуэр игъуэтауэ щхьэусыгъуэ ищIу, рейсыр ежьэ мыхъуну жиIэну гуроIуэ, мы псалъэмакъыр я зэхуаку къыдэнэжын зэрыхуейри гурегъаIуэ.

– ГурыIуэгъуэщ, ныбжьэгъу командир, ауэ техникэм кIэлъыплъэ комиссэм дагъуэ димыIэу къалъытэри, абы и щыхьэт тхылъым Iэ традзэжащ. Абыхэм сыт жаIэн?

– Абы жаIэнур сэ си Iуэхущ, уэ ныбжесIар гъэзащIэ. Нэхъыщхьэращи, кхъухьыр къутауэ гъэIу.

Апхуэдэхэм деж хъыбар зэгъэщIапхъэ IуэхущIапIэхэм Жыраслъэн псалъэри яжриIащ «кхъухь къутам» хьэпшыпхэр къыщрахым Iэщэ илъу къызэрагъуэтар. Куэд мыщIэу яубыдащ ар зи Iэужьхэри. Абыхэм, ищхьэIуэкIэ тетхэм я цIэ къраIуэну ямыдэу, къуаншагъэр езыхэм я пщэ далъхьэжащ.

А махуэм и ужькIэ Жыраслъэн хьэкъ щыхъуащ пенсэ нэужьым зэрымылэжьэнур. Стрельцови, хым техьэ кхъухь исыну и узыншагъэм емызэгъыж хуэдэу тхылъ зэригъэпэщри, нэгъуэщI щIыпIэ къулыкъу щрихьэкIыну кIуащ.

Махуэ гуэрым, Беслъэн и щэхуэгъухэм ящыщ зым и гъусэу, щIалэ къамылыфэ хэщIыхьа и лэжьапIэм къыщIохьэ. ЩIалэр зэIэщIэлът, бэнакIуэм зэрыхэтым шэч хэлътэкъым.

«Мыр дэнэ къикIами адыгэщ», – занщIэу игу къэкIащ Беслъэн.

– Си цIэр Казбекщ, – жиIэри, и Iэр къишиящ щIалэм.

– Уадыгэ? – хуэмышэчу щIэупщIащ Бeслъэн.

– Сыадыгэщ! Уи гугъу къысхуащIати, услъагъуну сыкъэкIуащ.

– ИкъукIэ си гуапэщ. Мы щIыпIэхэм куэдрэ адыгэ ущрихьэлIэркъым. Уэлэхьи, хамэ щIыпIэ дыщыIэурэ, хабзэри тщыгъупщэж пэтамэ... Фынеблагъэ ди хьэщIэщымкIэ.

Заводым шхапIэ хъарзынэ хэтт. ХьэщIэ къахуэкIуэмэ, ирагъэблагъэу пэш щхьэхуэ щыIэти, арат Бeслъэн хьэщIэщ жыхуиIэр. ПсынщIэу Iэнэр къаухуащ. Дауи, япэщIыкIэ бдзэжьейхэкIхэр къытрагъэуващ, куэд дэмыкIыу, лы гъэгъуари пIастэри къахьащ, абы къыкIэлъыкIуащ джэдлыбжьэри. Казбек имыгъэщIагъуэу къэнакъым адыгэ Iэнэ къызэрыхуащтар.

– Абы гъэщIэгъуэн хэлъкъым, – жиIащ Бeслъэн. – Дыадыгэкъэ дэ! Хабзэжь хэкужь къранэркъым, къуэш! Былымылыр сэ езым сошыу, джэдлыбжьэмрэ пIастэмрэ си гум зэризубыдэфам хуэдэу ди пщафIэхэм къагурызгъэIуащи, сэ сащыхэмытми, езыхэми яфIэфIу ягъэхьэзырурэ яшх. Сэри джэдрэ былымылрэ щIызгъащIэркъым ахэр.

Казбек а пщыхьэщхьэм къыздимышауэ иджыри адыгэ щIалитI и гъусэт. Ахэр иджыпсту Хабаровск щыIэт. Матросхэм ящыгъ майкэ кусэм хуэдэ къашэурэ абы щащэрт – арат зэрыпсэур. Ауэ иужьрей щэхуакIуэхэм ахъшэр кърамытыжурэ ягъэгуват. ЩIыхуэм и пIэкIэ Японием щащIа машинэ гуэрхэр кърaтыну къагъэгугъат, ауэ ари кIыхьлIыхь хъуауэ, зралъэфыхьырт.



Бeслъэн къэщэху-щэжын Iуэхухэм зэрыхэмызагъэр, абы теухуауэ сэбэп зэрахуэмыхъуфынур къагуригъэIуащ занщIэу. ЯхуищIэфынурати, жыхуаIа пIалъэр къэсыху хьэщIэщ лъапсейм щIэмысу, и деж кърыгъэблэгъащ.

ЩIыхуэр къыщратыжыну пIалъэр щэ-плIэ ягъэIэпхъуэу, щIалэхэм я Iуэхур кIыхьлIыхь щыхъум, Бeслъэн Iуэхум хыхьэну мурад ищIащ.

– Мы щIалэхэр къэвгъапцIэу, щхьэ иджыри къэс къефшэкIрэ? – захуигъэзащ Бeслъэн.

– Уэри ухэт? Дэ уэ зыкIи дыбгурыIуакъым. Мы къекIуэкIым уэ уи Iуэхуу сыт хэлъыр? – зыкъыпэщIисащ щIалэ сырыхум. Абы и макъыр Бeслъэн ицIыху хуэдэу къыщыхъури, Iэнкун къэхъуащ.

– ЦIыхугъэкIэ дыфщыгугъти, ауэ иджыри къэс сыкъыщIэвмыцIыхуар, ауэ цIыхугъэншагъэм Iуэхур хуэвгъэкIуэну фыхуеймэ, дызэрыцIыхун хуей хъунущ, – къыпещэ Бeслъэн.

– Бес, уэра мыр? – жиIэри, щIалэ сырыхур Бeслъэн нэхъ гъунэгъуу къыбгъэдыхьащ.

Абы Iулъ нэгъуджэр зыIуихыу, и нитIым щIэплъа нэужьщ Бeслъэн ар къыщицIыхужар. Ар я командирым и шофёру щыта Сергейт. КъызэрыщIэкIамкIэ, Сергей Iуэху ин гуэрхэм хэкIэрэхъуауэ хэтт. Японие лъэныкъуэмкIэ машинэр къpахуурэ ящэрт, яхуэмыщэхэр хьэпшыпрэ ерыскъыпхъэкIэ къахъуэжырт. Зэрызэхуэзам и саулыкъукIэ зэдефэну Сергей къыхилъхьами, Бeслъэн ар идакъым. ЩIызэхуэза Iуэхур япэ иригъэщмэ нэхъ къызэрищтэр къыхигъэщащ.

– Ерыскъыр моуэ нэхъ IэфIу щагъэхьэзыр шхапIэ гуэр деж дыкъыщызэтеувыIэнщ. Фи ахъшэри абдеж ныIуахьэжыну укъызогъэгугъэ, – къаритащ Сергей псалъэ быдэ, икIи, зэрыжиIауэ, ерыскъы Iэнэм щыпэрытIысхьэ дыдэм ахъшэри къагъэсащ.

Беслъэнрэ Сергейрэ ягу къагъэкIыжын я мащIэтэкъыми, ахэращ нэхъыбэу псэлъар, адрейхэми я зэхуаку къыдэхъуа зыгурымыIуэныгъэм хуэдэ дяпэкIэ къамыгъэхъуну псалъэ зэратри, нэжэгужэу зэбгъэдэсахэщ.

* * *

Япэ курсым щIэтIысхьа студентхэр ректорым хуагъэзэну зэхуашэсат. Еджэныгъэмрэ студент гъащIэр мыхьэнэ иIэу бгъакIуэмэ къыпэкIуэнумрэ щытепсэлъыхьащ абы. Арати, Даринэ апхуэдизу зыщIэхъуэпса студент гъащIэм щIидзащ.

Махуэ гуэрым Даринэрэ абы къыдеджэ Залинэрэ университет библиотекэм зыщрагъэтхыну здыщIэтым, зы щIалэ къыIухьащ, тхылъ гуэр иритыжыну.

– Хъыджэбз дахэхэм сызэвмыгъажьэу, Iейуэ сопIащIэри, мы тхылъыр езвгъэтыж, – жиIэу щылъаIуэм, хуит ящIащ.

Тхылъыр иритыжыху хъыджэбзитIыр зэпиплъыхьащ щIалэм, иужькIэ темыгушхуащэурэ кърихгъэжьащ:

– Фэ, дауи, япэ курсым фыщIэсу арагъэнщ. Сыт хуэдэ факультет къыхэфхар?

– Зэман уимыIэу жыпIэри, япэ утфIищащ, иджы мыхьэнэ зимыIэ псалъэмакъ ибогъэкIуэкI, – кIэщIу пиупщIащ Даринэ. ЩIалэм абы пидзыжын имыгъуэту, зигъазэри щIэкIыжащ.

Тимур еджэным апхуэдизкIэ дихьэхати, тхьэмахуэ махуэхэм я благъэхэм зэрахуэзэм фIэкIа нэгъуэщI IуэхукIэ техьэулеикIыртэкъым. Хъыджэбзхэм яхуемыплъэкIыуи щыттэкъым, ауэ игу ирихьын хуэзатэкъым иджыри. Зымахуэ библиотекэм къыщехъурджэуа хъыджэбзыр и нэгу къыщIыхьэрей зэрыхъуам ар мащIэу иризэгуэпырт, ауэ мыхьэнэшхуэ иримытурэ екIуэкIырт. ИужькIэ хъыджэбзым жиIахэр и тхьэкIумэм имыкIыжыххэ хъуащ, ауэрэ, зыщIыпIэ щыхуэзэну гугъэу, дэнэ кIуэми нэкIэ къилъыхъуэу хуежьащ. Зэи зыхимыщIа гухэлъ гуэрхэм зэрызэщIаубыдэр къыщыгурыIуар еджапIэ щIыхьэпIэм деж пщэдджыжькIэрэ увурэ, студентхэм яхэплъэ щыхъуарщ. Ауэ хъыджэбзым зикI ирихьэлIэртэкъым. Дэни щилъагъунт, дохутыр IэщIагъэм хуеджэхэм я факультетыр къалэ парк ихьэпIэрат здэщыIэр, университетым и корпус нэхъыщхьэм ахэр зээмызэххэт къыщыкIуэр.

Медицинэм ухуеджэну зэрымытыншыр иджыри щIэмытIысхьэ щIыкIэ Даринэ и анэмрэ и анэшхуэмрэ къыжраIэ зэпытурэ екIуэкIати, гугъуехь псоми хуэхьэзыр хъыджэбзыр къикIуэтыртэкъым, зыкъыщIигъахуэ зэрымыхъунур къыгурыIуэрт.

Махуэ гуэрым Адыгейм я «Налмэс» цIэрыIуэм и концертым и билетитI Залинэ къыздехь. Даринэ абы тригъэкIуэдэн зэман имыIэу жиIэрт, арщхьэкIэ Залинэ пкIэрыкIынт? Къытригъэхьащ.

Лъэпкъ Iуэхум пыщIа зэIущIэхэр блэзымыгъэкIыу еса Тимур, и ныбжьэгъухэр и гъусэу, театр щIыхьэпIэм деж щытт. Абдеж щIалэм гу лъетэ иджыри къэс зи лъэужь къыхуэмыгъуэт хъыджэбзым. А дакъикъэм щIалэм и гу къеуэкIэм зихъуэжат, и щхьэри дэуназэрт къылъэIэса гуфIэгъуэм. Абы гу лъызыта и ныбжьэгъухэр къыдэгушыIэрт, ауэ Тимур дэгу-нэф жыхуаIэ щытыкIэм ихуати, зыри зэхихыртэкъым. Ауэ, Iуэхуракъэ, хъыджэбзыр щабэхэм ящыщкъыми, зэрыбгъэдыхьэу, зы псалъэкIэ кърigъэкIуэтыфынущ... Зыгуэр къэгупсысын хуейщ. Нэхъыщхьэращи, къилъыхъуар къигъуэтыжащ. КЪИГЪУЭТЫЖАЩ! Тимур и ныбжьэгъухэм япэ ищри, залым щIыхьа хъыджэбзхэм я тIысыпIэхэр зригъэлъэгъуащ. Фи фIэщ зэрыхъун, а концертым Тимур хилъагъукIа щымыIэкIэ. НэбгъузкIэ абыхэм яхуеплъэкI зэпытт. Концертыр и кIэм щынэблагъэм, Астемыр зыщIигъури, хъыджэбзитIым я ужь иуващ. Даринэрэ и ныбжьэгъумрэ ялъэгъуам тепсэлъыхьурэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамымкIэ къехырт.

– Залинэ, зысхъунщIами, къызогъэзэж. Уэр мыхъуамэ, концерт бэлыхьым дыхэкIыжынут.

– Уи деж и закъуэкъым абы псапэ къыщихьар, – къопсалъэ щIалэ къалъэщIыхьахэм я зыр. Ар Тимурт.

ХъыджэбзитIыр къызоплъэкIри, «Фэри дэнэкIэ фыкъыщыпытыр?» жыхуаIэу мэдыхьэшххэр. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, Даринэ къицIыхужат а макъыр, ауэ зыкIи закъригъэщIакъым.

Даринэ а гупсысэхэм хэтыху, Залинэ щIалэхэм жэуап яритыну хунэсат.

– ЗывгъэфIэрафIэрэ фыбзэ IэфIу фыкъемыжьэт, дэ уэрамым зыри щызэдгъэцIыхуркъым. Гъуэгу махуэ!

– Уэрамым и закъуэмэ, ар Iуэхутэкъым, – жи Тимур.

– Сыт ар щIыжыпIэр? – щIоупщIэ Даринэ.

– СщIэркъым, мыбы ипэкIэ библиотекэм сыщыфхуэзати, «УпIащIэу жыпIащи, зегъэхь», жыфIэри, сефхужьэжащ. Ноби аращ.

– А-а, хъыджэбзхэр езыгъэкIуэтэкIыурэ зи Iуэху япэ изыгъэща щIалэр уэрат? Иджыри хуит удощI, кIуэ, блэкI, – жи Даринэ, мащIэу къыпыгуфIыкIыу.

АпщIондэху Залинэ и маршруткэр къэсащ. Ар Iэнкуну щытт, Даринэ и закъуэу дауэ къэзгъэнэн, жыхуиIэу.

– Залинэ, сэр щхьэкIэ умыгузавэ, мамэ, зэрихабзэу, мо плIанэпэм и деж къыщызожьэри щытщ. Уэ зыкъыкIэрумыгъэху, – жиIэри, и ныбжьэгъур иригъэтIысхьэжащ.

– А махуэм емыкIу злэжьауэ щытмэ, къысхуэбгъэгъунщ... Ауэ пэж дыдэу сыпIащIэрт, – жи Тимур.

– ПхуэзгъэгъукIи пхуэзмыгъэгъукIи сыт? Уи Iуэху зэрыхъум хуэдэу пщIащ.

– Бзаджэр мо ебгъэжьэжа уи ныбжьэгъура си гугъати, уэри унэхъ щабэкъым. Iэмал зимыIэ щыIэкъым. Тимур къуэншамэ, зыгуэрурэ дывгъэпшыныж, хъунумэ, – жиIэри, Астемыр псалъэмакъым къыхыхьащ.

– Мис, хъарзынэу сыкъэвгъэсыжащи, ар абы пэувауэ дыбжынщи зэфIэкIащ. Фи жэщ фIы ухъу! – жиIэри, Даринэ куэбжэм зыдидзэжащ.

Хъыджэбзым зэрыхуэза щIыкIэри, къызэрилъыхъуари, нышщхьэбэрей пщыхьэщхьэм и фIыщIэкIэ къызэригъуэтыжари, сабийм хуэдэу къыIурылъэлъу, Тимур жриIэжащ и ныбжьэгъум. ИкIи дыщIигъужащ, Iэмал закъуэ щыIэххэмэ, хъыджэбзыр къыдихьэхын мурад зэриIэр.

– Ей, ныбжьэгъу, зэ ухэмылъадэт, япэщIыкIэ къэщIэн хуейщ ар хэтми.

– УэI, сэ сщIар пщIэрэ? – жиIэри, зэщIэувыIыкIащ Тимур, и ныбжьэгъум жиIэр и тхьэкIумэм зэримыхьэр белджылыуэ. – И цIэмкIэ аргуэру сеупщIакъым. Ауэ и лъэужь гуэр сыщытехьакIэ, си Iуэхущ сэ ар иджы зыIэщIэзгъэкIмэ. – ГурыIуэгъуэт абы къикIуэтын мурад зэримыIэр.

Нэху щыху жейм емызэгъа Тимур, пщэдджыжьым жьыуэ дэкIащ, Даринэ зыхуигъэзэну. Модрейми, ар ищIэ хуэдэ, куэдрэ зыпигъэплъакъым.

Бжьыхьэ пщэдджыжьт. Дунейр щIыIэтыIэми, дыгъэпсти, Даринэ щыгъ плащ плъыжьым нэхъри гуакIуэ щIэхъукIырт. Автобус къэувыIэпIэм кIуэну гъуэгур щызэпиупщIым, Тимур абы и пащхьэм къихутащ.

– Уи пщэдджыжь фIыуэ!

– Мыр сыт, мыбдеж нэху укъыщекIа? УздэщыIэн уимыIэу арат, тхьэмыщкIэ? – жиIэри, аргуэру къыщIэнэкIащ.

Тимур жиIэну и гугъамрэ хъыджэбзым къызэрыригъэжьамрэ зыкIи зэтехуэртэкъым. ЩIалэр нэщхъей къэхъуащ... Даринэ, абы гуфIэжу къыхущIэплъурэ, лъэбакъуэ псынщIэкIэ автобус къэувыIэпIэмкIэ иунэтIащ.

Автобусым исыху псэлъэну кърimыгъэкIуами, абы зэриса зэманым Тимур и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжри, иришэжьащ:

– Дауи, уэ пщIэжу къыщIэкIынкъым, ауэ уэрэ сэрэ зы садикым дыкIуэу щытащ. Пщыгъупщэжагъэнщ, ауэ абы щыгъуэ псалъэ къызэптат, ин ухъумэ, укъыздэкIуэну.

Даринэ хуэмышэчу къыщиудауэ мэдыхьэшх.

– Ар ныжэбэ пщIыхьэпIэу плъэгъуауэ ара, жысIэнути, уэ сэ слъагъум къэбжеяи щыIэу къыщIэкIынукъым. Къэбгупсысауи сощIри, икъукIэ хьэлэмэт хъуащ. НтIэ, апхуэдэ псалъэ бydэ къозыта пщащэр къэбгъанэу, иджыри къэс дэнэ ущыIа?

– Садикыр къыщызух дыдэм, ди унагъуэр нэгъуэщI щIыпIэ дыIэпхъуэри, иджыри къэс сыкъыплъыгъуэзэну Iэмал згъуэтакъым. Иджы сыкъэкIуэжащи, сыхьэзырщ, уэ ущIемыгъуэжамэ.

– Уэ ущыхьэзыркIэ, сэри псалъэ щостакIэ, дэнэ сыкIуэжын?! – жиIэри, къэдыхьэшхащ аргуэру Даринэ.

Медицинэ факультетым и щIыхьэпIэм щынэсым, Даринэ къыкIэрыхуу жиIэри, еджапIэм щIэлъэдащ.

Зэи апхуэдэ къэмыхъуауэ, Тимур япэ парэм къыкIэрыхуат, ауэ абы махуэ псокIэ еджапIэм мыкIуэми идэрт, мазэ бжыгъэкIэ зыщIэ-

хъуэпсар къехъулIати. Абы къыщыхъурт нэхъ псэугъуафIэ дунейм щыхъуауэ. Даринэ и дыхьэшх макъыр, и псэлъэкIэр и тхьэкIумэм икIыртэкъым.

И ныбжьэгъум зэрыIуплъэу, Астемыр къыгурыIуащ апхуэдиз гукъыдэж абы къезытар. Дапхуэдизу абы Тимур химыгъэзыхьами, хъыджэбзым теухуауэ зыри къыпихыфакъым, ар дохутыру зэреджэм фIэкIа. Абы нэхъыби ищIэртэкъым езы Тимури. И цIэмкIэ аргуэру зэремыупщIар абдежщ игу къыщыкIыжар.

Даринэ нэхъ нэфIэгуфIэт а махуэм. Пэжщ, ар щIалэ гулъытэ щыщIэ хъыджэбзхэм ящыщтэкъым, ауэ и бзэ жаным нэхъыбэр Iуигъэщтырт, езыри зыхуейм хуэдэ ирихьэлIатэкъым. Иджы мы зэрымыщIэкIэ къыкъуэкIа щIалэм Даринэ хилъагъуэрт ипэкIэ зрихьэлIахэм емыщхь гуэр.

Залини гу лъимытэу къэнакъым Даринэ и нэгум кърих гуфIэгъуэм.

– ПщIыхь дахэ плъэгъуауэ ара, хуабжьу унэжэгужи?.. – зэрихабзэу, «кIэщIопIаскIуэ» ар и ныбжьэгъум.

– Залинэ, ар уэращ зи фIыщIэр. Дыгъуэпшыхьрей концертым фIы дыдэу зыщызгъэпсэхуащ.

– Тхьэ, уэ пхуэдэрамэ концерт яшэну зыхуэфащэр, апхуэдиз гукъыдэж къыщыуитакIэ. Ауэ, сэ си гугъэмкIэ, ар зи фIыгъэр концертым и закъуэкъым. ЩIалитIым уакъыхуэзгъанэу сызэрыIукIыжам сригузэва щхьэкIэ, я зэран къокIа хуэдэкъым, – жеIэ Залинэ, гурыщхъуэ зэрищIыр имыбзыщIу.

Хъыджэбз хьэлу, Залинэ упщIэ и куэдт.

– УгъэщIэгъуэнщ, тхьэ, уэ... Зи цIэ къудей умыщIэ щIалэр къызэпсэлъащ жыпIэу, ара апхуэдизу ущIэгуфIэр? Школым дызэрыщIэсрэ узмыцIыхуамэ, ущхьэпс гуэр си гугъэнт, – игъэщIагъуэрт Залинэ и ныбжьэгъум и щытыкIэр.

* * *

Паркым ит тетIысхьэпIэ нэхъ зэгъуэкIыу щытхэм ящыщ зым Тимуррэ Даринэрэ тести, зэми, зызэщамыгъэнщIу, зэхуэгуапэу плъагъунт, зэми, къызэщIэплъауэ, зы Iуэху гуэр щхьэкIэ зэдауэрт.

– Дапхуэдэу ухуейми щIы, ди дежхэр мазищ дэкIмэ къэIэпхъуэжынущи, уи мамэшхуэхэми, мамэ цIыкIуми ягурыгъаIуэ икIэщIыпIэкIэ лъыхъу нызэрызгъэкIуэнур. Сэ си адэр военнэщи, кIыхьлIыхь лъэпкъ фIэфIкъым, сэращи, а пIалъэри сфIэкIыхьщ.

Тимур «си адэр» щыжиIэм, Даринэ и нэкIур зэуэ къызэхэуащ.

– Си хъыджэбз гумащIэ, – жи Тимур, – сэ къызгуроIуэ уи адэм уи насып зэримылъагъунур уигу къызэреуэр. Ауэ ар захуагъэм, къуэшыгъэм щIэбэну и псэр итауэ аращи, абы щхьэкIэ унэщхъеин сщIэркъыми, угушхуэу упсэун хуейщ. ИтIанэ, хэт жызыIар дунейм ехыжахэм дэ дыкъамылъагъуу?! Уи анэмрэ мамэшхуитIымрэ пхуэпсэущи, ари насыпщ. УкъыздэкIуэмэ, си адэр тхьэмадэкъым, атIэ адэ пэлъытэ зэрып-

хуэхъу плъагъункъэ. Сыт хуэдэу фIыуэ укъалъагъуну уэ абыхэм!.. Адэ къуэш пэлъытэу сиIэ Беслъэни къытщхьэщытынущ, къуршыбгъэм хуэдэу къыттегужьеикIауэ. КIэщIу жыпIэмэ, псоми къахуэгъэсыжыркъым и зэманыр къэсу ущызрагъэцIыхунур.

– Тимур, сэ псори къызгуроIуэ, сымыарэзыуи аракъым, ауэ сигу щIэныкъуэр ныкъуэеджэу сызэрыщытырщ. Аращ гуитIщхьитI сызыщIыр.

– Даринэ, си псэм хуэдэ, уи еджэным сэ зыкIи зэран сыхуэхъунукъым. Сэри режиссёр IэщIагъэм сыхуеджэну сыщIохъуэпс. НэгъуэщI схузэфIэмыкIми, ди лъэпкъым и блэкIар киноуэ тесхыну си хъуэпсапIэщ. Ауэ а псори дызэгъусэу зэдгъэхъулIэну сыхуейщ. Узэгъусэмэ, гугъуехь Iэджэми уполъэщ. Сэ, псалъэм папщIэ, Беслъэн дапхуэдизу фIыуэ сымылъагъуми, абы ещхьу сыщхьэзакъуэу сыпсэуну сыхуейкъым. Си адэ-анэм ещхьу, зы бын фIэкIа димыIэу дыпсэунуи сыхуейкъым, СызэрыцIыкIурэ унагъуэшхуэм сохъуапсэ, моуэ сабийхэр пщIантIэшхуэм дэзу дэту.

– Тимур, сэри сызэрыцIыкIурэ анэкъилъху зиIэхэм сехъуапсэу сыкъэхъуащ, ауэ...

– Си псэм хуэдэ, тхьэм и фIыщIэкIэ, ахэр къыддэзыгъэпсынщIэн нэхъыжь диIэщи, псори тэмэм хъунщ.

Тимур адэжь хэку щыпсэуну зэримурадым, и къэшэн Iуэхур зэрызэкIэлъигъэпIащIэм Беслъэн щэхуу иригуфIэрт. Езыми, щIыпIэ жыжьэр теупIэ хуэхъун хуэдэу къыщыхъуами, и гур апхуэдизкIэ къеныкъуэкъурти, иужьрей зэманхэм псэхупIэ къритыжыххэртэкъым.

Хэкум лэжьыгъэ щахуэхъунум Жыраслъэнрэ Беслъэнрэ зыкъомрэ егупсысри, бдзэжьей щагъэхъун гуэл къащэхуу, а зыхэта Iуэхум хуэдэ зэтраухуэну зэгурыIуат. Зы гуэл мыхъуу, щы зэгъусэу къагъуэтауэ, абы и Iуэху зэрахуэрт. Беслъэн и гугъат я къуажэм щIы бэджэнду къыщищтэну, ауэ зэрыжаIэмкIэ, къуажэщIым и Iыхьэ ныкъуэр Хьэблахъуэмрэ Лъапэрывэмрэ ныкъуэ-ныкъуэу яIыгът. Къэна ныкъуэрат къуажэдэсхэм къалъысри, ари зэпаубыдри, мызэ-мытIэу псалъэмакъ къикIат.

ХьэгъуэлIыгъуэр зэрекIуэкIамрэ благъэщIэр къазэрыщыхъуамрэ тепсэлъыхьыжу Мариерэ Ларисэрэ пщэфIапIэм щIэст.

– Алыхь, а Даринэ гуащэ хуэхъуар урысу зэрыпщIэн щымыIэ, апхуэдизкIэ цIыху зэпIэзэрытщи, адыгэ унагъуэ щапIа фIэкIа пщIэнукъым. И тхьэмадэращи, куэд щIауэ тцIыху хуэдэущ къызэрысщыхъуар. Сыту цIыху къабзэхэ!.. Псом ящхьэращи, ныбжьыщIитIым я акъыл тхьэм зэтригъахуэ, – жиIэрт Марие.

Унагъуэр зэхуэсыжауэ щилъагъум, Жыраслъэн захуигъэзащ абыхэм:

– Ди унагъуэм гуфIэгъуэшхуэ къихъуащ, а гуфIэгъуэм и кIыхьагъ хъунур зэлъытар мыбдеж дыщыс цIыхуиплIырщ. ГъащIэм Iэджэ къыщохъу, ауэ къызжиIакъым жывмыIэж, сыт къэхъуми, ди зэхуаку пэжыныгъэ дэлъын хуейщ. Зыр адрейм зыхуэвгъэгусэу, фи щIыбагъ зэхуэвмыгъазэу, фигу иримыхьар занщIэу жыфIэ. НыбжьыщIитIыр фыдинэщ, фыдипсэщ. Ди гъащIэри къарури фэ фтеухуауэ щытынущи,

зы щхьэкIи фымыгузавэ. Бын къыфщIэхъуэмэ, вдэтпIыну дыхьэзырщ. Дэ зы фIэкIа дызэримыIам къыхэкIыу, тIури сабийщIэхъуэпсу дыпсэуащ. Былыр зэи куэд хъуркъым. Ахэр фи еджэныгъэми лэжьыгъэми зэран хуэмыхъуну фыкъыдогъэгугъэ.

ХьэгъуэлIыгъуэм зэблагъэхэр нэсу зэрыцIыхуа щымыхъуауэ къилъытэри, Жыраслъэн и благъэщIэхэр Беслъэнрэ абырэ къащэхужа гуэлхэм тет унэхэм я зым иригъэблэгъат. ЗэраухылIа пIалъэр къыщысым, Марие мыкIуэн хуэдэу жиIами, Жыраслъэн ар имыдэу, коляскэр хуиту зэрыхуэн машинэ игъакIуэри, кърихьэшат.

Махуэр хуабэми, гуэл Iуфэм Iут пщыIэр жьыщIэхут. Гуп дыгъэлыр къакъэ-пщIыпщIу зэхэст, Iэджэ ягу къагъэкIыжу. Беслъэнрэ Ларисэрэт, зэрызащIынур ямыщIэу, гугъу ехьыр. Тимур и къэшэныр Ларисэ и пхъурауэ Беслъэн къызэрищIэ лъандэрэ арыншами къемыдэIуэж и гур къилъэтыным хуэдэт. Зы лъэныкъуэкIи гуфIэрт, Ларисэ зэрилъагъунум щхьэкIэ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи, абы иджы къимыдэжыххэнкIэ зэрыхъунум иригузавэрт. Лариси гукъэкIыжхэм зэщIаубыдати, гуфIэгъуэ екIуэкIым хилъагъукI щыIэтэкъым. ЗэрышагъащIэхэм яхуищIа тыгъэм нэмыщI, Беслъэн ди щIыпIэхэм иджыри апхуэдэу щызэрахьэу щымыт жып телефон зырыз псоми яритат, и ныбжьэгъу Серёжэ Японием къыхуригъэхри.



– Сыт хуэдэ IуэхукIи тыншу дызэрыщIэн хуэдэу, – жиIащ Беслъэн. Абы и гур къигуфIыкIырт, дяпэкIэ, телефонкIэ нэхъ мыхъуми, Ларисэ епсэлъэфыным щыгугъырти.

Iэнэр и кIэм нэсауэ, лэпс къыщытрагъэувэм, Iэнэр зезыхьэр Беслъэн къыщхьэпрыIэбыкIрэ пэт, и Iэгу лъэныкъуэм ит подносыр адреймкIэ ещIэри, лэпс пщтырыр Беслъэн и пщэдыкъым къыдикIащ. Дапхуэдизу зишыIэну иужь имытами, щIалэм зызэхуишащ. Жыраслъэн Беслъэн щыгъ джанэр зэгуитхъри, къыщихащ. Тимур аптекэм щIэпхъуащ, хущхъуэ къихьыну, апщIондэху Даринэ кIэртIофыр бзыгъэ пIащIэу зэтригъэжурэ лэпс пщтырыр зэпхъуа щIыфэм хутрилъхьащ.

Жэщ псом Ларисэ и фэм икIар къызыгурыIуэнур зырызщ. Нэрэ напIэрэ зэхуихьакъым. Апхуэдиз илъэскIэ гъэпщкIуауэ иIыгъа и гурыщIэ щэхухэм, итырыгъу мафIэу къызэщIэрыуэжауэ, псэхупIэ кърατыртэкъым. ЩIалэм щIэупщIэну Iэмал зэримыIэр къытехьэлъэрт. Телефон кърατамкIэ епсэлъэнут, ауэ кърыгъэкIуртэкъым, кърыгъэкIупэнуми, къызэригъэсэбэпынум зэкIэ щыгъуазэтэкъым. Жэщ дапщэт абы игъэкIуар, Беслъэн егупсысу! Зэпымыууэ тхьэ хуелъэIурт къихъумэну, и Iуэхур дэкIыну. Ауэ щIалэм и насыпыр увыну ар зэи хуэлъэIуатэкъым. Апхуэдэ къабзэуи, тегушхуэу, езы тIум я насыпкIи Алыхьым зыхуигъэзэфатэкъым. Зыхуигъэзэфатэкъым, ищIам егупсысмэ, и щхьэр ирихьэхыу псэуати. Иджыпсту сыт нэхъри нэхъ къищтэнт, Беслъэн и узыр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми щхьэщихыфыну щытамэ. Ларисэ и нэгум щIэкIтэкъым Жыраслъэн зэгуитхъа джанэм къыщIэща щIыфэ пцIанэр. Гъунэгъуагъ я зэхуаку дэлъами, Беслъэн и щIыфэр япэу илъагъуу арат Ларисэ. Асыхьэтым абы игу къокIыж Беслъэн и блэгъукIэ ижьым хэс анэлышхуэр. Зэрыхъуари имыщIэу, абы къещIэж

и гуащэми, и щхьэгъусэ дунейм ехыжами, и бын закъуэми я блэгъукIэм деж апхуэдэ анэл зэрыхэсыр. Ларисэ и щхьэфэцыр мэтэдж, зэгупсысынур имыщIэу. Дауэ?! Догуэ, мы си гур здэжар пэжу къыщIэкIмэ...

УпщIэхэр куэдт. Абы игу къокIыж и гуащэм и гъащIэр къызэрекIуэкIар. «Иджыри псэ къыIукIатэкъым», – жаIэу, и гуащэм кърамыгъэлъэгъуауэ жыхуиIа сабийм и ныбжьыр къебж. Тобэ, зэхуокIуэ! Хьэмэрэ, и нэр къыщипхъуэу, езым зыгуэрхэр къигупсысауэ пIэрэ?! Апхуэдиз зэтехуэ щыIэ?.. Ялыхь, сыт бэлыхь мыр? Ди тхьэ, къысхуэгъэгъуи, си гуэныхьыр си закъуэ сыгъэпшыныж, а псор щIэсщIа си бын закъуэри насыпыфIэ схуэщI. Сэращ, сэращ псори зи лажьэр, псоми зи зэран екIар. Дакъикъэ бжыгъэкIэ си щхьэр зэрыхэунэзыхьам кърикIуам цIыху дапщэм я гъащIэр зэригъэдзэкIа? Беслъэнщэ? Ар згъэкъуэншэнт, сэ нэхърэ нэхъ насыпыншэу щымытамэ. А тхьэмыщкIэм унагъуэм и IэфIагъыу илъэгъуа щыIэкъым. Къэзылъхуар имыцIыхуу къэхъуащ, фIыуэ илъэгъуа хъыджэбзым къигъанэу ежьэжауэ къелъытэ, мы дунейм и бын зэрытетыр имыщIэххэу, унагъуэ къудеи имыухуауэ, мэпсэу. Сыту гуемыIу куэд щызэхэухуэна мы си гъащIэм... Ауэ сыту дахэу щIидзат псоми...

Ларисэ псэхупIэ къезымыту игъэщIагъуэр Беслъэн и анэлыр илъагъуху модрей щыми зэщхьыркъабзэу я щIыбым тета анэлхэм гу зэралъимытарт. Арагъэнщ гур мыплъэмэ, нэр плъэркъым, щIыжаIар.



* * *

Нэху зэрыщрэ гукъыдэмыжти, шеипс къудей фIэкIа ирифатэкъым Марие. Ауэ и хъыджэбз гъэфIэныр унагъуэ дахэ зэрыхэхуам щыгуфIыкIыу щыст, тIэкIуи зигъэщIагъуэрэ хужыпIэну. ИужькIэ Ларисэ къеджэри зыбгъэдигъэтIысхьащ.

– Иджы, си хъыджэбз, сэ зыгуэркIэ сынолъэIунущи, сыпщогугъ къысхуэпщIэну, – къарегъэжьэ абы. – Сэ жьы сыхъуащ, си Iуэху зытетми фIыуэ ущыгъуазэщ. Пэжыр жыпIэмэ, Алыхьыр, Алыхьым и ужькIэ уэрэ ди Даринэ цIыкIурэ мыхъуатэмэ, иджыри къэс сыпсэунуи къыщIэкIынтэкъым. Сыпхуэарэзыщ, Алыхьыр арэзы къыпхухъу. Пхъу сиIами, нэхъыбэ къысхуищIэфынуи си фIэщ хъуртэкъым. Дызыхуей дыхуэмыныкъуэу дыкъэпсэуащи, ар зи фIыщIэри фIым хуэзауэ тхьэм къыщIигъэкI. Нобэр къыздэсым зыкIи сигу зэбгъэбгъакъыми, тхьэм фIыгъуэр къыпхуищIэ! Уи бын закъуэм утеубгъуауэ упсэуащ, ар ди дежкIэ насыпышхуэщ, – зытэлайкIэ щыму щысри, адэкIэ къыпищащ: – Беслъэнт зи гугъу сщIынур... А тхьэмыщкIэр дауэ щыту пэрэ? Лей къытехьащ, жызоIэри согузавэ. Ар уэ зы еплъыкIэкIэ къоплъырти... Унагъуэ имыIэу жаIэ абы.

Беслъэн и цIэр зэрызэхихыу, мафIэсым зэщIиубыда Ларисэ, ищIэнури жиIэнури имыщIэжу, Iэнкун къэхъуати, и пIэм изэгъэжыртэкъым. Беслъэн пыщIауэ и гъащIэм хэта псори и гуащэми илъагъуу къыщыхъуауэ, дэпыр и гущIэм щыжьэражьэрт. ТIэкIу дэкIыжамэ, гуащэм и бгъафэм зыщIидзэу, и гъащIэм щэхуу хэлъ псори жиIэжыным нэсат.

– Си псэм хуэдэ, сэ мы гъащIэм зыгуэр къыщызгурыIуэу щытмэ, а щIалэм игу урохь, хьэрэмыгъэ лъэпкъ химылъхьэу. Абы гъусэ уищIыну уи яужь къихьэмэ, цIыхум къыпхужаIэнум уемыплъу, тегушхуэ. Уэ иджыри ущIалэщ, нэхъыщхьэр пIэщхьагъ тынш бгъуэтыныращи, сымыпсэужми, ар си уэсяту къэлъытэ...

* * *

Беслъэн телефонкIэ епсэлъэху Ларисэ зигъэкъуэншэжырт, афIэкIаи къытримыхыну тхьэ щиIуэжырт. Ауэ телефоныр къеуэу щилъагъукIэ, игу пIейтейр акъылым и унафэм епцIыжырти, зэпиудыжынкIэ шынэу, къипхъуатэрт. Лей куэд къримыгъэкIуэкIыу, Беслъэн абы и узыншагъэм къыщIэупщIэрт, зэхуэзэну Iэмал зэрамыIэр зэригуныкъуэгъуэр къыжриIэрт. ТелефонкIэ япэу щызэпсэлъам щыгъуэ Беслъэн и Iуэху зытетыр гупсэхуу Ларисэ къриIуэтылIат. Абы и псалъэхэм къыхэщырт, куэд-мащIэми, къыхуиуха гъащIэм нэгъуэщI бзылъхугъэ и Iуэху зэрызэримыхуэнур. «Сэ узгъэпIащIэркъым, ухуеиху сыножьэнущ. Ар быдэу уи фIэщ щIы», – къыжриIат. Беслъэн и псалъэхэм бзылъхугъэм и гущIэм зыдагъазэрт. Зыдагъазэрт, езыми и псэр апхуэдэ бэлыхь хэтти.

Беслъэн зэригугъам хуэдэу, Iуэхур хэплъэгъуэтэкъым. Ларисэ и гупсысэхэр куэд щIауэ Беслъэнт зытеухуар. Ауэ и Iуэху зытетыр и анэмрэ и дэлъхумрэ къазэрыгуригъэIуэнур хузэгъэпэщыртэкъым. БлэкIар къаIэтыжу зэи темыпсэлъыхьами, и фэм икIа псори зылъэгъуа и анэм къыгурыIуэн хуейуэ гугъэрт. Ауэ а псом щымыгъуазэ и дэлъху Заур-щэ? Ар хьэлкIэ и адэм ещхьу ткIий хъуати, абы иригузавэрт Ларисэ. Ауэ ахэр псори зыгуэр хъунт, езым и хъыджэбзым къызэрыщыхъунуращ Iуэхур. Абы мыарэзыныгъэ гуэр къыхигъэкIмэ, псори къутэжат.

Беслъэн и макъыр и тхьэкIумэм къызэриIуэу, Ларисэ хэзыгъащIэ и гупсысэ хьэлъэхэм зэуэ къаIэщIэкIырти, и дунейри, и мурадхэри къызэрытIэпIыкIырт. Ар зэм-зэм, и щхьэ дзыхь тримыщIэжу, къыщыгузавэ щыIэт, зыгуэркIэ Беслъэн хуэзэмэ, апхуэдиз илъэскIэ и гум щымыужьыхыу кърихьэкIа мафIэм пэщIэмытыфынкIэ.

И гуащэр дунейм зэрехыжрэ унэ нэщIым и закъуэу къыщIэна бзылъхугъэм, гупсысэмрэ гурыщIэмрэ зэкъуэхуауэ къаIэрыхьауэ, и фэр икIырт, Iэмал гуэри яхуимыгъуэту.

Нэху щыху жейм емызэгъауэ, и акъылымрэ и гумрэ я зэныкъуэкъум иригъэшарэ къару имыIэжу, Ларисэ къэтэджщ, епIэщIэкIыу зигъэхьэзырри, и анэм деж кIуэжащ. Заури и щхьэгъусэри лэжьапIэ дэкIагъэххэти, Iуэху пIащIэгъуэкIэ зэрахуейр яжриIэри, къишэжащ. «ЛIэным зыгъэлIэн ешх», жыхуаIэм хуэдэу, Ларисэ и Iуэхур утыку кърилъхьэну мурад быдэ ищIат.

– Зы лъэIу фхузиIэщ... Сэ езыр ерагъыу сытегушхуауэ аращи, псэлъэн сухыху сызэпывмыуд. СыкъывгурыIуэну сыфщогугъ, фи арэзыныгъэ хэмылъу, сызытегушхуа лъэбакъуэр схуэчынукъыми. Унагъуэ сызэрихьэрэ си къекIуэкIыкIам фыщыгъуазэщ, цIыху зыхуэзмыгъэ-



9 Заказ №2210

псэлъэн щхьэкІэ си ныбжьым сыщышынэжу сыкъекІуэкІащ. Нобэ сызэрыт щытыкІэри тыншхэм ящыщкъым, япэрауэ, си закъуэ унэ нэщІым сыкъыщІэнащ, етІуанэрауэ... ЦІыхум жаІэнум сегупсысурэ, сыкъызэплъэкІыж зэпыту си гъащІэм и нэхъ Іыхьэфlыр згъэкІуащ. Си бын дыдэр щыгъуазэкъым мы иджыпсту къезгъэкІуэкІ псалъэмакъым...

– Ларисэ, – жиІэри, и адэм ещхьу, и напщІэр хишу, кърегъэжьащ Заур. – Уи ныбжьыр здынэсам зи гугъу пщІыну Іуэхур къысхуегъэзэгъыркъым. ЦІыхуми, унагъуэ ихьагъащІэ уи бын закъуэми сыт жаІэн? ЕмыкІущ...

– Сэ мы Іуэхум сызэреплъым мыхьэнэ гуэр иІэмэ, жысІэнут, – зэпиудащ абы и псалъэр и щхьэгъусэм. – Зыгуэрым насып хуэфащэмэ, ар уэращ, Ларисэ. Зыми и гуэныхь птелъкъым, пхузэфІэкІыр псоми къытхуэпщІащ. Псоми уатеубгъуауэ уи гъащІэр пхьащ, уеблэмэ уи щхьэ Іуэхур иужь къыщибгъанэ щыІэу. Иджыри ущІалэщ, уэри мы гъащІэм зы насып гуэр къыщыплъос. Сэ уи Іуэхур бдызоІыгъ. НасыпыфІэ тхьэм уищІ!

ЛІым и псалъэр зэпиуду псэлъа нысэм жиІар тэмэму къызэралъытарат е ар Жанусэ зэримыщыпэщІэм есэжахэт, сытми, зыми зыри жамыІэу едэІуахэщ. Заури зыщІэгупсысыжри, нэхъ щабэу къэпсэлъащ:

– Уэлэхьи, Ларисэ, уи Іуэху фІы хъуныр сэри си жагъуэу армыра, ауэ мо благъэщІэ тхуэхъуахэм сащоукІытэ армыхъумэ, – жиІэри, трилъэфэжащ.



Нинэ щэхуу иригуфІэрт и пхъур зытегушхуа Іуэхум. Ларисэ нэхърэ мынэхъ мащІэу абыи и щхьэр зыфІиудыжу псэуат. Ауэ зи насып къэкІуэгъуэ хъыджэбзыр сыткІэ къуаншэт езым хуэдэм гухэлъ хуищІамэ? И щхьэгъусэр къэгубжьами, зэгуэр теужынт, сытым щхьэкІэ, гужьейуэ, емыгупсысу апхуэдиз пцІыр и бын пажэм и гъащІэм хипщат!.. А гупсысэхэр куэдрэ къыхуэкІуэрт Нинэ, ауэ зэманым къыпхуегъэгъэзэжын?!

Зауррэ Жанусэрэ лэжьапІэм дыІумыхьэжу хъунукъым, жаІэу дэкІыжа нэужь, Нинэ и пхъур зыбгъэдигъэтІысхьэщ, къарууэ иІэр зыхилъхьэри, кърегъэжьащ:

– ГъащІэм къытпигъэува лъэпощхьэпохэм дигъэгужьейри, дымыщІапхъэ куэд длэжьащ. УэркІэ къуаншагъэ збгъэдэлъщ, си хъыджэбз, пхузэфІэкІынумэ, къысхуэгъэгъу. ГъащІэр тхылъ тхам хуэдэу щыткъым, узрихьэлІэ Іуэхугъуэхэм уэ езым къыхуэбгъуэтыф хэкІыпІэхэращ купщІэ хуэхъур. ЗэрыпщІэжщи, уи адэм сэрэ гъащІэ дахэ къызэдэдгъэщІащ. Зауррэ уэрэ ди тхьэшхуэм фыкъыдитри, ди гъащІэри купщІэншэ хъуакъым. Зыхалъхуа зэманымрэ гъащІэ мытыншымрэ ткІиифэ къытрагъэуами, фи адэм быным я Іуэху зэрыдэкІыным, цІыху нэсу фызэригъэсэным телажьэу и гъащІэр ихьащ. Уэ къыбжимыІэф щхьэкІэ, пасэу уи щхьэгъусэр зэрыпІэщІэкІар игу къеуэу щытащ. Ди щІыбагъ дэлъыр сщІэжырти, апхуэдэхэм деж сэ Алыхь Іуэхущ, сыт мыгъуэр тщІэн, жысІэрти сыфІэкІырт. Си жьэкІэ ар жысІэ щхьэкІэ, си кІуэцІыкІыщІэр мафІэм кърисыкІ мыгъуэрт. НасыпыфІэ ухъуну пхуэфащэщ уэ, Ларисэ. Арацi, Беслъэн и гум уемыуэу, дэ дызэрыарэзыр тхужеІэж.

* * *

Куэдрэ гупсысащ Ларисэ, и блэкIар, и нобэр, къыпэщылъыр хузэмыгъэзахуэу. ИкIэм-икIэжым тегушхуэри: «ХэIущIыIу дымыщIыщэу, ди Iуэхур дэтхмэ, сфIэтэмэмщ», – жиIэри, зэрыарэзымкIэ Беслъэн хъыбар иригъэщIащ. АрщхьэкIэ а псалъэхэм куэдрэ ежьа Беслъэн ар хуидакъым.

– Дигу зэритлъхьауэ щытам хуэдэу, уи анэм и деж лъыхъу нэзгъэкIуэнурэ, хабзэм тету, псори зэфIэдгъэкIынущ. Мы зымкIэ укъыспэрымыуэ. Илъэс дапщэкIэ абы сыщIэхъуэпса сэ?! ХьэгъуэлIыгъуэ нэс тхуэмыфащэу ара дэ? АдэкIэ унагъуэ дыхъумэ, узэрыхуейуэ псори тщIынщ, – жиIэри, Беслъэн иукъуэдиящ. Арати, Хьэжбий и къуэхэмрэ Жыраслъэнрэ хьэзырыххэти, пIалъэ къыхамыгъэкIыу, Iуэхум и ужь ихьахэщ.

Беслъэнрэ Ларисэрэ къеуэлIа насыпыр зыгъэщIэгъуа куэд, дауи, щыIащ, къатепсэлъыхьахэри къащIэнэкIахэри мащIэкъым, ауэ къащыгуфIыкIар нэхъыбэт. Дауи, насыпыфIэ зэдэхъуахэм зыуи къафIэIуэхуакъым а псалъэмакъ мышыу къомыр.

Я хьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIа нэужь, Беслъэнрэ Ларисэрэ мазэкIэ хамэ къэралхэм я нэгу зыщрагъэужьащ. ИужькIэ, зэпэIэщIэу щыщытам щыгъуэ Беслъэн тегъэупIэу иIа щIыпIэхэр иригъэлъагъуну, Хабаровск лъэныкъуэмкIэ Ларисэ ишащ. ИгъащIэ лъандэрэ зыщIэхъуэпса, Алыхьыр къазэрыхуэупсэжа насыпым, я фIэщ мыхъужу, зыхагъэпскIыхьырт зэщхьэгъуситIым.

Еуэри, пщэдджыжь гуэрым зыплъыхьакIуэ ежьэну загъэхьэзыру, Ларисэ, фагъуэ къэхъури и гур къекIуауэ, зытхьэщIыпIэмкIэ игъэзащ псынщIэу, кIыхьлIыхьуи зыщиIэжьащ.

Ларисэ игу къэкIыжащ апхуэдэ щытыкIэ щита лъэхъэнэр. И гурыщхъуэхэр жиIэнрэ жимыIэнрэ темыгушхуащэу, ауэ щыт шэнтым етIысэхащ.

– Къэхъуар сыт? КъоузIарэ? Уи фэр шэхум хуэдэу пыкIащ, – жиIэу Беслъэн щыхигъэзыхьым, Ларисэ уэндэгъуу гурыщхъуэ зэрищIыр щхьэгъусэм хуиIуэтащ. Зэрыгузавэр къапщIэу, абы и макъыр кIэзызырт. Ар я ныбжьым къызэрыримыгъэзэгъыр, ар пэжу щытмэ, зыгуэр къэгупсысын зэрыхуейр къригъэкIуэкIыу щIидзащ.

– Алыхьым къытхуимыгъэфащэмэ, дыIэмалыншэщ, ауэ ар пэжмэ, си псэр пыту узэрезгъэIусэн щыIэкъым, ар быдэу зыпхыгъэкI, – жиIащ Беслъэн.

– Даринэ нобэ-ныжэбэ пхъурылъху дунейм къытригъэхьэнущ. Иджы сэ къызыщIэддзыжу, бынунагъуэ дыхъужыну къысхуегъэзэгъыркъым, – жиIэну хуежьа щхьэкIэ, ар Беслъэн и IэплIэм щабэу ирибыдэри, жиIэнIауэ Iэмал иримыту, езым къыпищащ:

– Си гъащIэ псом сызыщIэхъуэпса насыпым зыри зэран фыхуэзгъэхъунукъым. Мыхъун хэткъым ди Iуэхум, си псэм хуэдэ. Быным я насып яIэжщи, я гъуэгу тетыжынущ. Даринэ и гуэныхь уэ птелъкъым. Уэ зи гуэныхь птелъыр ди насыпымрэ дунейм къытедгъэхьэн хуейуэ Алыхьым иуха сабиймрэщ.



8 Заказ №2650

– Стелъщ, Беслъэн, стелъщ! Даринэ и гуэныхьи, уэ уи гуэныхьи, адрей мыпсэужхэми я гуэныхьи стелъщ, – жиIэри, Ларисэ и нэпсыр джэшым хуэдэу къелъэлъэхащ. – Си быным и адэр зэрыпсэур имыщIэу, уэ бын узэриIэм ущымыгъуазэу, апхуэдиз зэманкIэ сыбзыщIу сыпсэуащ. А пэжыр дунейм къытехьэмэ, силIыкIын къысфIэщIу сыпсэуащ.

– Ларисэ, си псэм хуэдэ, сыт мы жыпIэр?.. Даринэ сэ сысейуи?

– Ууейщ Беслъэн, ууейщ!.. Къысхуэгъэгъу... – къыпещэ Ларисэ а зэрыгъым хуэдэурэ.

ТIэкIу зызэтриуIэфIэжа нэужь, и Iуэхур къызэрекIуэкIар, къэмынэIауэ, Беслъэн хуиIуэтэжащ Ларисэ.

– Тобэ, тобэ! Иджыри къэс щхьэ зыгуэрурэ зыкъызумыгъэщIарэ, щхьэ нысхумытхарэ?.. Сэ пхъу сиIэщ! – ину жеIэ Беслъэн.

– Зыми зыри я лажьэкъым, Беслъэн. Сэ лъагъуныгъэм си нэр къыщезгъапхъуэри, делагъэ злэжьат... ЦIыху дапщэм я гъащIэр зэхигъэзэрыхьа а си щыуагъэм?..

– Ларисэ, си дахэ, си насып! Сэрат ар псори зэзыгъэзэхуэн хуейри, утыку укъизнэри сежьэжащ, бетэмал...

– Апхуэдиз зэман лъандэрэ мис иджы си гур нэхъ псэхуа хуэдэу къысщохъу. Ауэ Даринэ си Iуэху зытетыр жесIэрэ, сыкъыгурыIуауэ слъэгъуамэ, Алыхьым сыткIи сыхуэарэзыт...

– Уигу умыгъэныкъуэ, псори тэмэм хъужынущ... Даринэ Iэмал имыIэу ищIэн хуейщ сызэриадэр, ауэ ди пхъурылъху цIыкIур дунейм къытехьэху думыгъэпIащIэ.

Абдежым Ларисэ и нэгум къыщIэувэжащ иужь зэманым псэхупIэ къезымытыжыххэ анэлыр, икIи къыпищащ:

– Хъунщ, си псэм хуэдэ, зэрыжыпIэу тщIынщ. Ауэ абы и гъусэу зы хъыбар закъуэ пхуэсIуэтэжын хуейщ... икIи абдеж щыдухынщ ди гъащIэм щэхуу хэлъыр...





МАХУЭЛІ Нарзан

## НЭХУЛЪЭ

Нэхур дэзу и гуфIакIэ,
Дыхьэрэну зыщIэплъа
Пщэдджыжь пшэплъым Iупэ лакIэ
Бгы къэушхэм хуещIыр ба.

НыбжьыщIитI зэрышагъащIэу,
Яку дэмылъу хьэрэмагъ,
Уэсэпс лыдхэр я нэпс пIащэу
ГуфIэщауэ удзхэр магъ.

Гур мэхъуапсэ, псэр мэусэ,
Зэнзэныпсу псыр йожэх, —
Псыхъуэ щхъуантIэр хишэу псысэ,
Дауэ къабзэр зэхыуегъэх.

Хэлъщ а макъым къыхэмыщу
Жэщ блэкIам и нэгу щIэкIар.

Хэлъщ махуэщIэм япэ ищу
Игу иджыри къэмыкIар.

Сэ сытетщи бжьэпэ лъагэ,
Дахэ щыщIэркъым си нэгу.
Нэр зытеплъэм сропагэ,
СфIощI сыхэт щIалэгъуэ джэгу.

Пшэплъ щIэращIэр нэкIэ згъафIэу
Дыгъэм лъагъуэр хызогъэш.
Щытмэ мафIэ ищIэгъуафIэу,
ЦIыхум и гур емызэш.
1995—2020

* * *

Си гъащIэ шыгум шыхэр щIоджэгукI.
ЦIыхугъэрщ зыр, адрейр сызышэ гугъэрщ.
ЩIэпщIамэ тIури, хъунукъым щIэптIыкI.
ЩIопщ уэгъуэм адкIэ щыIэр мафIэ лыгъэрщ.

Си пцIэгъуэплъитI, тхулъэкIыу псэ тхэтыху
Ди гъащIэр тхьынщ нэр здэплъэр ди гъуэгуанэу.
Нэгъуэщ I насып сэ щыIэу сымыцIыху,
Уи гъуэгур хуитрэ уи мурадхэр бланэу.

Гъуэгу задэм зэкIэ тIэкIу сегъэгужьейр,
ИтIани, псэм къилъыхъуэркъым тыншыпIэ.
Зэ пкIэгъуэ фIэкI щымыхъукIэ мы дунейр,
ЛъэтапIэ мыхъумэ, щыIэкъым щыхупIэ.

ЩIэдзапIэ мыхъумэ, щыIэкъым кIэух...
МахуэщIэ мыхъумэ, щыIэкъым кIыфIыгъэ...
И гъуэмб исыжым Iэблэр хугуэмых.
ДамитI ар хуохъур зезыхьэфым лIыгъэ.

Къутэнщ си шыгури, шыхэр хуит хъужынщ.
ЛъэпкъыфIмэ, шыр ирагъэкIынкъым и пIэ.
ЛIыфI гуэр къэсынщи хъуапсэу щIищIэжынщ
Къызиту гугъэ, ситми сэ укIыпIэ.

Техьэнщ гъуэгущIэ зи насып къикIар.
Арщ гъащIэр... ЗыхуиигъэщIми гукъанэ,
ХисхьэхукIэ жэщым гугъэу пIэщIэкIар
Зы вагъуэ цIыкIу щIэрыпсу пхупегъанэ.
2020

* * *

Насыпым пасэу сеупщIат:
«КъызжеIэт, сыт уэ узищIысыр?!
УкъыщIытлъыс-къыщIытлъымысыр
ЗэхэгъэкIауэ сщIам арат...»

«Хэхауэ щыIэкъым насып, —
Къызет жэуап: — Зэм хэлъщ ар лIыгъэм.
Зэм лъагъуныгъэм, пэжыныгъэм.
Щелъагъу ар дыгъуми хамэ жып.

Хелъагъуэ ар уэрэдым бзум.
Къуршыбгъэм — лъагэу щхьэщыт уафэм.
КъулыкъукIэ пагэм — ищI унафэм.
УсакIуэм — итхыр зэрыкуум.

Къэпщтауэ псоми я хьэл-щэн
Ухъуауэ сощIри насып защIэ,
Щэху псори пщIэныр ар мыгъащIэ... —
ЩIэщыгъуэр сытым къыпищэн?!

Псынэшхуэщ гъащIэр... УехъулIащ,
Илъэсхэр пхъыфмэ иумыкIыкIыу.
Бгуэшын хуей тIэкIури уи гум пыкIыу
Пхуифыжмэ уипс, насыпыр арщ.»
2020

* * *

Дуней зыбжанэ щыIэу жаIэр...
ЗыфIэфIыр жыжьэм щIрехъуэпс.
Я жьэгу дэлъыжу пщIэ зэхуаIэр
Мыбдежщ здэщыIэр сэ си къуэпс.

Мыбдежщ здэзгъуэтыр сэ жьы къабзэ,
Бэуэгъуэр схуэхъуу псэхэлъхьэж.
Ирезмыгъалъхьэу хамэм лъабзэ,
ГуфIэгъуэ бзур согъэлъэтэж.

... НэгъуэщI дуней щымыIэу жаIэ...
Щхьэ закъуэу гъащIи сыхуэмей.
Гулъытэ къабзэ щызэхуаIэу
ЩыIэни хуейщ дэ дыдымей.

ГуфIэгъуэ хъуэхъу щызэIэпахыу
ЩыIэни хуейщ дыздынэмыс.
Зэрыт кхъуэщыныр хуэзгъэдахэу
Гъэгъам сэ усэ хуэзмыус.

Мы зырщ закъуэну зыхуэфащэр —
Ар зи псэм лъэхъу изылъхьэжарщ:
ЦIыхупсэ хейм къыхуитIу мащэр,
Ар мащэпIэжь хъуху зыхъумарщ.
2018

* * *

Куэншыб идзыпIэм удз гъэгъа
ЗэкIужу хэтщи, согъэщIагъуэ.
СфIэщIат зыгуэрым ар къихьа...
Зым и лъакъуапIи хэзмылъагъуэ.

Езыр-езыру ар къэкIащ.
Гъэгъащ къудамэхэр щхъуантIабзэу.
ДыгъэпскIи щхьэкIэр фIэпхыкIащ,
ХъупIэшхуэм хэтым ещхьыркъабзэу.

Абдеж слъагъу дахэр сигу къеIат.
Пхуэбжынкъым псэм нэщыпхъуэу Iулъыр.
Зы удз гъэгъакIэ къиIуэтат
Куэншыбым IэфIу и гум илъыр.

Дуней насыпым и зы щэху
КъиIуатэ хуэдэт удз лъэ махэм.

Удахэфынущ здэщым нэху,
Уи лъабжьэр кууэ хэтмэ лъахэм.
2020

## ЖЬЫБГЪЭМ И ГУКЪЕУЭ

«Жьыбгъэ! Сыт уэ зэхэпщIыхьыр?!
Хэпсэу жыг уехьакъым гугъу...
Сыт атIэ дыкъыщIипкъухьыр
ЗыхыумыщIэу ди гурыгъу?!»

ЖеIэр жьыбгъэм: «Фи жыг хадэр
СудыныщIэм ар бэлыхь?!
ЦIыхухэм сыт зызыхуэвгъадэр,
Къэвмыхьыж нэхъей гуэныхь!

КъефхьэлIэжи фIыр и пIалъэм,
Хьэл зыщыфщI ар фыпсэуху.
Зи зэман зыгъакIуэу псалъэм
И гум зэи жьы димыху.

Сыкъыщепщэу щыхэзгъахъуэм,
СыщIогъуэжри, сытоуж.
Фи щхьэм жьыбгъэу щыкIэрахъуэм
ЦIыхухэр фэ фыхуэсакъыж!»
2020



## УЭЗДЫГЪЭ НЭХУ

Нур гуэр зимыIэ щIым темыт.
Дыкъалъху цIыху псори дыпсэ къабзэу.
Гъуэгуанэ Iэджэм зыдопщыт,
Гъуэгу пIалъэр зыщIэм ещхьыркъабзэу.

Гулъ щхъуантIэу дигухэр къызэрокI,
Мурадхэр хохъуэ, жыг къудамэу.
Зыр хъуапсэу щIым и гъунэ йокI,
Уафэгум вагъуэр щыпигъанэу.

ИтIани, сэ хузощI пщIэ лей
ЛъагапIэу щыIэм епэгэкIым;

Мазэгъуэр IэгукIэ ихь нэхъей,
Уэздыгъэ нэхур къезыхьэкIым.

СыщыпсэухукIи дуней щIыгу,
Сэ къызатынущ гурыфIыгъуэ,
Дыгъэшхуэр щепсми я щхьэщыгу,
Зыхъумэжыфхэм я уэздыгъэ.

Утыкур псори дыгъэрщ зейр...
АтIэ хулъэкIыр сыт уэздыгъэм?!
Ар ещхьщ зэв хъуауэ и дунейр
Къинауэ псылъэм ит Iубыгъуэм.

Зэм изогъэщхь ар удз гъэгъам.
Зэм тхьэмпэр псыф зыщI ткIуэпс щIэращIэм.
Уэздыгъэр лейуэ зи гугъам
Узот хищIыкIыр дыгъэ гуащIэм.
2020



* * *

Си жагъуэ мэхъур, гу лъыстэху,
ЩIыхупсэм мывэ щызэпахыу.
ЩалэжькIи псапэ зыпылъ Iуэху
Гу къылъамытэм нэхъ къыхахыу.

Гухэлъ щыхуищIкIэ удз гъэгъам,
ИриукIытэжу зэрыткIуэпсым,
Утыку имыхьэу щытыгъам
Ди нэфI щыхуэнтэкъым уэсэпсым.

КъыпыкIэр жыгым имыбзыщI.
ИбзыщIкъым нурыр къытхуепс дыгъэм.
Щхьэщытхъуу ар сэ къысфIэмыщI
Иригушхуэжыр лъэкIа лIыгъэм.

БзыщIын хуей Iэджэ тетщ дунейм...
Ар къыщыщIедзэр псалъэ лейм.
2020

* * *

Телъыджащэу мэз лъапэм
ПщІыхь къуэлэнхэр къыщокІ.
Бжьыхьэ бейм и лъакъуапІэм
Сиуvауэ къыщІокІ.

Сыкъимыщ, сиувакІэ,
ЗыдэсшейкІи пхымыкІ.
Дыгъэм гъуэгу гъэунэхуакІэ
Къохри мэзыр щІещыкІ.

Пшэплъри къох, санэпс ныбэу...
И хьэлэлщ ирифар.
Ди зэрыджэрщ нэхъыбэу
Ар псэлъэгъу зыщІыфар.

Слъагъухэр сыту телъыджэ...
СыщІэплъэхукІи уафэгу,
Пызу пыту зэрыджэ
КъыщІоувэр си нэгу.

Псэр сфІелъахъэ мы бжьыхьэм.
Слъагъуури ещІыр мафІэс.
Гухэлъэт къыслъэщІыхьэм
Си псэр тхьэмпэу сфІегъэс.

Зэхуетхъусри сахуэр,
СфІэфІу жьыбгъэм хепхъэж.
Хэплъэу къэсым щІымахуэр
КъыщІихунщ гукъыдэж.
2003–2020

УДЗ ГЪЭГЪАМ И ГУКЪЕУЭ

Илъэщ гугъуехьыр сэ си натІэм.
Сытыншынуи сфІэщІкъым щІэх.
Хъыбарзехьэу бжьэр къэлъатэм
Схуохъу чэзукІэ бампІэдэх.

Хъупlэ защlэщ хъуреягъыр.
Ауэ уафэм сиплъэ пэт,
Къэслъэгъуауэ фlыуэ слъагъур
Хъуаскlэу си гур сфlыхолъэт.

Уафэм вагъуэ зэрыщыlэр
Жэщ мазэгъуэу сэ къэсщlат.
Щхьэрыхуати вагъуэм пыlэр,
Щlым къэмысу къэспхъуэтат.

Екlуу ар щхьэрыстlэгъауэ
Щхьэпэлъагэу зыслъагъужт.
Нэхур здэщым сыгъэгъауэ
Удз къэсыхукlэ зэзгъэплъыжт.

Удахэныр хэт зи жагъуэр,
Къыпщlэупщlэу нэ зэпщар!
Шэджагъуакlуэу къехри вагъуэр
Къиплъыхьат гъэгъауэ хъуар.

Естыжащ абы и пыlэр,
Жэщ зэрыхъууи лъэтэжащ.
Вагъуэ-щауэ зэрыщыlэр
Абы щыгъуэ сэ къэсщlащ.

Мис иджы, тlэкlу сыукlытэу,
Сыдоплъейр нэху къыстещхьэху.
Пыlэр щхьэм щхьэрыгъми быдэу,
Мэхъур къызыщхьэрыбгъэху.

Сытуи хьэлъэ, узэпылъу
Псэр пфlытехьэу гъатхэ мыл,
Уи насыпыр зэхэмылъу
Зэтехуэныр уи акъыл.
2020

* * *

Зэтехуэу щытми я lуэху щlэкlэ,
Щlыхуитl зэхуэдэу щlым темыт.

Зыр мэдэIуэфыр гурэ псэкIэ,
Адрейм псэлъэным пщIэ щIимыт.

Зыр ирикъунущ щIыгулъ напIэм,
И лъабжьэр йохуэри зы Iэгу.
Адрей губгъуэшхуэр зи унапIэм
Дум из жылапхъэ щIэтщ и нэгу.

Схузэхуэмыхьу согъэщIагъуэ...
Сыт Тхьэшхуэм ар щIимыщIыр Iуэху?!
ИрапIыкIахэр зы унагъуэ
Зы къупхъэ хъунтэкъэ къыбгъэху!..

ЖызоIэр ари — сыщIогъуэжыр.
Апхуэдэ хъурэт ущIэхъуэпс!
Жыг лъэдакъэжьырщ зыщIэр пэжыр.
Зэщхь хъухэр зимыIэжхэрщ къуэпс.
2020



## ЖЫГЫЖЬЫМ КЪЫЗЖИIАР

Жыгыжьхэр зэ дыкъэтIэпIамэ,
ЩхъуантIэпсу тхьэмпэр тпымыхуэж.
ЧэзукIи жьыбгъэр къыкъуэуамэ,
Къудамэ къэс тфIызозэуэж.

Зэтракъутэр я губампIэр.
ИмыкIуэтыныр я нэрыгъщ.
ЦIыху цIыкIуми мэзыр щащIкIэ кIуапIэ,
Нэхъыбэм джыдэ жан яIыгъщ.

Допсэу, зэм жьыбгъэм дрищIыкIыу...
Щаухуэм унэ зыщIэсын,
ЦIыху цIыкIуми дахь къытцIыгуфIыкIыу...
ДащIыж иужькIи пхъэгъэсын.

Аращ, си щIалэ, хъумэ уи щхьэр!
УтеувэхукIи гъащIэ гъуэгу,
КъыумыцIыхуауэ бий нэхъыщхьэр
УхуэмыпIащIэ пщIыну жьэгу!
2020

* * *

Тетщ дунейм бгыщхьэ Iэджэ
НэкIэ тлъагъухэм нэмыщI.
Дзыхь имыщIурэ зэкIэ,
ГъащIэм ахэр тщебзыщI.

И пIэ икIыркъым бгыщхьэр.
Ар бгым дэкIым егъэхъу.
Пщыгъупщауэ нэхъыщхьэр
УджэлэнкIэрэ мэхъу.

ПщIа мурадыр щыбыдэм,
Къыптемыхуэм емыкIу,
УмыщIэжу уэр дыдэм
УдэкIащ зы къурш цIыкIу.

АдкIэ укIуэмщ лъагапIэр —
Ар дуней зи инагъщ.
Псом я щхьэжщи цIыху напэр,
Бгыщхьэу щыIэр и щIагъщ.
2020

## ГЪЭМАХУЭ УЭШХ

Телъыджэ Iэджэ уэшхым къегупсыс:
ЩIым тошхэри, гъуэгу сабэр егъэтIыс.
ЩIэупщIэурэ дуней къыхуэзэшам,
Къыхуэзэхэм ярехыр уэшх-сэлам.

Уэшх щабэщи, хэмыту уафэхъуэпскI,
Хуэсакъыурэ жыг тхьэмпэхэр егъэпскI.
ЩIылъэшхуэми къыхэхуэркъым и пщIыхь,
Зы ткIуэпскIэ зэрыхъуар нэхъ гъащIэ кIыхь.

Сэ дзыхь хузощIыр уэшхым дэслъэгъуам —
Щрырешх ар сигу, хрырешхэ псэ гъущIам.
Зытешхэм зэхищIыкIыу Iурылъ бзэр,
Къырырешх ар щабэу, игъэбжьыфIэу псэр.

Зэманыр кӀуэнщи, уэшхыр теужынщ.
Жьы мащӀэми къэнар ибзеижынщ.
Къешхами кърипъэкӀыу ди гурыфӀ,
Чэзу зимыӀэ мы дунейм фӀэмыфӀ.

ТкӀужынщи пшэхэр, уафэр хуит хъужынщ...
... Мы уэшхми къытхуищӀар тщыгъупщэжынщ...
2010

* * *

Уахътыншэу зыри къигъэщӀакъым...
Псэ закъуэщ хэти къытхилъхьар.
Си ныбжь нэсыхукӀи гу лъыстакъым
ӀэфӀ щӀэлъу бгуэш зэрыхъум ар.

Хэлъщ си псэм щыщ мо бжьыхьэ жьыбгъэм,
Гъуэгущхьэр уае зыгъэдийм.
Хэлъщ си псэ кӀапэр чыржыныпхъэм,
ГуфӀэжу къепс мо дыгъэ бзийм.

Хэлъщ къыхэмыщу псыежэхым,
Уахътыншэ тфӀэщӀ мо къурш гъэжам.
И абгъуэ ис бзу гузэвэхым,
Къуршыбгъэ уафэм ихьэжам.

Яхэлъщ пшэ блэкӀхэм си псэ кӀапэ...
КъызэпхидзыхукӀи уафэхъуэпскӀ,
Уэшх ткӀуэпс къытеткӀуэмэ фи напэ,
КъэвмыщӀэу псэкӀэ фызогъэпскӀ.

Сопсэу апхуэдэу... ЦӀыху сахэтщи,
Згуэшам нэхъыбэ къызатыж.
Зи закъуэр жьы зыщӀимыху дэпщи,
Езыр-езыру ар есыж.

Дунейр хуащӀакъым закъуэныгъэм.
И закъуэу дыгъэри къемыпс.
Псэ зыӀут псоми хуэтщӀа гугъэм
ЕщӀыж пщэдджыжь къэс ар щӀэрыпс.
2020

## ДЫРИЙПСЫРИЙМ ХУЭГЪЭЗАУЭ

ЦIыхуитI зэхуэдэу щIым темыт.
Зым ирекIут, зым кърегъахъуэ.
Зым хэлъ зышыIэм щIэ щIэмыт,
Адрейм жьыр и щхьэм щокIэрахъуэ.

Насыпыр уафэм къемыхуэх.
УщIэпхъуэу мафIэр иумыхьэжьэ.
Чэнджэщ здагуэшым щетIысэх,
Гуэлъхьэжи дамэр, тIэкIу зыIэжьэ.

КIуэфакъым цIыхур бгыщхьэм нэс,
Къепсыхыу шым мыхъуауэ лъэс...
2020

* * *

ПщэфIапIэшхуэ хуэдэщ ди цIыху гъащIэр.
ЗыхулъэкIым щыIэ псор хуапщэфI.
Игу къеуэжу иIэр зэрымащIэр
ЗылъэмыкIри поплъэ Тхьэм и нэфI.

ЦIыху псэ хейхэм Тхьэм яхущIигъэхьэ!
Бейм дэубзэм сытыр и дуней?!
Имышхауэ IэфIу зы лы Iыхьэ,
КъыкIэрех апхуэдэм хъурымей.

Сэри лы тебэфI схуапщэфI ныщхьэбэ.
Уэ уи жыпым илъкъым ахъшэ лей.
IэфIщ зэдэшхэр. КхъыIэ, къыхэIэбэ...
ЗыщIэр хэт къытпэплъэр дэ пщэдей?!

Уякум дэлъыхунщ зэхуэгъэкIуатэр
Лъэщ ущыхъур, умыгъэшми батэр.
2020

# АНЭДЭЛЪХУБЗЭР КЪУЭЗЫЛЪХЬЭЖХЭМ ЯХУЭГЪЭЗАУЭ

*Дыхьэгъ*

Сащыщкъым сэ гущIэгъу зимыIэм...
Ауэ, трикIэурэ тхьэщIэпс,
«Дыхуейкъым ди бзэм» — къыджезыIэм
И бзэгу къисчыну сыщIохъуэпс.

IэштIымкIэ къоуэм хъийм икIауэ
ПщIэ хуэпщIкIэ уи пщIэм зимыIэт.
УзыхукIэ и щхьэм уемыуауэ,
Делэныр делэм щимыгъэт.

Къыуипэсми куэд зи гупкIэ уисым,
Уи IэфIыр хъунукъым бгъэкIуэд.
Къэпщтэжу лъакъуэр щIыIэм щисым,
Анэбзэр ар мыцы лъэпэд.

Анэбзэр ар мыфоч, мыкъамэ,
Мыпсы Iубыгъуэ, мычыржын.
Уримыпсалъэу Iумпэм пщIамэ,
Щэху цIыкIуу арщ хухэптIэу сын.

Лъэпкъ напэр фалъэм ирикIауэ
Изыфми лIыфIхэм захебжэж.
ДымылIэжын ди гугъэщ... Ауэ
Чэзур къытлъосри дыщIалъхьэж.

Ди лIам я пащхьэ дыщихьэжкIэ
Уэ пщIэнур сщIэркъым, сэ си къуэш...
Мыр сощIэ фIыуэ: бзэр щысщIэжкIэ,
Сэ къэслъыхъуэнукъым тэрмэш!
2020



* * *

Кхъухьлъатэр уафэ лъащIэм щIэуващ,
ЕрагъкIэ нэхэм къахуэщтэ цIугъэнэу.

ЦIыху Iэджэм гъуэгур ядигъэпсынщIащ,
Хъыбар щыжаIэжын зэман къахуэнэу.

Жэщ хъуащи, вагъуэ цIухэр изщ уафэгу.
Тхьэм ещIэ а лыд къомыр зи кхъухьлъатэр.
Нэху щыхукIи дуней Iэджэ щIокI си нэгу,
Зэхэсх зэпыту я бзэкIэ яIуатэр.

Ди щIылъэр кхъухь телъыджэу къыщIэкIынщ,
ЩесыфкIэ уафэ хышхуэм щIимылъафэу.
ЩIилъафэ хъуми, къыдэсеижынщ,
Хьэрш жьыбгъэхэр и жьыхухэмкIэ къигъафэу.

ТедзапIэр жыжьэщ… Ауэ сигу согъэфI…
Къытпэплъэу сэ къысфIощIыр гъущапIэфI.
2020

*2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ ущиякIуэмрэ я илъэсщ*

# ТЫIЭЩХЭ Я УНАГЪУЭ ДАХЭР

Я лэжьыгъэкIэ пщIэ къалэжьауэ, я унагъуэкIэ щапхъэ трахыу, жылэдэсхэм я гъуазэрэ щIэблэм я лъагъуэхэшу Лашынкъей къуажэм дэсхэм ящыщщ ТыIэщхэ Хьэсэнрэ ФатIимэрэ. Илъэс щэ ныкъуэм нэблэгъауэ зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэм я гъуэгум и къежьапIэ хъуар курыт еджапIэрщ, къызэранэкIа илъэсхэри щагъэкIуар аращ.

Урысей Федерацэм ЕгъэджакIуэмрэ ущиякIуэмрэ я илъэсу игъэнэхуа 2023 гъэм я цIэр къипIуэну, я пщIэр пIэтыну яхуэфащэщ ТыIэщхэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы я унагъуэм щIэс псори егъэджакIуэщ, гъэсакIуэщ, унэтIакIуэщ. Езыхэр апхуэдизкIэ насыпыфIэу, зэгурыIуэрэ-зэдэIуэжу, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу зэдопсэу, зэдолажьэри, дуней псом щапхъэу щыбгъэлъагъуэ хъунущ.

Я гъащIэр зэрырагъэжьам хуэдэущ къызэракIуар Хьэсэнрэ ФатIимэрэ къызэранэкIа илъэсхэр. ТыIэщ Хьэсэн Лашынкъей курыт еджапIэр къиуха нэужь, КъБКъУ-м и физико-математикэ къудамэм щIэтIысхьэри, физик IэщIагъэр зригъэгъуэтауэ, 1972 гъэм Къулъкъужын Ипщэ дэт 2-нэ курыт еджапIэм егъэджакIуэу ягъэкIуащ. А школым и 10-нэ классым щеджэрт Iэхъуэбэч ФатIимэ. ЕгъэджакIуэ щIалэмрэ школакIуэ пщащэ Iущымрэ апхуэдэу зэрыцIыхуа хъури, илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу унагъуэ яухуащ.



Хьэсэн илъэситIкIэ Къулъкъужын Ипщэ щылажьэри, езыр къыщалъхуа къуажэм къигъэзэжащ, 1975 гъэм школым и унафэщIым и къуэдзэу ягъэуващ. 1976 гъэм щегъэжьауэ 1987 гъэ пщIондэ Ла-



10 Заказ №2650

шынкъей курыт еджапIэм и унафэщIу лэжьащ щIалэр. ИужькIэ районым ягъакIуэри, Шэджэм щIыналъэ администрацэм ЦIыхубэ егъэджэнығъэмкIэ и къудамэм и Iэтащхьэу щытащ. А илъэсхэм къриубыдэу ТыIэщым и жэрдэмкIэ, сабий 540-рэ зыщIэхуэ курыт школ Лашынкъей щащIащ икIи 1995 гъэм сентябрым и 1-м къызэIуахащ.

А илъэсым щыщIэдзауэ 2012 гъэ пщIондэ школыщIэм и унафэщIу лэжьащ лIы щыпкъэр. ЛэжьыгъэкIэ къимыкIуэту, цIыхугъэкIэ гумащIэу, хьэлкIэ зэпIэзэрыту, унафэкIэ ткIийуэ пэрытащ Хьэсэн и къулыкъум. Илъэс бжыгъэ куэдкIэ школыр зыхуей хуэзэу, егъэджакIуэхэр къыхуэарэзыуэ, ныбжьыщIэхэр къыфIэлIыкIыу зэрихьащ абы еджапIэр. Гъэсэныгъэри егъэджэныгъэри зэхуэдэу щызэтеубла IуэхущIапIэр нэхъыфIхэм хабжэрт. Абы къыщымынэу, зэпеуэхэм хэтурэ пашэныгъэхэр къахь зэпытт, абы къыпэкIуэмкIэ школым и мылъку-техникэ лъабжьэр ирагъэфIакIуэрт. Къулыкъу зыбжанэ зэрихъуэкIыну къыхуихуами, Хьэсэн сыт щыгъуи зи ужь итар къыдэкIуэтей щIэблэм щIэныгъэ егъэгъуэтынырщ, къыхиха IэщIагъэм хуэпэжу пэрытынырщ, щIэуэ къежьэмрэ фIыуэ къигупсысымрэ IэнатIэм хипщэнырщ. Хьэсэн Iуэхум и пIалъэ зэрищIэм, егъэджэныгъэ зэтеухуэкIэм зэрыхуэIэзэм, IэнатIэм и щэху псоми зэрыщыгъуазэм фIыщIэрэ щытхъуу къыпэкIуэр мащIэтэкъым, зи унафэщI еджапIэм щIэлъ хабзэм, лэжьыгъэм, зэгурыIуэм я фIыгъэкIэ адрейхэм сыт щыгъуи къахэщырт.



Зыпэрыта Iуэхум хуищIа хэлъхьэныгъэр гулъытэншэу къэнакъым ТыIэщ Хьэсэн. 1984 гъэм абы къыхуагъэфэщащ «РСФСР-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличник» дамыгъэ лъапIэр, 2002 гъэм «КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр къыфIащащ.

Илъэс куэдкIэ псэ хьэлэлкIэ зэрылэжьам, къыдэкIуэтей щIэблэр егъэджэным, гъэсэным гуащIэ ин зэрыхилъхьам папщIэ зэрагъэлъэпIа щIыхь тхылъхэмрэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ куэд мэхъу. Лэжьыгъэм и ветеран, Лашынкъей къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху, Шэджэм щIыналъэм и Жылагъуэ советым хэт ТыIэщ Хьэсэн и зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр къэсу тIысыжами, и Iэр зэтедзауэ щыскъым, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтщ, чэнджэщрэ дэIэпыкъуныгъэрэ хуэныкъуэу къыбгъэдыхьэхэр зэи игъэщIэхъуркъым, и унагъуэ дахэр игъэбжьыфIэу я жьантIэм дэсщ.

И щIалэгъуэ лъандэрэ щхьэгъусэ гумащIэу, лэжьэгъу гумызагъэу, бзылъхугъэ щыпкъэу къыдекIуэкI ФатIими и цIэр куэдрэ фIыкIэ къраIуэу пэрытщ и лэжьыгъэм. Ар иджыри библиотекэм и унафэщIу щолажьэ Лашынкъей дэт, Хьэгъэжей Джонсон и цIэр зезыхьэ 2-нэ курыт еджапIэм. Курыт школыр «5» защIэкIэ, ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Налшык дэта педучилищэр диплом плъыжькIэ къэзыуха бзылъхугъэр сыт хуэдэ Iуэху пэрыхьэми фIы дыдэу игъэзащIэущ

къызэрекIуэкIыр. И щхьэгъусэм зы мэскъалкIи зыкъыкIэримыгъэхуу, унагъуэри зэрихьэу, сабийхэр зыхуей хуигъазэу 1977 гъэ лъандэрэ и IэщIагъэм пэрытщ.

Абы щегъэжьауэ ФатIимэ щIэныгъэ-егъэджэныгъэ Iуэхум зэи хуэщхьэхакъым, 1995 гъэ хъуху программэм и лей егъэджэныгъэм пэрыту 1-нэ курыт школым щылэжьащ. Къыхэпха IэнатIэм жэуаплыныгъэ пхэлъу упэрытын, цIыхур къызэрыпщыгугъыр зэфIэбгъэкIын зэрыхуейр псом япэ иригъэщ зэпытщ.

Егъэджэныгъэм къыдэкIуэу, щIалэгъуалэр гъуэгу захуэ тегъэувэным, чэнджэщ щхьэпэ етыным, хабзэм тету гъэсэным, пщIэ, нэмыс яхэлъхьэным ипэ зыри иригъэщыркъым. КъыдэкIуэтей щIэблэр екIуу игъэсэнымкIэ сэбэп къыхуохъу и IэщIагъэм къыдэкIуэу, езыри анэу зэрыщытыр. БыныфI бгъэсэнымрэ щIэблэ Iущ къыпщIэхъуэнымрэ насыпышхуэу къэзылъытэ бзылъхугъэм и лэжьыгъэм къалэн куэд щызэдехь жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Ар хуабжьу ирогушхуэ и гъэсэнхэм ехъулIэныгъэ гуэр зыIэрагъэхьамэ, иригъэджахэм IэщIагъэлI нэс, цIыху зэпIэзэрыт къахэкIамэ. Ди республикэм и закъуэ мыхъуу, нэгъуэщI къалэшхуэхэми зи цIэр фIыкIэ къыщраIуэ IэщIагъэлI нэсхэри яхэтщ ФатIимэ и еджакIуэу щытахэм.



– Ди дежкIэ нэхъыщхьэр ебгъэджар балигъ хъуауэ, цIыху зэпIэзэрыту, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэуvауэ плъагъунырщ, ар къыбгъэдыхьэрэ гуапэу сэлам къуихмэ, абы нэхърэ нэхъ фIыгъуэрэ хьеррэ егъэджакIуэри гъэсакIуэри хуейкъым, – жеIэ ФатIимэ. – Абы къегъэлъагъуэ унэтIакIуэм игъащIэ лъандэрэ зыпэрыт IэнатIэм гуащIэу, зэману, къарууэ хилъхьар псыхэкIуадэ зэрымыхъуар. ЦIыхум уазэрыхуэупсэфым, уазэрыдэгуэшэфым, уазэрыдэIэпыкъуфым хуэдиз пщIэи щыбогъуэтыж ди IэщIагъэм. Псом япэу, ар, зэрыжысIащи, уи еджакIуэхэм я ехъулIэныгъэмрэ къыпхуащI гулъытэмрэщ. ЕтIуанэрауэ, уи лэжьыгъэм къыпэкIуэ фIыщIэрщ. Ди курыт школым и унафэщI КIэбышэ Заремэ зэи зыри гулъытэншэ ищIынукъым, ди Iуэхухэр зэрыкIуэтэным иужь иту, гупыр зэгурыIуэрэ-зэдэIуэжу игъэлажьэу, сыт хуэдэ Iуэху къетхьэжьэми, и нэIэ къыттригъэту апхуэдэщ.

2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ ущиякIуэмрэ я илъэсу зэрагъэувар а IэнатIэм пэрыт дэтхэнэ зым дежкIи лъапIэщ. Ди къуажэми дахэу къыщызэIутхащ а илъэсыр, пшыхь екIуи къызэрагъэпэщащ Лашынкъей къуажэ администрацэмрэ Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэмрэ. ШколитIми щылажьэ егъэджакIуэхэр къызэхуашэсри, я гур хагъэхъуащ, я нэгу зрагъэужьащ. Къуажэдэс интеллигенцэм апхуэдэ гулъытэ щагъуэтым деж нэхъыбэжым трагъэгушхуэу аращ.

ФатIимэ жыджэру и IэнатIэм зэрыпэрытым, республикэм и егъэджэныгъэ Iуэхум хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIым папщIэ ди лъа-

хэми, Шэджэм щIыналъэми, Лашынкъей къуажэми я унафэщIхэм къабгъэдэкI щIыхь, щытхъу тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу Дунейпсо Артийскэ комитетым игъэхьэзыра медалри нэгъабэ къызэрыратар. «Урысейм и гугъапIэ» урысейпсо бзылъхугъэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу иджыблагъэ ЩIыхь тхылъкIэ ягъэлъэпIащ. Къэралпсо мыхьэнэ зиIэ апхуэдэ тыгъэр узыщыгуфIыкIынщ.

ФатIимэ и лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, Лашынкъей къуажэм дэс ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэми хэтщ, хузэфIэкI къимыгъанэу и гуащIэ, акъыл, къару хелъхьэ жылагъуэ лэжьыгъэм. Абы и унафэщI, КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ ДыщэкI Марие и жьауэм щIэту лажьэ бзылъхугъэхэм гу зылъамытэу зы Iуэхугъуи благъэкIыркъым. Къуажэм къыщыхъу-къыщыщIэхэр зэи лъэныкъуэкIэ къагъанэркъым, закъыхуэзыгъазэхэми я лъэIур хуащIэ.

– Къуажэм дэс зи Iуэху хуэмыщIахэрщ нэхъыбэу ди нэIэ зытетыр, – жеIэ ФатIимэ. – Зыгуэрым лъэIукIэ зыкъытхуигъэзамэ, е дэ хуэныкъуэIауэ къэтщIамэ, зэгухьэныгъэм хэтхэр дызочэнджэщри, тхузэфIэкIымкIэ защIыдогъакъуэ, ди къару къимыхьрэ – къыддэIэпыкъун къыдогъуэт. Ди къуажэм дэсщ мылъку зыбгъэдэлъ щIалэ хъарзынэхэр. Зи сомым щымысхьу зыкъытщIэзыгъакъуэ дэтхэнэми нэхъыбэжу Тхьэм къахилъхьэж. Апхуэдэхэм Iуэхухэр къыддаIыгъ икIи хуэныкъуэхэм ядэIэпыкъун щхьэкIэ зэи къикIуэтынукъым. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, бынунагъуэшхуэхэм школ щIэтIысхьэжыгъуэхэм деж дадоIэпыкъу, сабийр школым зэрыкIуэн щыгъын е щеджэкIэ къагъэсэбэпын хьэпшыпхэр къахудощэху. КъыхэгъэщыпхъэщI апхуэдэ гуэр къэхъуамэ, псом япэу къыткъуэувэ, Лашынкъей къуажэ администрацэм и унафэщI Хьэгъэжей Хьэсэн. Мы щIалэм фIыщIэ хуэфащэщ къетхьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхури къызэрыддигъэпсынщIэм щхьэкIэ.

ТыIэщхэ Хьэсэнрэ ФатIимэрэ я лэжьыгъэм къыщалэжьа пщIэм гъуни нэзи иIэкъым, зы тхыгъэми къыщыпхузэщIегъэубыдэнукъым. Апхуэдиз ехъулIэныгъэм я нэхъыщхьэр, дауи, зэдаухуа унагъуэ насыпыфIэрщ. ГъэщIэгъуэнракъэ, адэ-анэм я IэщIагъэр къыхахыжащ щIалитIми, щхьэгъусэу къыхахари а IэщIагъэм пэрытхэщ.

ЩIалэ нэхъыжь ФуIэд курыт школыр дыщэ медалкIэ, КъБКъУ-м ИнформатикэмкIэ и факультетыр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ. Абы лъандэрэ зы махуи хущIемыгъуэжауэ и IэщIагъэм пэрытщ. Жэуаплыныгъэ ин хэлъу, и адэм и пщIэр иIыгъыу къыщIидзэри, IэщIагъэм и щэху псори зригъэщIащ. ЩIалэ дыдэу и цIэр фIыкIэ Iуащ ФуIэд, компьютерхэр къуажэ школхэм къыщагъэсэбэпын щыщIадзам, зэрыригъаджэм хуэдэурэ, егъэджакIуэхэри а Iуэхум хуигъэсащ. Илъэс 18-

кIэ Лашынкъей 2-нэ школым щригъэджащ, иджы Налшык къалэ дэт школ №7-м щолажьэ, унафэщIым и къуэдзэщ.

ФуIэди и IэщIагъэм фIыуэ зэрыхищIыкIым папщIэ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и отличник» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

ЩIалэ нэхъыщIэ Адмири егъэджакIуэщ, КъБКъУ-р къызэриухрэ я къуажэ курыт школым ОБЖ-мрэ физкультурэмкIэ щрегъаджэ. Игъасэ цIыкIухэр район, республикэ зэпеуэхэм хэту, пашэныгъэхэр къыщахьу апхуэдэщ. ЕгъэджакIуэ нэсым къыхуащI пщIэр, игъасэ сабийхэм къыхуаIэ фIэлIыкIыр гъунэншэщ.

Адэ-анэ гумызагъэм ягъэса бын щыпкъэщ ФуIэдрэ Адмиррэ. ЩIалитIми я щхьэгъусэхэми хуэфэщэну ирахьэкI я лэжьыгъэри, унагъуэ къалэнхэри. ФуIэд и щхьэгъусэ Зуридэ курыт школым епхауэ лажьэ «Нур» сабий гъэсапIэм и унафэщIщ. Адмир и щхьэгъусэ Лариси гъэсакIуэу а сабий садым щолажьэ. НысащIэхэм я IэщIагъэм фIыуэ хащIыкIыу, щIэщыгъуэ гуэр зэрыхалъхьэным иужь иту, район, республикэ зэпеуэхэм хэту, сыт щыгъуи я цIэр фIыкIэ къраIуэу къогъуэгурыкIуэ.

Хьэсэнрэ ФатIимэрэ я лъэр щIэзыгъэкIыр я къуэрылъхухэрщ. Нэхъыжьым къуищ иIэщи, абыхэм ящыщу зыр студентщ – Урысейм и МЧС-м Граждан зыхъумэжынымкIэ и академием щоджэ, адрейхэр школакIуэщ.

Адмир хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ иIэщи, школакIуэхэщ, щIэныгъэм я гур хузэIухауэ апхуэдэщ къуэрылъхухэр. Къуажэм дэс сабийхэр зыгъасэ, езыгъаджэ унагъуэм къыщыхъу щIэблэм хуэдэ гъуэтыгъуейщ. Адэшхуэ-анэшхуэхэм я жыIэм едаIуэрэ адэ-анэр я щапхъэу къохъу ТыIэщхэ я къуэрылъху цIыкIухэр.

Унагъуэ насыпым и щэхур зыгъэунэхуа ФатIимэ, ар зыхэлъымкIэ дыщеупщIым къыджиIащ: «Унагъуэм ис цIыхухъум пщIэ хуэщIын хуейщ, абы жиIэм уедэIуэныр псом ящхьэщ. Насыпым лъабжьэ хуэхъур зэгурыIуэныгъэрауэ къызолъытэ сэ. Дуней фIыгъуэр уиIэми, узэгурымыIуэмэ, зыри и мыхьэнэкъым».

Лэжьыгъэм зэрыпэрыувэрэ зэдэлэжьащ зэщхьэгъусэхэр. Абы жэуаплыныгъэ нэхъыби я пщэ къыдилъхьэрт, ауэ зыкIи зэран къахуэхъуакъым. Акъыл гъэтIысарэ хьэл зэпIэзэрытрэ зиIэ Хьэсэнрэ абы и псалъэр тIу имыщIу бгъэдэт бзылъхугъэ Iущымрэ гъуэгуанэ насыпыфIэ къызэдакIуащ. Нэхъыщхьэращи, унагъуэри лэжьыгъэри зэхуэдэу зыхуей хуагъэзащ. Хьэсэн и гъащIэр лэжьыгъэм иритащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. ЕтIуанэ махуэм къыпэщылъ къалэнхэм хуэмыхьэзыру ар зэи гъуэлъу жеякъым. Бзылъхугъэм дежкIэ нэхъ гугъу хъунщ лэжьыгъэри унагъуэри зэдэпхьыну, ауэ, щхьэгъусэм, анэм, унэгуащэм и къалэнхэми, и лэжьыгъэми пэлъэщу апхуэдэщ ФатIимэ. А тIум япэ ирагъэщыр дэтхэнэрами ущеупщIкIэ, къыбжаIэфынукъым



10 Заказ №733

ТыIэщ зэщхьэгъусэхэм, апхуэдизкIэ я IэнатIэм хуэпэжщи, унагъуэр я псэм хэлъщи.

2023 гъэм Шэджэм район администрацэм къыбгъэдэкIыу ТыIэщхэ я унагъуэм дамыгъэ лъапIэ къыхуагъэфэщащ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу илъэс куэд щIауэ зэрызэдэпсэум папщIэ. Унагъуэ лъапIэныгъэхэр яхъумэу, къыхаха IэщIагъэм хуэпэжу, щIэблэ узыншэ къащIэхъуэу, ахэр нэхъыжьхэм яхуэфащэу гъащIэм хагъэувэу иджыри куэдрэ щыIэн Тхьэм ищI ТыIэщхэ Хьэсэнрэ ФатIимэрэ я унагъуэ дахэр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист*

# АДЫГЭБЗЭМ И СУРЭТЩ АДЫГЭ АНЭР

Къалэм Iэпхъуэжа ди къуажэгъу унагъуэм, адэжь лъапсэри хэдгъэкIуэдэжынкъым, жаIэри, зэманым екIу унэ щаухуат. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм къэкIуэжурэ хадэм илэжьыхьхэрт, унэр зэрахьэрт. Апхуэдэу щыщыткIэ, зэрыIэбэн Iэмэпсымэ, къагъэсэбэпын хьэпшыпхэр къашэри къыщIалъхьащ, хадэм зэрелэжьынухэр кърагъэуващ. КIэщIу жыпIэмэ, псэуныгъэм теухуауэ зыхуеину псомкIи лъапсэр къызэрагъэпэщат. Куэдрэ щыгуфIыкIыну къахуихуакъым, зэхадыгъуэу щIадзэри. Зэм унащхьэр къаунэщIащ: ухуэныгъэм къыдэхуа пхъэхэр, абджхэр, къэнжалхэр щIахащ. КъыкIэлъыкIуэри, зи щхьэгъубжэ дэпщыфа пэшхэр яхъунщIащ. Къытрагъазэри жыгым хущхъуэ зэрытраутхэу шэрхъкIэ кърашэкI Iэмэпсымэр яхьащ. Апхуэдэурэ сэбэп хъун ямыгъуэтыжыху унагъуэм кIэрыкIахэкъым IэбжьанэфIейхэр. Унэр иджыри зэфIэтщи, мыр ямыщэмэ, лъэлъэжынущ, жаIэри, зымейхэм абы и унафэр ящI. Зызэман ящэжынуи къыщIэкIынщ, зэрыпсэун Iэмал лъапсэм къыщрамынакIэ, щIэрыщIэу къаугъуеижми иращIэнур гурыIуэгъуэ щыхъуакIэ.

А лъапсэм и къекIуэкIыкIам изогъэщхь си анэдэлъхубзэ-адыгэбзэм – адыгэм и лъапсэм – и Iуэхур. Ар зэригъэпэщат лъэпкъ лъэрызехьэм, лъэпкъ лъэщым. А бзэмкIэ зэфIигъэуват лъэпкъыу щыIэм яфIэтелъыджэу щапхъэ зытрах адыгэ хабзэр. А бзэмрэ хабзэмрэт адыгэ цIыхур дахэ зыщIэхъукIыр, хэткIи гурыхь зыщIыр.



Бзэр зэрылъэпкъыу яIурылъами, абы и къежьапIэри, и хъумакIуэри, и гъэкIуэтакIуэри адыгэ цIыхубзырат. Анэр. Адыгэ анэр. Сабийм гъащIэ езыт, жьэгур зымыгъэужьых, хабзэр зыхъумэ анэрат адыгэбзэм и IэфIыр быным зыхезыгъащIэр, нэхъыжьми нэхъыщIэми зэрепсэлъэнум хуэзыгъасэр. ЕкIумрэ емыкIумрэ, жыIэкIэ дахэмрэ къемызэгъ псэлъэкIэмрэ къагурызыгъаIуэр. Нэсауэ гъэса цIыху къагъэхъурт сабийм зи нэIэ темыкI адыгэ анэхэм. Адыгэ дуней зэпэщ, адыгэ лъапсэ быдэ къагъэщIыфырт абыхэм. А лъапсэм къихъуам мыадыгэну игу къэкIынутэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адыгэлъ щIэту дунейм къытехьат, анэ быдзышэм и гъусэу адыгэ хабзэр пкъырыхьат, и анэбзэм анэм хуиIэ щытыкIэр бзыпхъэ хуэхъурт. Адыгэ анэм къызэригъэпэщ дунейт ар. Къызэригъэпэщти икIи ихъумэжт.

Быным адыгэбзэ имыщIэми хъуну япэ дыдэ адыгэ анэм игу къыщыкIар Совет властыр уву зиужьа нэужьщ. Къэралым лъэпкъыу исыр зэкъуэшу, ахэр зы совет цIыхубэ хъун хуейуэ гупсысэ унафэщIхэм къагъэщIат. Лъэпкъышхуэр нэхъыжьт, лъэпкъ мащIэхэр нэхъыщIэти, адыгэр игъащIэми нэхъыжьым зэрыхуэжыIэдаIуэм и зэран мыбдежым къыщекIащ. ЦIыхухъуи цIыхубзи я хуитыныгъэр зэхуэдиз хъуати, унэгуащэным пыкIа адыгэ цIыхубзми лэжьыгъэ IэнатIэ ирихьэкIын хуейт. Абы щыгъуэщ адыгэ лъапсэм япэ дыгъуакIуэр къыщеIэбар.

«Республикэ пщыкIутхури зэшыпхъущ» жыхуиIэ псалъэ дахэм и щIыбагъ къыдэтт ди къэкIуэнум и сурэтыджэр, а сурэтыр итхырт адыгэлъыр (дэтхэнэ лъэпкъ мащIэми ейм хуэдэу) мащIэ-мащIэурэ

щIэзыфыкI лъэпкъ политикэм, ауэ дэ кIуэтэху нэхъ «къыдгурыIуэрт» анэдэлъхубзэм нэхърэ урысыбзэм нэхъ фейдэ къызэрыпытхынур.

ЩIэнугъэ зригъэгъуэту къулыкъу тIэкIуи къыIэрыхьэн папщIэ урысыбзэр Iэмалыншэу, абы зыри хэзымыщIыхь адыгэбзэр IэщIыб хъуми ущIригузэвэнышхуэ щымыIэу къыкъуэкIа гупсысэр къипхъуэтащ адыгэ анэ гумащIэм, лъэпкъхъумэм. Быным хуиIэ лъагъуныгъэм иригъэхъуэпсащ а быныр хэIэтыкIа гуэр хъуным. А хъуапсэм къигъэщIащ анэдэлъхубзэм псэхэх хуэхъуа гупсысэр: гъащIэм ущыпэрытынымкIэ адыгэбзэр зыкIи щхьэпэ хъуркъым. Ебгъэлеймэ, адыгэм адыгэбзэр щыгъупщэжарэ урысыбзэр зэтрищыпыкIыу ищIэмэ, ехъуапсэу, апхуэдэм нэхъ нэ лейкIэ еплъу, ар зыщхьэкIэ нэхъ лъагэ хъуауэ къалъытэу зэмант ар. Къулыкъу зыIыгъхэм е къыIэрыхьэну щIэхъуэпсхэм урыс бзылъхугъэ щхьэгъусэ ящIырт. АбыкIэ щыхьэт техъуэжт лъэпкъышхуэм и къуэшыгъэр зэрафIэIэфIым, абы зэрыхуэпэжым, дзыхь къызэралэжьым. Урысым малъхъэ яхуэхъуа адыгэлIым е урыс нысэ хъуа адыгэ цIыхубзым лэжьыгъэм щыдэкIуэтеину Iэмал нэхъ ягъуэтыр пэжт. Дыгъум етIуанэу къытригъэзат.

ЕджапIэм я Iуэхури гъащIэм щытепщэ гупсысэхэм ещхьурэ къызэгъэпэща хъурти, предмету хъуар анэдэлъхубзэмкIэ яджу екIуэкIыурэ, апхуэдэ еджэкIэр пэщIэдзэ классхэм къыщынэри, курыт, нэхъыжь классхэр урысыбзэм хуэкIуащ. Мыбдежым адыгэ лъапсэм дыгъур ещанэу къеIэбауэ арат.



АбыкIэ зэфIэкIакъым. Илъэсхэр кIуэурэ, япэ дыдэ еджапIэм къекIуалIэ адыгэ сабийм занщIэу урысыбзэкIэ еджэн щIидзэн хуейуэ унафэ къыдэкIащ. ЯфIэфIат ар адэ-анэхэм хьэмэрэ мыарэзахэт? Дауэ щытами, а унафэм тетащ егъэджэныгъэ лэжьыгъэр. ИкIи къытенащ. Мис мыбы щыгъуэ зыхыумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу къеIат лъэпкъым дыгъур, ауэ фIэкIуэдым нэхърэ къигъуэтыр нэхъыфIут зэрыгупсысэн хуейри, зригъэкIуащ.

Ар унафэу щыIэм я нэхъыфIыр пэжмэ, дэнэ къыздикIар 80-90 гъэхэм лъэпкъым къихьыжа шэчыр? Нэхъ жыжьэ плъэхэр гупсысэжат: ди сабийм я зыужьыным зэран дыхуэмыхъуауэ пIэрэ зыри зыхамыщIыкI бзэмкIэ еджэныгъэм хыхьэн хуей зэрытщIамкIэ? ДыкъыщыфIыкIыжу зыри зыхамыщIыкI инджылызыбзэр ямыщIэ урысыбзэмкIэ къащIэн хуейуэ зэредубыдылIэмкIэ? Абы теухуауэ адэ-анэхэр зэхуашэсурэ щечэнджэщым, адыгэ анэхэм я нэхъыбэм урысыбзэкIэ еджэным фIэкIа нэгъуэщI узыхэдэн щымыIэу къагъэуват. Арами, Iуэхур къезыхьэжьахэм я псалъэр пхыкIри, къуажэ еджапIэхэр трагъэуват пэщIэдзэ классхэр адыгэбзэкIэ еджэным. КъыщIидзыр мыхъуу жаIэри, зэтракъутэжащ. Сытыт щIэмыхъуар? Абы иIэр зы жэуапкъым, ауэ быным лъэпкъыбзэр IурылъынымкIэ адыгэ анэм ихь жэуаплыныгъэращ дызытепсэлъыхьри, къыхэдгъэщынщ: икIи адыгэ анэрэ икIи егъэджакIуэу сабийм яхэтхэм езыхэми къалъытат япэ классым щыщIэдзауэ урысыбзэкIэ емыджэмэ, етхуанэ классым къыпхуемыгъэщтэжыну. Лъэныкъуэ еба лъэпкъым нэхъри кIэщIэрыIэ гупсысэкIэт.

Сэ зыхуезгъаджэр урысыбзэщи, жысIэмкIэ жэуап схьыжыну сыхьэзыру, жызоIэ: адыгэбзэр къурмэн зыхуащI урысыбзэри ящIэркъым ди быным. КъыхэкIынщ класс къэс сабиищ-плIы, ауэ ари къащыхэмыкI къохъу. Мыбдежым нэгъуэщI Iуэхушхуи къыщыкъуоплъ: адэ-анэр быным я еджапIэ гъащIэм хэткъым, щыгъуазэкъым. МащIэ дыдэщ сабийм я щыIэкIэмрэ еджэкIэмрэ теухуауэ епсэлъылIэхэр, дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуну хьэзырхэр. ТхьэмыщкIагъэр абдежми къыщыувыIэркъым. Сабийм къыгурымыIуэ бзэмкIэ иджа предметхэмкIэ щIэныгъэ игъуэтыркъыми, урысыбзэм ирипсэлъэфу, зэджэр къыгурыIуэу щыхъуами, щIэуэ къищIэм тегъэщIапIэ хуэхъун лъабжьэ имыгъуэтауэ ирохьэлIэ. Псы Iуфэм къытелъадэ псым пшахъуэм къытена лъакъуапIэр джафэу зэрырилъэсэхыжым хуэдэу, къиджыр мэкIуэдыж. Сабийр къемыхъулIэм куэдрэ пэщIэтыфыркъым. Аращ сытым щыгъуи классхэм еджэу щIэсым нэхърэ емыджэу щIэсыр щIэнэхъыбэр. АбыкIэ езы сабийхэракъым къуаншэр, я унафэр акъыл хэлъу зымыщIа балигъхэращ. Ауэ хэкIуадэр зи къэкIуэныр зэрыхъуфыну щытам хуэдэ мыхъуу, нэхъыкIэ хъу ди бынхэращ. НэхъыфIкIэ и сабийм хуэхъуапсэ адэ-анэмрэ егъэджэнығъэ системэмрэ адыгэ щIэблэм я гъащIэм фIыуэ зэран хохъухь. ЕджакIуэхэм щIэныгъэ щIамыIэм и щхьэусыгъуэр къыщалъыхъуэкIэ, зэи къыхэщыркъым пэщIэдзэ классхэм анэдэлъхубзэкIэ зэрыщемыджам къигъэхъуа хэщIыныгъэр.

Дэри лъэныкъуэ едгъэзынщ а зи цIэ кърамыIуэри, езы адыгэбзэ дерсхэмкIэ зыдгъэзэнщ. Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэщ адыгэ сабийр зыщыщ лъэпкъыр ищIэжу, а лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ гупсысэкIэм, щыIэкIэм техуэу, зэгъэзахуэ бгъэдэлъу зыгъасэр. УрысыбзэмкIи инджылызыбзэмкIи щIэныгъэ куу игъуэтауэ тщIынщи, адыгэ сабийр зэи урыси инджылызи хъунукъым, а лъэпкъитIри абы езыхэм ящыщ гуэр хуэдэу къеплъынукъым. НэгъуэщI хэIэбапIэ а Iуэхум иIэкъым, адыгэу къэнэжын фIэкIа. Къэдгъэнэжрэ? Еттрэ апхуэдэ Iэмал? Сыт адыгэбзэ дерсхэм я щхьэ кърикIуэр?

Егъэджэныгъэм и пщалъэщIэ къэралым къищтамкIэ, анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ класс къэс хухихыр сыхьэтищщ. Абы зыри хэIэбэфынукъым, сыхьэтищым тетынущ. УзыхэIэбэни хъурэ? ЕджапIэм зэрыхуейуэ зэригъэзэхуэну зы сыхьэт бжыгъэ мащIэ гуэр иIэщи, хуитщ зэрыхуейуэ предметхэм тригуэшэну. Абыхэм ящыщ адыгэбзэм лъагъэсынуми лъамыгъэсынуми зэлъытар еджапIэ унафэщIхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэращ. КъахокI зы сыхьэтыр лъызыгъэси. Ауэ куэд яхэтщ лъагъэсын къэгъэнауэ, а къэралым кърит сыхьэтищри къытрахыу урысыбзэмрэ есэпымрэ езытын. Апхуэдэм щIэхъуэпс унафэщIхэм адыгэ гупсыси урыс гупсыси яIэкъым, яIэр ЕГЭ гупсысэщ. Сытри ящIэнущ еджапIэр къэзыуххэр къэпщытэныгъэхэм пэлъэщыным щхьэкIэ. Ари зэпхыжар сабий къэс хуаIэ лъагъуныгъэр аракъым, пэмылъэща куэд къахэкIмэ, я къулыкъум пыкIынкIэ зэрыхъунурщ е псалъэмакъ пхъашэ къызэрыращIылIэнурщ. Адыгэбзэм зэретхьэкъу сыхьэтымкIэ я щхьэ Iуэхущ зэрахуэжыр,

щIэблэ Iуэхукъым. Аращи, адыгэ лъапсэм щызеуэ дыгъуакIуэхэм яхыубжэ хъунущ адыгэбзэм зы сыхьэт къыкIэрытчащэрэт, жаIэу ещакIуэ еджапIэ унафэщIхэр. КъыжытIэнщи, иджыпсту еджапIэхэм нэхъыбэу унафэ щызыщIыр цIыхубзхэращ. Абыхэм я нэхъыбэри адыгэщ.

ГъащIэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, къулыкъум лъэпкъ нэщэнэ иIэкъым. Ар къулыкъущ, лъэпкъми къупщхьэми ящхьэкIэ щыIэщ.

Адыгэбзэм едгъэшэч бэлыхьхэр куэд мэхъу. Лъэпкъыр, анэхэм къакIэлъыкIуэу, зыщыгугъыну иIэр егъэджакIуэхэращ. Адрей предметхэм хуезыгъаджэм хуэдэу гулъытэ ягъуэту пIэрэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм? Егъэджэныгъэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр къыхузэрагъэпэщыну езы егъэджакIуэр мылъаIуэмэ, тримыгъэчыныхьмэ, еджапIэ унэфэщIыр щIэгузэвэнур нэгъуэщI предметхэрщ, кабинет зыхуищIынур къэпщытэныгъэ зэраIэнухэрщ. АркъудеймкIэ сабийм я нэгу щIокI я анэдэлъхубзэр зэрымыпэрытыр.

Псалъэмакъыр есшэлIэжынут адыгэ анэм. Хэкури Хабзэри зыхъумэхэр зыгъасэр анэращ. Быныр зэрыпсэлъэну бзэр Iурызылъхьэр анэрщ. АдыгэбзэкIэ зекIуэ адыгэ хабзэр щIэблэм дуней тетыкIэ яхуэзыщIыфынур анэращ. Анэращ зэлъытар быныр лъэпкъ цIыху хъунуми лъэпкъым дежкIэ хамэ хъунуми. Иджыпсту ди сабийхэм яхэтщ куэд, адыгэм бжыгъэкIэ щыщу, ауэ адыгэкIэ ирамыгъэщIауэ. Анэ хъуам и нэгу щIэтын хуейщ зи бзэ къыIурызылъхьа и анэм и сурэтыр. Къэзылъхуам кърит ар и быным иритыжын хуейкъэ? Арыншауэ лъэпкъыу дыщыIэфынукъым. Лъэпкъыу дыщыIэныр елъытащ адыгэ унэм щыIу бзэмрэ еджапIэм а бзэм щиIэ пщIэмрэ. Быным анэбзэр ирагъэщIауэ еджапIэм щIагъэтIысхьэрэ, адыгэбзэм ират сыхьэт бжыгъэр яфIэмащIэу адыгэ анэхэр къэувмэ, лъэпкъым зыкъищIэжауэ, зилъытэжауэ, зиужьыжу аращ. Армырамэ... зи кIуэдыжыгъуэр къэсауэ дылъэпкъщ.

ЗэкIэ адыгэ анэхэм лъэIу тхылъ ятх я сабийр зи анэдэлъхубзэ зымыщIэ гупым хагъэхьэну. Хьэлэмэтщ ящIэт адыгэлъыр къызэрымылажьэр, лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ укIытэр къазэрытемыкIуэр.

ДыкъэзыгъэщIам и пащхьэ дихьэжмэ къызэрыдэупщIынухэм щыщщ: «Сэ уи лъэпкъым хуэзгъэфэща бзэмкIэ упсэлъа?»

**ХЬЭЦIЫКIУ Рае,**
*педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат*

## Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр

**Жумар** – Манжетка.

ЛIэужьыгъуэ заулу зэщхьэщыха къэкIыгъэ лъэпкъыгъуэщ. Ди хэгъэгухэм къыщыкIхэр псори илъэс зыбжанэкIэ мэпсэу. Абыхэм яхэтщ *см* 10, 15, 30 зи лъагагъхэр, я тхьэмпэхэр хъурейщ, дзэ цIыкIу яIэщ, кIы кIыхь япытщ. Гъэгъа щхъуантIэ-гъуэжьыфэхэр удзхэм я щхьэкIэхэм гъатхэм – гъэмахуэм къапедзэ. Къущхьэхъум, мэкъупIэхэм, хъупIэхэм, мэз лъапэхэм жумархэм куэдрэ уащрохьэлIэ. Гъэгъахэм бжьэм фо къыхах. Удзыр Iэщым яшх, мэкъум хэлъмэ, сэбэпщ.

Кавказым жумар лIэужьыгъуэу 36-рэ къыщокI.

**Жыгдэгу** – Лжекаштан конский.

Жыг дахэ инщ, и лъагагъыр *м* 20 – 25-рэ хъууэ. И пхъафэр щхъуэфIыцIафэщ, и тхьэмпэхэр инщ, *см* 20 – 30 мэхъу, хуэхъурей щIыкIэщ, лэдэхышхуиплI е тху яIэщ, кIы кIыхь япытщ, *см* 15 – 20 хъууэ. Гъэгъа хужь дахэхэр, Iэрамэшхуэу, къудамэ щхьэкIэхэм гъатхэкIэм къапедзэ. Къалэ уэрамхэм, паркхэм, гъуэгубгъухэм къыщагъэкI. Гъэгъахэм бжьэм фо къыхах. Дэ къыпыкIэр пшхы хъуркъым. Езыр-езыру къыщокI Грецием, Балкан хы тIуащIэм.

**Жыгделэ** – Айлант высочайший.

XVIII лIэщIыгъуэм Китайм къырашауэ Кавказым къыщыкI жыг лIэужьыгъуэщ. И лъагагъыр *м* 20 – 25-м нэсу докIей, и пхъафэр гъуабжэ-щхъуафэщ. Жыгым къудамэ мащIэщ тетыр, ахэри и щхьэкIэм хуозэ, и пхъэм кумылэ щабэ иIэщ. Къабзийм ещхь и тхьэмпэхэм *см* 60 – 90-м нэс я кIыхьагъщ, тхьэмпэ цIыкIу 13 – 15-уэ зэхэтщ. Гъэгъа гъуэжь-щхъуантIафэхэр, мэ Iей къызыкIэриххэр, Iэрамэ-Iэрамэурэ жыг щхьэкIэм июным къыпедзэ. Паркхэм, къалэ уэрамхэм къыщагъэкI. Псом хуэмыдэу къэкIыгъэр щыкуэдщ Шапсыгъым.

**Жыгей** – Дуб.

ЛIэужьыгъуэ куэду (щихым нэсу) зэщхьэщыкI жыг лъэпкъыгъуэщ. Абыхэм ящыщу 19-р ди къэралым езыр-езыру къыщокI, 43-р цIыхухэм къагъэкI. Кавказ Ищхъэрэм и мэзхэм къыщыбгъуэтынущ жыгей лIэужьыгъуэ 11.

Жыгейхэм я лъагагъыр *м* 10, 20, 40-м нос, я пхъафэр гъуабжэфIыцIафэщ, зэгуэча куу куэд яIэщ. Жыгей тхьэмпэ гъунэхэм лэдэх хъурей мащIэ яIэщ, цы ятеткъым. Гъэмахуэм ирихьэлIэу къудамэ щхьэкIэхэм мышхумпIэ къыпедзэ, бжьыхьэм мэхъу. Жыгей мэзыжьхэр ди щIыналъэм щыкуэдщ. И пхъэр быдэщ, адыгэхэм псэуалъэ, гудзэ къыхащIыкI, джыдэкI, уадэкI ящI, пкъо лъэщ мэхъу.

Жыгеипхъэм и быдагъым и щыхьэтщ Инжыдж псыхъуэм дэт Iэдииху чэщанэжьыр. Абы и бжащхьэм щIэлъ жыгей бгыкъухэр нобэр къыздэсым сэкъатыншэщ.

Адыгэхэм, абазэхэм жыгей пхъафэ хьэжам фэ, лъахъстэн иращI. Жыгейр мэз кусэхэм, паркхэм къыщагъэкI.

**Жыглыц** – Мох.

Жьы хъуа жыгхэм (бжейм, тхуейм, жыгейм, уэздыгъейм, псейм, пхъэхуейм) лыц къыкIэрыкIхэм адыгэхэр жыглыцкIэ йоджэ. Ахэр я теплъэкIэ бэлацэ цIыкIухэщ, я фэкIэ щхъуафэ-хужьыфэщ. Къущхьэхъу мэзыжьхэм жыглыцхэм куэду уащрохьэлIэ.

**Жызумей, жузымей** – Виноград культурный.

Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхухэм къагъэкI къэкIыгъэщ. Гъурцщ. И пкъымрэ къудамэхэмрэ, жыгхэм е пкъохэм зрашэкIыурэ, *м* 20 – 25-кIэ докIей. И тхьэмпэхэр инщ, хуэхъурей щIыкIэщ, лэдэх мащIэ яIэщ. Жызумейр (жузымейр) куэду къыщагъэкI хуабапIэхэм (Кавказым, Кърымым, Молдавием, Арменией, Грузием, Азербайджаным, Къыргъызым, Узбекистаным, Туркменистаным, Таджикистаным). Абы къыпыкIэ жызумхэр (жузымхэр) яшхым къыщцымынэу, ягъэгъу, фадэ лIэужьыгъуэ куэд къыхащIыкI. Шапсыгъым, Къэбэрдейм, Адыгейм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм жызумейр (жузымейр) ижь-ижьыж лъандэрэ къагъэкI. Дунейм тетщ апхуэдэ къэкIыгъэ лIэужьыгъуэу минитIым нэс. Абыхэм я къэхъупIэ-къежьапIэр жыжьэ дыдэщ. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, жызум (жузым) хадэхэр щыкуэдащ Египетым, илъэс мини 8-кIэ узэIэбэкIыжмэ.

**Жьакъ и кхъужьей** – Груша кавказская.

Мэзхэм къыщыкI кхъужьей къызэрыгуэкIхэм и теплъэкIэ, и лъагагъкIэ мащIэу къыщхьэщыкI жыгщ. Кхъужь къыпыкIэхэр, хъуа нэужь, ягъэгъури яшх. И пхъэм Iэжьэлъэгу, бжьы, пхъэпс, нэгъуэщI Iэмэпсымэхэр адыгэхэм къыхащIыкI.

**Жьуджалэ** – Колокольчик обыкновенный.

ГъитIкIэ къэкI, банэ зытет удз лIэужьыгъуэщ. И лъагагъыр *см* 25 – 30-м нос. Япэ гъэм къэкIыгъэм лъабжьэ гъум ещI, кууэ екIыхыу. Къудамэ къыдидзыркъым. ЕтIуанэ илъэсырщ пкъы, къудамэ, гъэгъа, жылэ щищIыр.

ЗанщIэу дэкIей пкъым и хъуреягъкIэ къудамэ къыдедз. Абыхэм я щхьэкIэхэм банэ куэд зыпыт гъэгъахэр къыпедзэ. КъэкIыгъэм и тхьэмпэхэм, пкъы лъэщ зыщIэтхэм, зэгуэбза куэд яIэщ, банэ япытщ. Удзыр и теплъэкIэ хуэхъурей щIыкIэщ, фэкIэ хужь-щхъуантIафэщ.

Дыгъафэ джабэхэм, дзэхухэм яхэту, къыщокI. Уэшх мащIэу къыщешх щIыпIэхэм, мэкъупIэхэм, хъупIэхэм ущрохьэлIэ. Бжьыхьэм, къэкIыгъэр щыгъужкIэ, и тхьэмпэхэр, и пкъыр щIэлIэркъым, абы къыхэкIыуи и теплъэр хъума мэхъу. Ауэ щIым хэлъ и лъабжьэр мэфри, удз гъуа хъурейр жьым ирехьэжьэ, и жылэхэри адэ-мыдэкIэ щыполъэлъ. Аращ адыгэхэр мы къэкIыгъэм жьуджалэкIэ щIеджэр. Iэщым яхуэшхыркъым. И гъэгъахэм бжьэм фо къыхах.

**ЖьыузщIыдэ** – Красавка кавказская.

Илъэс зыбжанэкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэщ, и лъагагъыр *м* 0,5 – 1,5-рэ мэхъу. Къудамэ куэду зызыгуэш и пкъыр занщIэу докIей. Къудамэхэр я фэкIэ щхъуантIэщ е шакъафэ-плъыжьыфэщ, цы пхъашэ ятетщ. Лъабжьэжь ищIыр кууэ йокIых, гъумщ, абыхэм щы-плIыуэ загуэш. Тхьэмпэ хъурей-кIыхьхэр пхъашэщ, цы ятетщ. КъапщIийхэр шакъафэ-плъыжьыфэщ, *см* 23-рэ я инагъщ. Пхъэщхьэмыщхьэ къыпыкIэр хъурейщ, фIыцIэщ, цы теткъым.

Нэхъыбэу къыщокI мэз щIагъхэм, мэз лъапэхэм, гъурцхэм яхэту. КъэкIыгъэм и тхьэмпэхэм, и пкъым, гъэгъахэм, пхъэщхьэмыщхьэм щхъуэ гуащIэ хэлъщ.

Медицинэм мы къэкIыгъэм хущхъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхех.

**Зэнтхъ** – Овес посевной.

Хьэцэпэцэхэм ящыщ къэкIыгъэ лIэужьыгъуэщ. ЦIыхухэм куэд щIауэ къагъэкI. Ипкъхэр занщIэу *см* 100 – 120-м нэскIэ докIейри, июным и кIэм, июлым ирихьэлIэу, гъашэ къыдедз. И пкъым, бзийхэм цы ятеткъым. Жылэхэр августым мэхъу. Зэнтхъыр цIынэ щIыкIэ, гъашэ къыдэдзыгъуэм пыбупщIмэ, Iэщым фIыуэ яшх, мэкъуфI мэхъу. Жылэхэм шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къыхах, шыIус хьэлэмэт мэхъу. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, зэнтхъыр цIыхухэм къагъэкIыу щIадзащ гъуаплъэ лIэщIыгъуэкIэ зэджэ лъэхъэнэм.

А зэманым, ди эрэм ипэкIэ лIэщIыгъуиплIкIэ узэIэбэкIыжмэ, псэуащ грек IэзакIуэ Диейхис. Абы и тхыгъэхэращ нэхъапэ дыдэу зэнтхъым тепсэлъыхьу тхыдэм щыдгъуэтыр. А къэкIыгъэр «овес византийский» жыхуаIэрщ. Дэ зи гугъу тщIы зэнтхъыр нэхъ кIасэущ цIыхухэм къагъэкIын щрагъэжьар.

**Зей** – Кизил обыкновенный, кизил мужской.

Зи лъагагъыр *м* 4 – 6-м фIэмыкI жыг лIэужьыгъуэщ. И пхъафэр щхъуэ-морафэщ. Тхьэмпэхэр хъурей-кIыхьщ, папцIэщ. Къудамэ цIыкIухэр зэпэщIэтщ, *см* 5 – 10 я кIыхьагъщ, *см* 2 – 5 я бгъуагъщ, 1 *см* хуэдиз зи кIыхьагъ кIы цIыкIухэр япытщ.

Гъэгъа гъуэжь-щхъуантIафэхэр 3 – 5 – 15-у зэгъусэу, тхьэмпэ къимыщI щIыкIэ, мартым – апрелым къыпедзэ. Гъэгъахэм бжьэм фо къыхах.

Мэз цIыкIухэм, къуакIэбгыкIэхэм къыщыкIыу куэдрэ урохьэлIэ. Иужьрей зэманым зейр, сэбэпагъышхуэ зэриIэм къыхэкIыу, цIыхухэм жыг хадэхэм къыщагъэкIыу щIадзащ.

Адыгэхэм зейр куэд щIауэ къагъэсэбэп, яхъумэ, пхъэ гъэсыну паупщIу ядэркъым, пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыгхэми хуэдэу. И пхъэр хуабжьу быдэщи, дамэкъуэ, уадэкI, джыдэкI, баш, пхъэшку ящI. Пасэ зэманым, гъущIыр щымащIэм щыгъуэ, гухэм, кIытIхэм зейр гулъэмыж хуащIырт.

**Кугъу** – Омела белая.

Илъэс зыбжанэкIэ псэу къэкIыгъэщ, и лъагагъкIэ *см* 20 – 50 – 100 хъууэ. IэфIри псыри къыщIифыкIыу кхъужьейм, мыIэрысейм, щихум, бзиихум, пхъэхуейм, дыкъуэнагъым, жыгейм, къыпцIейм, нэгъуэщI жыг лIэужьыгъуэхэми къакIэрокIэ. И теплъэкIэ къудамэ куэд зиIэ къэкIыгъэ баринэщ, ипкъри, къудамэхэри, и тхьэмпэхэри дапщэщи щхъуантIэ дахэщ, гъуэжьыфэ мащIэ къыщIэлъадэу. И тхьэмпэхэр Iувщ, цы теткъым, хуэхъурей щIыкIэщ, *мм* 10 я бгъуагъщ, *мм* 15 – 20-м нэс я кIыхьагъщ. Къудамэ зэхуакухэм гъэгъа щхъуантIэ-гъуабжафэхэр, 5 – 6-уэ зэгъусэу, майм къыдедзри июным, июлым пхъэщхьэмыщхьэ хуэхъурей цIыкIухэр мэхъу. Iэщым фIыуэ яшх. Адыгэхэм кугъур хущхъуэу къагъэсэбэп.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**

# Псалъэжьрэ къуажэхьу зэхэлъ псалъэзэблэдз




*ЕкIуэкIыу:* **5.** ... хэкужь кърaнэркъым. **6.** ... жьы хъумэ, адэжынэ мэхъуж. **8.** ... шатэшхщ. **10.** Жьэшхуэ тхьэшхуэ и ... . **11.** ... гуащэщIэ хьэщIэ и щIасэщ. **12.** Жьым и гъащIэр ... , щIэм ищIэр фIэкуэдщ. **15.** ЗэкъуэшитI бэнакIуэ *(къуажэхь)*. **18.** А сигу, зыIэжьэ, а си ... зыубыд. **19.** Хэт къакIуэми, фIэхъус ирех *(къуажэхь)*. **20.** Гур здэкIуэм кIуэфыр ... . **22.** КIапсэнэ-кIапсэнэ, кIапсэнэ зэрыдзэ, зэрыдзагъищэ — лэгъунэ щий *(къуажэхь)*. **23.** Дыжьын щIыIуу зэрылъэлъ, къилъэлъахэм дагъэгуфIэ. **24.** Зи кIэр зылъэфу зи фэр зи бий *(къуажэхь)*. **25.** Фор Iупэк Iэ ... . **27.** ... зиIэм кIэи иIэщ. **29.** Къуэш егъу нэхърэ ... . **33.** Бжьэрэ пэт я бжьапцIэхэр ... . **34.** Щхьэм жьэр и ... . **35.** Уи щхьэ мыузу боз ... . **36.** ... пащIэ пIий. **37.** ... щыту малIэ.

*Къехыу:* **1.** ... и псыгъуапIэм щызэпоч. **2.** И щхьэр пкъутэмэ, дыжьын къокI, дыжьыныр пкъутэмэ, дыщэ къокI *(къуажэхь)*. **3.** ... бынкIэ псори зэхуэдэщ. **4.** ... траубыдэр дыгъущ. **7.** Жэщ уэздыгъэу губгъуэр зыгъэдахэ *(къуажэхь)*. **9.** ПкIэрымыкI, лъакъуэ кIыхь *(къуажэхь)*. **13.** ... плъагъуу, мыщэ лъэужь умылъыхъуэ. **14.** ... напэтехщ. **16.** Iэрэ ... зэхуихьыркъым. **17.** ... щIэупщIэ ... ещIэ. **19.** Iэмэпсымэншэу унэ зыщI *(къуажэхь)*. **21.** ... цIыкIу макъышхуэ. **26.** ... щекIуэкIа къуажэрэ ябгынэжа хэкужьрэ. **27.** ... ящэри, напэ къащэху. **28.** ЗылъэкI ... и куэдщ. **30.** Гунэс ямыщI ... умыщI. **31.** ... гъуэншэджрэ. **32.** Псы къэмыжэм псыхьэлыгъуэ ... .

---

## Етхуанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр



*ЕкIуэкIыу:* **5.** Быдэм. **6.** Нахуэщ. **9.** Щхьэзэ. **11.** Мэунэхъу. **12.** Ерыщыр. **15.** Гъэщ. **17.** ДжэдыкIэм. **18.** Щхьэж. **19.** Лэгъунэм. **20.** Хабзэжь. **24.** Дыгъэ. **25.** Жэнэтыр. **26.** Илъэс. **29.** Гъэпщам. **30.** ЛъапцIэу. **31.** Улъэсу. **33.** Ептар. **34.** Нэхърэ.

*Къехыу:* **1.** Шыцуэс. **2.** ЩIэлъщ. **3.** Къуажэ. **4.** Гъуэгужьрэ. **7.** Мэгурым. **8.** Пэшэгъу. **10.** Жыжьэу. **13.** Зэуэгъуэм. **14.** Уэрамым. **16.** ЩхьэкIэ. **18.** Щхьэри. **21.** ЖыпIэу. **22.** ЗэIусэм. **23.** МэкIуэж. **27.** Насыпщ. **28.** ЩIалэрэ. **31.** УщIащ. **32.** Унэм.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№6**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Хамид Кармоков, Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 24.11.23. Выход в свет 25.12.23
Формат 70х108 $^1/_{16}$ Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,0.Уч-изд. л. 11,7. Тираж 2.031 экз. Заказ №2650
Подписная цена на 2 месяца 41р. 77к.
Подписная цена на 6 месяцев 125р. 31к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ставрополь щIыналъэ, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион». Телефонхэр: 8-879-342-22-09; 8-879-346-87-66.

КУЛИЕВ Къайсын

*01.11.1917–04.06.1985*

ЩIЫМ ЩЫПСЭУХЭ, СЫФХУОХЪУАХЪУЭ!

ЩIым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ
Уафэ къащхъуэр фщхьэщытыну.
Фыщымыщlэу дэрэжэгъуэ,
ЩIылъэ щхъуантIэм фытетыну.

Щlым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ,
Сыфхуохъуахъуэ унэ зыщlхэм,
Гъавэ зыщlэм, lэщ зыгъэхъухэм, –
Берычэтыр зи lэужьхэм.

Щlым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ,
Фэрщ уэрэдкlэ бзум щlагъахъэр.
Псыежэхи псыlэрыши
Фэрщ емышу зыхуэушэр.

Щlым щыпсэухэ, фэращ дыгъэр,
Бзийкlэ гуашэу, къыщlыкъуэкlыр.
Пшэплъ къыщlищlыр, уэшх къыщlешхыр,
Щlым гъавэщlэр къыщlыхэкlыр.

Щlым щыпсэухэ, фрехь гъащlэр
Фи щlэщыгъуэр имыкlыххэу.
Фэрщ зыхуэблэр мази вагъуи,
Щlылъэм нурыр къракlыхыу.

Щlым щыпсэухэ, фи насыпыр
Кlэншэ хъуну сыфхуохъуахъуэ.
Фи lэрыкlщ фэ мы щlыгушхуэу,
Гъатхэ хадэу, зэщlэгъагъэр.

Щlым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ,
Щlэуахътыншэр фэрщ цlыху гъащlэр.
Хэмылъатэмэ фи гуащlэ,
Екlуэкlынт дунейр кlыфl защlэу.
Щlым щыпсэухэ, сыфхуохъуахъуэ...

*Зэзыдзэкlар* **МЫКЪУЭЖЬ Анатолэщ**